# БИБЛИЕ САБИЙХЭМ ПАПЩІЭ

**«САБИЙХЭР ЗИУСХЬЭНЫМ И САУГЪЭТЩ!»**
**(Сабур 126:3)**

**«СЭРИ СИ УНАГЪУЭМИ ЗИУСХЬЭНЫМ ДЫХУЭЛЭЖЬЭНЫЩ»**
**(Нун и къуэ Иэхьошуа 24:15)**

# БИБЛИЕ
# САБИЙХЭМ ПАПЩIЭ

**БИБЛИЕ САБИЙХЭМ ПАПЩIЭ**
**СУРЭТХЭМКIЭ КЪЭIУЭТА БИБЛИЕ ХЪЫБАРХЭР**

Борислав Арапович, Вера Маттелмяки

© Библиер зэдзэкIыным елэжь Институт
Стокгольм, 2007

ISBN

## БИБЛИЕМ ТЕУХУАУЭ

Си ныбжьэгъу лъапIэ!

БиблиекIэ зэджэ тхылъыр зищIысым ущыгъуазэ? Библием итыр Тхьэм и псалъэу зыми зэримыхъуэкIыу, зэи мыкIуэду къэнэнуращ. Тхьэм дунейри цIыхури къызэригъэщIари, цIыхур дунейм щIытетри зэхыдегъэщIыкI Библием. Библием щызэхуэхьэсащ Тхьэм къыбгъэдэкIа псалъэу тхыжа хъуа псори. Библиер илъэс минрэ щитхукIэ ятхащ. Зытхар цIыху ищI хуэдиз мэхъу. Абыхэм ягу кърилъхьэри, Тхьэм и Псэ ЛъапIэм Тхьэм и псалъэхэр яригъэтхащ.

Библиер IыхьитIу зэхэлъщ: Пасэрей ЗэгурыIуэныгъэр икIи Инджылыр (Ветхий и Новый Завет). Пасэрей ЗэгурыIуэныгъэр Хьисэ къэхъун и пэ ятхащ. Инджылыр Хьисэ къыщыхъуа лIэщIыгъуэм къриубыдэу ятхащ. Илъэс бжыкIэ дызытетыр Хьисэ Мэссихь къыщалъхуа илъэсым щыдоублэ.

Пасэрей ЗэгурыIуэныгъэр журтыбзэкIэ ятхащ, Инджылыр зэрытхар алыджыбзэщ (грекыбзэщ). Ахэр а лъэхъэнэм щыIа културэхэм я бзэу щытащ.

Пасэрей ЗэгурыIуэныгъэм къеIуатэ дунейр Тхьэм къызэригъэщIари цIыхум япэу гуэныхь зэрищIари, Тхьэм и лъэпкъ Израил и тхыдэм топсэлъыхь, бегъымбархэм ятеухуа хъыбархэри Тхьэм и псалъэхэр бегъымбархэм я гум ирилъхьэу абыхэм цIыхухэм къазэрыжригъэIари итщ. Сабурри Пасэрей ЗэгурыIуэныгъэм щыщщ. Сабур хъужыр бегъымбар Даут иуса уэрэдхэрщ, псалъэхэу Даут Тхьэр зэригъэлъапIэр, зэрелъэIуращ. ЕкклесиасткIэ зэджэ тхылъри, бегъымбар Iэиуб и хъыбар зэрыт тхылъри, нэгъуэщIхэри итщ Пасэрей ЗэгурыIуэныгъэм.

Инджылым итщ Зиусхьэн Хьисэ Мэссихьу ди КъегъэлакIуэр къызэрыхъуар, абы и псэукIар, Iуэхуу абы цIыхухэм яригъэщIар, гуэныхь зыIэщIэщIа цIыхухэр къригъэлын папщIэ, жорым зэрыкIэрылIыхьар, лIахэм къазэрыхэтэджыкIыжар. Пасэрей чыристанхэм я зэкъуэшыныгъэмрэ абыхэм я фIэщхъуныгъэр зэрагъэIуамрэ я хъыбархэр итщ Инджылым. Тхьэм и Псэ ЛъапIэм апостолхэу Паул, Петр, Иуан, Иудэ сымэ яригъэтха тхылъхэри Инджылым щыщщ. Апостолхэм я тхылъхэр зыхуэгъэзар япэ чыристанхэм я члисэ зэхуэсыр аращ, ахэр дэнэ щIыпIэкIи щыпсэу чыристанхэми яхуэгъэзауэ щытщ. Инджылым и иужьрей тхылъым итыр Хьисэ Мэссихь апостол Иуан

Iуэху къыхуигъэнэхуахэращ (Апокалипсис жыхуаIэрщ). А тхылъым дунейм и къутэжыгъуэм деж къэхъунур итщ.

Хьисэ Мэссихь цIыхухэм къаригъэщIа Iуэхухэм «ХъыбарыфIкIэ» (Евангелие) йоджэ. А ХъыбарыфIыр зытеухуар сыт? Ар зытеухуар мыращ: «Тхьэм дунейм и цIыхухэр апхуэдизкIэ фIыуэ илъэгъуати, езым и Къуэ закъуэр итащ, Тхьэм и КъуэмкIэ фIэщхъуныгъэ зиIэ дэтхэнэ зыри мыкIуэду къелын икIи мыкIуэдыжын гъащIэ иIэ хъун щхьэкIэ» (Иуан 3:16). А ХъыбарыфIым щыхьэт техъуэу Инджылым итыр тхылъиплI мэхъу: ХъыбарыфIыр Маттэ къызэрыжиIар, ХъыбарыфIыр Марк къызэрыжиIар, ХъыбарыфIыр Лука къызэрыжиIар, ХъыбарыфIыр Иуан къызэрыжиIар. Маттэрэ Иуанрэ Хьисэ и гъуэгу япэу теува цIыху пщыкIутIым ящыщщ. Маркыр апостол Петр и тхакIуэу щытащ, апостол Паул и гъусэхэми ящыщщ. Лука дохутыру щытащ. Ари апостол Паул и гъусэхэм ящыщт. Апхуэдэ щIыкIэкIэ ХъыбарыфIым щыхьэт техъуэр цIыхуиплI мэхъу, зы щыхьэтым жиIэм адрейм жиIэр щыхьэт къытехъуэжу.

Библием итщ цIыхум япэу гуэныхь къызэрихьар. Зэрыхъуараци, Тхьэм цIыхухэр зыпигъэкIри, мыухыжын кIуэдыныгъэм хуигъэзащ. Ауэ цIыхухэр мыкIуэду къригъэлын гухэлъ Тхьэм зэриIэри итщ Библием. Тхьэм Зиусхьэн Хьисэ Мэссихьыр дунейм къигъэкIуащ, щхьэщэхуж къурмэныпхъэ хъун папщIэ. Хьисэ езыр зи фIэщ хъу цIыхухэм я гуэныхьхэр яхуипшыныжащ, псэукIэ пэжым ухуэзышэ гъуэгур абыхэм къаригъэлъэгъуащ.

Библием пэжу къызэриIуатэщи, цIыхухэр мыкIуэду къезыгъэлу, дунейр зи IэмыщIэ илъыр Хьисэ Мэссихьщ.

Дунейм япэ дыдэ щытрадза тхылъыр Библиеращ («Гутенберг Библие» 1452-56). ЕджэкIэрэ тхэкIэрэ зыщIэ цIыхухэр нэхъыбэ зэрыхъум, чыристан фIэщхъуныгъэр дэнэ щIыпIэкIи зэрынэсам къыхэкIкIэ, Библием еджэ цIыхухэм я бжыгъэм хэхъуэ зэпытщ. ЦIыху еджахэри емыджахэри зыхуэныкъуэ тхылъ хъуащ Библиер. Псом хуэмыдэжу дыщытет лIэщIыгъуэм кърудыбыдэу Библиер цIыхубэм нэхъ ялъэIэсащ.

Бзэуэ зэрызэрадзэкIам и бжыгъэмкIэ плъытэмэ, тхылъу дунейм къытехьа псоми я пэ итщ Библиер. Илъэс щитху хуэдиз и пэкIэ тхылъ тедзэныр къыщагупсысам щыгъуэ Библиер е Библием щыщ тхылъхэр зэрызэрадзэкIар бзэ 33-рэ фIэкIа хъуртэкъым. 1804 гъэм нэсыху – а гъэм Библиер цIыхухэм ялъэзыгъэIэс хасэхэр къежьащ – Библиер зэрызэрадзэкIар бзэ 67-рэ къудейщ. Ауэ епщыкIубгъуанэ лIэщIыгъуэм Библием щыщ тхылъхэр бзэ 400-м нэблагъэкIэ къыдагъэкIащ. ЕтIощIанэ лIэщIыгъуэм кърудыбыдэу Библиер е Библием щыщ тхылъхэр бзэ 1600-кIэ зэрадзэкIащ. 1992 гъэм и кIэм ирихьэлIэу Библиер зэрызэрадзэкIа бзэхэм я бжыгъэр 2009-рэ хъуащ. Абыхэм ящыщу Библиер зэрыщыту къызэрыдзэкIа бзэхэр 329-рэ мэхъу, Инджылыр бзэ 770-кIэ зэрадзэкIащ, абы нэмыщIу Библием щыщ зы тхылъ е тхылъ зыбжанэ бзэ 910-кIэ дунейм къытехьащ. Ди зэманым цIыхуу дунейм тетым я процентитI къудейщ езыхэм я бзэкIэ Библием щыщ тхылъ гуэр зимыIэр. Мы лъэхъэнэм Библиер бзэ миным щIигъукIэ зэдзэкIыным йолэжь. Абыхэм я нэхъыбапIэр лъэпкъ цIыкIухэм я бзэхэращ. А бзэхэм ирипсалъэр цIыху мин зыбжанэ нэхъыбэ хъуркъым, цIыху щитху-щих, уеблэмэ щэ ныкъуэ-хыщI фIэкIа зэрымыпсалъэхэри яхэтщ.

ЖытIам къыщIыгъужыпхъэщ еджэкIэ зымыщIэхэмрэ нэфхэмрэ Библием щыщ тхылъхэм пластинкэхэм е кассетэхэм тетхауэ едэIуэну Iэмал зэраIэр. Абы нэмыщIкIэ Библиер «браил» хьэрфхэмкIэ къыдагъэкI.

Дунейм къытехьа тхылъ псоми я экземпляр бжыгъэм уеплъмэ, Библиер псом япэ итщ. 1900 гъэм Библиеу экземпляр мелуанитху, Инджылу экземпляр мелуанибл къыдагъэкIауэ щытащ. 1980 гъэм Библиеу экземпляр мелуан 36-рэ, Инджылу экземпляр мелуан 57-рэ традзащ. Абы нэмыщI, Библием щыщ тхылъхэр экземпляр мелуан щитху-щих хъууэ къыдэкIащ.

Библием хуэдэу цIыхухэм я деж щызэлъыщIыса хъуа тхылъ зыри щыIэкъым.

Адыгэхэм я тхыдэм, я хабзэхэм, я бзэм, я IуэрыIуатэм, я мифологием хыболъагъуэ чыристан диным ехьэлIа Iуэхугъуэхэр. Пасэ лъэхъэнэхэм адыгэхэм чыристан диным и хабзэхэр ехьэжьауэ зэрахьэу зэрыщытам щыхьэт тохъуэ ахэр. Щапхъэ зыбжанэ къэтхынщ.

МахуэцIэхэу «щэбэтыр», «тхьэмахуэр» («Тхьэм и махуэ» жиIэу аращ), «мэремыр» адыгэхэр чыристану щыщыта лъэхъэнэм къыщожьэ.

Нобэр къыздэсым адыгэбзэм хэтщ Инджыл псалъэр. А псалъэм иджыри пщIэшхуэ хуащI. Къэбэрдей адыгэхэм «ИнджылкIэ тхьэ соIуэ» жаIэ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, адыгэхэм ИнджылымкIэ тхьэлъанэ ящI, псалъэ быдэ ят.

Адыгэхэм я IуэрыIуатэм, я мифологием щIыпIэшхуэ щаубыд Мэрием, Елэ, нэгъуэщIхэми. Елэ чыристан Илясым (Илием) къытекIащ. Адыгэ мифологием Елэ къыхощ уэшхымрэ щыблэмрэ я тхьэу.

Чыристаныгъэм ехьэлIауэ а зи гугъу тщIахэм нэмыщI, иджыри Iэджэ хэбгъуэтэнущ адыгэхэм я хабзэхэм, я IуэрыIуатэм, я мифологием.

Мы тхылъым и зэдзэкIынымкIэ, зэрызэдзэкIар гъэтэмэмынымкIэ щIэгъэкъуэн къытхуэхъуащ щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм щыпсэу адыгэхэр. Ахэр къыддэмыIэпыкъуамэ, мы тхылъыр тхуэмыгъэхьэзырынкIэ хъунт. Абыхэм ящыщ дэтхэнэми фIыщIэшхуэ худощI. Тхьэр арэзы къыфхухъу.

Инджылыр зэратхар пасэрей алыджыбзэрщ (грекыбзэрщ). Дэ пасэрей алыджыбзэкIэ тха оригиналыр адыгэбзэ тщIауэ аращ. Адрей бзэхэм хуэдэу, пасэрей алыджыбзэм и псалъэм мыхьэнэ зыбжанэ иIэнкIэ мэхъу. Абы къыхэкIкIэ адыгэбзэкIэ тха Инджылымрэ урысыбзэкIэ щыIэ Инджылымрэ щызэтемыхуи урихьэлIэнущ. Псалъэм папщIэ, Екъуб 1:4 ит псалъэ гуэрым «шыIэныгъэ» е «теубыдагъэ» къикIыу щытынкIэ хъунущ. Апхуэдэуи Ефес 6:22 ит псалъэ гуэрым е «гур гъэзэгъэн», е «гъэгушхуэн» къикIынкIэ мэхъу. Абы нэмыщI, пасэрей алыджыбзэм тэмэму дытетын папщIэ, языныкъуэхэм деж зы псалъэ закъуэм и мыхьэнэр псалъитI-щыкIэ е псалъэуха псокIэ къыщытIуатэ щыIэщ.

Псалъэ гурыIуэгъуейхэм къарыкIыр псалъэгъэнахуэхэм къыщытхьащ. Мы тхылъым еджэ псори а псалъэгъэнахуэхэм хуэмыныкъуэнкIи хъунщ, ауэ ахэр щIэгъэкъуэн зыхуэхъуни щыIэнущ.

Адыгэхэр, ахэр дэнэ щыпсэуми, мы тхылъым еджэну дыщогугъ, апхуэдэу дэ догугъэ адыгэбзэр мыкIуэду дунейм къытенэнми мы тхылъыр хуэлэжьэну.



## ПСАЛЪАПЭ

«Библие сабийхэм папщIэ» щIэджыкIакIуэ ныбжьыщIэхэм папщIэ зэхалъхьащ. Хъыбар кIыхьэхэр гъэкIэщIащ икIи гъэпсынщIащ. Сыт щыгъуи дамыгъэ «...» дэт Iыхьэхэр Библием зэрыт дыдэм хуэдэу къихащ. Хъыбар къэс сурэтхэр щIыгъуэщ; а сурэтхэм деж сурэтыщIым къигъэлъэгъуащ хъыбарым къиIуатэхэр езым къызэрыщыхъуар.

феджэ мы тхылъым фи гуапэу, куэдрэ фигу къэвгъэкIыж абы ит къэхъукъащIэхэр, ХъыбарыфIым фызыхуриджэхэр сыт щыгъуи фи гум ивгъэль. КъыщIэвдзэ Библием еджэн. Тхьэшхуэр хуейщ фэри мыр жыфIэн фхузэфIэкIыну: «Уи Псалъэр си лъэм и уэздыгъэщ, си лъагъуэм и нэхущ» (Сабур 118:105).

Ныбжьэгъу фIэхъускIэ

Библиер зэдзэкIыным елэжь институт, 1983

## ЗЫЩIАГЪУЖА КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ И ПСАЛЪАПЭ

1990- гъэм къыщIэдзауэ «Библие сабийхэм папщIэ» дыщIыгъу хэту къыддогъэкI. Сабийхэм язакъуэкъым, балигъхэри еджэнущ мы тхылъым. Абы щхьэкIэ дыщIыдогъу пычыгъуэ зыкъом балигъ еджакIуэхэм папщIэ.

ДауикI мы тхылъым хуэныкъуагъэхэр хэлъщ, псалъэм щхьэкIэ Библием ит ущийныгъэ куэд, къэхъукъэщIа гъэщIэгъуэн куэд абы хэтлъхьэн тхузэфIэкIакъым, ауэ дыщIогугъ махуэ гуэрым Библиер зэрыщыту къэбэрдеибзэкIэ зэдзэкIауэ зэрыхъунум. ХъыбарыфIыр (Инджылыр) къэбэрдеибзэкIэ зэдзэкIауэ щыIэщи, ар зэрызэвгъэгъуэтынум фыпылъ.

Январь 2006

# ПАСЭРЕЙ

# ЗЭГУРЫПУЭНЫГЪЭС

## ТХЬЭМ ДУНЕЙР КЪЫЗЭРИУХУАР. ЩIЭДЗАПIЭ

Фэ фощIэ жэщым уэздыгъэ псори гъэункIыфIамэ, ихъуреягъкIэ псори кIыфIыгъэм зэрызэщIищтэр. Апхуэдэ кIыфIыгъэм зэгуэрым хэтащ дуней псор. Абы щыгъуэ щыIэтэкъым зы удз цIыкIуи, зы удз гъэгъа дахи, зы къуалэбзуи, уеблэмэ уафи щIылъи, атIэ зэрыдунейуэ кIыфIт икIи зэхэуфуат. Ауэ Тхьэр хуейтэкъым апхуэдэу псори къэнэну икIи Абы къигъэщIащ мы дуней гъэщIэгъуэныр. Дахагъэрэ зэкIуныгъэрэкIэ гъэнщIа мы дыкъэзухъуреихь дунейр щыхьэт тохъуэ ахэр КъэзыгъэщIа ин дыдэм икIи Iущым.

Тхылъ лъапIэу Библием къыщыгъэлъэгъуащ Тхьэм и ПсалъэкIэ дунейр къызэригъэщIар:

«Япэ щIыкIэ къиухуащ Тхьэм уафэмрэ щIылъэмрэ.

ЩIылъэр зэпцIтэкъым икIи нэщIт, кIыфIыгъэри щхьэщытт щыхупIэ лъащIэншэм; Тхьэм и Псэри щыхуарзэрт псым гущIыIум.

ЖиIащ Тхьэм: Ирехъу нэху. Нэху хъуащ.

Илъэгъуащ Тхьэм нэхугъэр зэрыфIыр; къыхигъэкIащ Тхьэм нэхугъэр кIыфIыгъэм.

Нэхугъэм Тхьэм фIищащ 'махуэ', кIыфIыгъэм – 'жэщ'. Хъуащ жэщ, щащ нэху: зы махуэт.

АдэкIэ жиIащ Тхьэм: къыщрехъу псыкум уафэлъащхьэ икIи къыгурегъэкI абы псым псыр.

КъигъэщIащ, арати, Тхьэм уафэлъащхьэ; абыкIи зэщхьэщигъэкIащ уафэлъащхьэм и щIагъ щIэт псымрэ абы и щыIум тет псымрэ. Апхуэдэуи хъуащ.

ФIищащ Тхьэм уафэлъащхьэм уафэ. Хъуащ жэщ, щащ нэху: етIуанэ махуэт.

Щызэхурес уафэ щIагъым щIэт псыр зы щIыпIэм деж, икIи кърехъу гъущапIэ, - жиIащ Тхьэм. Апхуэдэуи къэхъуащ.

ФIищащ Тхьэм абы щIылъэ, псым и зэхуэсыпIэхэм яфIищащ хы. Илъэгъуащ Тхьэм ар зэрыфIыр.

КъыхрекI щIылъэм щхъуантIагъэр, жылэ зиIэ удзыр, ыкIи щIыгум хэт жыгыу езым хуэдэ жылэ зиIэ пхъэщхьэмыщхьэ къызыпыкIэр, - жиIащ Тхьэм. Апхуэдэуи хъуащ.



КъыхэкIащ щIылъэм щхъуантIагъэр, езым хуэдэ жылэ зиIэ удзыр, икIи езым хуэдэ жылэ зиIэ пхъэщхьэмыщхьэ къызыпыкIэ жыгыр. Илъэгъуащ Тхьэм ар зэрыфIыр.

Хъуащ жэщ, щащ нэху: ещанэ махуэт».

1 МУСЭ 1:1-13

## ТХЬЭМ ДУНЕЙР КЪЫЗЭРИУХУАР. КЪЫКIЭЛЪЫКIУЭР

«Къыщрехъу нэхунэхэр уафэлъащхьэм, - жиIащ Тхьэм, - махуэр жэщым къыгуэкIын папщIэ. Ахэр нэщэнэу зэманхэр, махуэхэр, гъэхэр зэхэха хъун папщIэ.

Щрехъу ахэр уафэлъащхьэм нэхугъэ, щIылъэм тепсэн папщIэ. Апхуэдэуи хъуащ.

КъигъэщIащ Тхьэм нэхунэ ин дыдэу тIу: нэхунэ нэхъ иным махуэр зэригъэкIуэн папщIэ, нэхунэ нэхъ цIыкIум жэщыр зэригъэкIуэн папщIэ, къигъэщIащ вагъуэхэри; Тхьэм ахэр уафэлъащхьэм щIригъэувар щIылъэм тепсэн папщIэщ, махуэри жэщри зэрагъэкIуэн папщIэщ, нэхугъэр кIыфIыгъэм къыхагъэкIын папщIэщ. Илъэгъуащ Тхьэм ар зэрыфIыр.

Хъуащ жэщ, щащ нэху: еплIанэ махуэт.

ЖиIащ Тхьэм итIанэ: къырегъэщI псым псэ зиIэ псэущхьэхэр, къралъэтыхь къуалэбзухэми, уэгум итрэ щIым къыщхьэщыту.

КъигъэщIащ Тхьэм апхуэдэу бдзэхэри, псым хэс нэгъуэщI псэущхьэ зэмылIэужьыгъуэхэри, къуалэбзу зэмылIэужьыгъуэхэри. Илъэгъуащ Тхьэм ар зэрыфIыр.

Тхьэм абыхэм и нэфI ящыхуащ, мыр жиIэурэ: фылъхуэфыпIэ икIи фыбагъуэ, икIи хыIухэм я псыр из фщIы, къуалэбзухэри щребагъуэ щIылъэм.

Жэщ хъуащ, нэху щащ: етхуанэ махуэт.

ЖиIащ адэкIэ Тхьэм: къытрырехъуэ щIылъэм псэущхьэхэр псэущхьэ лъэпкъыу, Iэщхэри, хьэпщхупщхэри, хьэкIэкхъуэкIэхэри езыхэм я лъэпкъыу. Апхуэдэуи хъуащ. Арати, къигъэщIащ Тхьэм хьэкIэкхъуэкIэхэри езыхэм я лъэпкъыу, Iэщх лъэпкъыу, щIылъэм къыщызыпщыхь хьэпщхупщхэри езыхэм я лъэпкъыу. Илъэгъуащ Тхьэм ар зэрыфIыр».

Псори зыхузэфIэкIыу КъэзыгъэщIам и ПсалъэкIэ къэхъуа дунейр дыгъэ гуапэм и нурымкIэ къэгъэунэхуауэ мамырыгъэрэ дахагъэ гъэщIэгъуэнрэкIэ гъэнщIат. Ауэ абыкIэ къэгъэщIыныгъэр зэфIэкIатэкъым. Тхьэм мурад ищIащ цIыхухэр къигъэщIыну, а дуней дахэм щыпсэун, гъащIэ



IэфIыр абы щахьын папщIэ, Езым фIыщIэ хуащIу.

1 МУСЭ 1:14-25

## ТХЬЭМ ЯПЭРЕЙ ЦIЫХУХЭР КЪЫЗЭРИГЪЭЩIАР

«ЖиIащ Тхьэм:
КъэдгъэщIынщ цIыхур Ди теплъэу, Дэ тхуэдэу; яхурехъу ахэр тепщэ хым хэс бдзэжьейхэми, уэгум щызелъатэ псоми, Iэщми, щIылъэ псоми, щIылъэм къыщызыпщыхь хьэпщхупщ лъэпкъ псоми.

ИкIи къигъэщIащ Тхьэм цIыхур Езым и теплъэу, Езым хуэдэу къигъэщIащ ар; цIыхухъурэ бзылъхугъэу къигъэщIащ ахэр.

И нэфI ящихуэщ абыхэми Тхьэм, яжриIащ: ФылъхуэфыпIэ, фыбагъуэ, щIылъэми тез фыхъуи, ар къэвгъэIурыщIэ, тепщэ фахуэхъу хым хэс бдзэжьейхэми, уэгум щызелъатэ псоми, щIылъэм къыщызыпщыхь псэущхьэ псоми. ЖиIащ итIанэ Тхьэм: Мис, Сэ фэстащ щIылъэ псом сыт хуэдэ удз тетми, а псоми я жылэ къызыхэкI удз зэмылIэужьыгъуэхэри, жылэ къэзыт пхъэщхьэмыщхьэ зыпыт жыг лIэужьыгъуэ псори; ахэр шхыныгъуэ фхуэхъунущ. ЩIылъэм тет хьэкIэкхъуэкIэ псоми, уэгум ит къуалэбзу псоми, псэ зыIуту щIылъэм къыщызыпщыхь псоми Сэ ястащ удз щхъуантIэу щыIэу хъуар шхыныгъуэу. Апхуэдэуи хъуащ.

Илъэгъуащ Тхьэм Езым къигъэщIа псори, икIи, мис, икъукIэ фIыщ. Жэщ хъуащ, нэху щащ: еханэ махуэт.

Апхуэдэу уафэмрэ щIылъэмрэ, абыхэм щыIэ зэхэт псори ухуа хъуащ. Ебланэ махуэм ирихьэлIэу Тхьэм Езым илэжьа Iуэхухэр иухри, ебланэ махуэм гупсэхугъуэ игъуэтащ Езым къиухуа Iуэхухэм я ужькIэ».

ЦIыхухъум и цIэр Iэдэмт, бзылъхугъэм - Хьэуа. Зиусхьэным къигъэщIащ ахэр дахэу икIи насыпыфIэхэу. Абыхэм икъукIэ фIыуэ ялъагъурт КъэзыгъэщIар, Тхьэми ахэр фIыуэ илъагъурт.

Зиусхьэным абыхэм яритащ къигъэщIа хьэпщхупщ псори, цIыхухэр а хьэпщхупщхэм яхуэсакъын папщIэ. Тхьэм и нэфI щыхуащ Тхьэр Iэдэмрэ Хьэуарэ.

«Щиухуащ Тхьэм жэнэтыр къухьэпIэмкIэ щыIэ Едем; Езым къигъэщIа цIыхум ар псэупIэ хуищIащ». Зиусхьэным абыхэм унафэ яхуищIащ а жыг хадэр ялэжьыну икIи яхъумэну.

Iэдэмрэ Хьэуарэ КъэзыгъэщIам и гъусэхэу ену щытт. Сурэтым фэ щыволъагъу абыхэм я нэхэр Тхьэм зэрыхуэгъэзар - аращ ахэр щIэнасыпыфIэхэр. Дэри ди нэхэри дигухэри Зиусхьэным щыхуэунэтIакIэ, дэри насыпыфIэ дохъу.

1 МУСЭ 1:26-31; 2:7-22

*Сыт Тхьэм «къэдгъэщIынщ» щIыжиIар? Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Тхьэр теплъэгъуищу зэхэтщ: Тхьэуэ Адэ, Тхьэуэ Къуэ, икIи Тхьэуэ Псэ ЛъапIэ. Абы папщIэ Мусэ и япэ Тхылъым деж Тхьэм щыжеIэр, цIыхур къыщигъэщIым деж, куэд бжыгъэм иту: «КъэдгъэщIынщ».*

## ТХЬЭМ ІЭДЭМРЭ ХЬЭУАРЭ ЖЭНЭТ ХАДЭМ КЪЫЗЭРЫРИХУЖАР

Ауэ зэгуэрым Іэдэмрэ Хьэуарэ Тхьэм едэІуакъым. Апхуэдэу щыхъум, Тхьэм ахэр кърихужащ жэнэтым. Ар зэрыхъуар мыпхуэдэущ:

Зиусхьэным ахэр хуит ищІащ жыг хадэм щыщу сыт хуэдэ жыгми къыпыкІэ пхъэщхьэмыщхьэхэм ящыщ яшхыну; ауэ хуит зыхуимыщІар зы жыг закъуэу Іеймрэ фІымрэ зэхозыгъэщІыкІ жыгкІэ зэджэр арт. Тхьэм яжриІащ а унафэм ебакъуэмэ, ахэр зэрылІэнур.

АрщхьэкІэ шейтІаныр - Тхьэми цІыхуми я бийр - хуейт Іэдэмрэ Хьэуарэ игъэкІуэдыну. Зэгуэрым абы блэм хуэдэ зищІщ, Хьэуа бгъэдыхьэри жриІащ: «Пэж дыдэу жиІа Тхьэм: ‘жэнэтым къыщыкІ жыгхэм ящыщу зыми и пхъэщхьэмыщхьи фымышх, - жиІэу?’ Хьэуа жэуап иритыжащ: ‘Жыгхэм къапыкІа пхъэщхьэмыщхьэхэр дэ тшхы хъунущ. Ауэ жэнэтым и кум ит жыгым и пхъэщхьэмыщхьэхэр фымышх икІи фемыІусэ абыхэм, фымылІэн папщІэ’, жиІащ Тхьэм.

Абы щыгъуэм блэм, и гум Тхьэ лъагъуныгъэу яхуиІэм и пэжагъым гурыщхъуэ хуэщІыныгъэр ирилъхьэн папщІэ, ар къигъапцІэу хуежьащ, мыр жриІэурэ: «Хьэуа, фылІэнукъым; ауэ ещІэ Тхьэм: абыхэм фыщедзэкъа махуэм фи нэхэр къэплъэнурэ, Тхьэуэ фІымрэ Іеймрэ зэхэзыщІыкІхэм яхуэдэ фэ фыхъунущ».

ШейтІаным и псалъэхэм я ужькІэ Хьэуа жыгым щеплъым, абы къыщыкІ а жыгым къыпыкІэр пшхы хъуну, нэри игъэгуфІэу икІи хъуэпсэгъуэу къыщыхъуащ, щІэныгъэ къызэритым щхьэкІэ. Абы жыгым пхъэщхъэмыщхьэ къыпичри ишхащ икІи и щхьэгъусэ Іэдэми иритри иригъэшхащ. Абы и ужькІэ Тхьэм Іэдэмым къыжриІащ: «Уи фызым жиІам уедаІуэу, мы жыгым и пхъэщхьэмыщхьэ умышх жыхуэсІа жыгым и пхъэщхьэмыщхьэ зэрыпшхам къыхэкІыу, уи зэранкІэ щІылъэм нэлат лъысащ; уи гъащІэм къыхиубыдэ махуэ псом а щІыгум къуитыр мыгъуэкІэ пшхынущ... Уи нэкІум пщІэнтІэпсыр къежэхыу уи щІакхъуэ Іыхьэр пшхынущ укъызыхэкІа щІыгум ухыхьэжыхункІэ; сыт щхьэкІэ жыпІэмэ усабэщи, саби ухъужынущи». Іэдэмрэ Хьэуарэ кърихужащ жыг хадэ дахэм, икІи абыхэм а хадэм афІэкІа ягъэзэн ялъэкІакъым. Аращ мы сурэтым деж ахэр апхуэдэу щІэнэщхъейр.

Апхуэдэу къэхъуащ япэрей цІыхухэм я гуэныхь щІэныр. Тхьэм и пэкІэ ахэр лІащ ягукІи я псэкІи, иужькІэ - япкъхэмкІи. ЯгукІи я псэкІэ зэрылІам къикІыр абыхэм я псэхэмрэ КъэзыгъэщІа Тхьэмрэ зэхуаІа зэпыщІэныгъэр зэпыча зэрыхъуар арщ. Абы къыщыщІэдзауэ Тхьэм къигъэгугъащ гуэныхь щІэным кърагъэлын папщІэ абыхэм къахуигъэкІуэну И Къуэ Хьисэ Мэссихьыр. Абы теухуауэ и ужьыІуэкІэ мы тхылъым фыщеджэнущ!

1 МУСЭ 3:1-23

## КАИНРЭ ХЬАВЭЛРЭ

Мы щIалитIыр Iэдэмрэ Хьэуарэ я бынхэщ. Зыр, Хьавэл - мэлы-хъуэт, абы и къуэш Каин мэкъумэшыщIэт.

Зэгуэрым Каин щIыгум къытриха лэжьыгъэм щыщ Зиусхьэным тыгъэ хуищIыну къыхуихьащ. Хьавэлми и мэл хъушэм япэрейуэ къыщалъхуа щынэхэм ящыщ Зиусхьэным къыхуихьащ. Зиусхьэнынр Хьавэлым нэфIкIэ еплъащ икIи и тыгъэхэр къищтащ, ауэ Каиным къеплъакъым и тыгъэри къищтакъым. Каин икъукIэ игу щIыхьащ ар икIи и нэкIум а гукъеуэр къищащ. Абдеж Зиусхьэным Каин къыжриIащ: «Сыт уи жагъуэ щIэхъуар? Сыт уи нэгури щIызэхэуар? ФIы щыпщIэкIэ уи щхьэр пIэтыркъэ? АтIэ фIы умыщIэмэ, гуэнытхьым бжэщхьэIум зыщеущыху; абы узыIэпешэ, ауэ уэ абы текIуэ».

АрщхьэкIэ Каин гуэныхьым текIуакъым икIи и къуэшым ефыгъуэт. Зэгуэрым зэшхэр губгъуэм иту, Каиныр пэуващ Хьавэлым, езым и къуэшым, икIи ар иукIащ. Апхуэдэу япэ дыдэу щIылъэм щаукIа цIыхум и лъым щIыгур ириIащ.

А гуэныхьым папщIэ Зиусхьэным Каиным тезыр трилъхьащ - егъэзыпIэншэу щIылъэм къыщикIухьыну.

Сыт хуэдэ гуэныхь бзаджэм ухуишэфыну гум щэхуу илъ фыгъуэныгъэм! Абы къыхэкIыу, гуэныхьым утекIуэн папщIэ, нэжэгужэу ущытын хуейщ, Тхьэ уелъэIун хуейщ икIи гуэныхьым утекIуэн хуейщ Зиусхьэным и кьарукIэ.

1 МУСЭ 4:2-12

## ПСЫДЗЭШХУЭР. НУХЬ КХЪУХЬ КЪЫЗЭРИУХУАР

ЛIыщIыгъуэ куэд кIуащ, икIи щIылъэм къыщыхъуащ цIыху ку-эд - Уэдэмрэ Хьэуарэ къатехъукIахэр. Япэ щIыкIэ абыхэм ящыщ куэдыр Тхьэм щышынэрт икIи Абы хуэжыIэщIэт, ауэ хуэм-хуэмурэ псори Тхьэм пэрыуэгъу хуэхъуу хуежьащ. Ауэ зы цIыху закъуэ, Нухь и цIэу, къэнащ КъэзыгъэхъэщIам хуэщыпкъэу икIи ар Абы и унафэхэр игъэзэщIащ. Апостол Петрэ абы фIищащ «щыпкъагъэм и гъуэгур цIыхухэм яхуэзыIуэтар» (2 Петрэ 2:5). Тхьэм и псэр абы и гум ильт икIи Тхьэр икъукIэ фIыуэ илъагъурт.

Зиусхьэным къилъэгъуащ щIылъэм щыпсэу цIыхухэр зэрызэкIуэкIар, я гупсысэхэри я гухэлъхэри сыт щыгъуи Iеягъэм хуэгъэзауэ зэрыщытыр; дэтхэнэми и гъуэгупэр зэкIуэкIыныгъэм хуиунэтIащ. Апхуэдэу щыхъум, Тхьэм жиIащ: «ТезгъэкIуэдыкIынщ щIылъэм Сэ къэзгъэщIа цIыхухэр…Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Сэ сыхущIегъуэжащ ахэр къызэрызгъэщIам».

Нухь закъуэ къылъысащ Тхьэм и нэфIщыхуэныгъэр. Тхьэм абы зыкъыхуигъазэри къыжриIащ: «ЦIыху псоми я кIэухыр Си пащхьэм къыщысащ; сыт щхьэкIэ жыпIэмэ абыхэм къабгъэдэкI ем зэщIищтащ щIылъэр. Иджы, мис, Сэ тезгъэкIуэдыкIынущ ахэр щIылъэм. Гофер жыгым къыхэщIыкIи, щIы кхъухь уэ уи щхьэм папщIэ; кхъухьыр зэпрыхукI пэш щхьэхуэ-щхьэхуэхэу, и кIуэцIи и щIыфи мэзыш щыхуэ... ИкIи мис, Сэ щIылъэм тезутIыпщхьэнущ псыдзэшхуэ, псэ зыIуту уафэ щIагъым щыщыIэ псэущхьэ псори згъэкIуэдын папщIэ; щIылъэм щыщыIэ псоми я гъащIэр яухынущ. Ауэ Сэ зэгурыIуэныгъэ сэрэ уэрэ ди зэхуакум дэслъхьэнурэ уихьэнущ уэ кхъухьым, уи къуэхэри, уи фызри, уи къуэхэм я фызхэри пщIыгъуу».

Тхьэм и унафэр щызэхихым, Нухь ищIу щIидзащ кхъухьыр. Абы куэдрэ цIыхухэм яжриIэрт куэд мыщIэу псыдзэшхуэ къызэрыхъунур икIи зэрыдунейуэ Тхьэм зэригъэкIуэдынур, икIи ахэр къыхуриджэрт я щIэпхъаджагъэхэм хущIегъуэжыну икIи я гупэр Тхьэм хуагъэзэжыну. АрщхьэкIэ абы зыри къедэIуну хуеякъым. 1 МУСЭ 6:5-18

## ПСЫДЗЭШХУЭМ И ПЭЩІЭДЗЭ

Куэдрэ пылъащ Нухь кхъухь щIыным. ИкIи Тхьэм къыжриIа псори Нухь щищIэм икIи кхъухьыр хьэзыр щыхъум, Зиусхьэным абы къыжриIащ: «Фихьэ уэри, зэрыщыту уи унагъуэри кхъухьым; сыт щхьэкIэ жыпIэмэ уэращ Си пащхьэм щыпкъагъэ щиIэу яхэслъэгъуар... Къащтэ сыт хуэдэ Iэщ къабзэми щыщу блырыбл, хъурэ бзыуэ, Iэщ мыкъабзэм щыщу тIурытI, хъурэ бзыуэ. Апхуэдэуи къуалэбзухэм ящыщу блырыбл, хъурэ бзыуэ, щIылъэ псом щхьэкIэ лъэпкъыр хъума хъун папщIэ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ махуибл дэкIмэ, Сэ ескIыхынущ щIылъэм уэшхыр махуэ плIыщIрэ жэщ плIыщIрэкIэ; икIи тезгъэкIуэдыкIынущ щIылъэм Сэ къэзгъэщIауэ щыIэ псори».

Нухь ищIащ Зиусхьэным унафэ къызэрыхуищIам хуэдэу. Ар ихьащ кхъухьым, и фызри, и къуэхэри, абыхэм я фызхэри и гъусэу; апхуэдэуи Нухь здищтащ псэущхьэ къабзэхэм ящыщу блырибл, хъууи бзыуи, мыкъабзэхэми ящыщу тIурытI, хъууи бзыуи. Псори кхъухьым ихьа нэужь, Зиусхьэным Езым кхъухьым и бжэр якIэлъыхуищIыжащ абыхэм.

Махуибл дэкIри, псыр къиуащ, икIи екIуэкIащ апхуэдэу жэщ-махуэ плIыщIкIэ. Псыр куэду къиури, кхъухьыр къиIэтащ, икIи кхъухьыр псыщхьэм тетт. Псы къиуар апхуэдизу инти, бгы лъагэхэр щIихъумащ, икIи хьэуакIэ дауэу щIылъэм тетыр зэтелIащ. «КIуэдащ щIыгу щхьэфэм тета сыт хуэдэ псэущхьэри; цIыхум къыщыщIэдзауэ Iэщми, щIылъэм къыщызыпщыхьхэми, уафэ къуалэбзухэми нэсу, псори текIуэдыкIащ щIылъэм: къэнар Нухь закъуэрэ абы и гъусэу кхъухьым исахэмрэщ».

1 МУСЭ 7:1-23

## ПСЫДЗЭШХУЭМ И КIЭУХ

Махуищэрэ тхущIрэ дэкIри, псыдзэр увыIэжащ икIи псыр хуэмхуэмурэ етIысэхыжу хуежьащ. Нухь и кхъухьыр къыщувыIащ Арарат бгым. Махуэ плIыщI дэкIри, Нухь кхъухьым и щхьэгъубжэр Iуихри къуаргъыр къыдигъэлъэтыкIащ, псыр етIысэхыжамэ, къищIэн папщIэ. Къуаргъыр дэлъэтыкIщ, щIыгур здэгъущам нэс лъатэри къигъэзэжащ.

ИтIанэ Нухь тхьэрыкъуэ игъэлъэтащ. Ауэ тхьэрыкъуэм игъуэтакъым и лъэр здытригъэувэн икIи кхъухьым къигъэзэжащ, псыр иджыри щIыгу щхьэфэ псоми тетти. Махуибл дэкIри, Нухь аргуэру тхьэрыкъуэр игъэлъэтащ. Пщыхьэщхьэм тхьэрыкъуэм къигъэзэжащ и жьэм зейтун тхьэмпэ жьэдэлъу. АбыкIэ Нухь къищIащ псыр щIыгум зэрытекIыжар.

Аргуэру махуиблкIэ пэплъэри, Нухь итIани иутIыпщащ тхьэрыкъуэр, икIи тхьэрыкъуэм къигъэзэжакъым абы и деж. Абы щыгъуэм Нухь кхъухьым и щхьэр трихри къилъэгъуащ щIыгу щхьэфэр зэрыгъущар. И ужькIэ Тхьэм Нухь къыжриIащ: «КъикI кхъухьым уэ, уи фызри, уи къуэхэри, уи къуэхэм я фызхэри зыщIыгъуи; къыздиш псэущхьэу уи гъусэ псори... щызэбгырырекI ахэр щIыгум, щребагъуэ икIи зыщраубгъу абыхэм щIылъэм...»

1 МУСЭ 8:13-17

## ЛЭГЪУПЫКЪУМРЭ ТХЬЭМ И ЗЭГУРЫIУЭНЫГЪЭ

КъыкIащ Нухь, и унагъуэ псор и гъусэу, кхъухьым. Апхуэдэ къаб-зэу псэущхьэ псори щызэбгрыкIащ щIылъэм, къуалэбзухэри зыбгрылъэтыкIащ, жыгыщхьэм пытIысхьэурэ.

Нухь мывэкIэ зэтрилъхьащ къурмэнщIыпIэ. ИтIанэ абы къищтащ псэущхьэхэмрэ къуалэбзухэмрэ ящыщхэр икIи Тхьэм ахэр къурмэн хуищIащ. Зиусхьэным игу ирихьащ а къурмэныр икIи жиIащ: «ЦIыхум и зэранкIэ афIэкIа зэи щIылъэм нэлат есхыжынукъым, цIыхугум и мурадхэр абы и ныбжьыщIагъэм къыщыщIэдзауэ Iейуэ щытщи; икIи афIэкIа зэи псэ зыпыт псори згъэкIуэдыжынукъым, Сэ зэ зэрэсщIыгъам хуэдэу. ДяпэкIэ щIылъэм и махуэ псоми я кIуэцIкIэ зэпыунукъым сэнри хэнри, щIыIэри хуабэри, гъэмахуэри щIымахуэри, махуэри жэщри».

Тхьэм и нэфIыр ящыхуащ Нухьрэ абы и къуэхэмрэ икIи яжриIащ: «Мис, Сэ фэри и ужькIэ къыфтехъукIыну щIэблэми зэгурыIуэныгъэ фызощIылIэ... дяпэкIэ псыдзэм зэи зэрыхэзмыгъэкIуэдэнумкIэ, икIи зэгуэри щIылъэр изылъэсыкIын псыдзэ зэрыщымыIэжынумкIэ... Сэ хызолъхьэ Си лэгъупыкъур пшэм, ар Сэрэ щIылъэмрэ дякум дэлъ зэгурыIуэныгъэм и нэщэнэу щытын папщIэ... Сэ щIылъэм пшэгъуэр нытезгъэхьэмэ, а пшэм къыщылъэгъуэнущ лэгъупыкъур... сигу къэкIыжынущ Тхьэмрэ дэтхэнэ псэ зыпыту щIылъэм тетымрэ ди зэхуакум дэлъ мыкIуэдыжын зэгурыIуэныгъэр... Мис Сэрэ дэтхэнэ псэ зыпыту щIылъэм тетымрэ ди зэхуакум Сэ дэзгъэува зэгурыIуэныгъэм и нэщэнэр».

1 МУСЭ 8:18-22; 9:1-17

## БАБИЛЭН ЧЭЩАНЭ

Нухь бын куэд иIэти, абыхэм къатехъукIыжащ цIыху куэд. Ауэ зэман куэд темыкIыу, къэнэхуащ псыдзэшхуэм и ужькIи цIыхухэр нэхъыфI зэрымыхъуар. Абы щыгъуэ цIыху псоми яIурылъыр зы бзэт икIи зы псэлъэкIэт.

Зэгуэрым цIыхухэр зэхуэсри, зэжраIэжащ: «Дыухуэнщ ди щхьэм папщIэ къалэрэ уафэхэм щIэуэу чэщанэрэ, ди цIэри дгъэIунщ, щIылъэ псом и напэм дыщызэмыбгрыкIыну». Пагэ хъухэри я цIэр жыжьэ ягъэIун папщIэ, цIыхухэр ерыщу пэрыуващ ухуэныгъэм. Ауэ Зиусхьэным фIэкъабылтэкъым ар. Ар еплъащ абыхэм къалэу икIи чэщанэу ящIым икIи жиIащ: «Мис, зы лъэпкъщ, зы бзэщ псоми яIэри... икIи хущIегъуэжынукъым ахэр езыхэм мурад ящIам. АтIэ дехынщи, щызэхэдгъэзэрыхьынщ абдежым абыхэм я бзэр, зым жиIэр адрейм къыгурымыIуэжу». (ФщIэжрэ, Тхьэм япэми куэд бжыгъэм иту жиIэгъати: 'КъэдгъэщIынщ цIыхур...').

Зиусхьэным зэхигъэзэрыхьащ цIыхухэм я бзэр, икIи зым жиIэр адрейм къыгурымыIуэу хъуащ, икIи чэщанэ ухуэныр адэкIэ нагъэсыжыфакъым. Абы къыхэкIыу а щIыпIэм 'Бабилэн' фIащащ, нэгъуэщIу жыпIэмэ 'зэхэгъэзэрыхьыныгъэ'. ИтIанэ Тхьэм ахэр щIылъэ псом щызэбгридзащ.

1 МУСЭ 11:1-9

## ИБРЭХЬИМ

Мы сурэтым щыволъагъу цIыху гъуэзэджэ - Ибрам. ИтIанэ абы и цIэр Тхьэм Ибрэхьим фIищащ икIи абы къокIыр 'лъэпкъ куэдым я адэ' жиIэу. Абы икъукIэ фIыуэ илъагъурт Зиусхьэныр, Абы хуэпэжт икIи хуэжыIэщIэт. Езы Тхьэми абы и ныбжьэгъукIэ еджэт. Зиусхьэным дэри Тхыгъэ ЛъапIэм деж къыщыджеIэ: «Си унафэхэр вгъэзащIэмэ, фэри фызиныбжьэгъущ» (Иуан 15:14).

Зэгуэрым Зиусхьэным Ибрэхьим къыжриIащ: «ИкI уи щIыналъэм, яхэкI уи лъэпкъэгъухэм, уи адэм и унэр къэбгыни, кIуэ Сэ уэзгъэлъагъуну щIыналъэм. ИтIанэ Сэ къыптезгъэхъукIынущ лъэпкъ ин дыдэ, си нэфI пщыхуэнущ, уи цIэри згъэлъэгэнущ; Тхьэм и нэфI щыхуэныгъэр зыбгъэдэкIынури уэращ. Сэ си нэфI ящыхуэнущ уэ зи нэфI къыпщыхуэхэм, си ней ящыхуэнущ уэ зи ней къыпщыхуэхэм; уэ уи хьэтыркIэ си нэфI ящыхуэнущ дунейм тет цIыху лъэпкъ псоми».

Ибрэхьим ищIащ Зиусхьэным къызэрыжриIам хуэдэу. Абы здищтащ Сарэ, и фызыр, ЛутI - езым и къуэшым и къуэр, мылъкуу зэхуахьэсауэ яIэри, я хэку Харран деж щаIэ цIыху псори, икIи ежьахэщ Зиусхьэным къахуигъэлъэгъуа Ханаан щIыналъэм кIуэну. Я гъуэгу ирикIуэурэ ахэр нэсащ 'жыгеилъэ Морэ' зи цIэ щIыпIэм. Абдежым Зиусхьэныр Ибрэхьим къыхуэлъэгъуащ икIи къыжриIащ: «Уэ къыптехъукIхэм Сэ естынщ мы щIыналъэр».

1 МУСЭ 12:1-7

## ИБРЭХЬИМРЭ ЛУТIРЭ

Ибрэхьимрэ абы и гъусэхэмрэ ирикIуэрт Ханаан щIыналъэу Зиусхьэным къахуигъэлъэгъуам, БетелкIэ зэджэ щIыпIэм нэсу къэувыIэхукIэ.

Ибрэхьим икъукIэ бейт. Абы иIэт дыщи, дыжьыни, Iэщ куэди. И къуэшым и къуэ ЛутIи иIэт шэтыр куэд, Iэщ цIыкIуи Iэщ куэди. Зэман гуэр текIри, ахэр зэрыс щIыпIэм имыхуэж хъуащ, мылъку куэд яIэти. Куэд мыщIэу абыхэм я мэлыхъуэхэм зэдэуэн щIадзащ хъупIэ щхьэкIэ. Абы щыгъуэм Ибрэхьим ЛутI жриIащ: «Къыдремыхъуэ уэри сэри, си мэлыхъуэхэми уи мэлыхъуэхэми дяку къайгъэ; дэ дызэIыхьлыщ. ЩIыналъэ псори уи пащхьэ къилъкъэ? АтIэ збгъэдэкIи, зэфIэкIащ. Уэ сэмэгумкIэ укIуэмэ, сэ ижьымкIэ сыкIуэнщ; уэ ижьымкIэ укIуэрэ, сэ – сэмэгумкIэ».

ЛутI къиплъыхьу щIидзащ щIыналъэр ихъуреягъкIэ. Абы гу лъитащ Иорданым и Iэгъуэблагъуэхэр щIы пшэру зэрыщытхэм икIи псыкIэ куэду зэрыгъэнщIам. А щIыпIэр къыхихри, Ибрэхьим ар къыбгъэдэкIащ, и шэтырхэри иригъэувэкIащ Содом къалэм нэсу. А къалэм дэсхэр икъукIэ бзаджэт икIи Тхьэм емыплъу гуэныхь ящIэт. Ауэ ЛутI дихьэхащ губгъуэ дахэхэмрэ хъуныбэ хъупIэхэмрэ, цIыху гуэныхьыщIэхэм яхэсу псэуну щIидзащ. Абы къыхэкIыу ЛутI тхьэмыщкIагъэ куэд къылъысащ. Зыщыпсэуну щIыпIэр къыщыхихым, ар Тхьэм ечэджэщакъым, сыт щыгъуи зэрыщIыпхъэм хуэдэу, атIэ езым зэрыфIэфIкIэ къыхихащ Содомыр.

Ибрэхьим щытIысащ жыгеилъэ Морэ деж икIи абдежым щиухуащ Зиусхьэным къурмэн щыхуащI щIыпIэ.

1 МУСЭ 13:1-18

## ТХЬЭМ ИБРЭХЬИМ КЪЫЗЭРИГЪЭГУГЪАР

ЛутI куэша нэужь, Зиусхьэным Ибрэхьим къыжриIащ: «КъэIэт уи напIэхэр, плъэ ищхъэрэкIи, ипщэкIи, къуэкIыпIэмкIи, къухьэпIэмкIи. ЩIыгуу уи нэм къиубыдыр зэрыщыту Сэ уэстынущ уэри, уэ къыптехъукIыну цIыхухэми игъащIэкIэ фиIэну. Згъэбэгъуэнущ уэ къыптехъукIыну цIыхухэр щIылъэ пшахъуэм хуэдэу; зыгуэрым пшахъуэр ибжын хузэфIэкIмэ, уэ къыптехъукIыну цIыхухэри бжа хъунущ».

Заул дэкIщ, Тхьэм аргуэру зыкъигъэлъагъуэри Ибрэхьим къыжриIащ: «Сэ уэ СыуимэIухущ; уи IыхьэфIыр ин хъунущ». Ауэ Ибрэхьим, жьы хъуа пэтми бын зэримыIэм къыхэкIыу, жриIащ Зиусхьэным: «Тепщэу Зиусхьан! Сыт Уэ къызэптынур? Сэ быныншэу сыкъонэ... Уэ къызэптакъым сэ бын, икIи, мис, си унагъуэ Iуэхур зезыхьэр си си лIэужьщ». Абы и жэуапу Зиусхьэным жиIащ: «Хъунукъым ар уи лIэужь; уэ уи пкъым къыпкърыкIынур аращ уи лIэужь хъунур». ИтIанэ Абы Ибрэхьим къыщIишри жиIащ: «Уафэм дэплъей, бжыт вагъуэхэр, ахэр пхуэбжынумэ... Апхуэдиз хъунущ къыптехъукIынухэм я бжыгъэр».

ИкIи Тхьэм къыжриIащ Ибрэхьим: «Уи фыз Зерай уемыджэ ЗерайкIэ, атIэ абы и цIэу щрет: Зарэ. Сэ си нэфI щыхуэнущ абыи, абы къыпкърыкIауэ уэстынущ къуэ...»

Ибрэхьим и фIэщ хъуащ Тхьэм жиIар, икIи Абы Ибрэхьим щыпкъагъэ иIэу илъытащ.

1 МУСЭ 15:1-6; 17:15-16

## ТХЬЭМ И ХЪЫБАРЕГЪАЩIИЩЫР ИБРЭХЬИМ ДЕЖ ЗЭРЫКIУАР

Зэгуэрым махуэм и хуабэгъуэм шэтыр щIыхьэпIэм деж щыст Ибрэхьим. ЗанщIэу абы къилъэгъуащ и пащхьэм къит цIыхуищыр. Ибрэхьим къыгурыIуащ ахэр Зиусхьэным зэрилIыкIуэхэр. Абы ахэр къригъэблэгъащ икIи хьэщIэ шхын яхуигъэхьэзыращ. Шхэн яуха нэужь, абыхэм ящыщ зым Ибрэхьим къыжриIащ: «Гъэ къакIуэ Сэ аргуэру мыбдеж сыкъэкIуэнущ, мыпхуэдэ зэман дыдэм, абы щыгъуэ иIэнущ къуэ Зарэ, уи фызым». Зарэ а псалъэхэр зэхихащ икIи игукIэ дыхьэшхащ, мыр жиIэри: «Сэ жьы сыхъуауэ, дауэ сиIэн апхуэдэ гуфIэгъуэ?»

Ауэ Зиусхьэным къыжриIащ Ибрэхьим: «Сыт Зарэ щIэдыхьэшхар...? ЩыIэ Зиусхьэным хузэфIэмыкIын? Зэман хэхам деж Сэ сыщыIэнущ уи деж гъэ къакIуэ, Зарэ къуэ иIэнущ».

ИтIанэ Тхьэм жиIащ: «ЩызбзыщIыну пIэрэ Сэ Ибрэхьим сщIэну сызыхуейр? Ибрэхьим пэж дыдэу къытехъукIынущ лъэпкъ ин дыдэ икIи лъэщ, абы и хьэтыркIи си нэфI ящыхуэнущ щIылъэм тет цIыху лъэпкъ псоми, ар Сэ къыхэсхащи...»

Игъуэ къэсри Зиусхьэным игъэзэщIащ Езым къызэригъэгугъар, сыту жыпIэмэ Ар сыт щыгъуи хуэпэжщ Езым и къэгъэгугъэныгъэхэм икIи щыIэкъым Абы хузэфIэмыкIын!

1 МУСЭ 18:1-19; 21:1-3

## КЪАЛЭХЭУ СОДОМРЭ ІАМОРЭРЭ ЗЭРЫКІУЭДАР

Содом, Іаморэ, Адмэ, Севоим къалэхэр щІылъэм текIуэдыкIащ уафэм къеха мафIэкIэ. Зиусхьэным и губжьыр къэзышар а къалэхэм дэса цIыхухэм я къуаншагъэмрэ я зэрыщыкIамрэщ. Тхьэм Ибрэхьим къыжриIащ Содом зэрыкIуэдынур. Ибрэхьим Тхьэ елъэIурт а гуэныхьыщIэ къалэм папщIэ, икIи Зиусхьэным къигъэгугъащ Ибрэхьим а къалэр имыгъэкIуэдыну, а къалэм щыпкъагъэ зиIэу нэрыбгипщI нэхь мыхъуми щыпсэумэ. Ауэ апхуэдэ игъэкIуащ Тхьэм и мелыIычу тIу, цIыхухэм яхуэдэу. Ар къыщыхьуар пщыхьэщхьэт. ХьэщIэхуэфI ЛутI ахэр иригъэблэгъащ, ахэр зэрымелыIычыр имыщIэу.

«Ахэр жеину гъуэлъыжатэкъым, Содом къалэдэсхэм, жьыи щIэи, къалэм цIыхуу дэсу хъуар дэнэ лъэныкъуэкIи къикIыурэ, унэр къыщаувыхьам. ЛутI къеджэри щIашауэ къыжраIэрт абы: Дэнэ щыIэ жэщу уэ къыпхуэкIуа цIыхухэр? КъытхущIэш ахэр мыдэ, дэ декIуэлIэнущ абыхэм». ЛутI бжэр игъэбыдэри къыщIэкIащ икIи жиIащ: «Си къуэшхэ, фымыщIэ Iеягъэ... Мы цIыхухэм зыри евмыщIэ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ ахэр къеблэгъащ си деж». Ауэ абыхэм жаIащ: «Мис хэхэсыр, икIи ар хуейуэ ара хьэкум ищIэну? Иджы дауэ уэтщIэнщ абыхэм етщIэнум нэхърэ нэхь Iей». Содом дэсхэр къыбгъэдыхьащ ЛутI бжэр хаудыну. «Апхуэдэу щыхъум, а лIыхэр къэIэбэри ЛутI щIашэжащ унэм, бжэри ягъэбыдащ. ЦIыхухэу унэ щIыхьэпIэм деж щытахэр Тхьэм нэф ищIат, цIыкIуи ини... ЖраIащ а лIыхэм ЛутI: ‘Мы къалэр дэ дгъэкIуэдынущ; ин дыдэщ мыбы дэсхэм ехьэлIауэ Зиусхьэным екIуалIэ тхьэусыхэ макъыр..‘ Къаубыдщ аби, абы и фызми, и пхъуитIми я Iэхэр яубыдри, къыдашащ къалэм, икIи щагъэуващ ар къалэ щIыбым... Абыхэм ящыщ зым жиIащ: Къегъэл уи псэр; укъызэмыплъэкI... зыщыгъэпщкIу бгыщхьэм, уадэмыкIуэдын папщIэ».

«Дыгъэр къышхьэщыуват щIылъэм, ЛутI Цоар щынэсам. Зиусхьэным къатрикIащ Содомрэ Іаморэрэ уэшхым хуэдэу тхъуэбзащхъуэмрэ мафIэмрэ, уафэм щыIэ Зиусхьэным къыбгъэдэкIыу. ИтIанэ зэтригъэщэхащ а къалэхэри, Іэгъуэблагъэм щыIэ псори, игъэкIуэдащ а къалэхэм щыпсэу псори, а щIыналъэм къыщыкI псори. Ауэ ЛутI и фызыр и щIыбагъкIэ къызэплъэкIащ икIи зэфIэжыхьащ щыгъу сэхым хуэдэу».

Хуагъэфащэ а къалэ кIуадэхэр Хы Псэншэм и ипщэ лъэныкъуэмкIэ щыщэIауэ. ‘Содомрэ Іаморэрэ’ псалъэхэр иджыри къагъэсэбэп, псэжьыгъэр къагъэлъэгъуэн папщIэ, Тхьэр апхуэдизу къэзыгъэгубжьа икIи иужьрей зэманым зыщызыубгъу гуэныхь гущыкIри хэту.

1 МУСЭ 19; 2 МУСЭ 29:23

## ИБРЭХЬИМ ИСХЬЭКЪЫР КЪУРМЭН ЗЭРИЩIАР

Илъэс текIащ Тхьэм и лIыкIуищыр Ибрэхьим къызэрыхуэкIуэрэ, икIи Зарэ къилъхуащ къуэ. Ибрэхьим фIищащ абы цIэуэ Исхьэкъ.

Исхьэкъ щIалэ ныбжьым щиувэ зэманым Зиусхьэным мурад ищIащ Ибрэхьим и щыпкъагъэмрэ Езым къыхуиIэ лъагъуныгъэмрэ игъэунэхуну. Тхьэм абы зыкъыхуигъэзащ: «Къащтэ уи къуэр, фIыуэ плъагъу уи къуэ закъуэр, Исхьэкъыр; Морие щIыналъэми кIуэи, абдежым къурмэныпхъэу щыгъэс ар бгыхэм ащыщу Сэ уэзгъэлъагъуну зым и щыгум».

Гугъут Ибрэхьим дежкIэ ар ищIэну. Ауэ абы игъэзэщIэну хуейт Тхьэм абы унафэу къыхуищI псори, сыту жыпIэмэ игу псомкIи Зиусхьэныр абы фIыуэ илъагъурт. Абы къыхэкIыу, Ибрэхьим пхъэ гъэсын къыпиупщIри, шыдым трилъхьащ, игъусэу ищIащ унэIутитIрэ Исхьэкърэ икIи кIуащ Зиусхьэным къригъэлъэгъуа щIыпIэм.

И адэм къурмэн ищIыну псэущхьэр ищIэтэкъыми, Исхьэкъ щIэупщIащ: «Си адэ!... Мис мафIэри пхъэри, атIэ дэнэ щыIэ къурмэныпхъэу дгъэсыну щынэр?» Ибрэхьим жэуап кърitыжащ: «Тхьэм къызхухихынущ къурмэныпхъуэу Езым хуэдгъэсыну щынэр, си къуэ».

Морие бгым нэсщ, унэIутхэр бгы лъабжьэм къыщигъанэщ, Ибрэхьим бгым дэкIри, къурмэн здащI щIыпIэ зэтрилъхьащ, пхъэ гъэсынхэри трилъхьащ икIи и къуэ Исхьэкъ ипхри трилъхьащ къурмэнщIыпIэм ...Ауэ напIэзыпIэм Тхьэм и мелыIычыр къегуэухащ уафэм: «Ибрэхьим! Ибрэхьим! ...ХуумыIэт уи Iэр ныбжьыщIэм, йомыщIэ абы зыри; иджы Сэ сощIэ уэ Тхьэм узэрыщышынэр икIи сэр папщIэ уи къуэм, уи къуэ закъуэм, узэрыщымысхьар... Сэри си нэфI ныпщыхуэнущ...».

Тхьэм и нэфI щыхуэныгъэр ялъегъэс ягу псомкIи Езыр фIыуэ зылъагъу псоми.

1 МУСЭ 22:1-18

## РЕБЕККЭ

Зэман дэкIащ, Ибрэхьим жьы дыдэ хъуащ, абы и къуэр, Исхьэкъ, балигъыпIэм иуващ. Зэгуэрым Ибрэхьим и унэIутыр къриджэри и пщэ дилъхьащ и хэкум, Месопотамием кIуэжу Исхьэкъ щхьэгъусэ хуэхъун абы къыхуришыну. УнэIутыр ежьэри Месопотамием, Ибрэхьим и къуэш Нахор зыдэс къалэм, кIуащ.

Абы нэса нэужь, Тхьэм елъэIуащ, Исхьэкъ къыхуигъэнэхуа пщащэр къыпригъэжьэн щхьэкIэ, мыр жиIэурэ: «Зиусхьэн, си тепщэ Ибрэхьим и Тхьэ! КъэгъакIуэ ар нобэ си дежи абы сэ сыIугъащIэ, фIы къыхуэщIэ си тепщэ Ибрахьим. Мис, сыбгъэдэтщ сэ псы къыщIэжыпIэм, къалэдэсхэм япхъухэри къыдокIыр псы кърагъэхъуэну; Иджы пщащэу: 'КъэгъэщIейт уи кхъуэщыныр, псы сефэнущи', зыжесIэу, 'Ефэ, сэ уи махъшэхэри езгъэфэнщ', - къызжезыIэжынур арщ Уэ хухэпхар Уи IуэхутхьэбзащIэ Исхьэкъ; икIи абыкIэ къэсщIэнущ си тепщэм Уэ фIыгъэ къызэрыхуэпщIэр».

Абы и псалъэр нигъэсатэкъым, Ребеккэ зи цIэ пщащэ дахэкIейр псынащхьэм къыщытехутам. И кхъуэщыным псы иригъахъуэри, пщащэр ежьэжащ. Ибрэхьим и унэIутыр абы бгъэдэлъадэри, жриIащ: «Сегъафэт уи кхъуэщыным ит псым щыщ тIэкIу». Пщащэм жэуап кърита жащ: «Ефэ, си зиусхьэн». Ар псэ иригъафэри, къыжриIащ: «Сэ уи махъшэхэми псыкъуийм псы къахуисхынщ, абыхэм загъэнщIыхункIэ». УнэIутыр, щыму, кIэлъыплъащ пщащэм махъшэхэм папщIэ псы, къызэрыригъахъуэм. Пщащэм еупщIащ ар итIанэ: «Хэт урипхъу? - къызжеIэ; уи адэм и унэм жэщ щитхын плIанэпэ иIэнкIэ хъун?» Ребеккэ къыжриIащ Ибрэхьим и къуэш Нахор и къуэ Бетуел зэрипхъур. Ар щызэхихым, Зиусхьэным зыхуигъэщхъри фIыщIэ хуищIащ Ибрэхьим и къуэшым и унэм зэрыришэлIам щхьэкIэ.

Бетуел и унэм кIуащ ар, а унэм ис псоми яжриIащ и хэкум, и благъэхэм я деж, Ибрэхьим лIыкIуэ къызэрищIар, абы и къуэм щхьэгъусэ хуишэн папщIэ. Адэ-анэм я пхъур къраджэри, еупщIащ: «УкIуэну мы цIыхум уригъусэу?» Ребеккэ арэзы хъуащ. Зэрыунагъуэуи хъуащ арэзы, гъуэгу махуэ жраIэри яутIыпщыжащ, ар Тхьэм зэриухар ящIрти.

Тхьэм ущелъэIукIэ Тхьэм уечэнджэщыным, сыт хуэдэ Iуэху блэжьми, Ар арэзы пщIыным мыхьэнэшхуэ иIэщ.

1МУСЭ 24:1-60

## ИСХЬЭКЪРЭ РЕБЕККЪЭ

Махъшэм тесу, Ребеккэрэ Ибрэхьим и унэIутымрэ гъуэгу анэ кIыхь зэпачащ, икIэм икIэжым ахэр нэсыжащ Исхьэкъ къащыпэплъэ хэкум.

ПщыхьэщхьэхуегъэзэкI хъуауэ, Исхьэкъ губгъуэм ихьат, гупсысэн щхьэкIэ. Махъшэ чырэр къэблэгъэжауэ илъэгъуащ абы. Ар Ребеккэ Iуплъатэкъым зэи, Исхьэкъи пщащэм илъэгъуатэкъым абы и пэкIэ. Ауэ а тIур фIыуэ зэрылъэгъуащ, насыпыфIи зэдэхъуащ, сыту жыпIэмэ Езы Тхьэм зэтриIуат ахэр, зыр зым къыхуигъэщIати.

Тхьэм абыхэм къуитI къаритащ - Эсаурэ Екъубрэ. Ахэр зэтIолъхуэныкъуэт, ауэ Эсау япэ къалъхуати, абы нэхъыжьыгъэр ейт.

Сабийхэм заужьащ. Эсау «хьэкIэкхъуэкIэ къэубыдыным хуэIэзэ цIыху, губгъуэлI; Екъуб хъуащ цIыху Iэсэ, шэтырхэм щыпсэууэ. Исхьэкъ фIыуэ илъагъурт Эсау, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ абы къиущэкIухэр абы фIэIэфIт; ауэ Ребеккэ фIыуэ илъагъурт Екъуб, Эсау нэхърэ».

1 МУСЭ 24:63-67; 25:24-28

## ИСХЬЭКЪ И КЪУЭ ЕКЪУБ И НЭФI КЪЫЗЭРЫЩЫХУАР

Иныбжь хэкIуатэри, Исхьэкъ набгъэ хъуащ. И лIэгъуэр къыщы-сым, абы и къуэ нэхъыжьым, Эсау, и нэфI къыщигъэхуэну мурад ищIащ. Исхьэкъ ар къриджэри, фIыуэ илъагъу шхыныгъуэ иригъэшхыну къелъэIуащ. И нэфI къыщигъэхуэну къигъэгугъащ итIанэ.

Ар щызэхихым, Ребеккэ псори Екъуб хуиIуэтэжащ. Ар хуейт адэм и нэфI Екъуб къыхуигъэнэну. Ар зригъэхъулIэн папщIэ, абы Исхьэкъ къигъэпцIэн мурад ищIащ. Эсау щакIуэ ежьауэ, Ребеккэ Екъуб игъакIуэри хъушэм щыщ чыцIитI кърригъэхьащ, Исхьэкъ фIэфI шхыныгъуэри игъэхьэзыращ. Эсау и щыгъын дэгъуэмкIэ зригъэхуэпащ Екъуб итIанэ. Эсау цыбэти, Ребеккэ Екъуб и Iэблэри и пщэри чыцIыфэкIэ щIиуфащ, лIыжь набгъэр къытеIэбэнкIэ шынэри.

ЧыцIылыр ихьри, Екъуб и адэм деж щIыхьащ, лыри зэфэни иригъэуващ абы и пащхьэ. И адэм къыжриIащ абы: «Къызбгъэдыхьэ, сэ сыноIэбынщ, си къуэ, Эсауыр уэрауэ пIэрэ хьэмэрэ уэрмырарэ?»

Екъуб бгъэдэкIуэтащ и адэм. И къуэм къытеIэбэри, Исхьэкъ жиIащ: «Макъыр Екъуб ейщ, ауэ Iэхэр Эсау ейщ». КъыхуэцIыхужакъым ар, Екъуб и Iэ чыцIыфэкIэ щIэуфар абы и къуэшым и Iэм ещхьти. Шхын къыхуихьыну унафэ ищIащ итIанэ. Шха нэужь, Исхьэкъ и къуэм и нэфI къыщигъэхуащ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ, гъэпцIагъэкIэ, Эсау къыхуэнэн хуея адэм и нэфIыр Екъуб къыхуэнащ. Абы щхьэкIэ Эсау и 27:1-41

# ЕКЪУБ И ПЩІЫХЬЭПІЫР

ФІыуэ илъагъу и къуэр Эсау иукІын мурад зэрищІар зэхихащ Ребеккэ. И къуэм деж нигъэсыжащ ар Ребеккэ, чэнджэщи ирихьэлІащ Месопотамием кІуэнэу и дэлъхум, Лаван, деж, Эсау и губжьыр тІысыжыху, щыпсэуну.

Ежьэн ипэ кърииджэри, Исхьэкъ Екъуб къыжриІащ Ханаан щыпсэухэм япхъу къимышэну, Месопотамием и анэм и хэкум, щхьэгъусэ къыщигъуэтыну. ИтІанэ иригъэжьащ, и нэфІ къыщигъэхуэри: «Псори зыхузэфІэкІ Тхьэм и нэфІ къыпщырехуэ. Тхьэм Ибрэхьим къылъигъэса нэфІыр уэри, уэ къыптехъукІыну бынхэми, Тхьэм Ибрэхьим кърита щІыналъэу уэ хамэу узыщыпсэур уэ къыпхуэнэжыну». ИкІи Екъуб ежьащ Месопотамием.

Екъуб махуэ зыбжанэкІэ тетащ гъуэгу. Гъуэгу здытетым, зы жэщ губгъуэ нэщІым щрихащ абы, и щхьэм мывэ щІидзри. ПщІыхьэпІэ телъыджэ илъэгъуащ абы Тхьэм и ІэмыркІэ. Ар епщІыхьащ уафэм щІэуэ пкІэлъей, Тхьэм и мелыІычхэр а пкІэлъеймкІэ уафэм къехырт, дэкІуеижырт. Тхьэм Екъуб къыжриІащ: «Зиусхьэныр, уи адэ Ибрэхьими Исхьэкъи я Тхьэр, Сэращ. Уэ узытелъ щІыналъэр Сэ фэстынущ уэри къыптехъукІыну бынхэми… Сэ сыуигъусэщ; икІи ущысхъумэнущ дэнэ дежи, дэнэ умыкІуэми».

Къызэщыури, Екъуб жиІащ: «Хьэкъщ Зиусхьэныр мы щІыпІэм зэрыщыІэр; ар сэ сщІакъым!» ИтІанэ, и щхьэм жэщым щІэдзауэ щыта мывэр къиштэри, фэеплъ пэлъытэу хисащ, Тхьэм псалъэ иритри, мыр жиІащ: «Тхьэр си гъусэмэ, сэ сызытет гъуэгум сыкъыщихъумэмэ, сшхыну щІакъуэрэ щыстІэгъэну щыгъынрэ къызитмэ, икІи сэ мамырыгъэкІэ си адэм и унэм згъэзэжмэ, абы щыгъуэ Зиусхьаныр си Тхьэ хъунущ, фэеплъу сэ згъэува мы мывэри хъунущ Тхьэм и унэ; Уэ, Тхьэ, тыгъэ къысхуэпщІ псоми ящыщу Іыхьэ пщІанэри сэ Уэ уэстынщ».

1 МУСЭ 27:41-46; 28:1-22

## ЕКЪУБ РАХЕЛ ЗЭРЫХУЭЗАР

Месопотамием кIуэ гъуэгу кIыхьым тетурэ, хъупIэ дэгъуэ куэд здэщыIэ щIыпIэм нэсащ Екъуб. Мывэ зытегъэлъэда псыкъуий деж къыщувыIащ ар. Мэлыхъуэхэм хъушэр псафэ къыщахукIэ, мывэр псыкъуийм трахырти, иужькIэ трагъэлъэдэжырт.

Мэлыхъуэхэм еупщIащ Екъуб: «ФцIыхуу пIэрэ фэ Нахор и къуэ Лаван?» Абыхэм къыжраIащ: «ДоцIыху... икIи мис, Рахел, абы и пхъур, къокIуэр мэлхэм ягъусэу». Рахел псыкъуийм къыхуэблэгъат, и адэм и мэл хъушэр игъэхъурти, псафэ къихури.

Рахел къыщилъагъум, Екъуб, псыкъуийм мывэр трихри, и адэ къуэшым и мэлхэр псы иригъэфащ. ИтIанэ Рахел ба хуищIащ, гуфIэщати, къэгъащ, зэшитIым зэрабыныр жиIэурэ. Ар щызэхихым, Рахел ежажьэри унэм кIуэжащ, и адэм хъыбар хуихьри. Екъуб и хъыбар щыхуахьым, Лаван абы къыпежьащ, IэплIэ къришэкIащ, ба къыхуищIащ, и унэ иригъэбдэгъащ.

И адэ къуэшым и унэ къинащ Екъуб, абы и мэлыхъуэ хъуащ. Лаван хуэлIыщIащ ар, Рахел фызу къритын папщIэ, хуэлIыщIащ илъэсиблкIэ. Илъэсиблыр махуэ пIалъэущ Екъуб къызэрыщыхъуар, пщащэр апхуэдизкIэ фIыуэ илъэгъуати. И пхъуитI кърита щ абы Лаван - Леарэ Рахелрэ. А зэманым уи благъэ къапшэ, фыз зыбжани уиIэ хъууэ щытащ.

А лъахэм, Месопотамием, Екъуб къуэ пщыкIузрэ зыпхъурэ щигъуэтащ, иужькIи, Ханаан къигъэзэжауэ, зы къуэ къыхуалъхуащ.

Екъуб къулей дыдэ хъуащ. Шэтырым щIэсэт ар и фызхэмрэ и бынхэмрэ яхэсу. УнэIути, цIыхухъуи бзылъхугъи, Iэщи и куэдт абы: мэли, махъши, шыди.

1МУСЭ 29:1-28

## ЕКЪУБ ТХЬЭМ «ЗЭРЕБЭНАР»

Зэгуэрым Тхьэм Екъуб къыжриIащ и хэкум игъэзэжын хуейуэ. И фызхэри и бынхэри зыщIигъущ, и мылъкур къызэщIикъуэри, ар гъуэгу техьащ, и хэку, Ханаан щIыналъэм, кIуэжын щхьэкIэ. Эсау и губжьыр щхьэщыкIарэ щхьэщымыкIарэ ищIэртэкъыми, ар зригъэкIужьын щхьэкIэ, абы тыгъэ куэд хуригъэхьын мурад ищIащ Екъуб.

Гъуэгу здытетым, Екъуб и махъшэ чырэр псы ирихьэлIащ. И Iыхьлыхэр псым зэпришри, Екъуб езым адрыщIым зыщиIэжьащ. Зыгуэр кърихьэлIэри, нэху щыху къебэнащ Екъуб, и шхужь зэрытыпIэм дыркъуэ къытридзащ. Нэхущым Екъуб къыжриIащ къебэнам: «СутIыпщ Сэ, пшэкIэплъ къищIащи». Екъуб жиIащ: «УзутIыпщынукъым, Уэ уи нэфI къысщымыхуауэ». Модрейр къеупщIащ: «Сыт уи цIэр?» Жэуап иритыжащ: «Екъуб». Къебэнам къыжриIащ: «Иджы щыщIэдзауэ Екъубкъым уи цIэр, атIэ Израилщ; сыту жыпIэмэ Тхьэм уебэнащи, цIыхуми уапэлъэщынущ.

Екъуб еупщIащ Абы: «КъызжеIэ Уи цIэр». Мыращ жэуапыр: «Сыт уэ Си цIэм ущIыщIэупщIэр?» Абы и нэфI къыщыхуащ Екъуб.

И закъуэу къэна нэужь, Екъуб къыгурыIуащ Езы Тхьэ дыдэм зэребэнар. Тхьэр куэдкIэ къетащ Екъуб, Абы и нэфI къыщыхуэнкIэ емышу елъэIути.

1 МУСЭ 32:13-30

# ЕКЪУБРЭ ЭСАУРЭ ЗЭРЭЗЭКIУЖАР

Ханаан щIыналъэм щынэблэгъэжым, Екъуб илъэгъуащ Эсау, цIыху щитI щIыгъуу, къызэрыпежьар. Япэ ищри, и къуэшым бгъэдэкIуэтащ ар, щхьэщэ блэнейрэ хуищIащ, щIым нэсу. Эсау къежавэри и къуэшым къыбгъэдэлъэдащ, IэплIэ къришэкIащ, тIури къэгъащ абдежым. Екъуб и фызхэри, и бынхэри, и унэIут цIыхубзхэри къыбгъэдыхьэри, Эсау щхьэщэ къыхуащIащ.

Эсау Екъуб къеупщIащ: 'Сытым папщIэ апхуэдиз саугъэ къысхуебгъэхьа'? Екъуб жэуап итыжащ: 'Уэ си зиусхьэныр нэфIкIэ укъызэплъын папщIэ'. Эсау пыгуфIыкIри жиIащ: «'Сэ куэд сиIэщ, си къуэш; ууейр уэ зигъэIэж' ». Екъуб ар идакъым: «'Уэ нэфIкIэ укъызэплъымэ, сIых сэ къызбгъэдэкI тыгъэр; ...Нащтэ си тыгъэу уэ къыпхуэсхьар; сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Тхьэм къызитауэ сиIэщ сэ псори...' » Тыгъэхэр иритащ Эсау, хигъэзыхьри.

Эсау и унэ ихьэжащ итIанэ, Екъуб Ханаан щIыналъэм изэгъэжри, Шехэм къалэм и Iэхэлъахэм щыпсэу хъуащ. ЩIапIэ къищэхури, шэтыр хисащ Екъуб. ТыхьщIыпIэ ищIри, Тхьэм и цIэр игъэлъапIэ хъуащ.

Апхуэдэу зэщIа хъуащ Екъуб и хэкур ибгынэн хуей щыхъуам щыгъуэ и нэгу щIэкIауэ щыта пщIыхьэпIэр. Тхьэм къызэригъэгугъауэ щыта псори къыхуищIащ абы, Екъуби пщIэ къызытринакъым, Тхьэм хуищIапхъэр хуищIащ абы щхьэкIэ.

1МУСЭ 33:1-20

## ЕКЪУБ И КЪУЭ ЩIАСЭ ИСУФ

Екъуб Ханаан щIыналъэм итIысхьэжащ. Рахел абы зы къуэ къыхуилъхуащ - Биниамин. Екъуб къуэ пщыкIутIрэ зыпхъурэ иIэ хъуащ: Реувен, Симеон, Левий, Иудэ, Дан, Нафталий, Гад, Ашер, Иссашхар, Зевулун, Динэ, Исуф, я нэхъыщIэ дыдэ Биниамин. Екъуб нэхъыфI дыдэу илъагъур Исуфт, «сыт щхьэкIэ жыпIэмэ ар езым и жьыщхьэм къыхуэхъуа и къуэти».

«Исуф, илъэс пщыкIубл и ныбжьу, Iэщ игъэхъурт езым и къуэшхэм я гъусэу...ИкIи Исуф нигъэсыжырт я адэм деж абыхэм папщIэ хъыбар Iейхэр». Зэгуэрым Екъуб Исуф тыгъэ хуищIащ щыгъын къуэлэн. «Абдеж къащIащ зэшхэм, зэш псоми нэхърэ ар нэхъыфIу я адэм зэрилъагъур; ялъагъу мыхъуи хъуащ ар, ахэр абы дахэуи епсэлъэжыфыртэкъым».

Исуф зэкIэ щыгъуазэтэкъым и къуэшхэм къыхуаIэ лъагъумыхъуныгъэмрэ фыгъуэмрэ зыхуашэнкIэ хъунум. Исуф Тхьэр фIыуэ илъагъурт, Абы и унафэм тету псэурт. Абы къыхэкIкIэ, Исуф дяпэкIэ и нэгу щIэкIыну нэщIэбжьэ псоми езыми и унагъуэми фIы къахуэдэкIуэн хуейуэ Тхьэм иухат.

1МУСЭ 37:1-4

# ИСУФ И ПЩIЫХЬЭПIЭХЭР

«Илъэгъуащ Исуф пщIыхьэпIэ, яхуиIуэтэжащ ар езым и къуэшхэм: мыдрейхэми ар нэхъри жагъуэу ялъагъу хъуащ.

Абы яжриIащ и къуэшхэм: 'ФыкъедаIуэ сэ пщIыхьэпIэ слъэгъуам: Мис, дэ пхырхэр дощIри губгъуэ дитщ, арати мис, си пхырыр уващ, икIи уващ захуэу, икIи мис, фи пхырхэр хъурейуэ абы къеувэкIхэри щхьэщэ къыхуащIащ си пхырым'.

И къуэшхэм къыжраIащ абы: 'Уэ тепщэ укъытхуэхъунуи? Уэ дыпIэщIэлъынуи?' Исуф и пщIыхьэпIэмрэ и псалъэхэмрэ щхьэкIэ и къуэшхэм ар нэхъри ялъагъу мыхъу хъуащ.

Илъэгъуащ аргуэру абы нэгъуэщI пщIыхьэпIи, ари яхуиIуэтащ и къуэшхэм: 'Мис, аргуэру пщIыхьэпIэ слъэгъуащ, дыгъэми, мазэми, вагъуэ пщыкIузми щхьэщэ къысхуащIу'.

И адэми, и къуэшхэми яхуиIуэтэжащ ар; къешхыдащ абы и адэр, къыжриIащ мыпхуэдэу абы: 'Ар сыт пщIыхьэпIэ лъэпкъ уэ плъэгъуар? Сэри, уи анэри, уи къуэшхэри уэ щIым нэсу щхьэщэ пхуэтщIын папщIэ дынэкIуэнуи?'

И къуэшхэр къыхузэгуэпащ абы; ауэ абы и адэм игу ириубыдащ абы и псалъэр».

Зэгуэрым, Исуф и къуэшхэм, унэм пэжыжьэу, Iэщ здагъэхъум, Екъуб Исуф зэшхэм я деж иIуэхуащ, я узыншагъэ щIэупщIэу я хъыбар къыхуихьын щхьэкIэ. Исуф и гуапэу кIуащ и къуэшхэм я деж.

ХъупIэм игъуэщыхьри куэдрэ зэхэзекIуащ Исуф, и къуэшхэр къигъуэтыху. Зэшхэм, ар къакIуэу щалъагъум, губжьауэ жаIащ: «Мес, къокIуэр пщIыхьэпIэ лъагъур».

Исуф хъупIэм щралъагъуэм, ар яукIыну зэгурыIуащ зэшхэр, мыр жаIэри: «ДыкIуэнщи, иджы дукIынщ ар, иддзэнщ ар мащэ гуэрми, жытIэнщ хьэкIэкхъуэкIэ бзаджэм ар ишхауэ». КъыхуэдзэлашхэуищIагъуэжащ абыхэм: «ИтIанэ деплъынщ абы и пщIыхьэпIэм къикIым».

1 МУСЭ 37:5-20

## ЗЭШХЭМ ИСУФ ЯЩЭ

Зэшхэм я нэхъыжь Реувен адрейхэм нэхърэ нэхъ хьэлэлт. Исуф мурад Iей зэрыхуащIар щызэхихым, Реувен ар къригъэлын и гугъащ, я адэм деж иригъэшэжу... И къуэшхэм елъэIуащ Реувен, Исуф дывмыгъэукI, къуакIэм дэдвгъадзи, ар ирикъунщ, жери. Зэшхэр Реувен и псалъэм едэIуащ. Исуф къабгъэдыхьа нэужь, абы и щыгъын къуэлэныр къыщуадри, езыр псы зыдэмыт къуакIэ дадзащ.

А сыхьэтым абыхэм къалъэгъуащ Гилэад къикIыу Мысырым хьэпшып зышэ сатуущIэ чыракIуэхэр. Зэшхэм ящыщ зым, Иудэ, игу къэкIащ, Исуф сатуущIэхэм едвгъащэ, жери. АбыкIэ акъылэгъу хъуащ псори, икIи Исуф чыракIухэхэм дыжьын ахъшэ тIощIкIэ иращащ.

СатуущIэхэм Исуф Мысырым яшащ, зэшхэм чыцI яукIри абы и лъымкIэ ираIащ Исуф и щыгъыныр. Щыгъыныр я адэм хурагъэхьри жраIащ: «Дэ мыр къэдгъуэтащ; еплъыт уи къуэм и щыгъыныр арарэ армырарэ». Екъуб, щыгъыныр къицIыхужри, игу хэщIащ: «Мыр си къуэм и щыгъынырщ; хьэкIэкхъуэкIэ бзаджэм ишхащ ар; пэжщ, зэпкъратхъащ Исуф». Игу къутауэ игъеижащ Екъуб и къуэ щIасэр, зэш бзаджэхэм къызэрагъэпцIар имыщIэу.

Ауэ псори зылъагъу, псори зыхузэфIэкI Тхьэм зыри щыбгъэпщкIуфынукъым. Зэшхэм я гум илъ фыгъуэ-ижэр илъагъурт Абы, илъагъурт а фыгъуэ-ижэм ахэр лъагъумыхъуныгъэмрэ щIэпхъаджагъэмрэ зэрыхуишар.

Дэ Тхьэ телъэIу зэпытын хуейщ, ем и къуэпс нэхъ цIыкIу дыдэри ди гущIэм къыщымыхъеин щхьэкIэ. Ар мыгъуагъэшхуэм хуэкIуэнкIэ мэхъу!

1 МУСЭ 37:21-35

# ИСУФ ПАЩТЫХЬ КЪУЛЫКЪУЩІЭМ И УНЭМ И УНАФЭЩІЩ

Мысырым нэсри, сатуущIэхэм Исуф фирхьэуным и блыгущIэтым, абы и щхьэхъумэхэм я Iэтащхьэм иращащ. Тхьэр игу илъ зэпытти, Исуф Ар сыт щыгъуи къыдэIэпыкъурт. Абы къыхэкIкIэ, гъэрыпIэм здитми, Исуф, сыт хуэдэ Iуэху и ужь ихьэми, псори къехъулIэрт.

Абы и зиусхьэным, ПотифаркIэ зэджэм, гу лъитащ Iэмыщ Iэ кърилъхьэри. Исуф и хьэтыркIэ, Тхьэр нэфIкIэ къеплъ хъуащ Iэтащхьэм и унэм. Исуф IэкIуэлъакIуэу, губзыгъэу зэрихьэ хъуащ Iэтащхьэм и мылъкур, зиусхьэнми игу зэгъащ.

Исуф щIалэ екIут. Зэрыхъуар аращи, Потифар и фызым фIыуэ къелъэгъуащ ар. ЦIыхубзыр мажусийт, Тхьэри Абы и унафипщIри ищIэртэкъыми, Исуф абы зригъэхъуэпсэ мурад ищIащ. Ауэ Тхьэр фIыуэ зылъагъу Исуф абы зыдригъэшэхакъым, мыр жиIэри: «АтIэ сэ дауэ злэжьын а Iеягъэ ин дыдэр, дауэ гуэныхьи къыщысхьын Тхьэм и пащхьэ!»

Исуф къыщемыдаIуэм, ар хуимыгъэгъун мурад ищIащ Потифар и фызым. И лIым пцIы хуиупсри, Исуф игъэкъуэншащ абы: «Журт унэIуту уэ къытхуэпшар къыщIыхьат си деж, лей къызихыну. Ауэ сэ пыхьэр щысIэтым икIи сыщыкIийм, абы и щыгъыныр къыщIинэри, щIэпхъуэжащ. 'Апхуэдэу къызищIащ уи унэIутым' жиIэу езым и фызым къыжриIа псалъэхэр зиусхьэным щызэхихым, къызэщIэнащ губжькIэ; зиусхьэным Исуф иубыдри яритащ ар хьэпсым, пащтыхьым и гъэрхэр здэщыIэм. Арати къихутащ Исуф хьэпсым».

1 МУСЭ 39:1-20

# ИСУФ - ХЬЭПСЫМ ДЕЖ

Хьэпсым здисми Тхьэм щыгъупщакъым Исуф, Ар къыдэIэпыкъу зэпытащ. Хьэпсым и тетым и нэфI къыщигъэхуащ абы Тхьэм, тетым Исуф и IэмыщIэ къырилъхьащ хьэпсым ис тутнакъхэр. Езы хьэпс тетыр зыми кIэлъыземыплъэж хъуащ, и дзыхь Исуф иризати.

Тхьэм и нэIэ тригъэкIыркъым Ар фIыуэ зылъагъухэм, абыхэм я гуауэр ящхьэщех, егъафIэ.

Исуф Тхьэм щыгугъырт, Ар къызэрыдэIэпыкъунур ищIэрт.

Пащтыхьым и унэIутитI ист Исуф зыщIадза хьапсым. А тIум я зыр пащтыхьым и фадэзехьэрт, адрейр и щIакхъуэгъажьэрт. Пащтыхьым и пащхьэм къуаншэ щыхъури, ахэр хьэпсым ирадзат.

Фадэзехьэмрэ щIакхъуэгъажьэмрэ пщIыхьэпIэ ялъэгъуащ зэгуэрым, ауэ я пщIыхьэпIэхэм къикIыр яхузэхэхуакъым. Исуф яжриIащ абыхэм: «ПщIыхьэпIэхэр зэхихуну Тхьэм и Iуэхукъэ? КъысхуэфIуатэ сэ ахэр». Фадэзехьэм япэ иIуэтащ и пщIыхьэпIэр. Ар епщIыхьат къудамищ зытет жызум. Жызумым гулъ ищIащ, и хъугъуэ щынэсым, жызумым санэ къыщIихузыкIащ, санэр фалъэм иригъахъуэри фирхьэуным и Iэнэм тригъэуващ.

Исуф щIэх дыдэ къищIащ фадэзехьэм и пщIыхьэпIым къикIыр, жриIащ абы: «Къудамищыр - ар махуищщ. Махуищ дэкIмэ, фирхьэуным уриджэжынурэ уи увыпIэу щытам уигъэгъэзэжынущ, япэм зэрыпщIэу щытам хуэдэуи IэщIэплъхьэнущ фалъэр фирхьэуным».

ЩIакхъуэгъажьэм и пщIыхьэпIэр къыхуиIуэтащ итIанэ. Ар епщIыхьат и щхьэм матэ хъарищ къытеувауэ. Ищхьэ дыдэм тет матэм пащтыхь шхыныгъуэр изт, ар бзум яуIу ар.

ПщIыхьэпIэм едаIуэри, Исуф жиIащ: «Матищыр - ар махуищщ. Махуищ дэкIмэ, фирхьэуным уи щхьэр пиупщIынурэ упилъэнущ жыгым; къуалэбзухэм яуIунущ уи лыр».

Махуищ дэкIри, абыхэм къехъулIащ Исуф ятриIуа дыдэр.
1 МУСЭ 39:7-23; 40:1-22

## ИСУФ ФИРХЬЭУНЫМ И ПЩIЫХЬЭПIЭР ЗЭХЕХУ

Мысыр пащтыхьым пщIыхьэпIэ илъэгъуащ зэгуэрым. Псы Iуфэм Iухьауэ епщIыхьэпIэ ар. Псым жэм пшэрибл къыхэкIри псыпцIэ IутIанэм щыхъуакIуэу хуежьащ. Псым жэм уэдибл къыхэкIащ итIанэ. А жэм уэдхэм жэм пшэрхэр ящхащ. Абы хэту къэушащ фирхьэуныр. Жейм хилъэфэжри, нэгъуэщI пщIыхьэпIи илъэгъуащ фирхьэуным. Зы жэпкъым щхьэмыж пIащэ дэгъуибл къыдидзащ. Абыхэм ябгъукIэ, жьым ипхъэхауэ, щхьэмыж жьгъыдзибл щIым къыщыхэжри, щхьэмыж дэгъуэхэр зыIурадзащ.

Къэушри, фирхьэуныр гузэващ. Мысырым ис цIыху Iущ псори къриджэри, фирхьэуным и пщIыхьэпIэхэр яхуиIуэтащ. Ауэ ахэр зыми хузэхэхуакъым.

Исуф зи цIэ журт щIалэр игу къэкIыжащ фадэзехьэм, абы и гугъу хуищIащ фирхьэуным: хьэпсым здисым езымрэ щIакхъуэгъажьэмрэ я пщIыхьэпIэхэр зэрызэхихуари, къатриIуауэ хъуа псори нахуапIэ зэрыхъуари. Фирхьэуным Исуф епIэщIэкIыу къригъэшащ, ар къыщысым, жриIащ: «Сэ зэхэсхащ, уэ пщIыхьэпIэхэр зэхэпхуфу». Исуф жэуап къритыжащ: «Ар сэ си Iэ илъкъым. Тхьэм къритынщ фирхьэуным жэуап, абы и сэбэп къыхэкIыу». И нэгу щIэкIа пщIыхьэпIитIури къыхуиIуэтащ фирхьэуным. Исуф жиIащ: «Тхьэм ищIэнур къригъэлъэгъуащ фирхьэуным. ЖэмыфIу блыр икIи щхьэмыжыфIу блыр - мис, Мысыр щIыналъэ псом дежи бэвагъ ин дыдэ щыщыIэну илъэсиблыр. Апхуэдэуи уэдхэу икIи къуэкIыпIэ жьыбгъэм игъэгъуа щхьэмыжиблыр - ар гъаблэ илъэсиблщ. Фирхьэуныр тIэунейрэ а пщIыхьым щIепщIыхьам, абы къокIыр ар хьэкъыу Тхьэм и псалъэу зэрыщытыр, икIи щIэх дыдэ Тхьэм ар зэригъэзэщIэнур».

ИтIанэ Исуф фирхьэуным чэнджэщ ирихьэлIащ Мысырыр Iуэхузехьэ Iущым и IэмыщIэ ирилъхьэну, гъэр бэв къащехъулIэну илъэсиблым мыбэлэрыгъауэ гъавэ игъэтIылъын щхьэкIэ.

1МУСЭ 41:1-36

## ИСУФ МЫСЫР ПСОМИ И ІЭТАЩХЬЭЩ

Фирхьэуным игу ирихьащ и пщІыхьпІэхэр Исуф зэрызэхихуар. И къулыкъущІэхэм яжриІащ абы: «Дгъуэтыну пІэрэ дэ мыбы хуэдэу, Тхьэм и Псэ ЛъапІэр зигу илъ нэгъуэщІ цІыху?» ИтІанэ Исуф зыхуигъэзащ мы псалъэхэмкІэ: «А псори Тхьэм уэ къыщцызэпхуІуихакІэ, щыІэкъым уэ хуэдэу акъылыфІэрэ Іущрэ; Уэ уритетынущ си унэм, уи псалъэхэми къедэІунущ си лъэпкъ псор. Сэ утызогъэувэ уэ Мысыр щІыналъэ псом, ауэ пащтыхьыгъэкІэ сэ зырщ уэ нэхърэ нэхъ ину щытынур».

Фирхьэуным и Іэлъыныр зыІэрихри Исуф къыІэрилъхьащ итІанэ. И пщэм ирилъхьащ дыщэ щыгъэ, фащэ лъапІэкІэ ихуэпащ. Фирхьэуным унафэ ищІащ езым и гухъыринитІым я зымкІэ Исуф Мысыр псом къыщрашэкІын хуейуэ, мыр жаІэурэ: «Щхьэщэ къыхуэфщІ!»

Апхуэдэу хэІэтыкІа хъуащ Исуф. И къалэнхэм я ужь ихьащ ар занщІэу. Гъэр бэв щыхъуа илъэсхэм абы гуэнхэм ярыз ищІащ гъавэр, гъаблэ щыхъуну илъэсхэм Мысырым и цІыхухэр шэджэладжэ зэтемыхъуэн папщІэ.

1МУСЭ 41:37-48

## ИЛЪЭСИБЛКIЭ ЕКIУЭКIА ГЪАБЛЭ

Илъэсибл дэкIри, дэнэкIи гъаблэ щыхъуащ. ЩIыпIэ куэдым къикIыурэ, Мысырым цIыхухэр къакIуэрт, Исуф деж гъавэ къыщащэхун щхьэкIэ, сыту жыпIэмэ абы Мысырым и къалэ псоми гъавэшхуэ щигъэтIылъати.

Мысырым гъавэ зэраIэр къыщищIэм, гъавэ къащэхун щхьэкIэ, Екъуб и къуипщIыр игъэкIуащ абы, и къуэ нэхъыщIэр, Бинiамин, езым къызбгъэдинэри.

Исуф Мысыр щIыналъэм и Iэтащхьэт, гъавэр псоми езыщэр арат. И къуэшхэр къэсри, щхьэщэ къыхуащIащ абы, гъавэ ярищэну къелъэIуащ. Исуф къицIыхужащ и къуэшхэр, ауэ езыр абыхэм къацIыхужакъым. Я къуэшыр зэращэрэ абы и хъыбар зэхахыжатэкъым, лIыщхьэ зэрыхъуами щыгъуазэтэкъым.

И къуэшхэм закъригъщIакъым Исуф, къимыцIыхужауэ фэ зытригъэуащ, уеблэмэ яжриащ ахэр плъэIуакIуэ-дэIуакIуэу, Мысырым и тIасхъэ щIахын щхьэчIэ, къахыхьауэ. Ягу Iей зэримылъыр, пщIыри зы адэм къызэрилъхуар, я шынэхъыщIэр унэм къызэримынар жаIащ зэшхэм. Исуф и къуэшхэр иригъэубыдри хъумакIуэ ябгъэдигъэуващ. Ещанэ махуэм Исуф и къуэшхэм яжриIащ: «Фэ фыцIыху хеймэ, фэ фщыщу зы къуэшыр щрыраIыгъ фэ фыздыщIаубыда унэм; мыдрейхэр фыкIуэж, фшэ гъавэ, фи унагъухэр зэрымэжэщIалIэм папщIэ. ИтIанэ фи къуэш нэхъыщIэр къысхуэфшэ, фи псалъэхэр пэж хъун, икIи фымылIэн папщIэ».

Ар щызэхахым, зэшхэм жаIащ: «...Пэж дыдэу дэ допшыныж ди къуэшым етщIэгъа гуэныхьыр. Дэ тлъэгъурт абы и псэм телъ хьэзабыр, ар дэ къыщыдэлъэIум, ауэ дедэIуакъым; абы папщIэ къытлъысащ мы тхьэмыщкIагъэр». Абыхэм ящIэртэкъым я бзэр Исуф къызэгурыIуар, я кум тэрмэш дэтти.

И къуэшхэм жаIар щызэхихым, абыхэм къахэкIыжри, Исуф гъащ. Яхыхьэжри, абыхэм ящыщ зы, Симеон, шэсипIэу къигъэнащ Исуф, адрейхэр иутIыпщыжащ, я къэпхэм гъавэ из яхуищIри. 1 МУСЭ 41:54-57; 42:1-25

# ИСУФ И КЪУЭШХЭМ ЗАКЪРЕГЪЭЦІЫХУЖ

Исуф и къушхэр я хэку кІуэжри, къехъулІар я адэм жраІэжащ. Екъуб идакъым и къуэ нэхъыщІэр, Биниамин, къытхуэфщэху гъавэ тІэкІу». Къуэхэм жраІащ абы: 'Мысыр Іэтащхьэм унафэ къыхуищІащ ди шынахьжьыр тщІымыгъуу дыкъэмыкІуэну'. Биниаминрэ абыхэм ядригъэжьэн щІэх идакъым Екъуб, ауэ мэжэщІалІагъэм къыщыхигъэзыхьым арэзы хъуащ, мыр жиІэри: »Тхьэуэ псори зыхузэфІэкІым щывигъэгъуэтынщ а цІыхум деж гущІэгъу, адрей фи къуэшри Биниамини абы къыфхуиутІыпщыжын папщІэ».

Арти, зэшхэр Мысырым кІуащ, Биниамини здашэри. Биниамин къыІуплъа нэужь, нэгъуэщІ пэш щІыхьэри, Исуф гъащ. ИтІанэ, и нэпсыр илъэщІыжри, Исуф и унэІутхэм унафэ яхуищІащ и къуэшхэм Іэнэ къыхуащтэну. Зэшхэр Іэнкун хъуащ, хьэщІагъэ къыщІрахыр къахуэмыщІэу. Исуф зыхуэубыдыжакъым афІэкІа. И макъ утІыпщауэ къэгъри, абы и къуэшхэм къажриІащ: «Сэ сы-Исуфщ. Псэууэ пІэрэ иджыри си адэр?» Зэшхэм я жьэр зэщІэнащ. Исуф яжриІащ итІанэ: «Фыкъызбгъэдыхьэ». Зэшхэр щыбгъэдыхьэм, абы къажриІащ: «Сэ сы-Исуфщ, Мысырым кІуэхэм фэ ефщауэ щыта фи къуэшырщ. Ауэ иджы фымынэщхъей, фыщІемыгъуэж мыбы сыкъызэрефщам щхьэкІэ; Тхьэм сыкъигъэкІуащ фяпэ, фи гъащІэхэр къелын папщІэ... Аращи, фэракъым сыкъэзыгъэкІуар мыбы, атІэ фирхьэуным и адэуи, абы и унэ псоми и Іэтащхьэуи, Мысыр щІыналъэ псом тепщэуи сытезыгъэувар Тхьэр арщ. ПсынщІэу си адэм деж фыкІуэжи, жефІэ абы: «Мыпхуэдэу жеІэ уи къуэ Исуф: Тхьэм сытригъэуващ Мысыр псом и тепщэу; къакІуэ си деж, зомыІэжьэ... икІи ущызгъэшхэнущ сэ мыбдежым, гъаблэр иджыри илъэситхукІэ щыІэнущ; факъырэ фымыхъун папщІэ уэри, уи унэри, уэ уиІэ псори».

Ар къажриІа нэужь, Биниамин зыпщІэхидзэри, Исуф гъащ. Адрей и къуэшхэми ІэплІэ яришэкІащ Исуф, ба яхуищІащ. Ахэр фІыуэ илъагъурт абы, кърашІауэ хъуари яхуигъэгъуат гурэ псэкІэ.

1 МУСЭ 42:36-38; 43:1-34; 45:1-15

# ИСУФ И АДЭМ IУОЩIЭЖ

Исуф и къуэшхэр къызэрыхуэкIуар щызэхихым, фирхьэуным унафэ ищIащ абыхэм гъуэмыли, гъави, щыгъыни, шыгуи иратын хуейуэ — езыхэми, я бынхэми, я адэми папщIэ. Мысырым къэкIуэну кърigъэблэгъащ ахэр псори.

ФIыуэ илъагъу и къуэр, Исуф, зэрыпсэур, ар илъагъужыну Iэмал зэриIэр щызэхихым, Екъуб гуфIащэри, жиIащ : 'Псэущ иджыри си къуэ Исуф! СыкIуэнщи, слъагъунщ арб сымылIэ щIыкIэ...' Абы иужькIэ Тхьэм Екъуб къыжриIащ пщIыхьым хэту: «Екъуб!...Сэрщ Тхьэр, уи адэм и Тхьэр; умышынэ Мысырым укIуэн; абдежым уэ къыщыптезгъэхъукIынущ лъэпкъ ин дыдэ. Сэ сыпщIыгъуу сынэкIуэнущ Мысырым; апхуэдэуи Сэ укъисшыжынущ абы».

Екъуб зыщIигъуащ и бынхэри, и бынхэм я быныжхэри, здрихьэжьащ и мылъкури, гъуэгу теуващ, Мысырым кIуэну. Исуф и шыгур зэщIищIэри къапежьащ абыхэм. ФIыуэ илъагъу и адэм щыIущIэм, абы и пщэм зридзэри, куэдрэ гъащ Исуф.

Исуф иIыхьлыхэр къызэрыкIуар щызэхихым, ар ириджэри, фирхьэуным къыжриIащ: «Мис, уи адэри, уи къуэшхэри уи деж къэкIуащ. Мысыр щIыналъэр уи пащхьэ илъщ; щIыналъэм и щIыпIэ нэхъыфIым деж щыгъэтIыс уи адэри уи къуэшхэри».

Исуф и Iыхьлыхэм Мысырым щIыналъэм и фIыпIэр яритащ, гъави нэгъуэщI зыхуейуэ хъуами щигъэщIакъым.

Екъуб Ханаан щIыналъэм къигъэжакъым, Мысырым къинащ. И лIэгъуэр къыщысым, абы и нэфI ящигъэхуащ Исуф и къуитIым Менашэрэ Ефраимрэ, итIани и нэфI къахуигъэхуащ и къуэ пщыкIутIыми. ТхьэрыIуэ къызэраригъэщIати, Екъуб и хьэдэр зэшхэм Ханаан щIыналъэм къашэжри Махпелэ губгъуэм ит бгъуэнщIагъым щыщIалъхьэжащ; абы щыщIалъхьат Ибрэхьими Сари, Исхьэкъи Ребекки.

1 МУСЭ 45-50

## ИЗРАИЛ ЛЪЭПКЪЫР МЫСЫР ГЪЭРЫПІЭМ

Зэман куэд дэкІащ. Екъуби абы и къуэхэри лІащ. Екъуб Тхьэм щебэным, Зиусхьаным и нэфI къыщыхуэри абы цIэщIэ къыфIищащ - Израил; «Тхьэм ебэна» - аращ а цIэм къикIыр. Абы къыхэкIкIэ, Екъуб къытехъукIа щIэблэмноби йоджэ Израил лъэпкъкIэ; журт лъэпкъкIи йоджэ Екъуб и щIэблэм.

Исуф лIа нэужь, Мысырым тепщэ щыхъуащ нэгъуэщI фирхьэун, абы ицIыхуртэкъым Исуф Іущыр, щыгъуазэтэкъым абы и IуэхуфIхэми. А фирхьэуным илъэгъуащ Израил лъэпкъыр зэрыбэгъуар, ар мысыр лъэпкъым нэхърэ нэхъ лъэщ зэрыхъуар. Ар щилъагъум, абы и лъэпкъым жриIащ: 'Израил цIыхухэм девгъэбзэджэкI, ахэр мыбэгъуэн папщIэ. Арыншамэ, зауэ къэхъумэ, ахэр ди бийхэм ягухьэнщ, зызэщIаузэдэнщи, къытпэувынщ, ди бжьым щIэкIынщи, ди хэкум икIыжынщ'.

Фирхьэуным Израил лъэпкъыр тет гущIэгъуншэхэм я IэмыщIэ ирилъхьащ, абыхэм Израил цIыхухэр гугъуехьым хадзащ, IэнатIэ хьэлъэ бгъэдагъэуващ. Гугъу нэхъри ирагъэхьыху, ахэр нэхъри багъуэрт, нэхъ лъэщи хъурти, псори абы игъэшынэрт. Мысырхэм абыхэм нэхъри тракъузэ хъуащ, гущIэгъу лъэпкъ хуамыщIу, я щхьэр щIрагъэхьэным нагъэсащ, хьэзаб хадзэри.

Тхьэм илъэгъуащ лъэпкъым хьэзаб зэрытелъыр. Арат ахэр зыщыгугъыр, икIи къахуигъэкIуащ абыхэм хьэзабыр ящхьэщызыхынур.

2 МУСЭ (ИКIЫЖ)1:6-14

## САБИЙР МАТЭМ ИРАЛЪХЬЭ

Хьэзаб трагъэлъми, Израил лъэпкъым и къарур зэрымыкIуэщIым гу лъитащ фирхьэуным. Гу щылъитэм, фирхьэуным унафэ ищIащ Израил цIыхухэм къалъху щIалэ цIыкIухэр псым хадзэурэ ирагъэтхьэлэну.

Израил цIыхубз гуэрым къуэ къилъхуащ. А цIыхубзым ищIэрт и къуэр Тхьэм къызэрыригъэлыфынур; Абы елъэIури, цIыхубзым сабийр Тхьэм анэмэт хуищIащ. МазищкIэ ипIащ абы и сабийр, цIыхум закъримыгъащIэу. КъаумысынкIэ шынэ щыхъум, цIыхубзым чы матэ шэхукIэ зэщIишхащ, и сабийр абы ирилъхьэщ, Нил Iуфэ ихьри псыхъуэ мэкъутым хигъэпщкIуащ. ЩIалэ цIыкIум и цIэр Мусэт.

Аращ Тхьэм къыхихар Израил лъэпкъыр кърригъэлын хуейуэ, Абы сабийм и анэм зыхригъэщIащ Зиусхьаным къызэрихъумэнур. ЦIыхубзым и пхъур псы Iуфэм игъэкIуащ, и сабийм и натIэ хъуар зригъэщIэн папщIэ.

2 МУСЭ (ИКIЫЖ) 2:1-4

## ФИРХЬЭУНЫМ И ПХЪУМ МУСЭ КЪЕГЪУЭТ

Фирхьэуным и пхъур псым зыгъэпскIакIуэ кIуащ, унэIут цIыхубзхэр зыщIигъури. Псы Iуфэм Iухьауэ, абы мэкъутым хэт матэр къыIэщIэлъэгъуащ, сабий гъы макъи зэхихащ.

Матэм щиплъэм, фирхьэуным и пхъум сабий дыгъэ къилъэгъуащ. Гъыуэ илът ар матэм. Сабийм игу щIэгъуащ фирхьэуным и пхъум, унэм здихьу ипIын мурад ищIащ.

Абдежым щIалэ цIыкIум и шыпхъур къыбгъэдыхьащ фирхьэуным и пхъум икIи къеупщIащ сабийр быдз езыгъэфэн быфэкъуэ анэ къыхуигъуэтынкIэ арэзы хъурэ мыхъурэ. Фирхьэуным и пхъур арэзы хъуащ. Ар арэзы щыхъум, сабийм и щыпхъум и анэр псы Iуфэм къишащ. Фирхьэуным и пхъум абы жриIащ: 'Мы сабийр здэхьи, схуэпI; и пщIэ стекIуэдэнкъым'. Сабийм и анэм, гуфIэщауэ, и къуэр къищтащ, и хьэтыр къызэрилъэгъуам щхьэкIэ Зиусхьэным фIыщIэ хуищIурэ.

Мусэ къыдэкIуэтея нэужь, анэм и къуэр фирхьэуным и пхъум деж ихьащ, ар абы деж сэрейм щыпсэу хъуащ, езым къилъхуам пищIу.

Фирхьэуным и сэрейм щыпсэуми, Мусэ ищIэрт зэрыжуртыр. Балигъ щыхъум, абы мурад ищIащ и лъэпкъым и псэукIэр зригъэлъагъуну. Абы и нэгу щIэкIащ и лъэпкъым хьэзаб зэрытелъыр. Зэгуэрым Мусэ илъэгъуащ мысыр гуэрым журт зэрыкIуэцIикъухыр. Мусэ и лъэпкъэгъум къыщхьэщыжащ. Мысырыр иукIри, и хьэдэр пшахъуэ хьэвэм хигъэпщкIуащ абы.

ЕтIуанэ махуэм журтитI зэфIэнауэ ирихьэлIащ Мусэ. А тIум я зым еупщIащ ар: «Уи лъэпкъэгъум удын щхьэ теплъхьэрэ?» Жэуап къритыжащ: «Хэт уэ хеящIэ укъытхуэзыщIар? Мысыр зэрыбукIам хуэдэу, сэри сыбукIын мурад умыщIауэ пIэрэ уэ?» Мусэ шынэри игукIэ жиIащ: «Ар зэрызукIар къащIа хуэдэщ». Мусэ IэщIэщIар щыжраIэм, фирхьэуным ар иукIын мурад ищIащ.

Фирхьэуным къыкIэщIэкIуэсыкIри, Мидиан хэкум кIуащ Мусэ. А хэкум ар дин паш Итрорэ абы и унагъуэмрэ нэIуасэ



щахуэхъуащ, абы я деж щыпсэу хъуащ. Дин паш Итро ипхъу Ципорэ Мусэ иритащ.

2 МУСЭ (ИКIЫЖ) 2, 3

## ЛЫГЪЭ ЗЫЩІЭНА ПЫЖЬЕЙ ЧЫЦЭ

Мусэ и гъащІэм зихъуэжащ. Япэ илъэс плІыщІыр абы Мысырым щрихащ, фирхьэуным и пхъум къуэ ищІауэ. Абы и ужькІэ, къыкІэлъыкІуэ илъэс плІыщІым, Мусэ Итро, и щыкъу адэм, и мэлыхъуащ.

Зыбжанэ дэкІауэ, мысыр фирхьэуныр лІащ. Израил цІыхухэр хьэзаб зэрыхэтт, Тхьэм фІэкІ зыщыгугъын яІэтэкъым.

«Мусэ и щыкъу адэм, Итро, мидиан дин пашэм, и мэл хъушэр игъэхъурт. Зэгуэрым абы мэл хъушэр къумым иришащ, Тхьэм и Іуащхьэ лъапІэм, Хорев, нишэсащ. Зиусхьэным и мелыІычыр къихутащ абы и пащхьэ, пыжьей гуэрэным къыхэкІри, мафІэ бзийм щІигъэнауэ. Пыжьей гуэрэным лыгъэ щІэнауэ илъэгъуащ абы: лыгъэ щІэнами, пыжьей гуэрэныр мафІэм исыртэкъым. Мусэ жиІащ: 'Сыбгъэдыхьэнщи, сеплъынщ мы телъыджэм, пыжьей гуэрэныр мафІэм щІимысым'».

Зиусхьэным илъэгъуащ Мусэ пыжьей гуэрэным зэрыбгъэдыхьэр; лыгъэм илыпщІ чыцэм къыхэпсэлъыкІащ: «Мусэ! Мусэ! Укъыбгъэдэмыхьэ мы пыжьей гуэрэным; зылъых уи вакъэр, сыту жыпІэмэ уэ узытет щІыр Тхьэм и лъахэщ ... Сэ уи адэм сри-Тхьэщ, Ибрэхьим, Исхьэкъ, Екъуб сря-Тхьэщ». Мусэ и нэкІур ІитІкІэ щІиуфащ, Тхьэм Іуплъэн шынэри.

Пыжьей гуэрэным къыхэпсэлъыкІри, Зиусхьаным абы къыжриІащ: «Си лъэпкъым Мысырым хьэзаб зэрыщытелъыр слъэгъуащ Сэ, зэхэсхащ абы и гузасэ макъыр. Сэ сощІэ абы и гукъеуэр; Сэ сокІуэ ар мысыр гущІэгъуншэхэм я ІэмыщІэ къисхыну, абыхэм я хэкум къисшу, шэмрэ фомрэ щежэх щІыналъэ тынщыпІэ, щІыналъэ хуит сшэну ... Израил цІыхухэм я гузасэ макъыр къэсащ си деж, Сэ слъэгъуащ ахэр мысырхэм зэрапщылІыр. Аращи, кІуэ: Сэ узогъакІуэ фирхьэуным деж; къищыж Мысырым си лъэпкъыр, Израил цІыхухэр».

Мусэ тегушхуэртэкъым, щэнауэрт. Апхуэдэ къалэн абрагъуэ зыхуигъэфащэртэкъым абы. Тхьэм жриІащ абы: «Сыхэт сэ, фирхьэуным деж сыкІуэу, Израил цІыхухэр Мысырыхэм къисшыжын хуэдэу?» Тхьэм абы жэуап къритыжащ: «Сэ уэ



сыпщІыгъунущ».

2 МУСЭ (ИКІЫЖ) 3:1-12

## МУСЭРЭ ХЬАРУНРЭ ФИРХЬЭУНЫМ И ПАЩХЬЭМ

Тхьэм и лъэпкъ кърикъэутIыпщыжын щхьэкIэ, фирхьэуным деж зэригъакIуэр Тхьэм къыщыжриIэм, Мусэ жэуап итыжащ: «Ди Зиусхьэн!.. Сэ сыжьакIуэкъым, сыпсэлъэгъуейщ ... ГъакIуэ нэгъуэщI, нэхъ зыхуэфащэр гъакIуэ».

Зиусхьэным Мусэ и къуэш Хьарун и цIэр кърииIуэри жиIащ: «Уэ къуэш уиIэкъэ, Хьарун, левитыр? Ар зэрыжьакIуэр сощIэ Сэ... Сэ сыфщIыгъугунщ, фи гум сыкъипсэлъыкIынущ, жыфIэнумрэ фщIэнумкIэ фызгъэIущынущ. Уи пIэкIэ епсэлъэнущ ар жылэм. Уэ уепсалъэ хуэдэ; уэ абы ури-Тхьэ пэлъытэщ».

Абы и ужькIэ Мусэрэ Хьарунрэ фирхьэуным деж кIуэри жраIащ: «Израилым я Тхьэм, Зиусхьэным, къыбжеIэ: Хуит щIы си лъэпкъыр, къумым тхьэлъэIу щысхуащIын папщIэ». Фирхьэуным къажриIащ: «Хэт хъуну Зиусхьэныр, абы и псалъэм седаIуэу Израил лъэпкъыр сутIыпщыжын хуэдэу? Сэ сцIыхуркъым Зиусхьэныр, Израил лъэпкъри сутIыпщыжынукъым ... Сыт фэ, Мусэрэ Хьарунрэ, жылэр щIэвгъэутхъуэр, Iуэхум къыщIытефчыр? Щхьэж и лэжьыгъэ IэнатIэ фыпэрыувэж». Фирхьэуным нэхъри къатрикъузащ Израил цIыхухэм, ахэр нэхъри гугъу ирагъэхьыну унафэ яхуищIащ и бейгуэлхэм.

Зиусхьэным телъыджэ мащIэ иригъэлъэгъуакъым фирхьэуным, ауэ ар зэрыгущIэгъуншэт, Тхьэм и лъэпкъри хуит ищIын мурад иIэтэкъым.

Зиусхьэным и нэлат къатехуащ мысырхэм, бгъуэнейрэ къатрилъхьащ тезыр хьэлъэ: Нил и псыр лъы хъуащ, Мысыр щIыналъэм хьэндыркъуакъуэр щыбэгъуащ, сабэр шысадзэ хъуауэ золъатэ, гъудэбадзэм зэщIищтащ Мысырыр, узыфэ хей къэхъеящ, цIыхури Iэщри бэгу зэтехъуащ, уэфыр зэпыуркъым, мацIэмрэ кIыфIыгъэмрэ ясеящ Мысыр щIыналъэр ... ИтIани, езыми Тхьэм и нэлатыр къытелъалъэ зэпытми, нэхъ гущIэгъуншэ хъу фIэкI, Израил лъэпкъыр иутIыпщыжын идэркъым фирхьэуным. Иужьым Мусэрэ Хьарунрэ фирхьэуным жраIащ епщIанэ нэлатри къызэрытехуэнур.

2 МУСЭ (ИКIЫЖ) 4 -10

## ІУТІЫЖ ЩЫНЭМ И ЛЪЫР

Фирхьэуным и гур щабэ хъуртэкъым, Тхьэм кърилэжьылІэ телъыджэхэри къытрилъхьэ нэлатхэри и нэгу щІэкІ зэпытми. Мусэ жиІащ: «Мыр жеІэ Зиусхьаным: Жэщ ныкъуэм Сэ Мысыр щІыналъэм сихьэнущ, мысыр унагъуэ къэс я бын пасэхэр, пащтыхь тахътэм ис фирхьэуным и бын пасэм къыщыщІэдзауэ щхьэл мывэ зыгъэкІэрахъуэ унэІут цІыхубзым и бын пасэм нэсу, зэтелІэнущ, я ІэщІэвыщІэ псори псэхэлІэ хъунущ».

Мусэ яхуиІуэхури, Зиусхьэным Израил лъэпкъым яжрыригъэІащ а жэщым унагъуэ къэс сэкъат зимыІэ щынэ зырыз яукІын, а щынэм и лыр ягъэжьэн, ар унагъуэм ис псоми зыІуагъэхуэн хуейуэ. Щынэм и лъымкІэ бжэблыпкъымрэ бжэщхьэІумрэ яцІэлэн хуейуэ къариухылІащ. Зиусхьэным къажриІащ: «Щынэм и лъыр фи унэхэм гъуазэ хуэхъунущ, лъыр слъагъунурэ сывблэкІынущ, Мысыр щІыналъэм удын щездзкІэ фэ узи лажьи фэзгъэкІынукъым».

Тхьэм и унафэр ягъэзэщІащ Израил цІыхухэм. Мысырхэр, дапщэщи хуэдэу, жэщым гъуэлъыжащ. Жэщ ныкъуэм зэтелІащ абыхэм я бын пасэхэр. «Къэтэджащ жэщым фирхьэунри, абы и унэІутхэри, Мысыр псори; Мысыр щІыналъэр гузасэ макъ гужьеигъуэм зэщІищтащ; сыту жыпІэмэ хьэдэ зэрымылъ унэ къинэжатэкъыми».

Абы лъандэрэ «ІутІыжкІэ» зэджэ махуэ лъапІэ къаритащ Зиусхьэным Израил цІыхухэм. Израил цІыхухэм гъэ къэс махуэ лъапІэм щынэлрэ пщагъэкІэ ямыгъэтэджа щІакхъурэ яшхын хуейуэ я къалэнщ, щхьэхуит зэрыхъужар ягу къагъэкІыжу. ІутІыжым журтыбзэкІэ зэреджэр Пасхэщ. Абы мыхьэнитІ иІэщ: 1. Зиусхьэныр Израил цІыхухэм я унэхэм блэкІащ, я бын пасэхэм гущІэгъу яхуищІри; 2. Тхьэр я пашэу, Израил цІыхухэр Хы Плъыжьым зэпрокІ, чыристанхэр (Тхьэм и лъэпкъыр), лІэныгъэр къызэранэкІри, гъащІэм хобакъуэ.

2 МУСЭ (ИКІЫЖ) 11; 12:1-17,30

## ЗИУСХЬАНЫМ ИЗРАИЛ ЦIЫХУХЭР МЫСЫРЫМ КЪРЕШЫХ

«Мусэрэ Хьарунрэ жэщым ириджэри, фирхьэуным къажриIащ: Зывужь, фыхэкI си лъэпкъым фэри Израил цIыху псори, фыкIуэ, фи Зиусхьэным тхьэлъэIу хуэфщI, фэ зэрыжыфIауэ. Фи Iэщышхуи фи Iэщ цIыкIуи здэфху, фэ зэрыжыфIауэ; фыкIуэ, Тхьэм и нэфI къысщыхуэну фыкъысхуелъэIу.

Мысырхэм къыхагъэзыхьащ Израил лъэпкъыр, я щIыналъэр нэхъ щIэх зэрырагъэбгынэным пылъу; абыхэм жаIэрт: Дыфтеунэхъуэнущ фэ.

Рамсес къыдэкIри СуккоткIэ ежьащ Израил цIыхухэр, сабийхэм нэмыщI, лъэсыр цIыхухъу мин щиплI хъууэ. НэгъуэщI лъэпкъ Iэджи къадежьащ абыхэм, Iэщышхуэуи Iэщ цIыкIууи хъушэшхуэ къыздрахужьащ.

Мысырым къыщыздрахьэжьа тхьэвым хьэлывэ мышыухэр къыхащIыкIащ абыхэм, ар мыфIэIу щIыкIэ; сыту жыпIэмэ гъуэмылэ къыздрахьэжьатэкъым, Мысырыр ябгынэн хуейуэ къыщытракъузэм пщэфIэн яхущIыхьэжатэкъыми».

Израил цIыхухэр Мысырым илъэс щиплIрэ щэщIкIэ исащ.

Хы Плъыжьым хуэзышэ гъуэгу пхыдзакIэ иришэжьащ Тхьэм Израил лъэпкъыр. Зиусхьаным и закъуэт и лъэпкъыр здишэнур зыщIэр. Ар абыхэм япэ итт, гъуазэ яхуэхъуауэ - махуэм пшэ гуэрэным хэту, жэщым мафIэ гуэрэным хэтрэ гъуэгур къаригъэлъагъуу. Пшэр и пIэм щитым деж, шэтыр ягъэувырти, Израил цIыхухэм загъэпсэхурт, пшэр ежьэжмэ, я гъуэгу теувэжырт. Махуэм пшэ гуэрэныр, жэщым мафIэ гуэрэныр ящхьэщыт зэпытт Израил цIыхухэм, зэи ящхьэщыкIыртэкъым.

Дэри аращ, Тхьэм и IэмыщIэ зитлъхьэмэ, Абы и Псэ ЛъапIэр ди гъуазэ хъунущ, щыуагъи тIэщIэнукъым, дызыхущIегъуэжын лъэбакъуи тчынукъым. Тхьэ гущIэгъум и пшэ нэхур тщхьэщытынущ итIанэ - махуэр щыбзыгъэми жэщ кIыфIыр щыгужьеигъуэми. Абы и лъагъуныгъэмрэ и гуапагъэмрэ я макъыр зэпымыууэ зэхэтхынущ дэ, Ар дигу илъ зэпытрэ псэкIэ зыхэтщIэмэ.

2 МУСЭ (ИКIЫЖ) 12:31-40, 13:20-22

## ИЗРАИЛ ЦІЫХУХЭР ХЫ ПЛЪЫЖЬЫМ ЗЭРЫЗЭПРЫКІАР

Я Тхьэм тыхь хуащІын къудейтэкъым Израил цІыхухэр Мысырым къыщІикІар, а хэкум ягъэзэжын муради яІэтэкъым. Ар къищІащ фирхьэуным. Израил цІыхухэм якІэлъежэжьащ фирхьэунир, и шуудзэри, и гужэрхэри, и лъэсыдзэри щІыгъуу, абыхэм къаригъэгъэзэжын мурад ищІри.

Израил цІыхухэр Хы Плъыжьым и Іуфэм нэсауэ, кІуапІи жапІи ямыІэжу, мысырхэр къащІыхьэ хъуащ. ИпэкІэ плъэмэ, хыт, мысырхэри къакІэлъысати, Тхьэм и лъэпкъ Мусэ хуэхъущІэ хъуащ, Мысырым дыкъыщІипшар къумым дибгъэлІыхьын щхьэкІэщ, жари. Мусэ абыхэм яжриІащ: «Фымыдзыхэ! Фыбэяу, фи нэгу щІэкІынущ Зиусхьэнуыр нобэ къызэрывдэІэпыкъунур; нобэ флъагъу мысырхэр игъащІэкІэ афІэкІа флъагъужынукъым. Фэ папщІэ Зиусхьэнир зэуэнущ, фэ фысабыр».

И Іэр хымкІэ ишиину унафэ хуищІащ Мусэ Тхьэм. Мусэ и Іэр ишия нэужь, къуэкІыпІэ жьапщэр Тхьэм и ІэмыркІэ къыкъуэури, жэщым хыр Израил цІыхухэм я пащхьэм щызэкІэщІэкІащ, хы щІагъри къыщІэщащ. Израил цІыхухэр хы зэхуакум дыхьащ, я ижьырабгъумкІи я сэмэгурабгъумкІи хыр блыну щиувыкІауэ.

2 МУСЭ (ИКІЫЖ) 14:5-22

## МЫСЫРЫДЗЭР ХЫ ПЛЪЫЖЬЫМ ЗЭРЫХЭКIУЭДАР

Израил цIыхухэм я ужьыр яхуурэ, мысырхэр хы зэхуакум дыхьащ. Зиусхьэным мысырыдзэр бэлыхь хидзащ пщэдджыжьым, я гужэрхэм шэрхъхэр щIигъэхури; гужэрхэр плIэпкъкIэ ялъэфын хуей хъуащ итIанэ. Зэрыгъэгужьеижауэ, мысырхэм жаIэрт: «Я ужь дивгъэкI Израил цIыхухэм, сыту жыпIэмэ Зиусхьэныр абыхэм къадощI, дэ къытпэувауэ».

Тхьэм и цIыхухэр хым зэпрыкIа нэужь, Зиусхьэным Мусэ къыжриIащ: «Ший уи Iэр хымкIэ, хым щIрелъафэ мысырхэр - я гужэрхэри, я шуудзэри». Зиусхьэным зэрыжиIауэ ищIащ Мусэ, хыр и пIэ илъэдэжри, мысыр цIыхухэр щIилъэфащ.

А махуэм къихъумащ Зиусхьэным и лъэпкъыр. Израил цIыхухэм ялъэгъуащ Тхьэм мысырхэм ятришэщIа Iэ абрагъуэр, цIыхур щышынащ Зиусхьэным, я фIэщ хъуащ Зиусхьэнри Абы и IуэрыщIэ Мусэ. И лъэпкъ псор къыдежьууэ, гузэвэгъуэр ящхьэщызыхам и щIыхькIэ хъуэхъу жиIащ Мусэ:

«Зиусхьэныр си быдапIэщ, си щIыхьщ, Аращ сыкъезыгъэлар. Ар си Тхьэщ, згъэлъэпIэнущ Ар... Уи Iэ ижьым, Зиусхьэн, и къарур инщ; Уи Iэ ижьым, Зиусхьэн, бийр хигъэщIащ. Уи щIыхь иным и къарукIэ Уэ хэбгъэщIащ къыппэувахэр ... Уэ пхуэдэ щыIэн тхьэ, Зиусхьэн? ГуащIэрэ щIыхькIэ Уэ къыппэхъун щыIэ, телъыджэхэр къэзыгъэщI Уэ? Лъэщыгъуэр игъащIэкIэ зейр Уэращ, жылкIэ!»

2 МУСЭ (ИКIЫЖ) 14:23-31; 15:1-18

## УАФЭМ КЪЕХА ШХЫНЫГЪУЭ

Израил цIыхухэр гъуэгу техьэжащ, Зиусхьэныр я гъуазэу. Син къумым нэсауэ, ахэр Мусэрэ Хьарунрэ хуэхъущIэ хъуащ, Мысырым дыщисам нэхъыфIт, къумым шхын щхьэкIэ дилIыхьынущ, жари.

Мусэ цIыхум яжриIащ: «Тхьэм фызэрыхуэхъущIэр зэхихащ.

Дэ дыхэт? - Дэракъым фызыхуэхъущIэр, Зиусхьэныращ». Зиусхьэным Мусэ къыжриIащ итIанэ: «Израил цIыхухэр къызэрысхуэхъущIэр зэхэсхащ; яжеIэ абыхэм: Пщыхьэщхьэм лы фшхынущ, пщэдджыжьым щIакхъуэкIэ зывгъэнщIыжынущ, итIанэ къэфщIэнщ Сэ сызэры-Зиусхьэныр, сызэрывиТхьэр».

Израил цIыхухэм я увыIэпIэм ныбгъуэ хъушэ къэлъэтащ пщыхьэщхьэм, ныбгъуэлым шхыныгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэр къыхащIыкIащ цIыхум. Пщэдджыжьым уэсэпс къехащ. Уэсэпсыр гъущыжа нэужь, губгъуэр, жэп теха хуэдэ, хужьыгъэм зэщIищтащ. Ар хьэлывэ яхуэхъуащ Израил цIыхухэм, фоупскIэ зэхэщIа фIэкI умыщIэну. Зы махуэм яхурикъунум нэхърэ нэхъыбэ зэщIамыкъуэну къажриIащ Зиусхьэным. Нэхъыбэ къэзыщыпа къахэкIмэ, къадэхуар жэщым кIуэдыжырт. Мэрем махуэм Тхьэм къажриIащ махуитIкIэ яхурикъун зэщIакъуэну, сыту жыпIэмэ щэбэтыр Зиусхьэным яхухиха зыгъэпсэхугъуэ махуэт, а махуэм зыми зыри илэжьыртэкъым. Мэрем махуэм зэщIакъуа хьэжыгъэрат махуитI зэкIэлъыкIуэкIэ мыкIуэдыжыр.

2 МУСЭ (ИКIЫЖ) 16:1-31

## МУСЭ КЪЫРЫМ ПСЫ КЪЫЩIЕГЪЭЖ

Рефидим щIыпIэм нэсащ Израил цIыхухэр, а щIыпIэм псы щымыIэу къыщIэкIащ. ЦIыхум Мусэ гукъанэ хуащIащ, мыр жаIэурэ: «Дызэфэн псы къыдэт». Мусэ жэуап къаритыжащ: «Сэ гукъанэ щхьэ къысхуэфщIрэ? Сыт Зиусхьэныр щIэвгъэунэхур?» Тхьэм елъэIуащ ар къадэIэпыкъункIэ. Къырым еуэн хуейуэ къыжриIащ абы Тхьэм. Тхьэм зэрыжиIауэ ищIащ Мусэ, псыр къыр лъапэм къыщIэжащ, цIыхум я псыхуэлIэр ирагъэкIащ.

Мусэ а щIыпIэм 'Массэрэ МеривэкIэ' еджащ, 'гъэунэхуныгъэрэ', 'гъэкъуэншэныгъэрэ' - аращ абы къикIыр; а щIыпIэм дежщ Израил цIыхухэм Тхьэм щагъэунэхуат икIи щыгъэкъуэншат, мыр жаIэурэ: «Зиусхьэныр ди гъусэ дэ хьэмэ ди мыгъусэ?»

Къумым итыху, гъуэгу здытетым, Израил цIыхухэр зыбжанэрэ хуэхъущIащ, губгъэни хуащIащ Зиусхьэным. Израил цIыхухэр игъэунэхун папщIэ, Зиусхьэным абыхэм я нэгу гугъуехь гуэрхэри щыщIигъэкIырт, апхуэдэм деж цIыхум Тхьэм шэч хуащIу щIадзэрт, Абы хуэхъущIэрт. Тхьэм ухуэхъущIэныр гуэныхь ин дыдэщ. Пхуэшэчынум нэхъыбэкIэ уигъэунэхунукъым Тхьэм, Абы сыт щыгъуи дегъэгушхуэ, ди фIэщхъуныгъэр быдэ хъунымкIэ къыддоIэпыкъу, дзыхь зыхудегъэщI.

2 МУСЭ (ИКIЫЖ) 17:1-7

## УНАФИПЩIЫР

Мусэ цIыху Iэсэ дыдэт. Ар Тхьэм къыхиха цIыхут, Абы хуэпэжт, и жыIэм фIэкIыртэкъым. Арат Мусэ и жьэкIэ Ар цIыхум къыщIепсалъэр.

Зэгуэрым, Израил цIыхухэр Синай бгым и лъапэм щитIысыкIауэ, Мусэ бгыщхьэм ихьащ. Зиусхьэным мывэ пхъэбгъуитI къыщритащ Мусэ абдеж. Пхъэбгъухэм тетхат цIыхухэр зытетын хуей унафипщI:

«Сэ сы-Зиусхьэнщ, уэ Мысыр щIыналъэм, гъэрыпIэм укъизышыжа Тхьэр Сэращ. НэгъуэщI тхьэ ущиIэ хъунукъым си пащхьэ.

Тхьэпэлъытэ къыумыгъэщI, ищхьэкIэ уэгум итми, илъабжьэмкIэ щIым тетми, щIым ищIагъкIэ псым хэсми я сурэт умыщI - уахуэмыIурыщIэ абыхэм икIи уахуэмылажьэ...

Уи Зиусхьэным, уи Тхьэм, и цIэр пщIэншэу йомыIуэ; сыту жыпIэмэ Зиусхьэным и цIэр пщIэншэу изыIуэм Абы иригъэпшынауэ къигъэнэнукъым.

Щэбэт махуэр зыщумыгъэгъупщэ, уигу игъэлъ, гъэлъапIэ ар.

Махуихым лажьэ, уи Iуэху и ужь ит, ебланэ махуэр - щэбэтыр - уи Зиусхьэным, Тхьэм, и махуэщ...

Уи адэмрэ уи анэмрэ пщIэ яхуэщI, Зиусхьэным, уи Тхьэм, къуит гъащIэр кIыхь хъун щхьэкIэ...

ЦIыху умыукI.

Зинэ умыщIэ.

Умыдыгъуэ.

Уи гъунэгъум бзэгу кIэлъызомыхьэ.

Уи гъунэгъум и унэм ущIэмыхъуэпс; уи гъунэгъум и фызми, и унэIутми, и унэIут цIыхубзми, ивми, и шыдми ущIэмыхъуэпс - уи гъунэгъум ейуэ зыми».

2 МУСЭ (ИКIЫЖ) 20

## ДЫЩЭКІЭ ГЪЭЖА ШКІЭР

Зиусхьэныр Мусэ бгыщхьэм куэдрэ къыщепсэлъащ. Мусэ къыщыгувэм, Хьарун деж кІуэри, цІыхухэм жаІащ: 'Гъуазэ тхуэхъун тхьэпэлъытэ тхуэщІ, Мысырым дыкъизышыжа Мусэ къехъулІар щыдмыщІэкІэ'. Хьарун абыхэм къажриІащ: 'Фи тхьэгъухэр фи тхьэкІумэхэм къыфІэфхи, къысхуэфхь'. Тхьэгъухэр къыхуахьащ, ахэр зэхигъавэри, Хьарун шкІэ сурэт игъэжащ, ар бдзыкІэ иупсыжащ. ШкІэ сурэтыр щалъагъум, Израил цІыхухэр зэрыгъэкІиящ: 'Мис, Израил, Мысырым укъизышыжа тхьэр!' ЕтІуанэ махуэм жьыуэ къэтэджри, шкІэ сурэтым тыхь хуащІащ, ар я зиусхьэну жаІэурэ. ИтІанэ зэхэтІысхьэжри ешхащ, ефащ, джэгуи зэхаублащ.

Зиусхьэным Мусэ бгыщхьэм къыщыжриІащ: «ПсынщІэу гъэзэж, Мысырым къипщыжа уи лъэпкъыр зэруцІэпІыжащи; зытесша гъуэгум щІэх текІыжащ ахэр ...» А лъэпкъ хъыжьэ залымыр зэтриукІэн и гугъащ Тхьэм, ауэ Мусэ щхьэщэщІтабукІэ елъэІуащ Абы, мыр жиІэурэ: «Уи гуащІэ инымрэ уи Іэ лъэщымкІэ Мысыр щІыналъэм къипшыжа уи лъэпкъым уи губжьыр тумыкъутэ, Зиусхьэн, мысыр цІыхухэм мыр къыпхужамыІэн щхьэкІэ: 'Игъэунэхъун, бгым ириукІыхьу щІым трихужын щхьэкІэщ Абы ахэр щІришыжар'. Уи губжьым и мафІэр ящхьэщых абыхэм, умыгъэунэхъу уи лъэпкъыр...»

А лъэІур зэхихащ Зиусхьэным, ищІэн и мурадами хущІегъуэжащ.

Мусэ езым и губжьыр къэлыдри, мывэ пхъэбгъухэр икъутащ, щІым тридзэри. Дыщэм къыхэщІыкІа шкІэ сурэтыр мафІэм пэридзащ абы итІанэ, игъэсри зэхигъэщэщащ, сахуэр псым хипхъэжащ.

Мы хъыбарым къыджеІэ псэ зыІут, лъэщыгъуэр зей Тхьэр, Абы илэжь телъыджэ куэдымрэ и гущІэгъумрэ зэи тщыгъупщэ, тхьэнэпцІхэр къэдгъэщІ зэрымыхъунур.

2 МУСЭ (ИКІЫЖ) 32:1-20

## «ХАСЭ ШЭТЫР»

Израил цIыхухэм я увыIэпIэм къыIукIэуэтри, Мусэ шэтыр игъэуващ, «хасэм и шэтыр» фIищащ абы. Зи гур Зиусхьэным хуэпабгъэ дэтхэнэри кIуэрт абы.

«Мусэ и шэтырым къыщыщIэкIкIэ, жылэр зэщIэтаджэрт, щхьэж и шэтыр бжэIупэм щиувыкIырти, Мусэ кIэлъыплъырт, ар и шэтырым щIыхьэжыху. Мусэ шэтырым щыщIыхьэжкIэ, уафэм пшэ гуэрэн къехырти, хасэ щэтырым и гупэкIэ къэувырт, Зиусхьэныр Мусэ къыщепсалъэрт абдежым. ЦIыхухэм ялъагъурт хасэ шэтырым и гупэкIэ щыт пшэ гуэрэныр; цIыхухэр зэщIэтэджауэ, щхьэж и шэтыр бжэIупэм Тхьэ щелъэIурт.

Зиусхьэныр, и нэгу зэIухауэ, Мусэ къепсалъэрт, ныбжьэгъум зэрепсалъэм хуэдэу; итIанэ ар Израил цIыхухэм я увыIэпIэм къэкIуэжырт; и IуэхутхьэбзащIэ щIалэр, Ехьошуа, хасэ шэтырым къыбгъэдэкIыртэкъым».

2 МУСЭ (ИКIЫЖ) 33:7-11

## ТХЬЭЛЪЭIУПIЭ УНЭМ ПАПЩIЭ ТЫХЬ

Зэгуэрым Мусэ иIуэхури, Зиусхьэным и лъэпкъым жрыригъэIащ Тхьэм тыхь щыхуащI хъун, Езыри зэпымыууэ щаIущIэн тхьэлъэIупIэ унэ ящIын хуейуэ.

«Израил цIыхухэм яжриIащ Мусэ: Зиусхьэным къалэн къытщищIащ: Зиусхьэным тыхь хуэфщI, щхьэж игу пыкIыр тыхь хурырещI Зиусхьэным, - дыщи, дыжьыни, гъуаплъи, цыщхъуи, цы щхъуантIи, цы плъыжьи, щэкI пIащIи, бжэныци, мэлыфэ плъыжьи, мэлыфэ гъуабжи, ситтим* жыги. Уэздыгъэ дагъи, мэ гуакIуэ зиIэ дагъи, жьэрымэ зэрагъэу дагъи, мывэ лъапIи, Iэлъыным хэс мыщIи. Фэ фщыщ дэтхэнэ цIыху губзыгъэри кърекIуи, Зиусхьэным и унафэр ирегъэзащIэ».

Мусэ едаIуэри, зэбгрыкIыжащ Израил цIыхухэр. Гу хьэлэл зиIэмрэ зи псэр къабзэмрэ Зиусхьэным тыгъэ хуащIащ, тхьэлъэIупIэ шэтыр ягъэувын папщIэ, абы трагъэкIуэдэн, тхьэлъэIу фащэхэр ирагъэщIэщIэрэщIэн щхьэкIэ. ЛIыхэм я фызхэр къыздащIыгъуащ, ягурэ я псэкIэ яфIэфIу къыздахьащ Iэлъынхэр, тхьэгъухэр, Iэпщэхъухэр, бгъэхэIухэр, дыщэхэкI хьэпшыш цIыкIуфэкIухэр - Тхьэм дыщэкIэ етэн зи мурад псоми. Цыщхъуи, цы щхъуантIи, цы плъыжьи, щэкI пIащIи, бжэныци, мэлыфэ плъыжьи, мэлыфэ гъуабжищхьэж зыхуэкъулейр къахьащ псоми. Щхьэж игу пыкIымкIэ - дыжьынкIи гъуаплъэкIи - етащ Зиусхьэным; ситтим жыг зиIэми къихьащ, тхьэлъэIупIэ шэтыр щагъэувкIэ сэбэп хъунщи, жари.

Гумрэ псэмрэ къыбгъэдэкI тыгъэ зыщIым и пщIэр текIуадэркъым Зиусхьэным, нэхъыбэжкIэ йотэж Тхьэм и Iуэхум псэ хьэлэлкIэ телажьэ дэтхэнэми.

2 МУСЭ (ИКIЫЖ) 35:4-29

* *ситтим жыг - кIарц лIэужьыгъуэ*

## ТХЬЭЛЪЭIУПЭ ШЭТЫРЫР ТХЬЭМ ХУАГЪАЗЭ

Шэтырым ихъуреягъкIэ пщIантIэт, метр щэ никъуэ хуэдиз и кIыхьагъырэ метр тIощIрэ тхурэ и бгъуагъыу. ПщIантIэр щIэщIкIэ къэщIыхьат, гъуаплъэ зытебза пкъохэр и щIэсэну. Езы шэтырым метр пщыкIутху хуэдиз и кIыхьагъ, метритху и бгъуагъ, метритху и лъагагъ. ЩIыхьэпIэр къуэкIыпIэмкIэ гъэзат.

Шэтыр кIуэцIыр пэшитI хъурт. «Пэш лъапIэкIэ» зэджэ япэ пэшыр нэхъ инт, абы щIэтт дыщэ тыхьщIыпIэр. ТыхьщIыпIэм дыщэ Iэнэ бгъэдэтт, абы щIакхъуэ пщыкIутI телът. А щIакхъухэр «Тхьэм и пащхьэ ягъэтIылъ щIакхъуэкIэ» еджэрт. А пэшым уэздыгъибл зэрыт дыщэ хьэкъущыкъу щIэтт. ЕтIуанэ пэшыр япэ пэшым IупхъуэкIэ къыпыгъэщхьэхукIат. Абы щIэлът зэгурыIуэныгъэм и «дыщэ пхъуантэр», мелыIычитI я сурэт хэщIыхьауэ. Пхъуантэм дэлът зыгурыIуэныгъэм и мывэ пхъэбгъухэр, унафипщIыр тетхауэ. ЕтIуанэ пэшыр Тхьэм и щIыхьымрэ и щыIэныгъэмрэ ягъэнщIырт, арат абы «Пэшу я нэхъ лъапIэкIэ» щIеджэр.

«Пэш лъапIэм» щIыхьэну хуитыр тхьэгъэпсхэрт, «Пэшу я нэхъ лIапIэм» щIыхьэн хуитыр дин пашэшхуэрт - ари илъэсым зэ.

Хасэм и шэтырыр щIын яуха нэужь, ар Тхьэм хуагъэзащ Мусэрэ тхьэгъэпсхэмрэ. Абы и ужькIэ хасэ шэтырым пшэ гуэрэн къыщхьэщыхьащ, икIи ар, шэтырыр, Тхьэм и щIыхьымкIэ зэщIэнэхуащ. Шэтырым пшэр мафIэ нэхум хуэдэу щыблэрт жэщкIэ, махуэм пшэр абы щхьэщытт. Пшэм шэтырым лъагэу зыщхьэщиIэтыкIырт зэзэмызэ. Абы иригъуазэурэ, цIыхур Мысырым кърищыжауэ Тхьэм здишэ Ханаан щIыналъэ телъыджэмкIэ кIуэрт.

Библием а шэтырым «IуэтапIэ шэтыркIи» «Хасэ шэтыркIи» щеджэу ущрохьэлIэ, сыту жыпIэмэ цIыхур абы ихъуреягъкIэ щызэхуэсырт, Тхьэ елъэIун папщIэ.

2 МУСЭ (ИКIЫЖ) 40:17-38

## ХАНААН КIУА ПЛЪАКIУЭХЭР

Израил цIыхухэр икIэм-икIэжым нэблэгъащ Ханаан щIыналъэм. Паран къумым къыщувыIащ ахэр. Абдеж щригъажьэри, Мусэ а щIыналъэм лIы пашэ пщыкIутI плъакIуэ игъэкIуащ, мыр яжриIэри: «ФыкIуэ а ипщэ хэкум ... феплъ щIыпIэм, зэвгъащIэ ар зыхуэдэр, абы щыпсэу цIыхухэми факIэлъыплъ - лъэщ ахэр хьэмэ гуащIэмащIэ... сыт хуэдэ ахэр зытес щIыр... сыт хуэдэ ахэр зыдэс къалэхэр... ЛIыгъэ зыхэвгъэлъ, а щIыпIэм къыщыкI пхъэщхьэмыщхьи къыздефхь».

ПлъакIуэ пщыкIутIыр гъуэгу техьащ. Махуэ плIыщIкIэ зыщаплъыхьащ абыхэм Ханаан щIыналъэм. Ахэр абы щрихьэлIащ жыг хадэ, хъупIэ, хьэсапIэ телъыджэхэм, къалэ куэдым. Къыщагъэзэжым, абыхэм къыздахьащ нарыхэр, ахъуохэр, нэгъуэщI пхъэщхьэмыщхьэхэр, къыздахьащ зы санэ къудами, а санэр апхуэдизкIэ пIащэти, лIитIым быш зэпедзэкIкIэ къыздахьыфа къудейщ. ПлъакIуэхэм «шэмрэ фомрэ» щефэж щIыналъэ телъыджэм и хъыбар яIуэтэжащ, я нэгу щIэкIащ абы щыпсэухэр зэрыцIыху лъэщхэр, къалэшхуэхэм зэрыдэсыр. «Дэ а лъэпкъым дапэувыфынукъым, сыту жыпIэмэ ар дэр нэхърэ нэхъ лъэщщи», - жаIащ плъакIуэхэм.

ПлъакIуэхэм ирагъэлейурэ, цIыхум я гур ирахырт, къадэIэпыкъуну Тхьэм къызэригъэгугъар ящыгъупщэжауэ. ПлъакIуэ кIуахэм щыщу тIут, Нун и къуэ Ехьошуарэ Калеврэ, Зиусхьэным емыпцIыжар, цIыхур зымыгъащтэр. Калев жиIэрт: «ДывгакIуи, дивгъэтIысхьэ а щIыналъэм, сыту жыпIэмэ дэ ар тхузэфIэкIынущи». Ауэ цIыхур акъылэгъу дэхъуртэкъым абыхэм. Зэрыгъэгужьейри зэщIэкъугъащ псори, Мусэрэ Калеврэ ягъэкъуаншэ хъуащ Мысырым къызэрырашам щхьэкIэ. Мыр жаIащ абыхэм: «Пашэ хэтхынщи, Мысырым дгъэзэжынщ». Я щыгъын зэфIатхъри, Нун и къуэ Ехьошуарэ Калеврэ жаIащ: «Зиусхьэным гущIэгъу къытхуищIмэ, а щIыналъэм дришэнщи, ар къыдитынщ - шэмрэ фомрэ щежэх щIыналъэр. Зиусхьэным фыпэмыув закъуэ, а щIыпIэм ис лъэпкъми фыщымышынэ, дэ абы



дыпэлъэщынурэ зыIэщIэтлъхьэнущ: къэзыхъумэн яIэкъым абы; дэ Зиусхьэныр ди гъусэщ, фащымышынэ абыхэм». ЦIыхум я губжьыр щызэхахым, Мусэрэ Хьарунрэ нэщхъей къэхъури щIым нэкIуэ зыхаIубащ. Абыхэм ягу къеуэрт цIыхур зэрыерыщымрэ я фIэщ зэрымыхъумрэ. Зиусхьэным Мусэ къыжриIащ итIанэ: «Куэдрэ сызэгуагъэпыну мы лъэпкъым? Щхьэ я фIэщ сымыхъурэ, апхуэдиз телъыджэ я нэгу щIэзгъэкIарэ пэт?» Зиусхьэным Мусэ къыжриIащ а лъэпкъыр игъэкIуэду, езы Мусэ лъэпкъыщIэ къытригъэхъукIыну зэрыхьэзырыр, ауэ Мусэ Абы елъэIуащ абыхэм я гуэныхьышхуэр къахуигъэгъуну. Мусэ и хьэтыр къилъагъури, Тхьэм лъэпкъ жыIэмыдаIуэм и гуэныхьыр хуигъэгъуащ, къажриIащ Езым ахэр къызэригъэгугъа Ханаан щIыналъэм ихьэнумрэ щыпсэунумрэ абыхэм я щIэблэхэр ару зэрыщытыр, - ар тезыру къатрилъхьащ. Нун и къуэ Ехьошуарэ Калеврэ я закъуэщ а щIыналъэм ихьэнур - Зиусхьэным зэрыхуэпэжым папщIэ.

4 МУСЭ (КЪУМЫМ) 13:1-34; 14:1-30

## КОРЕЙ, ДАТАН, АВИРАМ СЫМЭ КЪАТЕХУА НАЛАТЫР

Мусэ едэIуэну, абы и жыIэм фIэмыкIыну Израил лъэпкъым къариухылIащ Зиусхьэным, сыту жыпIэмэ ар Тхьэм къыхихри лъэпкъым унафэщI Iущ хуищIати. Ауэ зэгуэрым Израил цIыхухэм зыкъаIэтащ. Корей, Датан, Авирам сымэ пашэ зыхуэхъуа цIыху щитIрэ щэ ныкъуэрэ пэщIэуващ Мусэ. Мусэ афIэкIа едэIуэн ядэжыртэкъым абыхэм, ар ягъэкIуаншэрт адрейхэм закъыхиIэтыкIыу жаIэурэ.

Ар зэхихри, Мусэ Израил цIыхухэм джакIуэ яхуэхъуащ, Зиусхьэным и цIэкIэ унафэ яхуищIащ абыхэм Корей, Датан, Авирон сымэ я шэтырхэр ябгынэн хуейуэ, абыхэм я мэ зыщыуа гуэри еIусэ мыхъуну. Мусэ жиIащ: «Иджыри фи нэгу щIэкIынщ мы Iуэху псори Зиусхьэным и унафэкIэ зэрысщIэр, ар си щхьэзыфIэфIыгъэкIэ зэрызмылэжьыр: псори зэрылIэ хабзэм тету ахэр лIэрэ псоми яшэч тезырым хуэдэ абыхэм яшэчмэ, Зиусхьэныракъым сэ лIыкIуэ сызыщIар; Зиусхьэным зэи къэмыхъуа гуэр илэжьрэ, щIыр зэгуэкIрэ, ахэри абыхэм ябгъэдэлъ псори кIуэцIрыхуу, езыхэри, я псэ зэрыIуту, жыхьэнмэ мафIэм пэрыхуэмэ, зэвгъащIэ абыхэм Зиусхьэным и пащхьэм къуаншагъэ зэрыщалэжьар».

«Абы а псалъэхэр зэрыжиIэххэу, щIыр абыхэм я лъабжьэм щызэгуэкIащ. ЩIым и жьэр иущIри, ахэри, абыхэм я унэхэри, Корей и цIыху псори и мылъкури зыжьэдилъэфащ. Ябгъэдэлъа псори ящIыгъуу, зэрыпсэууэ хэхуащ ахэр жьыхьэнмэ мафIэм, щIым щIиуфэжри, хэкIуэдыкIащ ахэр жылэм. Абыхэм яхъуреягъкIэ щызэхэта Израил цIыхухэр зэрехьэжьащ, гъы макъ щызэхахым, езыхэри щIым кIуэцIрымыхун щхьэкIэ». Абыхэм къызэщIаIэта цIыху щитIрэ щэ ныкъуэр уафэм къеха мафIэм хисхьэри, я псэр щанащ.

Тхьэм абыкIэ псоми я нэгу щIигъэкIащ Абы упэув зэрымыхъунур.

4 МУСЭ (КЪУМЫМ) 16:1-3, 23-35

## ГЪУАПЛЪЭМ КЪЫХЭЩIЫКIА БЛЭ

Гъуэгу теувэжауэ къумым, здитым, цIыхур аргуэру зэрыгъэгужьеящ, Тхьэм хуэхъущIэу, Мусэ зыпэщIасэу щIадзащ: «Къумым дивгъэлIыхьын щхьэкIэ Мысырым дыкъыщIифшар? ЩIакхъуи псыи идгъуатэркъым мыбы, ерыскъы IэфIыншэми ди гур щыкIащ». ЗэрыхъущIэм щхьэкIэ, Зиусхьэным цIыхум блащхъуэжьей къариутIыпщащ, блащхъуэжьейр къеуэурэ, зэтелIэ хъуащ цIыхур. Мусэ деж зыкъом кIуэри жраIащ итIанэ: «Зиусхьэнми уэри дыфхуэхъущIэри гуэныхь къэтхьащ. Зиусхьэным тхуелъэIуи, блащхъуэжьейхэм дыкърегъэгъэл».

ЦIыхухэм папщIэ щелъэIум, Зиусхьэным Мусэ къыжриIащ: «Блэ сурэт щIыи, ныпым фIэщIэ, блэ зэуар абы Iуплъэмэ, псэууэ къэнэнущ». Гъуаплъэм къыхищIыкIри, блэ сурэтышхуэ ищIащ Мусэ, ар цIыхум я папщхьэ иригъэуващ. Блэ зэуар блэ сурэтым Iуплъэмэ, псэууэ къанэрт.

Зиусхьэным къыджеIэ псор ди фIэщ хъуным мыхьэнэшхуэ дыдэ иIэщ!

Блэ сурэтым уIуплъэкIэ блэм и щхъухьым укъелыныр ди фIэщ мыхъуми, ар Езы Тхьэм щыжиIэм деж дыкъызэрелыну гъуэгу закъуэр дигъэлъагъуу арщ. Ар щапхъэщ дэркIэ.

Гуэныхьым и щхъухьымрэ и шэрэзымрэ зыщытхъумэфынущ дэ, жорым ираIулIа Аущ дыIуплъэрэ Ар къабыл тщIымэ.

4 МУСЭ (КЪУМЫМ) 21:4-9

## БИЛЭАМ БЕГЪЫМБАРЫМРЭ МЕЛЫIЫЧХЭМРЭ

Моавитхэр Израил лъэпкъым я бийт, я ужь екIэ къитт. Зэгуэрым ахэр Тхьэм и бегъымбар Билеам къелъэIуащ, къакIуи, Тхьэм и лъэпкъым нэлат тхуех, жари. Зиусхьэным бегъымбарым къыжриIащ: «УмыкIуэ абы я деж, мы лъэпкъми нэлат йомых, сыту жыпIэмэ абы си нэфI ящыхуащи». Ауэ Билеам Зиусхьэным едэIуакъым, моавитхэм я деж кIуэну ежьащ. Тхьэр къыхуэгубжьащ абы, зэрежьам щхьэкIэ; Зиусхьэным и мелыIычыр гъуэгум къыщыпэуващ, имыгъэкIуэн щхьэкIэ.

Билеам щыдыбз тест, лIыщIитIи щIыгъут. Джатэ пцIанэ IэщIэлъу гъуэгущхьэм тет мелыIычыр илъагъури, шыдыбзым гъуэгум дидзыхащ. Билеам щыдыбзым еуащ гъуэгум зэрыдидзыхам щхьэкIэ. МелыIычыр щилъагъум, щшыдыбзым аргуэру дидзыхри, етIысэхащ. Бегъымбарыр шыдыбзым еуащ.

Зиусхьэным и Iэмырти, шыдыбзыр къэпсэлъащ, цIыху макъ зыкъищIри: «Сыт сэ уэсщIар, щэнейрэ укъызэуэн щхьэкIэ?» Зиусхьэным Билеам и нэри къигъэплъащ, абыи илъэгъуащ джатэ зыIэщIэлъ мелыIычыр. Билеам зигъэщхъри щIым нэкIукIэ зыхиIубащ. МелыIычым къыжриIащ абы: «Шэнейрэ щхьэ уеуа шыдыбзым? Сэ сыкъыщIэкIуар сыппэрыуэн щхьэкIэщ, гъуэгу захуэ утеткъыми». Билеам мелыIычым жэуап иритыжащ: «Гуэныхь зыпылъ злэжьащ сэ, Уэ укъыспэувауэ гъуэгум узэрытетыр сщIэртэкъыми. Ар уи мыгуапэмэ, згъэзэжынщ». МелыIычым къыжриIащ абы: «КIуэ абыхэм я деж, ауэ яжепIэнур сэ бжесIэращ».

Билеам къызэрыкIуэр щалъагъум, моавитхэм абы къыжраIащ: «Нэлат ех Израил цIыхухэм, ебг». Билеам жэуап иритыжащ: «Дауэ есхын нэлат? Дауэ себгын? Тхьэм къарихыркъым нэлат. Дауэ себгын? Тхьэр къебгыркъым абыхэм». Билеам тIэунейрэ тхьэ хуелъэIуащ Израил фIы хуищIыну, Абы нэлат ирихыным и пIэкIэ.

4 МУСЭ (КЪУМЫМ) 22:3-35; 23:7-20

# ЕХЬОШУА МУСЭ И КЪУЭДЗЭЩ

Мусэ жьы дыдэ щыхъум, абы и лIэгъуэр къызэрысар Тхьэм къыжриIащ. ЛIэн ипэ Мусэ Тхьэм елъэIуащ Израил лъэпкъым пашэ яхуэхъун и ужь къринэну, ахэр мэлыхъуэ зыщхьэщымыт мэл хъушэм хуэдэу къызэхэмынэн щхьэкIэ.

Зиусхьэным къыжриIащ абы: «Еджэ Ехьошуа, Нун и къуэм, Тхьэ и Псэ ЛъапIэр зигу илъым, уи Iэр фIыкIэ лъэгъэIэс абы, Элэазар дин пашэми жылэ псоми я пащхьэ ишэ ар, псоми я нэкIэ ирелъагъу ар зэрыбгъэIущыр, уи щIыхьым щыщи лъыгъэс абы, Израил цIыху псори къедэIуэн щхьэкIэ. Элэазар дин пашэм зыхуигъэзэнущ абы, щIэупщIэнущ и унафэм, Зиусхьэным и пащхьэ зи пхъэ къыщикIам; абы и псалъэкIэ щIыхьэн хуейщ ари абы щIыгъуу Израил цIыхухэри, жылэ псори». Зиусхьэным унафэ къызэрыхуищIауэ илэжьащ псори Мусэ.

«Ханаан кIуа плъакIуэхэр» хъыбарыр фощIэж фэ, дауи. Израил лъэпкъыр Ханаан щIыналъэм ихьэнкIэ Тхьэр къазэрыдэIэпыкIунур зи фIэщ хъу плъакIуитIым язт ар Нун и къуэр Ехьошуа. Абыхэм цIыхур ягъэгушхуэрт, мыр жаIэурэ: «Дэ Зиусхьэныр тщIыгъущ, фащымышынэ абыхэм!» Ар къызэрыхъу лъандэрэ куэд щIащ. Илъэс плIыщIкIэ итащ Израил цIыхухэр къумым. Балигъ хъуауэ Мысырым къикIа псори а зэманым и кIуэцIкIэ лIащ, Тхьэм къызэригъэгугъа Ханаан щIыналъэри ялъэгъуакъым. Псори къэхъуащ Тхьэм зэрыжиIам хуэдэу: «Мы къумым фикIуэдэнущ псори, илъэс тIощI, нэхъыбэ зи ныжьхэр, Сэ къысхуэхъущIахэр фихьэнукъым фыкъызэрызгъэгугъа щIыналъэм, Ефунэ и къуэ Калеврэ Нун и къуэ Ехьошуарэ фIэкI. Бийм яIэрыхьэн фи сабийхэр Сэ исшэнущ фэ фызэлъэпэуа щIыналъэм... Махуэ плIыщIкIэ къэфплъыхьащ а щIыналъэр, илъэс плIыщIкIэ фи гуэныхьыр фэзгъэпшыныжынущ Сэ, зы махуэм зы илъэс пэкIуэу, Сэ фызбгынэмэ, ар зищIысыр фщIэн папщIэ».

4 МУСЭ (КЪУМЫМ) 14:29-31, 34-35; 27:18-23

## САБИЙХЭР ЗЭДЭIУАПХЪЭ: ТХЬЭР ЗЫЩЫВМЫГЪЭГЪУПЩЭ!

Тхьэм Мусэ цIыхум къажрыригъэIащ: «Фи Зиусхьэным, фи Тхьэм, къызэрывжиIам фытет; ижьымкIи сэмэгумкIи дэвмыдзых. Зиусхьэным, фи Тхьэм, фигъэлъэгъуа гъуэгум фытет, гъащIэ фиIэн, фытыншын, тепщэ фызыхуэхъун щIыналъэм куэдрэ фипсэухьын щхьэкIэ... КъэдаIуэ, Израил: Зиусхьэныр, ди Тхьэр, закъуэщ. ФIыуэ лъагъу Зиусхьэныр, ди Тхьэр, уигу псомкIи, уи псэ псомкIи, уи гуащIэ псомкIи лъагъу».

Мусэ Израил цIыхухэм я пщэ ирилъхьащ Мысырым щисами къумым щитами Зиусхьэным къаригъэлъэгъуа телъыджащэхэр я щIэблэхэм хуаIуэтэжын хуейуэ. Апхуэдэуи къалэн ящищIащ Тхьэм и унафэхэм, и хьэкъхэм, хабзэ къащищIахэм сабийхэр щIагъэджыкIын хуейуэ, езыхэм къумым щитам щыгъуэ Абы шэч зэрыхуащIам хуэдэу я щIэблэхэм хуамыщIын щхьэкIэ. Мусэ абы яжриIащ: «... Мысыр щIыналъэм, гъэрыпIэм укъизыша Зиусхьэныр зэрыпщымыгъупщэным и ужь ит. Зиусхьэным, уи Тхьэм, щышынэ, фIэлIыкI, а Зыращ къулыкъу зыхуэпщIэнур ... НэгъуэщI тхьэхэм, адрей лъэпкъхэм я тхьэхэм зыдевмыгъэщэх; сыту жыпIэмэ Зиусхьэным, уи Тхьэм, гурыщхъуэ евгъэщIынущи; Зиусхьэным, уи Тхьэм, и губжьыр къыптемыхуэн, Абы щIым утримыхужын щхьэкIэ ... Зиусхьэным, фи Тхьэм, къалэн къыпщищIам, и унафэхэм, къыпхуигъэува хабзэхэм зэи утемыкI. Тхьэм и пащхьэм захуагъэрэ фIыгъуэрэ щывлэжь...»

5 МУСЭ (ХАБЗЭХЭР) 5:32; 6:4-25

## ТЫХЬ

Израил цIыху къэс Зиусхьэным Мусэ къажрыригъэIащ: «Зиусхьэным, уи Тхьэм, къуит щIыналъэм уихьэрэ уипсэухьын щIэбдзэмэ, а щIым къытекIэ псоми къапыкIэмрэ къащIэкIэмрэ къащти, матэм илъхьэ, итIанэ кIуэ Зиусхьэным, уи Тхьэм, къыпхухих щIыпIэм, Езым и цIэр здэщыIэнум; а махуэхэм абы щыIэну дин пашэм деж кIуэи, жеIэ: 'Нобэ жызоIэ Зиусхьэным, уи Тхьэм, ди адэхэр къызэригъэгугъауэ дэ къыдита щIыналъэм сыкъызэрихьар ... Сэ къыздэсхьащ Уэ, Зиусхьэным, къызэпта щIым къытекIэ къэкIыгъэхэм къапыкIэмрэ къащIэкIэмрэ щыщ'. Ар Зиусхьэным, уи Тхьэм, и пащхьэ илъхьи, зыхуэгъэщхъ Зиусхьэным, уи Тхьэм...

Зиусхьэным, уи Тхьэм, уэри уи унагъуэми къывита фIыгъуэм фыщыгуфIыкI, уэри, левитри*, уэ къокIуэлIэну гъуэгурыкIуэри. Уи щIым ещанэ гъэм къытепхам и епщIанэ Iыхьэр щхьэхуэ щIыи, ар левитми, уэ къокIуэлIа зеиншэми, фызабэми ет, загъэнщIыху, ахэр уи унэм щышхэн папщIэ...

А махуэм Зиусхьэным, уи Тхьэм, къалэн къыпщещI мы унафэхэмрэ хабзэхэмрэ бгъэзэщIэн хуейуэ: уигу псомкIи уи псэ псомкIи тет абыхэм, гъэзащIэ. Зиусхьэным жепIащ нобэ Ар узэри-Тхьэр, Абы и гъуэгум узэрытетынур, Абы и унафэхэмрэ и хабзэхэмрэ зэрыпхъумэнур, и псалъэм узэредэIуэнур. Зиусхьэным нобэ укъигъэгугъащ Абы и лъэпкъыу ущытыну, Абы къалэн къыпщищIа псори, Езым зэрыжиIауэ, бгъэзащIэмэ. Абы къигъэщIа лъэпкъ псоми уакъызэрыхиIэтыкIынур, пщIэ, щIыхь, дэрэжэгъуэ узэриIэнур, Зиусхьэным, уи Тхьэм, и лъэпкъ лъапIэу узэрыщытынур, Езым къызэрыбжиIауэ».

5 МУСЭ (ХАБЗЭХЭР) 26:1-19

* *Левитхэр Екъуб и къуэ пщыкIутIым ящыщ зым, Левий, къытехъукIыжахэрщ. Ахэр Тхьэм къыхихауэ щытащ, Езым и тхьэлъэIупIэм къулыкъу щащIэн папщIэ.*

## МУСЭ ЗЭРЫЛIАР

«Моав тафэм щежьэри, Нэво бгым ихьащ Мусэ, Ерихон къалэм пэщыт Писга Iуащхьэм дэкIащ, Зиусхьэным абы къригъэлъэгъуащ Гилэад щIыналъэ псор, Дан нэс, къригъэлъэгъуащ Нафталий щIыналъэ псор, Эфраим щIыналъэ псори, Менашэ щIыналъэ псори, Иудэ щIыналъэ псори, уеблэмэ къухьэпIэмкIэ щыIэ хым нэсу, ипщэкIэ щыIэ хэкури, Ерихон аузым дэлъ щIы сэтейри, Палм къалэри, Цоар нэс. КъыжриIащ абы Зиусхьэным: 'къыптехъукIыну цIыхухэм естынщ' жысIэу, Ибрэхьим, Исхьэкъ, Екъуб сымэ къызэрызгъэгугъа щIыналъэр мыращ. Ар уи нэкIэ уэзгъэлъэгъуащ Сэ, ауэ уэ абы уихьэнукъым.

Тхьэм иухати, моав щIыналъэм щылIащ Мусэ, Зиусхьэным и IурыщIэр. Моав щIыналъэм и зы ауз, Бет Пэор хуэзанщIэу, щыщIалъхьэжащ ар, нобэр къыздэсми зыми ищIэркъым абы и кхъащхьэр здэщыIэр. Илъэсищэрэ тIощIрэ къигъэщIауэ, лIащ Мусэ; ауэ набгъи хъуатэкъым ар, и гуащIэри хэкIатэкъым. Израил цIыхухэм махуэ тIощIрэ пщIыкIэ щагъеижащ Мусэ моав тафэм. ДэкIащ Мусэ и дэуэдапщэр, ягъеижащ ар...

Мусэ хуэдэ бегъымбар иIэтэкъым Израилым, Мысыр хэкум фирхьэунми абы и цIыхухэми, а щIыналъэ псоми телъыджэ Iэджэ щаригъэлъэгъуат абы, Тхьэм лIыкIуэ ищIри; Израил цIыхухэм я нэгу телъыджэ куэд щIигъэкIащ абы Тхьэм и IэмыркIэ...

Нун и къуэ Ехьошуа, цIыху Iущ хъуащ, абы Мусэ и нэфI щыхуат, и Iэр фIыкIэ лъыIэсати; Израил цIыхухэр хуэIурыщIащ абы, Зиусхьэным Мусэ къызэрыжриIам тет зекIуащ ахэр».

5 МУСЭ (ХАБЗЭХЭР) 34:1-12

## РАХАВ ТIАСХЪЭЩIЭХХЭР КЪЫЗЭРИГЪЭЛАР

Мусэ лIа нэужь, Зиусхьэным Нун и къуэ Ехьошуа къыжриIащ: «Мусэ, си IурыщIэр, лIащ; иджы уэ зыужь, зэпрыкI Иордан псым, уэри уи цIыхухэри фихьэ абыхэм, Израил цIыхухэм, ест щIыналъэм. Фи лъэ зытеувэ щIы псори Сэ фызот фэ, Мусэ зэрыжесIауэ... Сэ Мусэ сыщIыгъуащ, уэри сыпщIыгъунущ; узбгынэнукъым уэ, утыкум укъизнэнукъым... Ауэ лIыгъэрэ быдагъэрэ зыхэгъэлъ, гъэзащIэ Мусэ, си IурыщIэм, бгъэзэщIэну къыпхуищIа унафэ псори; ижьымкIи сэмэгумкIи убгъэдэмыкI абы, уи IуэхущIафэ псори тэмэму, губзыгъагъэ хэлъу блэжьын папщIэ».

Израил цIыхухэр Ханаан щIыналъэм кIуэ пэтми нэхъ благъэ хуэхъурт, ахэр щIэх дыдэ езэуэн хуей хъунут абы щыпсэу Тхьэр зымыщIэ цIыхухэм. Ерихон къалэшхуэм и блынхэр ялъагъу хъуащ абыхэм. ЛIитI тIасхъэщIэх игъэкIуащ а къалэм Нун и къуэ Ехьошуа. Къалэм дыхьэри, ахэр, тIасхъэщIэх кIуахэр, Рахав зи цIэ цIыхубз гуэрым деж екIуэлIащ, жэщыр абы и унэм щрахын щхьэкIэ. Израил тIасхъэщIэх къалэм къызэрыдыхьар, ахэр Рахав и унэм зэрыщIэсыр бзэгузехьэ гуэрым Ерихон пащтыхьым деж нигъэсащ. Пащтыхьым и бейгуэлхэр игъэкIуащ ахэр иригъэубыдыну.

Рахав зэхихат Израил цIыхухэм папщIэ Тхьэм илэжьа телъыджэхэр, и фIэщи хъурт Зиусхьэным абыхэм Ерихон зэрыритынур, сыту жыпIэмэ а къалэр Тхьэм Израил цIыхухэр къызэригъэгугъа щIыналъэм итти. Тхьэр и фIэщ хъурти, абы тIасхъэщIэххэр игъэпщкIуащ, пащтыхьым и бейгуэлхэм яжриIащ ахэр пшапэр зэхэуа нэужь ежьэжауэ. Бейгуэлхэр якIэлъыпхъэращ абыхэм, Ерихон дэкI, Иордан хуэзышэ гъуэгум телъадэри. Жэщ хъуа нэужь, Рахав, быдапIэ блыным кIапсэ иригъэлэлэхри, тIасхъэщIэххэм къалэм къыдигъэкIыжащ. Бгым ихьэу махуищкIэ абы зыщагъэпщкIун хуейуэ къажриIащ Рахав тIасхъэщIэххэм, бейгуэл пхъэрхэм Iумыуэн щхьэкIэ.

НУН И КЪУЭ ЕХЬОШУА 1:1-7; 2:1-16

## ИОРДАН ЗЭРЫЗЭПРЫКІАР

Ерихон кIуэуэ гъуэгу здытетым, Израил лъэпкъыр Иордан псым зэпрыкIын хуейт. Нун и къуэ Ехьошуа цIыхум яжриIащ шынагъуэ къалъэмыIэсу псым зэпришынуи ханаан лъэпкъиблым тригъэкIуэнуи ахэр Тхьэм къызэригъэгугъар.

«Зиусхьэным къыжриIащ Ехьошуа: Израил цIыхухэм я пащхьэ ущызгъэлъэпIэнущ Сэ уэ нобэ, Мусэ сызэрыщIыгъуам хуэдэу уэри сызэрыпщIыгъунур ящIэн папщIэ; уэ хуит щIы зэгурыIуэныгъэм и пхъуантэр зыхь дин пашэхэр, яжеIэ абыхэм: Иордан псым фыхыхьэмэ, фызэтеувыIэ... Ехьошуа жиIащ: фэ абыкIэ къэфщIэнущ Ханаан цIыхухэм, Хит цIыхухэм, Хив цIыхухэм, Пэриз цIыхухэм, Гиргаш цIыхухэм, Эмор цIыхухэм, Евус цIыхухэм фщхьэщызыхуну Тхьэ лъэщыр зэрыфщIыгъур: щIы хъурейм и Зиусхьэныр фяпэ иту хыхьэнущ Иордан... Зиусхьэным, щIы хъурейм и Тепщэм, зэгурыIуэныгъэм и пхъуантэр зыхь дин пашэхэр Иордан псым хыхьа нэужь, Иорданым и псыр жэщIынущ, ипщэкIэ къикI псыр блыным хуэдэу къэувыIэнущ. Пхъуантэр зыхьхэр Иордан псым хыхьэу, пхъуантэр зыхь дин пашэхэр Иордан псым лъакъуащхьэкIэ зэрыхэувэхххэу (гуэдз хыгъуэм и зэманым Иордан псыр псыхъуэм дэхуэжыркъым), ищхьэкIэ къикI псыр къэувыIэри, блыну щиувыкIащ жыжьэу, Царэтан и благъэу ит Адэм къалэм нэс; хым, Хы Щыугъэм, жэ псыр тафэм телъадэри жэщIащ».

Псыр жэщIа нэужь, Израил лъэпкъыр ежьащ псым зэпрыкIыну. Ахэр псым щызэпрыкIым, дин пашэхэр псы жэщIам къыщIэща псы лъэгум итащ, зэгурыIуэныгъэм и пхъуантэр яIыгъыу. Ахэр здэщытам деж мывэ хъурей пщыкIутI къыщащтэну цIыху пщыкIутIым унафэ яхуищIащ Нун и къуэ Ехьошуа, а телъыджэм и фэеплъу. ЦIыхухэр псори Иордан зэпрыкIа нэужь, Зиусхьэным Нун и къуэ Ехьошуа къыжриIащ: «ЗэгурыIуэныгъэм и пхъуантэр зыхь дин пашэхэм унафэ яхуэщIи, псым къыхэгъэкI». Дин пашэхэр псым къыхэкIыжащ, арыххэуи псыр псыхъуэм дэз хъужащ.

Иордан псым и лъэгум къыщащта мывэ пщыкIутIыр



ГилгалкIэ зэджэ щIыпIэм деж щигъэтIылъащ Нун и къуэ Ехьошуа.

НУН И КЪУЭ ЕХЬОШУА 3:7-17; 4:1-24

## ЕРИХОН КЪЫЗЭРАЩТАР

Израил цIыхухэр Ерихон щыбгъэдыхьэм, Ерихон пащтыхьым къалэ куэбжэхэр зэхуригъэщIащ. Зиусхьэным Нун и къуэ Ехьошуа къыжриIащ: «... мис, уи IэмыщIэ изолъхьэ Ерихони, абы и пащтыхьри, абы дэс цIыху лъэщхэри. Iэщэ зыгъэбзэфыну псоми къалэм и хъуреягъыр къэфкIухь, махуэм зэ къэфкIухь къалэм и хъуреягъыр; махуихкIэ фщIы апхуэдэу. Дин пашиблым ирехь бжьамиибл, пхъуантэм щIыгъуу; еблanэ махуэм блэнейр къэфкIухь къалэм и хъуреягъыр, дин пашэхэм бжьамийр ирегъаджэ. Бжьамийм и джэ макъыр къэIуа нэужь, я макъ къызэрихькIэ зэщIрегъуагъуэ цIыхухэр; къалэ блынхэр зэтещэхэнущ, блын лъабжьэм нэс, цIыхухэр псори къалэм дыхьэнущ...

IэщэкIэ зэщIэузэдахэр бжьамийхэр зыгъаджэ дин пашэхэм япэ ищащ; я ужь итхэр пхъуантэм кIэлъыкIуэрт, здэкIуэм бжьамийр ягъаджэу. Ехьошуа цIыхум унафэ яхуищIащ, мыр яжриIэри: фызэщIэмыгъуагъуэ, фи макъ къэвмыгъэIу, зы псалъи къызыжьэдэвмыгъэкI, 'фызэщIэгъуагъуэ!' щывжесIэну махуэр къэсыху, итIанэ фызэщIэгъуагъуэ. Зиусхьэным и зэгурыIуэныгъэм и пхъуантэм къекIухь къалэм и хъуреягъыр, зэ къикIухьащ; я увыIэпIэм къагъэзэжри, жэщыр абдеж щрахащ... ЕтIуанэ махуэми зэ къакIухьащ къалэм и хъуреягъыр, я увыIэпIэми къагъэзэжащ. МахуихкIэ зэтекIухьащ. Еблanэ махуэм, дин пашэхэм бжьамийр ебланэрейуэ щагъаджэм, Ехьошуа цIыхум яжриIащ: 'ФызэщIэгъуагъуэ иджы, Зиусхьэным къалэр къывитащи!...' Бжьамийм и джэ макъыр зэхаха нэужь, цIыхур зэщIэгъуэгъуащ; къалэ блынхэр, лъабжьэм нэсу, зэтещэхащ асыхьэтым, цIыхухэр, щхьэж зэрыхуэзанщIэкIэ, къалэм зэрыдэгуэри, къалэр къащтащ».

Ерихон тIасхъэщIэх кIуауэ щыта плъакIуитIым Рахаврэ абы и Iыхьлыхэмрэ къагъэгугъат кърагъэлыну. Абы жраIат Ерихон къыщащтэкIэ щхьэгъубжэм кIапсэ плъыжь къыдидзын хуейуэ. Рахав апхуэдэу ищIащ, абыи и Iыхьлыхэми я гугъу ящIакъым, кърагъэлащ. Ерихон къалэр ягъэсащ итIанэ.

НУН И КЪУЭ ЕХЬОШУА 6:1-24

## ЭМОР ЦIЫХУХЭМ ЗЭРЕЗЭУАР ЕХЬОШУА

Израил цIыхухэмрэ абыхэм я бий эмор цIыхухэмрэ зауэшхуэ зэращIылIащ зэгуэрым. «Зиусхьэным Ехьошуа къыжриIащ: уащымышынэ абыхэм, ахэр уи IэмыщIэ ислъхьэнущи: абыхэм ящыщ зыри къыппэувыфынукъым уэ. Зэкъуэхуауэ ябгъэдыхьащ абыхэм Ехьошуа, жэщым Гилгал къикIри. Израил цIыхухэр къыщалъагъум, Тхьэм иухати, ахэр гужьеящ, Гивэон деж щезауэри хагъэщIащ ахэр, я ужь ихьэри Бет Хорон бгым нэс яхуащ, Азек нэси Макед нэси гъуэгум щызэтраукIащ».

Зауэр кIыхьлIыхь хъуащ, зэрамыгугъауэ. Ехьошуа Зиусхьэным елъэIуащ дыгъэр къуимыгъэхьэну, махуэр кIыхь ищIыну. Абы Израил цIыхухэм я пащхьэ щыжиIащ: «ЩувыIэ, дыгъэ, Гивэон и щыгум, щувыIэ, мазэ, Айалон аузым!» Тхьэм зэхихащ абы и лъэIур. «УвыIащ дыгъэр, и пIэ икIакъым мазэр, цIыхум я бийхэр хагъэщIэху...

Уэгум итащ дыгъэр махуэ псом, къухьэпIэм хуэпIэщIакъым!»

Апхуэдэ махуэ къэхъуакъым нэхъапэми, къэхъужакъым иужькIи - цIыху цIыкIум я лъэIур зэхихыу ар Зиусхьэным къащыхуищIа махуэм хуэдэ. Сыту жыпIэмэ Езы Тхьэр и лъэпкъым ядэзэуащ.

Зауэр яуха нэужь, Нун и къуэ Ехьошуа и дзэм я увыIэпIэм ягъэзэжащ, текIуэныгъэ къахьауэ.

Тхьэм Нун и къуэ Ехьошуа къыжриIащ Ар зи фIэщ хъу дэтхэнэми жриIэ псалъэр: «Къалэн пщызощI уэ: лIыгъэрэ быдагъэрэ зыхэгъэлъ, умыщынэ икIи умыгужьей; сыту жыпIэмэ уэ Зиусхьэныр, уи Тхьэр, щыпщIыгъущ дэнэ дежи дэнэкIэ укIуэми».

НУН И КЪУЭ ЕХЬОШУА 10:6-15; 1:9

## ИЗРАИЛ ХЕЯЩІЭХЭР

Нэхъапэм, Израил цІыхухэр Мысырым къикІыу Ханаан къэкІуэн ипэ, абы щыпсэуащ хамэ лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэхэр: хит цІыхухэр, гиргаш цІыхухэр, эмор цІыхухэр, ханаан цІыхухэр, пэриз цІыхухэр, хив цІыхухэр, евус цІыхухэр. Абыхэм псоми ханаан цІыхукІэ дыщеджи щыІэщ. Гуэныхь куэд зэралэжьам щхьэкІэ, ханаан цІыхухэр игъэкІуэдын мурад ищІащ Тхьэм. Ханаан цІыхухэм я тхьэ нэхъыщхьэр Баалрэ абы и щхьэгъусэ Астартэрэт. Баал щагъэлъапІэкІэ, абыхэм емыкІу-екІугъэ ящІэжыртэкъым, щІыкІей хъурт, зэрызешэрт. «ЛъагапІэкІэ» зэджэхэм тыхь щащІырт, абыхэм дашырти, я тхьэм цІыху хуаукІырт.

Израил цІыхухэр зэрытІысхьа Ханаан щІыналъэм и гъунапкъэр ищхъэрэкІэ нобэрей Ливаным къыщыщІидзэрти, ипщэкІэ Синай хытІыгу ныкъуэм нэсырт, къуэкІыпІэмкІэ Иордан псым щегъэжьауэ. Израил лІакъуэ пщыкІутІым щыщ лІакъуэ пщыкІузым щІыр ятригуэшащ Мусэ - Екъуб и къуэ 12-м: Реувен, Симеон, Левий, Иудэ, Дан, Нафталий, Гад, Ашер, Иссашкар, Зевулон, Исуф (Исуф и лІакъуэр абы и къуитІым - Эфраимрэ Менашэрэ къытепщІыкІыжауэ лІакъуитІ хъурт), Биниамин сымэ къытехъукІа щІэблэхэм. Левий и лІакъуэм щІы Іыхьэ къалъысакъым. Левитхэр Тхьэм хихауэ щытащ, Абы и тхьэлъэІупІэм къулыкъу щащІэн щхьэкІэ; ахэр нэгъуэщІ лІакъуэхэм яІэщІэлъ къалэхэм щыпсэурт.

Ханаан къэкІуа нэужь, япэ илъэс 300-400-м Израил лІакъуэ пщыкІутІыр зы унафэ щІэтакъым. Ахэр зэхуэзышэр Тхьэ закъуэр, уафэмрэ щІылъэмрэ Зыухуар, я фІэщ зэрыхъурт. ИтІани тхьэнэпцІхэм яхуэлажьэ, щызэщыхьэж къэхъурт, зыхэс лъэпкъхэм, я жагъуэгъухэм, езауэ зэпытт. Гуэныхь зыпылъ зэралэжьым, тхьэнэпцІхэр зэралъытэм папщІэ Тхьэр къахуэгубжьырт Израил цІыхухэм, тезыр къатрилъхьэрт, Израилым и бийхэр – моав цІыхухэр, аммон цІыхухэр, амалек цІыхухэр, филишт цІыхухэр, ханаан цІыхухэр, мидиан цІыхухэр, сидон цІыхухэр я ужь къриутІыпщхьэурэ хьэзаб



хидзэрт. А лъэпкъхэм я лъэгу щІэхуэрти, Израил лъэпкъым бэлыхь ишэчырт, ужьыгуа, зыри къыфІэмыІуэхуж хъурт. Ауэ, и лъэпкъым къыдэІэпыкъун щхьэкІэ, Израил цІыхухэр я бийхэм ящызыхъумэн хеящІэхэр къахигъэтэджыкІырт абыхэм Зиусхьэным, гущІэгъу къахуищІурэ. ХеящІэхэр дунейм ехыжа нэужь, цІыхур аргуэру жэхьил хъужырт, я адэхэм ящхьэдэхыжауэ; Зиусхьэным и губжьыр аргуэру зытрагъэпсыхэрт абыкІэ. Израил хеящІэу щытащ: Отниел, Эхьуд, Шамгар, Дэворэрэ Баракрэ, Гидеон, Іавимэлэх, Толэ, Иаир, Ефта, Ивуан, Элон, Авдон, Шимшон, дин пашэ Эли, Шамуел сымэ. Абыхэм ящыщу языныкъуэхэращ мы тхылъым зи гугъу щытщІынур.

«А зэманым Израилым пащтыхь иІакъым; щхьэж фІэзахуэр илэжьырт».

ХЕЯЩІЭХЭМ Я ТХЫЛЪ

## ГИДЕОН

Нун и къуэ Ехьошуа лIа нэужь, Израил цIыхухэм Тхьэм хущI-эджэу, тхьэнэпцIхэм хуэлажьэу щIадзащ. Абы щхьэкIэ къахуэгубжьри, Зиусхьэным мидиан цIыхухэр къатригъэкIуащ израил цIыхухэм. Илъэсибл дэкIауэ, израил цIыхухэр я Зиусхьэным елъэIуащ. Тхьэм зэхихащ абыхэм я гузасэ макъыр, пашэ яхуэхъун къахуигъэуващ - Гидеон.

Гидеон зыфIэгуащIэмащIэт, ауэ Тхьэм абы къыжриIащ: «Сэ уэ сыпщIыгъунущ, уэ мидиан цIыхухэр зы цIыху хуэдэ хэбгъэщIэнущ». Мидиан цIыхухэр хигъэщIэн ипэ, Тхьэм Гидеон унафэ къыхуищIащ и адэм къыщIэна тхьэнэпцI лъэIупIэхэр зэтрикъутэн хуейуэ. Гидеон унэIутипщI зыщIигъури, Баал и тхьэлъэIупIэр якъутащ, абы бгъэдэта «жыг лъапIэри» ираупщIыкIащ. Абы и ужькIэ Зиусхьаным и псэр къыпкърышасэри, Гидеон дзэшхуэ зэхуишэсащ, Израил и бийхэм езэуэн папщIэ. Зауэр иублэн ипэ, Гидеон Тхьэм елъэIуащ израил цIыхухэр къригъэлын щхьэкIэ ар Абы зэрыхихар и фIэщ зыщIын нэщэнэ щIагъуэ гуэр къригъэлъагъуну. Зиусхьэным ар зыщIэлъэIуа нэщэнэ щIагъуэр къригъэлъэгъуащ: Гидеон гъавэщым щIилъхьа цыр псыф хъуауэ, и хъуреягъыр гъущэу нэху къекIащ: етIуанэ жэщым нэгъуэщIущ нэху къызэрекIар: цым и хъуреягъкIэ гъавэщ лъэгур псыфыбзэт, цыр гъущэт.

И дзэр иришажьэри, Гидеон къыкIэлъыкIуэ махуэм щиувыкIащ мидиан цIыхухэм я дзэ щытыпIэм хуэзанщIэу. Ауэ абы Зиусхьэным къыжриIащ: «Уэ цIыху куэдыIуэ уи гъусэщ, абыхэм я IэмыщIэ изгъэхуэфынукъым мидиан цIыхухэр, ахэр щымыкIын, 'си IэкIэ зыкъезгъэлэлащ' жаIэу, си пащхьэ закъыщыфIэмыщIыжын щхьэкIэ. ЦIыхум еджи, яжеIэ: 'Шынэмрэ къэрабгъэмрэ тхрекIи, ирегъэзэж...' Тхьэм зэрыжиIауэ ищIащ Гидеон, цIыху мин тIощIрэ тIурэ зэуапIэм икIри ягъэзэжащ, я пIэ къинащ минипщI. ИтIани Зиусхьэным жиIащ ар зэрыкуэдыIуэр, Гидеон унафэ къыхуищIащ цIыхур псым Iуишэу дэтхэнэри псы зэрефэ щIыкIэр зригъэлъагъун хуейуэ. Нэхъыбэр лъэгуажьэмыщхьэу уври псым хэфащ. ЦIыху щищ къудейщ псыр IэгукIэ къыщIэзыгъэлъар. Тхьэм Гидеон къыжриIащ: «IэгукIэ псы ефа цIыху щищымкIэ фатезгъэкIуэнурэ, мидиан цIыхухэр фи IэмыщIэ ислъхьэнущ...»

Апхуэдэуи хъуащ. Зиусхьэным телъыджэ илэжьащ: Израил щищыр мидиан цIыхухэмрэ амалек цIыхухэмрэ я дзэм текIуащ, абыхэм я дзэр мацIэм хуэдэми.

ХЕЯШIЭХЭМ Я ТХЫЛЪ 6, 7

## ШИМШОН ПЕЛУАНЫР

Телъыджэ къаригъэлъагъуми, гушIэгъу къахуищIми, къадэIэпыкъуми, Тхьэм къыбгъэдэкIын щагъэтакъым израил цIыхухэм, Абы хуэмыфащэ иралэжьылIэ зэпытт. Абы къыхэкIкIэ, гъэрыпIэм ихуэжри, ахэр филишт цIыхухэм я лъэгу илъэс плIыщIкIэ щIэтащ. ГъэрыпIэм здитым, абыхэм хеящIэ яхухихащ Зиусхьэным, Шимшон и цIэу. ГуащIэшхуэ зиIэ цIыхут ар, и гуащIэр зыхэлъыр и щхьэцырат. Ар къалъхун ипэ, и адэ-анэм Тхьэм къажриIащ абы и щхьэцыр ямыупсыну, сыту жыпIэмэ Тхьэм и назиркIэ* еджэнущ абы, израил лъэпкъыри филишт цIыхухэм я IэмыщIэ кърихыжынущ.

Шимшон и къарур апхуэдизкIэ инти, абы зэгуэрым, чыцI хуэдэ, зэпкъриудыгъащ гъуэгум зыщрихьэлIа аслъэныр. Зэгуэрми абы щыд жьэ къупщхьэкIэ зы махуэм зэтриукIэгъащ филишт цIыху мин. Зыуи къыщымыхъуу, абы зэпичыфырт кIапсэ, лъэхъу быдэ дыдэхэр.

Шимшон зэгуэрым кIуащ Газэ къалэм, абы къыдэнащ, нэху къыщекIын щхьэкIэ. Филишт цIыхухэм мурад ящIащ ар къалэм даукIыхьыну. Къалэ куэбжэр зэхуащIри, абы ещэу зэхэувэжащ ахэр. Жэщ ныкъуэм къызэщыури, къалэм дэкIыжыну ежьащ Шимшон. Куэбжэм щынэсым, ар зэрыгъэбыдар илъэгъуащ абы. Щилъагъум, къалэ куэбжэр къыхиудри и дамэм трилъхьащ, бжэблыпкъри пхъэрыгъажэри зэрыщIыгъуу, къалэм дихри бгым ирихьащ.

ХЕЯЩIЭХЭМ Я ТХЫЛЪ 13:1-5; 14:5,6; 15:14-15; 16:3

* *Назир - журт псалъэщ, «щхьэхуэ», «нэфIзыщыхуа» къокI*

## ШИМШОН ЗЭРЫХЭКIУЭДАР

Илъэс тIощIкIэ щытащ Шимшон Израилым я хеящIэу. Игъэтыншакъым абы и лъэпкъым и бийхэр, филишт цIыхухэр. Ар яукIынут абыхэм, ауэ и къарур зыхэлъыр ящIэртэкъыми, пэлъэщыртэкъым.

Делилэ зи цIэ цIыхубзым, Шимшон фIыуэ илъагъум, елъэIуащ ахэр зэгуэрым, абы и къарур зыхэлъыр къытхуэщIэ, жари. ЦIыхубзыр Шимшон и ужь куэдрэ итащ, ауэ абы и къарур зыхэлъыр къригъэIуэтэфакъым. КIэрыхъыжьэри, зы махуи кIэрыкIакъым цIыхубзыр, елъэIуурэ и щхьэр иригъэуэжэгъуащ, и псэм тегъуэлъхьащ, щыкIэрымыкIыххэм, Шимшон и щэхур къыхуиIуэтащ, мыр къыжриIэри: «Си щхьэцыр яупсмэ, си къарур схэкIынурэ, адрей цIыхухэм хуэдэ сыхъужынущ».

Ар щызэхихым, Шимшон игъэжейри, Делилэ филишт цIыхухэр къриджащ. Ахэр къакIуэри, Шимшон и щхьэцыр яупсащ. И къарур щIэкIыурэ, Шимшон гуащIэмащIэ хъуащ итIанэ. Зиусхьэнми IэщIыб къищIащ ар.

Гъуаплъэ кIапсэкIэ япхащ ар филишт цIыхухэм, и нэр иращIри, лъэхъуэщым щIадзащ, абы щагъэхьэжэн щхьэкIэ. Ауэ и щхьэцыр къэкIыжурэ, Шимшон и къарур къыхыхьэж хъуащ.

Филишт цIыхухэр зэхуэсащ зэгуэрым, я тхьэнэпцIым тыхь хуащIын щхьэкIэ; мыр жаIэурэ: «Тхьэм (я тхьэнэпцIым) ди IэмыщIэ кърилъхьащ ди бийр, ди щIыр нэщI зыщIар, Шимшон, дэ тщыщ куэд зэтезукIар». ГуфIауэ, жаIащ абыхэм: «Шимшон къытхуевджэ! Дытрегъэу абы». Шимшон къашэри, унэ щIэсэнхэм ящыщитIым яку дагъэуващ. Шимшон Тхьэм елъэIуащ: «Ди Тхьэу ди Зиусхьэн! Уигу сыкъэгъэкIыжи, къару къысхэлъхьэж мызэзакъуэм, ди Тхьэ, филишт цIыхухэм си нэр зэрыращIам щхьэкIэ силъ сщIэжын папщIэ». ЩIэсэныр иубыдри, абы жиIащ: «ХэкI, си псэ, филишт цIыхухэри здэхь». Унащхьэр къеухащ, абы щIэта псори хэкIуэдащ.

ХЕЯЩIЭХЭМ Я ТХЫЛЪ 16:15-30

## РУТРЭ НЭIЭМИРЭ

Израил лъэпкъым я унафэр хеящIэхэм щаIэщIэлъам щыгъуэ Иудэ щIыналъэм гъаблэ къыщыхъуауэ щытащ. Абы къыхэкIкIэ, зы Израил, ифызри и къуитIри щIыгъуу, зыдэс Бэтлэхьэм къалэм къыдэкIри, моав цIыхухэр зыщыпсэу хэку жыжьэм Iэпхъуащ. Моав цIыхухэр Хы Щыугъэм и къуэкIыпIэ лъэныкъуэмкIэ щыпсэурт. «А цIыхум и цIэр Iэлимэлэхщ, и фызым и цIэр НэIэмищ, и къуитIым я цIэр Махлонрэ Хилеонрэщ... ЛIащ Iэлимэлэх, НэIэми и лIыр, и къуитIым къабгъэдэнащ ар. Моав бзылъхугъэ къашащ а тIум; зым и цIэр Орпэт, адрейм и цIэр Рутт; абы щыпсэуащ илъэсипщI хуэдизкIэ. Иужьым лIащ НэIэми и къуитIри - Махлонрэ Хилеонрэ; и къуитIми илIми я ужь къинащ а цIыхубзыр». И хэкум, Иудэ щIыналъэм, игъэзэжын мурад ищIащ НэIэми, абы гъаблэ зэрыщымыIэжыр, гъавэ бэв къазэрехъулIар зэхихати.

«А щIыпIэм къикIащ ар, и ныситIри щIыгъуу. Иудэ щIыналъэм кIуэжу гъуэгу здытетым, НэIэми и ныситIым яжриIащ: 'ФыкIуэ, фи анэхэм я унэ фихьэж тIури. Зиусхьэным гущIэгъу къыфхурещI, дунейм ехыжахэри сэри дыкъызэрыфхуэщIам хуэдэу! ЛIы фыдэкIуэжи, Тхьэм увыIэпIэфI къывит!' » Ба яхуищIащ тIуми. Ауэ ахэр къэпыхьащ, гъыуэ щIадзэри, жаIащ: 'Хьэуэ, уэ дыпщIыгъуу дынэкIуэнущ уи лъэпкъым деж'. НэIэми яхуидакъым ар, яжриIащ: 'Хьэуэ, сипхъухэ, сигу фщIогъу фэ, Зиусхьэным игу къызэбгъащи'. «Ахэр къэгузэсащ, гъыуэ щIадзэжащ. Орпэ и гуащэм бгъэдэкIыжащ, Рут къыбгъэдэнащ абы... Рут жиIащ: 'Укъэзгъанэу сежьэжыну сыхомыгъэзыхь; уэ уздэкIуэм сынэкIуэнущ, уэ узыщыпсэум сыщыпсэунущ; уи лъэпкъыр си лъэпкъщ, уи Тхьэр си Тхьэщ; уэ ущылIэм сэри сыщылIэнурэ сыщыщIалъхьэжынущ. Ар къысхурещIэ Тхьэм, нэхъыбэкIи сыщогугъ Абы; лIэныгъэм фIэкI, уэ ппэIэщIэ сызыщIын щыIэкъым'. Рут зэримыкIуэтыыжынур щилъагъум, НэIэми ар афIэкI хигъэзыхьыжакъым». И гуащэр фIыуэ илъагъурт Рут, ар хухыфIэдзэнутэкъым, и закъуэ къигъанэу. Абы ищIар щапхъэ



тхурехъу дэ.

РУТ 1:1-17

## РУТ БОIАЗ И ХЬАСЭМ

НэIэмирэ Рутрэ етIысэхакъым, Бэтлэхьэм нэсыху. «Ахэр Бэтлэ-хьэм щыдыхьэм, къалэ псор къызэщIэхъеящ, мыр жаIэурэ: «НэIэми мыр?» НэIэми яжриIащ абыхэм: «‘НэIэмикIэ фыкъызэмыджэ, МарэкIэ фыкъызэджэ; сыту жыпIэмэ ди Щхьэщыгу итым гуауэшхуэ къызитащи. СыхуэщIауэ сыдэкIащ мыбы, збгъэдэмылъыжIауэ къызигъэгъэзэжащ Зиусхьэным’ ».

НэIэми и зы благъэ и хьэсэм кIуащ Рут зэгуэрым. БоIазт абы и цIэр. Гуэдзыр къахыжакIэти, хьэсэм къина щхьэмыжхэр къищыпырт Рут.

Хьэсэр зейм зэхихащ ар НэIэми зэринысэр, фIыуэ илъагъу и гуащэр зэрихьэн щхьэкIэ, и Iыхьлыхэр къигъанэу хамэ хэку къызэрыкIуар. Рут къриджэри, и хьэсэм щхьэмыжщыпэ махуэ къэс къэкIуэну хуит ищIащ БоIаз. И унэIутхэм унафэ яхуищIащ хьэсэм щхьэмыж къранэну, абы и жагъуэ ямыщIыну.

БоIаз Рут жриIащ итIанэ: «Зиусхьэным и нэфI къыпщыхуэ IуэхуфI зэрыблэжьам щхьэкIэ; Зиусхьэным, Израил и Тхьэм, деж укъэкIуащ уэ, Абы и дамэ щIэгъ ухъумапIэ щыбгъуэтын папщIэ; Ар фIыгъуэкIэ къотэнщ».

Рут щэныфIэм, цIыхубз гуапэм жэуап иритыжащ абы: «Уи нэфIи къысщрехуэ, си зиусхьэн! Сигу фIы схуэпщIащ уэ, укъызэдэхэщIащ уи унэIут хуэдэ, уи зы унэIути сримыуасэрэ пэт».

Куэд дэмыкIыу, БоIаз Рут къишащ, Рут абы къуэ къыхуилъхуащ. «ЦIыхубзхэм НэIэми жраIащ: ‘Зиусхьэным и нэфI къыпщыхуащ, Абы щIэблэншэ уищIакъым нобэ! Ар цIэрыIуэ щрехъу Израилым! Уи жьыщхьэ уипIыжынщ абы, гурыфIыгъуэ пхуэхъунщ; сыту жыпIэмэ фIыуэ укъзылъагъу, уэркIэ къуиблым ефIэкI уи нысэм къыпхуилъхуащи’. Сабийр ихьащ НэIэми, и IэплIэм ирикъузащ, быфэкъуэ анэ хуэхъуащ. Гъунэгъу фызхэм цIэ фIащащ абы, ‘НэIэми къуэ къыхуалъхуащ’ жари; цIэуэ фIащащ: Овед, Даут и адэ Ессе къэзылъхужар аращ». Даут Израил пащтыхьышхуэ хъуащ. Абы



и хъыбар деджэнущ дяпэкIэ.

РУТ 1:19-21; 2:1-16; 4:13-17

## ХАННЭ И ТХЬЭЛЪЭIУ

Израил лъэпкъым зы цIыху яхэтащ, ЭлканэкIэ еджэу. Ар Рамэ къалэ цIыкIум дэст. Абы и щхьэгъусэм и цIэр Ханнэт. Абы бын иIэтэкъым, зэримыIэр игу къеуэрт. Илъэс къэс, щипIалъэ махуэм, я къалэм дэкIырти, ахэр Шилом кIуэрт, Зиусхьэным елъэIун, тыхь хуащIын папщIэ. Шилом Зиусхьэным и тхьэлъэIупIэ цIыкIу дэтт. ТхьэлъэIупIэм щIыхьэрти, Тхьэ елъэIурт ахэр, Ханнэ гъы зэпытт, Iэрэ жьэрэ зэхуихьыртэкъым. Элканэ и фызыр фIыуэ илъагъурт, игу щIэгъурт абы.

Зэгуэрым, Шилом дэт тхьэлъэIупIэм кIуауэ, Ханнэ гъыуэ къыщыщIидзэм, Элканэ абы жриIащ: «Ханнэ! Сыт ущIэгъыр, щхьэ умышхэрэ, уи гур щIыхэщIыр сыт? КъуипщI нэхърэ сынэхъыфIкъэ сэ уэр папщIэ?»

ЩIыхьащ Ханнэ тхьэлъэIупIэм, Тхьэм и унэм, йолъэIу Зиусхьэным, зэщыджэуи магъ. «Итащ псалъэ, мыр жиIэурэ: ‘ЛъэкI псори зиIэ Зиусхьэн! Уи унэIутым и гуауэр зыхэпщIэмэ, уигу сыкъэкIыжмэ, уи унэIутыр пщымыгъупщэжамэ, уи унэIутым щIалэ цIыкIукIэ уетэмэ, ар игъащIэкIэ къан хуэсщIынт Зиусхьэным, и щхьэм сэ жани езгъэIусэнтэкъым’.

Ар Зиухьэным и пащхьэ Тхьэ зэрыщелъэIур илъэгъуащ Елий. ИгукIэт ар тхьэ зэрелъэIур, и Iупэр пIэжьажьэ къудейт, и макъи зэхихыртэкъыми, Елий къыфIэщIащ ар удэфауэ. Елий жриIащ абы: ‘Удэфауэ ущытыну куэдрэ? Чэфыр зытегъэуж’. Жэуап къритыжащ Ханнэ, къыжриIащ: ‘Хьэуэ, си зиусхьэн; зи псэр хыщIэ сыфызщ сэ, сани нэгъуэщI фади сефакъым, си гукъеуэр жызоIэ Зиусхьэным; уи унэIутыр цIыхубз икIэу умылъытэ; си гуауэшхуэмрэ си гухэщIымрэ сIуэтауэ аращ иджыпсту’. Жэуап кърITыжащ Елий, къыжриIащ: ‘Умыгужьей, Израилым и Тхьэм узэрелъэIуар къыпхуищIэнущ’. Абы жиIащ: ‘Уи нэфI щрехуэ уи унэIутым!’ И гъуэгу теувэжащ ар, шхэи хъуащ нэхъапэм хуэдэуи нэщхъеижакъым».

Зиусхьэным зэхихащ Ханнэ и лъэIур, абы къуэ къилъхуащ.

1 ПАЩТЫХЬХЭМ 1:1-18

## ХАННЭ ШАМУЕЛ ТХЬЭМ И ІЭМЫЩІЭ ИРЕЛЪХЬЭ

Шамуел фIищащ Ханнэ и къуэм. КъыдэкIуэтея нэужь, абы щIалэ цIыкIур Елий дин пашэм деж тхьэлъэIупIэм ишэри жриIащ: «Тхьэ елъэIуу мыбдеж щыта цIыхубзыр сэращ, уэ сыкъэплъэгъуащ. Мы сабийращ Тхьэ сыщIелъэIуар, си лъэIур къысхуищIащ Зиусхьэным. ГъащIэ иIэху, изот ар Зиусхьэным, Абы хуэлэжьэн папщIэ».

Ар жиIэри, Ханнэ зыхуигъэщхъащ зи гущIэгъур ин Тхьэм, Абы фIыщIэ хуищIу, игъэлIапIэу: «ГурыфIыгъуэ щызгъуэтыжащ Зиусхьэным деж!.. Уэ сымыкIуэду сыкъыбгъэлылащи, си гуфIэгъуэщ. Зиусхьэным нэхъ лъапIэ щыIэкъым; сыту жыпIэмэ Уэр фIэкI нэгъуэщI щыIэкъыми. Быдагъи щыIэкъым, ди Тхьэм фIэкI. Абы деж нэмысын псалъэ жывмыIэ; псалъэ дыдж къывжьэдремыкI, Тхьэм имыщIэрэ имылъагъурэ щыIэкъым, Абы и IуэхугIуэшхуэхэри зэпэшэчащ ... Хабзэншэхэр кIыфIым хокIуэдэж, сыту жыпIэмэ къарукIэ къым цIыхур зэрылъэщыр. Зиусхьэным пэпсэлъэжхэр хигъэщIэнущ...»

Ханнэ Шамуел щIалэ цIыкIур дин пашэ Елий деж тхьэлъэIупIэм къыщIинащ, абы къыщыхъуащ ар, Зиусхьэнми цIыхухэми я нэфI къыщыхуауэ. И анэм абы илъэс къэс щыгъынықIэ къыхуихьырт, ар зыщитIагъэрти, абы Зиусхьэным и пащхьэ къулыкъу щищIэрт.

1 ПАЩТЫХЬХЭМ 1:25-28; 2:1-10,18,19,26

## ШАМУЕЛ КЪЕДЖЭ МАКЪЫР

Шамуел щIалэщIэр тхьэлъэIупIэм щыщIэсам щыгъуэ Тхьэм и псалъэр цIыхум зэрызэхах щIагъуэ щыIэтэкъым, Абы телъыджэ къащригъэлъагъури зэзэмызэт.

«Ар къэхъуащ, Елий и пIэм здилъым: щхьэукъуати, абы илъагъу щыIэтэкъым. Тхьэм и уэздыгъэри ункIыфIатэкъым, Шамуел Зиусхьэным и унэм, Тхьэм и пхъуантэр зыщIэтым, щIэлъг. Зиусхьэнир къеджащ Шамуел, абы жэуап итыжащ: 'Сымис сэ!' Елий деж кIуэри жриIащ: 'Сымис сэ! Уэ укъызэджащ сэ!' Елий къыжриIащ: 'Сэ уэ сыноджакъым, кIуэжи, гъуэлъыж'. КIуэри, гъуэлъыжащ ар.

Зиусхьэныр етIуанэуи къеджащ Шамуел. Ар къэтэджри аргуэру кIуащ Елий деж, жриIащ: Сымис сэ! Уэ укъызэджащ сэ?. Абы къыжриIэжащ: 'Сэ уэ сыноджакъым, си щIалэ; кIуэжи, гъуэлъыж'. Шамуел абы щыгъуэ ицIыхуртэкъым Зиусхьэным и макъыр, Зиусхьэным и псалъэ зэхихатэкъым абы.

Ещанэуи къеджащ Зиусхьэныр Шамуел. Къэтэджри, Елий деж кIуащ ар, жриIащ абы: 'Сымис сэ! Уэ укъызэджащ сэ'. Зиусхьэныр щIалэщIэм къызэреджэр къыгурыIуащ Елий. Елий Шамуел жриIащ: 'КIуэжи, гъуэлъыж, ДжакIуэр къоджэмэ, уэ жыIэ: ЖыIэ, Зиусхьэн, зэхех уи IурыщIэм'. КIуэжри, Шамуел и пIэм игъуэлъхьэжащ. КъэкIуащ Зиусхьэныр, къыщхьэщыуващ, къеджащ япэми етIуанэми хуэдэу: 'Шамуел! Шамуел!' Шамуел жиIащ: 'ЖыIэ, Зиусхьэн, уи IурыщIэм зэхех'».

Елий и унэм къригъэхъулIэну псор къыжриIащ Абы. КъыжриIащ а дин пашэм тезыр къызэрытрилъхьэнур, фIэщхъуныгъэ зимыIэ абы и къуэхэм гуэныхь щызэращIам щыгъуэ къызэрыжьэдимыкъуам, ахэр къызэримыусам щхьэкIэ.

1 ПАЩТЫХЬХЭМ 3:1-14

## ДИН ПАШЭ ЕЛИЙ ЗЭРЫЛIАР

Хабзэншагъэ зэралэжьым щхьэкIэ, Зиусхьэным израил лъэпкъым тезыр къатрилъхьащ аргуэру. Филишт цIыхухэм я лъэгу щIигъэуващ Абы Израил цIыхухэр.

«Филишт цIыхухэр япэуващ израил цIыхухэм, зауэ къэхъуащ, израил цIыхухэр филишт цIыхухэм хагъэщIащ; абыхэм ящыщ цIыху миниплI хуэдиз щызэтраукIащ зэуапIэм. Я увыпIэм екIуэжащ израил цIыхухэр; израил тхьэмадэхэм жаIащ: 'Сыт Зиусхьэным филишт цIыхухэм я пащхьэ нобэ дыщIыхигъэщIар? Шило нобэ къыдэтхынщ Зиусхьэным и зэгурыIуэныгъэ зыдэлъ пхъуантэр, ар етхьэжьэнщи, ди бийхэм я IэмыщIэ дыкърихынщ'. Шило лIыкIуэ ягъэкIуащ, абы кърахащ ЛъэкI Псори зиIэ Зиусхьэным и зэгурыIуэныгъэ зыдэлъ пхъуантэр, Тхьэм и зэгурыIуэныгъэ пхъуантэм щIыгъуащ Елий и къуитI - Хофниерэ Пинэхасрэ ... Къезэуащ филишт цIыхухэр, хагъэщIащ израил цIыхухэр, псори щIэлъэдэжащ щхьэж и шэтырым, хэщIыныгъэшхуэ ягъуэтащ, израил лъэсыдзэ мин тIощIрэ пщIырэ хэкIуэдащ. Тхьэм и пхъуантэ лъапIэрри яубыдащ, Елий и къуитIри, Хофниерэ Пинэхасрэ, хэкIуэдащ».

ЗэуапIэм къыжри, Шило къалэ, Елий зыдэсым, хъыбарегъащIэ къэсащ, и лъэпкъыр зэрыхагъэщIам и хъыбар къахуихьащ. А хъыбарыр щызэхахым, къалэм дэсхэр зэщIэгъуэгащ. Абы щыгъуэ дин пашэ Елий куэбжэм Iуст, гъуэгущхьэм тетIысхьауэ. Къалэм къыдэIукI гъы макъыр зэхихащ абы, хъыбарегъащIэм еупщIащ ар зищIысымкIэ. Абы къыжриIащ: 'Израил цIыхухэр филишт цIыхухэм къыхагъэщIащ, хэгъэщIэкIейуэ. Тхьэм и пхъуантэр яIэрыхьащ, уи къуитIри хэкIуэдащ'.

ХъыбарегъащIэм Тхьэм и пхъуантэм и цIэ къыщыхигъахуэм, Елий щIым нэкIукIэ зыхиубгъуэри лIащ. Елий илъэс плIыщIкIэ щытащ израил цIыхухэм я хеящIэу, илъэс пщIейрэ пщыкIуийрэ къигъэщIауэ дунейм ехыжащ.

Елий и унэм къехъулIащ Зиусхьэныр Шамуел къыщеджа жэщым къыжриIар. А щIыкIэмкIэ Израилым къищIащ Шамуел Зиусхьэным и бегъымбар хъуну зэрыхихар.

1 ПАЩТЫХЬХЭМ 4:1-18

## ШАУЛ ИЗРАИЛЫМ И ПАЩТЫХЬЩ

Тхьэм и лъэпкъым бегъымбарышхуэ яхуэхъуащ Шамуел. И лъэпкъыр абы щIэчэ имыIэу къыхуриджэрт тхьэнэпцIхэм къапыкIауэ Тхьэм закъуэм зратын хуейуэ. Жьы хъуа нэужь, Шамуел и къуэхэр Израилым хеящIэ яхуищIащ. Ауэ ахэр я адэм и лъэужь ирикIуакъым, дадзыхащ: Iульхьэ къыIах, цIыхум лей кIэлъызэрахьэ хъуащ.

Ауэ щыхъум, Шамуел деж къакIуэри, тхьэмадэхэм къыжраIащ: «Уэ жьы ухъуащ, уи къуэхэр уи гъуэгум теткъым. Аращи, адрей лъэпкъхэм хуэдэу, унафэ къытхуэзыщIын пащтыхь къытхуэгъэув». Шамуел ищIэрт абыхэм я лъэIур Зиусхьэным къызэрыбгъэдэмыкIыр, ауэ Абы елъэIуащ. Зиусхьэным абы къыжриIащ: «ЦIыхум къыбжаIэ псом едаIуэ; сыту жыпIэмэ уэракъым ямыдар, Сэращ ямыдар, я тепщэ самыгъэхъун щхьэкIэ, Мысырым къызэрисш лъандэрэ IэщIыб сащIауэ, нэгъуэщI тхьэхэм хуоIурыщIэ ахэр, нобэр къыздэсым Сэ сабгынауэ. Аращи, едаIуэ абыхэм я псалъэм; ауэ ягурыгъаIуэ я тепщэ хъуну пащтыхьым и унафэм къиубыдынур; ар я пащхьэ иши, егъэлъагъу».

Шамуел цIыхум яIэригъэхьэжащ Тхьэм и псалъэр, яжриIащ пащтыхь хахмэ, абы и лъэгу зэрыщIэхуэнур, абы зэрыхущIегъуэжынур, хущIегъуэжкIэ Зиусхьэныр абыхэм къазэрыдэмыIэпыкъужынур. ЦIыхур Шамуел и чэнджэщ едэIуакъым, пащтыхь хуейуэ жаIащ.

Зиусхьэным щIалэ къудан, щIалэ лъэрызехьэ гуэр игъэкIуащ Шамуел деж, ШаулкIэ еджэу. Абы къыIущIа нэужь, Зиусхьэным Шамуел къыжриIащ: «Мис зи гугъу пхуэсщIа цIыхур; абы си лъэпкъым и унафэр ищIынущ». Шамуел елей дагъэр зэрыт кхъуэщыныр къищтэри, Шаул и щхьэм дагъэ щихуащ. ИтIанэ ба хуищIри, абы жриIащ: «Мис, Тхьэм дагъэ къыпщехуэ, Абы и лъэпкъым и унафэр уи IэмыщIэ къызэрырилъхьэм и нэщэнэу» Шаул абы иужькIэ хъуащ Израилым и пащтыхь.

1 ПАЩТЫХЬХЭМ 8:1-22; 9:17; 10:1

# ДАУТ МЭЛЫХЪУЭ ЦIЫКIУР – ПАЩТЫХЬ ХЪУНУР

Пащтыхь хъун хуейуэ Шамуел дагъэ зыщихуа Шаул Тхьэм епцIы-жащ. Щыпащтыхьым щыгъуэ ар Зиусхьэным и унафэм куэдрэ ебакъуэрт. Абы къыхэкIкIэ, Шамуел зэгуэрым абы къыжриIащ: «Зиусхьэным, уи Тхьэм, уи пщэ къыдилъхьа унафэр зэрумыгъэзащIэм щхьэкIэ укъуаншэщ, ар бгъэзэщIатэмэ, Израил лъэпкъым тепщэ уахуэхъунут игъащIэкIэ; ауэ иджы уи пащтыхьыгъуэм и лъэр щытыжынукъым; Зиусхьэным игу ирихьын цIыху къигъуэтынщ, Зиусхьэным абы и пщэ дилъхьэнущ и лъэпкъым и пашэ къалэныр, сыту жыпIэмэ уэ Зиусхьэным уи пщэ къыдилъхьа унафэр бгъэзэщIакъым».

Куэд мыщIэу, Зиусхьэным Даут зи цIэ щIалэ екIу лъэрызехьэр къригъэлъэгъуащ. Даут и адэм и мэл хъушэр игъэхъурт. Мэлыхъуэ Iумахуэт ар, аслъэным мэл хъушэм мэл яхихамэ, лъэщIыхьэти, мэлыр аслъэным и жьэм къыжьэдичыжырт.

Зиусхьэным и унафэкIэ, Шамуел Даут елей дагъэ щихуащ, Израил лъэпкъым и пащтыхь зэрыхъунум и нэщэнэу. Абы лъандэрэ Тхьэм и Псэ ЛъапIэм ибгынакъым ар. Шаул Тхьэм и Псэ ЛъапIэм ибгынащ, ар жинэ бзаджэм игъэгузавэрт итIанэ. Шаул и унэIутхэм унафэ яхуищIащ пшынэдыкъуакъуэм ириджэгу пшынауэ къыхуагъуэтыну, ар трагъэун щхьэкIэ. УнэIутхэм абы къыхуашащ Даут, сэрейм къулыкъу щищIэу щIидзащ абы. Шаул игу ирихьащ Даут, ар Шаул Iэщэзехьэ ищIащ. Жин бзаджэм Шаул къыщыхигъэзыхькIэ, Даут пшынэдыкъуакъуэр къищтэрти, макъамэ къригъэкIт. Шаул нэжэгужэ къэхъужырт, жин бзаджэм абы кIэрыкIыжт.

1 ПАЩТЫХЬХЭМ 13:13-14; 16:11-23

## ДАУТРЭ ГОЛИАТРЭ

Зэгуэрым филишт цIыхухэм дзэ зэхуашэсащ, Израил лъэпкъым езэуэн папщIэ. Пащтыхь Шаул я пашэу, Израил цIыхухэм зауэм зыхуагъэхьэзыращ, бгым ихьэри филишт дзэм пэуващ. Даут и шынэхъыжьищри ядэкIуащ Шаул и дзэм. Заул дэкIауэ, гъуэмылэ яхуригъэхьри, и адэм Даут игъэкIуащ Израил цIыхухэм я тIысыпIэм, абыхэм я Iуэху зытетымрэ зыхуэныкъуэмрэ зригъэщIэн, я узыншагъэм щIигъэупщIэн папщIэ.

Израил цIыхухэм я дзэ тIысыпIэм нэсри, Даут къилъэгъуащ филишт лIышхуэ абрагъуэ, Голиат и цIэу; абы гъуаплъэ джанэ щыгът, гъуаплъэ пыIэ щхьэрыгът, бжырэ мэIухурэ иIыгът. Голиат Тхьэм и лъэпкъым къыщыдыхьэшхырт, Тхьэм къыщIэнакIэрт, Израил цIыхухэм ящыщ гуэр абы къыпэлъэщмэ, филишт цIыхухэр абыхэм я гъэр хъуну жиIэрт. Ауэ израил цIыхухэм я дзэм щыщ зыи тегушхуэртэкъым Голиат езэуэну, абы и теплъэм игъэщтарэ игъэгужьеяуэ. Голиат Тхьэмрэ Израил цIыхухэм я дзэмрэ ауан къызэрищIыр щилъагъум, Даут Шаул бгъэдыхьэри елъэIуащ Голиат иригъэзэуэну. Шаул абы къыжриIащ: «...Уэ иджыри ущIалэщ, ар зэрыщIалэщIэ лъандэрэ зауэлIщ». Мэл щигъэхъукIэ аслъэнымрэ мыщэхэмрэ пэлъэщынымкIэ Тхьэр къызэрыдэIэпыкъуам и гугъу хуищIащ Даут я пащтыхьым. Шаул хуит ищIащ ар зэуэну, афэ джанэ щригъэтIэгъащ, тажи щхьэригъэтIэгъащ. Ауэ Даут апхуэдэ Iэщэ-фащэм есатэкъым. Афэ джанэр зыщихщ, тажри зыщхьэрихыжри, баш иубыдащ, псым къыхихри мывэ хъурей джафитху къищтащ, мывэхэр и мэлыхъуэ хъуржыным ирилъхьэри, филишт лIым пежьащ.

Къыпежьа щIалэщIэр, Даут, къыщилъагъум, Голиат дыхьэшхащ, мыр жиIэурэ: «Баш къэпщтауэ щхьэ укъыспэуврэ? Хьэ сыхъуа сэ?» Даут абы жэуап иритыжащ: «Уэ джатэкIэ, бжыкIэ, мэIухукIэ узэщIэузэдауэ укъыспэуващ, сэ сыппэуващ уэ ауан пщIа лъэкI псори зиIэ Зиусхьэным, Израилыдзэм ди Тхьэм, и цIэкIэ». Даут и мэлыхъуэ хъуржыным иIэбэри мывэ кърихащ, ар Голиат мывэдзкIэ ириутIыпщащ; мывэр Голиат и натIэм ихуащ, ар щIым хэджэлащ, зэшэзэпIэ хъури. Я лIыхъужьыр зэшэзэпIэ зэрыхъуар щалъагъум, филишт цIыхухэр зэбгрыжащ, Израилыдзэр абыхэм ятекIуащ.

1 ПАЩТЫХЬХЭМ 17:1-53

## ИОНАТАН

Голиат и щхьэр къыхуихьа нэужь, Шаул Даут еупщIащ: «Хэт урикъуэ уэ?» Даут жэуап итыжащ: «Бэтлэхьэм дэс Ишай срикъуэщ». Ахэр щызэпсалъэм Ионатани къабгъэдэтащ; ар пащтыхь Шаул и къуэт. Ионатан щIалэ щхьэпэлъагэт, лIыгъэ зыхэлъ цIыхут. Ионатан игурэ и псэкIэ фIыуэ илъэгъуащ Даутыр, ныбжьэгъугъэ ириухылIащ. Ныбжьэгъугъэ зэрыриухылIам и нэщэнэу, абы Даут иритащ и щыгъынри, и бгырыпхри, и джатэри, и шабзэри. Даути фIыуэ илъэгъуащ Ионатан.

Ауэ Шаул и гуапэтэкъым ахэр ныбжьэгъу зэрызэхуэхъуар. Голиат зэрыхигъэщIам щхьэкIэ, цIыхум Даут щытхъу хуаIэтырт, мыр жаIэурэ: «Шаул миным текIуащ, Даут минипщI хигъэщIащ!» А щытхъур зэхихри, Шаул игу хэщIащ, щытхъур зыхуигъэфащэр езым и щхьэм и закъуэти. Абы лъандэрэ ар Даут ефыгъуэ хъуащ, иукIын муради ищIащ.

Зэгуэрым, пшынэдыкъуакъуэм ириджэгуу и пащхьэ здитым, Шаул Даут бжыр ириутIыпщащ, ауэ Даут, зыпыIуидзри, къелащ. И адэм и губжьым зыбжанэрэ щихъумащ Ионатан и ныбжьэгъур, Даут; и адэм губгъэн хуищIащ абы апхуэдэ мурад зэриIэм щхьэкIэ, мыр жиIэурэ: «И пщылI щIалэ Даут и гуэныхь къремыхь пащтыхьым, абы къуаншагъэ лъэпкъ къуилэжьылIакъым уэ, Iуэху щхьэпэ илэжь фIэкI. Филишт цIыхухэр хигъэщIэн папщIэ, ар кIуэдыпIэ ихьащ, Зиусхьэнми къихъумащ Израил лъэпкъыр. Ар уи нэкIэ плъэгъуащ икIи ущыгуфIыкIащ абы. Сыт атIэ цIыху хейм илъ щIэбгъэжэнур, Даут лажьэншэр быукIын мурад щIэпщIар?» Шаул и къуэм едэIуащ зыкъомрэ, Даут имыукIынуи тхьэлъанэ ищIат.

1 ПАЩТЫХЬХЭМ 17:57-58; 18:1-11; 19:1-6

## ДАУТ ЖЕЙМ ХЭТ ШАУЛ И ПАЩХЬЭМ

ИтIани Шаул и гур хуэплъ зэпытт Даут, теплъэ хъуртэкъым. ИкIэм-икIэжым абы игу ирилъхьащ Даут иукIыну. Ионатан къищIащ ар, фIыуэ илъагъу и ныбжьэгъум хъыбар иригъэщIащ. Даут Шаул къыкIэщIэкIуэсыкIащ, къыхуэпэж цIыху гуп зыщIигъури бгым зыщигъэпщкIуащ. Шаул, и дзэр щIыгъуу, Даут и лъэужьыр кърихуэкIырт, ауэ Даут Тхьэр и гъусэти, Шаул Iэрыхьэртэкъым. Езы Даут Шаул щиукIыфын щIыпIэ хутыкъуауэ зыбжанэрэ щрихьэлIат, ауэ зэрыгукъабзэм, Тхьэм зэрыфIэлIыкIым къыхэкIкIэ абы илъ игъэжэну хуейтэкъым.

Зэгуэрым Шаул, хэплъыхьауэ Израил зауэлI синищ зыщIигъури, бгым ихьащ, Даут и лъэужь лъыхъуэурэ. Шаулрэ и дзэмрэ Iуащхьэхэм ящыщ зым жэщгъуэлъ зэрыщащIар къищIащ Даут. И зы ныбжьэгъу, Авишай, зыщIигъури, Даут Шаул и хэщIапIэм кIуащ жэщым. Дзэри Шаули жейуэ ирихьэлIащ. Шаул, жейм здыхэтым, бгъэдыхьэри, абыхэм ялъэгъуащ пащтыхьым и пIэщхьагъым деж щIым щыхэса бжыр. Даут и ныбжьэгъум къыжриIащ: «Хуит сыщIи, езым и бжымкIэ сыгъэукI Шаул». Тхьэм пащтыхьу хихар иригъэукIын хуидакъым Даут и ныбжьэгъум, жриIащ абы ар Езы Зиусхьэным, и пIалъэр къэсмэ, зэрыIэщIэкIуэдыжынур. Шаул и бжымрэ псылъэ кхъуэщымынымрэ къащтэри, ахэр абдеж къыIукIыжащ.

ЕтIуанэ махуэм Даут Шаул и дзэм хуэзанщIэ Iуащхьэм къытеуващ, Шаул къегуоури бжымрэ псылъэмрэ къригъэлъэгъуащ. Лейуэ кIэлъызэрихьа псор Даут къызэрыхуигъэгъуар щилъагъум, Шаул жиIащ: «Гуэныхь къэсхьащ сэ; къэгъэзэж, си къуэ Даут, лей пкIэлъызесхьэжынукъым афIэкIа, си псэм укъызэремыщэр нобэ си нэгу щIэбгъэкIащи; сыжэкъуащ сэ, сынокъуэншэкIащ, гуэныхь куэди къэсхьащ». И ужь афIэкIа имыхьэжыну къигъэгугъащ пащтыхьым Даут, ауэ ар илъагъу зэрымыхъум къытенащ, къыхуигъэгъункIэ, и гум лъагъумыхъуныгъэр ирихынкIэ Тхьэм елъэIуатэкъыми.

1 ПАЩТЫХЬХЭМ 20:1-43; 26:2-21

## ДАУТ ИЗРАИЛ ПСОМ Я ПАЩТЫХЬ ЗЭРЫХЪУАР

Зэгуэрым пащтыхьым и дзэм щыщ зылI къакIуэри, филишт цIыхухэм щезауэм Шаули абы и къуэ Ионатани къызэраукIар къыжриIащ Даут. А лIым и гугъащ и бийр, Шаул, дунейм зэрехыжам Даут щыгуфIыкIыну. Ауэ Шаул гужьгъэжь къызэрыхуиIар щыгъупщэжат Даут. Игу хэщIауэ, абы Шаулрэ Ионатанрэ гъыбзэ яхуиусащ: «Псэуху пщIэ зэхуащIрэ зэгурыIуэу щыта Шаулрэ Ионатанрэ зэпэIэщIэ ищIакъым лIэныгъэми. Бгъэм нэхърэ нэхъ жант, аслъэным нэхърэ нэхъ лъэщт ахэр. Израилым ипхъухэ! Вгъей щыгъын лъапIэкIэ фызыхуапэу, фи щыгъыныр дыщэ уагъэкIэ зэщIэзыблэу щыта Шаул. ЦIыху лъэщхэр зэуапIэм икIуэдащ, вгъей ахэр!.. Сигу хощI уэр папщIэ, си къуэш Ионатан. СэркIэ улъапIэ дыдэт уэ; уи лъагъуныгъэр сэркIэ нэхъ лъэпIэт цIыхубз лъагъуныгъэм нэхърэ...»

Апхуэдэу игъеижащ Даут ахэр. Абы и ужькIэ ар, Зиусхьэным и унафэкIэ, Iэпхъуэри Хэврон дэтIысхьащ. куэд мыщIэу Даут деж къэкIуащ иудэ цIыху зыбжанэ, абыхэм Даут Иудэ, Израилым и ипщэ щIыналъэм, и пащтыхь ящIащ. Илъэсиблрэ ныкъуэрэ дэкIа нэужь, Даут Израил псом я пащтыхь хъуащ. Тхьэм игъэзэщIащ ар бегъымбар Шамуел и цIэкIэ къызэригъэгугъауэ щытар.

ПАЩТЫХЬХЭМ 1:1-4, 23-27; 2:1-4

## ТХЬЭМ ИГЪЭУВА ЗЭГУРЫІУЭНЫГЪЭР ЗЫДЭЛЪ ПХЪУАНТЭР ЕРУСАЛИМ

Израил псом я пащтыхь хъуа нэужь, Даут Ерусалим дэтІысхьащ, и пащтыхьыгъуэр абы щиублащ. Тхьэм и нэфІ къыщыхуащ Даут, акъылкІэ, Израилым и бийхэм зэрыпэлъэщын къарукІэ къетащ. Даут фІы дыдэу илъагъурт Тхьэр, зэгурыІуэныгъэм и пхъуантэр езыр зыдэс къалэм дэлъынуи хуейт, езым пэгъунэгъуу. А пхъуантэр зауэхэм ящыщ зым щаІэрыхьэри филишт цІыхухэм яхьат. И ужькІэ къратыжат ар израил цІыхухэм, иджы щахъумэрт Кириат-ЕаримкІэ зэджэ щІыпІэм щыпсэу Авинадав и унэм. Даут игу ирилъхьащ ар абы къирихыжу къалэ лъапІэ Ерусалим къихьыжыну.

Зэгуэр цІыху куэд зэхуишэсри, ар пхъуантэм кІэлъыкІуащ. Сыт хуэдизкІэ гуфІат Даут пхъуантэр Ерусалим къахьыжу Сион Іуащхьэм щыдахам щыгъуэ! Пшынэдыкъуакъуэр игъаджэурэ, абы игъэлъапІэрт зи гуащІэр ин Тхьэр, гуфІэщауэ къыщыфэрт Зиусхьэным и пащхьэм. ЦІыхухэми ягъэлъапІэрт Тхьэр, гуфІэгъуэшхуэр яІэрэ бжьамийхэр ягъаджэу. Пхъуантэр тхьэлъэІупІэ шэтырым и жыхафэм трагъэуващ, а тхьэлъэІупІэр пхъуантэм щхьэкІэ иригъэщІат Даут. ИтІанэ Даут Зиусхьэным жьэрымэ хуигъэуащ, тыхь хуищІащ. Тыхь щІын иуха нэужь, ЛъэкІ псори зиІэ Зиусхьэным и цІэкІэ цІыхухэм и нэфІ щыхуащ Даут, Израил псоми щІакхъуэ, хьэлывэ, лы гъэжьа яхуигуэшащ.

Абы и ужькІэ Зиусхьэным Даут къигъэгугъащ и пащтыхь унэм и лъабжьэр игъэбыдэнкІэ, мыр жиІэри: «Сэ абы адэ сыхуэхъунущ, езыр Сэ къуэ къысхуэхъунущ; гуэныхь ІэщІэщІэмэ, Сэ абы лІым я башрэ жылэм я удынкІэ тезыр теслъхьэнщ, ауэ си гущІэгъум хэзнынкъым, сигу зэзыгъэбгъа Шаул зэрыхэзнам хуэдэу. Уи унэми уи къэралыгъуэми я лъабжьэр зэи щытІэсхъэнукъым си пащхьэ, уи пащтыхьыгъуэм и лъэр щытынущ игъащІэкІэ». Тхьэм и псалъэхэр Даут къыжезыІэжар Натан бегъымбарыращ. А псалъэр зэхиха нэужь, Зиусхьэным и пащхьэ ихьэри, Даут Тхьэ елъэІуащ: «Сыхэт сэ, Зиусхьэн, Зиусхьэн, си унэри сытым щыщ, апхуэдиз лъапІэныгъэ къызэпхыну?.. Лъэщыгъуэр зейр Уэращ, си Зиусхьэн, Зиусхьэн! Сыту жыпІэмэ щыІэкъым Уэ пхуэдэ, щыІэкъым Тхьэ, Уэр фІэкІа... Нобэ, ди Зиусхьэну Тхьэ, уи ІурыщІэм, абы и унэм хужыпІа псалъэр щІэгъэбыдэ игъащІэкІэ, гъэзащІэ Уэ жыпІар».

2 ПАЩТЫХЬХЭМ 6:2-19; 7:14-16,18-29

## ДАУТ И УЭРЭД ЛЪАПIЭХЭР

Мэлыхъуэу щыщытам щыгъуи Даут езым иуса уэрэдхэр жиIэн фIэфIт, пшынэдыкъуакъуэкIэ дежьууэ. Пащтыхьышхуэ щыхъуами абы уэрэд иусын щигъэтакъым, ахэр уэрэджыIакIуэхэмрэ жылэмрэ жаIэрт, Зиусхьэныр ягъэлъапIэу.

Библием тхылъ лъапIэм итщ Даут иуса уэрэд куэд. Ахэр Тхьэм хуиIэ лъагъуныгъэмкIэ гъэнщIащ, Абы и цIэр ягъэлъапIэ.

Даут фIыуэ ищIэрт мэл хъушэр мэлыхъуэ Iущ зэрыхуейр; щыщIалэм абы и нэIэ ятекIакъым мэл хъушэм. И уэрэдхэм ящыщ зым Зиусхьэным щхьэкIэ мыр щыжеIэ Даут:

«Зиусхьэныр си лэгъупэжьщ;
Сэ зыми сыхуэныкъуэнукъым.
ХъупIэ щIагъуэхэм
гупсэхуу сыщегъэпсэу Абы
псы Iэсэхэм сабгъэдешэ.
Си псэр къегъэпсэуж,
Езым и цIэм папщIэ
щыпкъагъэм и гъуэгу сытрешэ.
Ажалым и ныбжь ауз сихьэми
Сыщышынэркъым ем,
Уэ усщIыгъущи;
Уи лэгъупэжь башымрэ
Уигъуэгуанэ башымрэ
сэ гупсэхугъуэ къызат.
Си бийхэм ялъагъуу,
Къысхуэбгъэуащ ерыскъы Iэнэ
жьантIэр къызэппэсащ,
си Iэгубжьэм изыбзы къэпщIащ.
Аращи, уи фIыгъэрэ, уинэфIрэ
сэ къэзгъэщIэну махуэ псоми сщIыгъунущ,
Зиусхьэным и унэ
игъащIэкIэ сыщыпсэунщ».

22-нэ УЭРЭД ЛЪАПIЭ

## ННАТАН БЕГЪЫМБАРЫР ДАУТ И ПАЩХЬЭМ

Даут Зиусхьэныр фIыуэ илъагъурт, Абы и псалъэм зэредэIуэнми пылъ зэпытт. Ауэ шейтIаныр итт абы и ужь, цIыху псоми я ужь зэритым хуэдэу; ар зэрыдишэхыным, мыгъуагъэ зэрыригъэщIэным хэтт. Даут гуэныхьышхуэ IэщIэщIащ зэгуэрым. Пщыхьэщхьэ гуэрым ар и унащхьэм техьащ, жьы зыщIригъэхуну. Унащхьэм здытетым, Батшэбэ зи цIэ цIыхубзыр къыIэщIэлъэгъуащ абы; зэрыIуплъэу егуэкIуащ цIыхубзым. Ауэ Даут а цIыхубзыр къишэ хъунутэкъым, абы лIы иIэти. ШейтIаным Даут и гум Iей къырилъхьащ, абы зыдригъэшэхащ. Батшэбэ и лIыр, Урие, зауэм игъэкIуащ Даут, ар зауэм къыщаукIащ. Ар къыщаукIым, Даут Батшэбэ къишащ.

Зыбжанэ дэкIауэ, Зиусхьэным Натан бегъымбарыр къыхуиIуэхуащ Даут. Абы мыпхуэдэ хъыбар къригъэдэIуащ ар: «Къалэ гуэрым цIыхуитI дэст: зы къулейрэ зы къулейсызрэ. Къулейм Iэщ цIыкIуи Iэщышхуи и гъунэжт. Къулейсызым зы щынэ фIэкI иIэтэкъым; ар къалъхуагъащIэу къищэхури ипIат абы, и бынхэм ящIыгъуу къигъэхъуат; щIаккъуэ Iыхьэ зэдашхат, зы фалъэ ифыкIат, и бгъафэм щигъэжейрт, пхъу хуэдэ хуэхъуат. Къулейм деж гъуэгурыкIуэ къекIуэлIащ зэгуэрым, абы хуиукIын хигъуэтакъым и мэл хъушэми ивхэми - щысхьащ, гъуэгурыкIуэм езым и былым шэджагъуашхэ хуищIын игу пыкIакъым, къулейсызым и щынэр къыIрихри иукIащ...» А хъыбарыр щызэхихым, Даут губжьауэ шхыдащ: «Ар зыщIа цIыхум ажал хуэфащэщ. Щынэр хуэдиплIкIэ ипшыныжын хуейщ абы; ар зэрищIам щхьэкIи гущIэгъу зэрыхэмылъым щхьэкIи».

Натан Даут жриIащ итIанэ: «А цIыхур уэращ». Бегъымбарыр егиящ Даут, Iей зэрилэжьар гуригъэIуэжащ. ИщIа гуэныхьым хущIегъуэри, Даут жиIащ: «Гуэныхь зыпылъ щызлэжьащ Зиусхьэным и пащхьэ». Даут щыщIегъуэжым, Натан абы жриIащ: «Зиусхьэным уи гуэныхьыр пщхьэщихащ; уэ улIэнукъым. Ауэ Зиусхьэным хуэхъущIэн папщIэ, Абы и жагъуэгъухэм уэ блэжьа IуэхумкIэ щхьэусыгъуэ еп-



тащи, дунейм къытехьагъащIэ уи къуэр лIэнущ». Даут и гуэныхьыр къыхуэгъуащ, ауэ тезырыншэ хъуакъым. IэщIэщIам зэрыхущIегъуэжар къыхэшу, Даут гъыбзэ иусыгъащ иужьым, мы псалъэхэр хэту: «...КъыстекIэ псы, уэсым нэхърэ нэхъ хужь сыхъунщ сэ... Си гур къитхьэщIыкI, ди Тхьэ, си псэр захуагъэм хуэгъэпсыж».

2 ПАЩТЫХЬХЭМ 1:2-17; 12:1-14; УЭРЭД ЛЪАПIЭ 50:9,12

## АБШАЛОМ ЗЭРЫХЭКIУЭДАР

Даут и къуэхэм ящыщ зыт Абшалом. Ар щIалэ пагэ дыдэт, и теплъэкIэ цIыху екIут, щхьэц кIыхь дахэ тетт, абыкIэ къахэщырт псоми. Ауэ Тхьэм щымышынэ гу бзаджэ, гу хьэрэм, укъэзымыгъэпэжын гу кIуэцIылът. Абшалом и адэр фIыуэ илъагъуртэкъым, абы и пIэ зэриувэным щIэкъурт. Израил цIыхухэм пщIэ хуащIырт, фIыуэ ялъагъурт Абшалом, ахэр пцIыкIэ, фэрыщIыгъэкIэ, гулъытэ нэпцIрэ гуапагъэ нэпцIкIэ къыдихьэхати. И къуэр къеныкъуэкъу щыхъум, Даут, дзэ зэхуишэсри, Ерусалим дэкIащ, пащтыхь сэрейр ибгынэри, губгъуэ нэщIым ит къалэм зыщигъэпщкIуащ.

И адэр здэкIуар зригъэщIащ Абшалом, дзэшхуэ зыщIигъури лъежьащ абы. И къуэр зэуакIуэ къызэрежьар къыщищIэм, Даут дзэ пригъэжьащ, ауэ дзэм унафэ яхуищIащ Абшалом лажьэ ирамыгъэкIыну, ямыукIыну. Даут и къуэр фIыуэ илъагъурт, апхуэдиз гуныкъуэгъуэ къритарэ пэт.

Зауэр мэз щIагъым щаублащ. Тхьэр къадэIэпыкъури, Даут и дзэр текIуащ. Абшалом и дзэр щIэIэжащ. Къыдырым шэсри, щIэпхъуэжащ Абшаломи. Жыгей жыгышхуэ блэжрэ пэт, Абшалом и щхьэцыкIэр жыг къудамэм фIэнащ. Къыдырыр щIэжри хыхьэжащ, Абшалом жыгей къудамэм щхьэцыкIэкIэ къыфIэнащ, и лъакъуэр щIым нэмысу. Даут и дзэпщым ар къыщилъагъум, шабзэшэкIэ къеуэри пащтыхьым и къуэр иукIащ; шабзэшэм Абшалом и гум зыпхидзат.

Къэхъуар щызэхихым, и гум щIыхьэри, куэдрэ гъащ Даут. «Си къуэ, Абшалом, си къуэ, си къуэ, Абшалом! Уей, уей, уи пIэкIэ щхьэ сымылIарэ сэ, Абшалом, си къуэ, си къуэ!» Езыр лIамэ, нэхъ къищтэнут абы, и къуэр дунейм ехыхауэ зэхих нэхърэ. Игъуэ нэмысу Iихыжащ Тхьэм Абшалом и гъащIэ IэубыдыпIэншэр.

Библием жеIэ: «Зи адэмрэ зи анэмрэ хущIэбжэм и уэздыгъэр къытеункIыфIэжынущ».

2 ПАЩТЫХЬХЭМ 14:25-26; 15:1-6; 18:2-14,32-33
СЭЛМЭН И ПСАЛЪЭЖЬХЭМ 20:20

## АКЪЫЛЫФIАГЪЭ ЗИIЭ ПАЩТЫХЬ СЭЛМЭН

Даут лIа нэужь, абы и къуэ Сэлмэн Израилым пащтыхь яхуищIащ Зиусхьэным. Зэгуэрым, жейм здыхэтым, Сэлмэн деж къакIуэри, Тхьэм къыжриIащ ар зэрелъэIу псори къызэрыхуищIэнур. УпащтыхьыфIу, упащтыхь захуэу ущытыныр зэрыгугъур ищIэрти, апхуэдиз цIыхум я унафэр зэрыпщIыфын акъыл щхьэкIэ елъэIуащ Сэлмэн Зиусхьэным. Зиусхьэным абы жэуап къритыжащ: «Абы узэрыщIэлъэIуам щхьэкIэ, уи гъащIэр кIыхь сщIыну узэрыщIэмылъэIуам щхьэкIэ, мылъку узэрыщIэмылъэIуам щхьэкIэ, уи бийхэм я псэм узэрыщIэмылъэIуам щхьэкIэ, унафэ зэрыпщIын акъыл узэрыщIэлъэIуам щхьэкIэ, мис, Сэ пхуэсщIэнщ уи лъэIур, укъызэрызэлъэIуауэ. Мис, Сэ узот акъылыфIагъэ, Iущыгъэ... УзыщIэмылъэIуари узот Сэ: мылъкурэ щIыхьрэ; гъащIэ уиIэху, уэ къыппэхъун къахэкIынукъым пащтыхьхэм. Уи адэ Даут хуэдэу, си хабзэхэмрэ си унафэхэмрэ пхъумэурэ, си гъуэгум урикIуэмэ, уи гъащIэри кIыхь сщIынщ».

Сэлмэн деж зэгуэрым фызитI зэдауэу къэкIуащ, сабий цIыкIуи къахьащ. ТIуми тхьэ щаIуэжырт сабийр ейуэ. ПцIы зыупсымрэ пэж жызыIэмрэ зэхигъэкIын щхьэкIэ, сабийр тIууэ зэгуаупщIыкIыу фызитIым ныкъуэ-ныкъуэу иратыну унафэ ищIащ Сэлмэн. Дауи, сабийр иукIын мурад иIакъым абы, ар щIыжиIар мохэр игъэунэхунути, аращ. ФызитIым я зым жиIащ: 'ФупщIатэ сабийр; тIуми къытлъремыс ар!' Адрей фызыр къэкIиящ: 'Сабийр мобы ефт, ауэ фымыукI'.

Сэлмэн апхуэдэ щIыкIэкIэ къищIащ сабийр къэзылъхуар, сыту жыпIэмэ сабийр псэууэ къигъэнэн щхьэкIэ, анэм ар хэти иритыфынущи.

Дэри, Зиусхьэныр фIыуэ тлъагъурэ акъылыфIагъэкIэ къыдэтэну делъэIумэ, Ар къыдэтэнущ. Тхьэм жиIащ: «ФыкъызэлъэIуи, фэстынущ».

3 ПАЩТЫХЬХЭМ 3:5-28

## ТХЬЭМ И УНЭШХУЭР

Тхьэм Даут къыжриIауэ щытащ Сэлмэн Зиусхьэным и унэшхуэ лъапIэ зэрищIынур. Зиусхьэным и щIыхьымрэ и Псэ ЛъапIэмрэ щызыхэпщIэн хуейт а унэм.

Зиусхьэным и унафэр игъэзэщIащ Сэлмэн, Абы папщIэ иухуащ Тхьэм и унэ гъуэзэджэ. Унэ кIуэцIыр дыщэкIэ къищIыкIат, уэздыгъэ нэхур зэщIэблэрт. Унэм ихъуреягъыр пщIантIэ ищIащ Сэлмэн, мывэ блынкIэ къригъэхухьри. ПщIантIэм гъуаплъэ зытхьэщIыпIипщI дэтт, тыхь ящI псэущхьэхэр щалъэсын щхьэкIэ. ЗытхьэщIыпIэхэм ящыщ зыр адрейхэм нэхърэ нэхъ инт, абы щIэтт гъуаплъэм къыхэщIыкIа вы сурэт пщыкIутI. Дин пашэхэм зызэратхьэщIын псы итт абы. ПщIантIэм дэтт гъуаплъэ тыхьщIыпIэшхуи.

Унэ кIуэцIым къыщыхэгъэщхьэхукIат давиркIэ зэджэр, дыщэкIэ къищIыкIауэ; абдеж щахъумэрт Тхьэм игъэува зэгурыIуэныгъэр зыдэлъ пхъуантэр. Давирым итт херувим сурэтитI, зейтун жыгым къыхэщIыкIауэ; ари дыщэрэ дыщэпскIэ лат. Давирым бгъэдэтт дыщэ тыхьщIыпIэ, абы жьэрымэ щагъэурт. Херувим сурэтхэм апхуэдиз я инагъти, абыхэм ящыщ зым и дамэр блын зэпэщытитIым ялъэIэсырт. Адрей я дамэхэр тхьэ унэм и жыхафэгум деж щызэуэлIэжырт.

Тхьэ унэм и блын псоми теплъагъуэрт херувимхэм я сурэт, хъурмэ жыгхэмрэ удз гъэгъахэмрэ. ДыщэкIэ къищIыкIат тхьэ унэм и лъэгури.

3 ПАЩТЫХЬХЭМ 6:14-36

## СЭЛМЭН ТХЬЭМ И УНЭШХУЭМ ТХЬЭМ ЗЭРЫЩЕЛЪЭIУАР

Тхьэм и унэшхуэр щIын яуха нэужь, Тхьэм игъэува зэгурыIуэны-гъэр зыдэлъ пхъуантэр къахьри, Пэшу я нэхъ ЛъапIэкIэ зэджэм дагъэуващ, а пэщым щIыхьэнкIэ хуитыр япэрей дин пашэрт, ари илъэсым зэ, - езыхэмрэ цIыхумрэ я гуэныхьыр ирапшыныжын щхьэкIэ тыхь щащIын папщIэ. Пэшу я нэхъ ЛъапIэм и щIыхьэпIэм Iупхъуэшхуэ Iулът.

ЗэгурыIуэныгъэр зыдэлъ пхъуантэр Тхьэм и унэшхуэм щIахьэу, дин пашэхэм, уэрэджыIакIуэхэр я гъусэу, ДыкъэзыгъэщIар ягъэлъэпIа нэужь, Езы Зиусхьэныр пшэм хэту къэлъэгъуащ, Абы и щIыхьыр щIэз хъуащ Тхьэм и унэшхуэм. ТыхьщIыпIэм бгъэдэувэри, цIыху къызэхуэсахэм я пащхьэ иту, и Iэри уафэмкIэ шияуэ, Сэлмэн жиIащ:

«Зиусхьэн, Израилым и Тхьэ! Уэ пхуэдэ Тхьэ уэгуми иткъым, щIылъэми теткъым; Уи уэрыщIэхэр, гурэ псэкIэ къыббгъэдэтхэр, къызэрыбгъэгугъамрэ уи гущIэгъумрэ утетщ Уэ... ИпэжыпIэкIэ, Тхьэра щIым тетын хуейр? Уафэри щIылъэри къозэвэкI Уэ, итIани мы унэр сэ пхуэсщIащ уэ. ЗэхэщIыкI уи IурыщIэм и тхьэлъэIур, си Зиусхьэн, си Тхьэ. Зэхэх уи IурыщIэр нобэ къызэролъэIур. Уи нэIэ тегъэт мы тхьэлъэIупIэ унэм - мыр зыхужыпIам: ‘Си ЦIэр щыIэнущ абы’; зэхэх мы щIыпIэм деж уи IурыщIэр къызэрыщолъэIунур... Уи нэIэ трырет уи IурыщIэм, уи лъэпкъым, Уэ къыщоджэнум деж абыхэм я лъэIур дапщэщи игъащIэкIи зэхэпхын щхьэкIэ».

3 ПАЩТЫХЬХЭМ 8:3-11, 22-52

## СЭЛМЭНРЭ ШЭВА ПАЩТЫХЬ ГУАЩЭМРЭ

Мы библие хъыбарыр Шэва пащтыхь гуащэм теухуащ. Абы и пащтыхьыгъуэр Аравием и ищхьэрэ-къуэкIыпIэ лъэныкъуэмкIэ щыIауэ ялъытэ, нобэрей Иеменым и щIыналъэр къызэщIиубыдэу.

«Зиусхьэным и цIэкIэ Сэлмэн бгъэдэлъ щIыхьым и хъыбар щызэхихым, Шэва пащтыхь гуащэр къыхуэкIуащ, ар щIагъыбзэкIэ игъэунэхун папщIэ. Мылъкушхуэ къыздишэри къэкIуащ ар Ерусалим: махъшэхэм ятелът мэ гуакIуэ зыгъэу къэкIыгъэхэр, дыщэ куэдыкIейрэ мывэ лъапIэхэмрэ; къэкIуащ Сэлмэн деж, и гурылъ псомкIи къепсэлъылIащ абы. Сэлмэн жэуап иритащ ар зыщIэупщIа псоми, ар зыщымыгъуазэ гуэри къыхэкIакъым пащтыхь гуащэм и упщIэхэм. Шэва пащтыхь гуащэм и нэкIэ илъэгъуащ Сэлмэн и акъылыфIагъэри, абы ищIа унэри, и Iэнэм къытехьа шхыныгъуэхэри, и пщылIхэр зыщIэс унэхэри, и унэIутхэр зэрыIэдэбри, абыхэм я щыгъынхэри, и щхьэгъэрытхэри, Зиусхьэным и унэшхуэм щищI тыхьхэри. АфIэкIа зыхуэIыгъыжакъым абы, пащтыхьым жриIащ: 'Пэжщ уи IуэхущIафэхэмрэ уи акъылыфIагъэмрэ теухуауэ сэ ди деж щызэхэсха псор; ар си фIэщ хъунутэкъым, сыкъакIуэу си нэкIэ сымылъэгъуатэмэ: икIи мис, зэхэсхам нэхърэ нэхъыбэ слъэгъуащ. Сэ зэхэсхам йобэкI уи акъылыфIагъэри уи къулеигъэри. Егъэлеяуэ насыпыфIэщ уи цIыхухэр, насыпыфIэщ уэ сыт щыгъуи къыббгъэдэт, уи акъылыфIагъэр уи унэIутхэр! Уэ Израил пащтыхьыгъуэр уи IэмыщIэ къизылъхьа Зиусхьэныр, уи Тхьэр, лъапIэщ. Израилым лъагъуныгъэ мыухыжыр къыхуэзыщI Зиусхьэным пащтыхьу ухихащ уэ, захуагъэмрэ пэжымрэ утетын папщIэ'. Пащтыхьым кърitaщ абы дыщэ талантищэрэ тIощIрэ (килограмм 408-рэ хуэдиз мэхъу), мэ гуакIуэ зыгъэу къэкIыгъэ куэдыкIей, мывэ лъапIэхэр; Шэва пащтыхь гуащэм Сэлмэн кърита къэкIыгъэ лъапIэм хуэдиз игъащIэм къихьатэкъым Израил щIыналъэм... Кхъухьым къишащ... пхъэ плъыжь куэдыкIейрэ мывэ лъапIэ куэдыкIейрэ. А пхъэ плъыжьыр Зиусхьэным и унэшхуэми и пащтыхь сэрейми халъхьащ, уэрэджыIакIуэхэм пщынэдыкъуакъуэрэ пшыналъэрэ хуащIащ. Апхуэдиз пхъэ плъыжь къахьатэкъым зэи, нобэр къыздэсым ялъэгъуатэкъым апхуэдиз. Шэва пащтыхь гуащэр зыщIэлъэIуа псори зыхуей псори иритащ абы пащтыхь Сэлмэн, езым и IэкIэ иритам илейуэ. КIуэжащ ар и хэкум, ари и унэIутхэри».

3 ПАЩТЫХЬХЭМ 10:1-13

## СЭЛМЭН ТХЬЭМ ЗЭРЫБГЪЭДЭКІАР

Тхьэм и Унэшхуэр щиухуэм, Сэлмэн Тхьэм къыжриІат: «Си унафэкІэ узекІуэмэ, си псалъэм утемыкІмэ, си хабзэ псори, уригъуазэурэ, зепхьэмэ, уи адэр, Даут, къызэрызгъэгугъар пхуэсщІэнущ, израил цІыхухэм сащхьэщытынущ, израил лъэпкъыр збгынэнукъым». Игурэ и псэкІэ игъэзащІэрт Сэлмэн Тхьэм и унафэхэр.

Илъэс куэд дэкІри, Сэлмэн Тхьэм и щІыхьым щІэмыкъуж, цІыхум я щІыхьым щІэбэг хъуащ. Куэдрэ псэуащ ар, тхьэнэпцІхэр ягъэлъапІэурэ, Тхьэ лъапІэр зымыщІэ хамэ фыз куэд иІэт абы. А фызхэм тхьэнэпцІхэм драгъэшэхащ Сэлмэн, тхьэнэпцІхэм къурмэнщІыпІэхэр яхуищІащ. Тхьэ лъапІэм хуэлажьэ Сэлмэн ар ищІауэ нэгум къыщІэгъэхьэгъуейщ.

Зиусхьэным зэрепцІыжам щхьэкІэ Тхьэр къыхуэгубжьащ Сэлмэн; тхьэнэпцІхэм задригъэшэх зэрымыхъунур тІэунейрэ къыжриІащ абы Тхьэм, ауэ Сэлмэн игъэзэщІакъым Зиусхьэным къыхуищІа унафэр. Тхьэм Сэлмэн къыжриІащ итІанэ: «Апхуэдэ зэрыблэжьым щхьэкІэ, уэ уэзухылІа си хабзэхэмрэ си унафэхэмрэ узэрытекІам папщІэ Сэ пащтыхьыгъуэр къыпІысхыжынурэ уи ІуэхутхьэбзэщщхьэбзащІэм естынущ. Ауэ уэ упсэуху, ар уэсщІэнукъым уи адэм, Даут, и хьэтыркІэ; уи къуэм и ІэмыщІэрщ ар къызэрысхыжынур. Пащтыхьыгъуэ псори къеІысхыыжынукъым; зы лІакъуэр естынущ уи къуэм си ІурыщІэ Даутрэ Сэ къыхэсха Ерусалимрэ я хьэтыркІэ».

Аращ зэрыхъуар. Пащтыхьым илэжьа гуэныхьым и зэранкІэ хэкур ІыхьитІу гуэша хъуащ, ахэр зэщыІеижащ.

3 ПАЩТЫХЬХЭМ 6:12-13; 11:1-13

## ПАЩТЫХЬЫГЪУЭР ГУЭША ЗЭРЫХЪУАР

Израил пащтыхьыгъуэ щIэращIэр илъэси 120-кIэщ зэрыщытар: илъэс плIыщI-плIыщIкIэ абы и пащтыхьащ Шаул, Даут, Сэлмэн сымэ. Пащтыхь Сэлмэн лIа нэужь, пащтыхьыгъуэр тIууэ зэгуэкIащ - Израил пащтыхьыгъуэрэ Иудэ пащтыхьыгъуэу. Мыпхуэдэущ ар къызэрыхъуар: Израил цIыху псори Шэхэм щызэхуэсащ, дунейм ехыжа Сэлмэн и къуэ Рэхавэам пащтыхь тахътэр IэщIалъхьэн щхьэкIэ. Яравэамрэ Израил цIыхухэмрэ Рэхавэам деж кIуэри жраIащ: «Уи адэм хьэзаб къыттрилъхьащ, абы къыттрилъхьа хьэзабыр ттепхрэ абы дызригъэувэлIа лэжьыгъэ хьэлъэр тщыбгъэпсынщIэмэ, уэ къулыкъу пхуэтщIэнущ».

И адэр, Сэлмэн, щыпсэум щыгъуэ сэрейм дэса тхьэмадэ Iущхэм ечэнджэщати, Рэхавэам мыр къыжраIащ: «'Мы лъэпкъым нобэ щыщIэдзауэ уателэжьэнумэ, къулыкъу яхуэпщIэнумэ, арэзы пщIыфынумэ, уи бзэр абыхэм яхуэIэфIынумэ, ахэр игъащIэкIэ уи IурыщIэнынщ'. Ауэ Рэхавэам нэхъыжьхэм я чэнджэщым едэIуакъым... зэдэIуар езым къыдэхъуа, къыбгъэдэт цIыху щIалэхэрщ». Абыхэм чэнджэщ мыхъумыщIэ кърахащ Рэхавэам: «ЯжеIэ мы лъэпкъым: 'Си Iэпхъуамбэжьакlэр нэхъ гъумщ си адэм и куэм нэхърэ. Си адэм хьэзаб къыфтрилъхьауэ гугъу фригъэхьмэ, а хьэзабыр тIуащIэ фхуэсщIынщ сэ; си адэр щIопщкIэ къывэуэу щытамэ, сэ щхъуэ зезыхьэ бэджыр (скорпионыр) къывэзгъэуэнущ'... Израил псоми я нэгу щIэкIащ я пащтыхьыр къазэремыдэIуэнур».

Израилыр, щыгъуазэ дызэрыхъуащи, Екъуб и къуэ пщыкIутIым къытехъукIа лIакъуэ 12 хъурт. Пащтыхь увагъащIэ Рэхавэам и псалъэр щызэхахым, лIакъуипщIым зыкъаIэтащ, абы къыгуэкIри Иаравам пащтыхьу хахащ. Тхылъ лъапIэм а пащтыхьыгъуэм 'Израил пащтыхьыгъуэкIэ' щоджэ. Дэ абы Ищхъэрэ пащтыхьыгъуэкIи доджэ, ар Израил и ищхъэрэ лъэныкъуэмкIэ щыIащи. Япэ щIыкIэ Шэхэмщ абы и къалащхьэ хъуар, итIанэ Тирцэ, иужьым Самарие къалэр. Израил пащтыхьыгъуэр псэуащ илъэс 200-м щIигъукIэ, Хьисэ Мэссихь къалъхун ипэ 721 гъэм ар зэхикъутащ ассирий пащтыхь Шалманэсэр.

Сэлмэн и къуэ Рэхавэам къыхуэпэжар Иудэ и лIакъуэмрэ Биниамин и лIакъуэм щыщ Iыхьэрэщ, абыхэм яухуащ Иудэ пащтыхьыгъуэр. Хэку лъапIэм и ипщэ лъэныкъуэмкIэ зэрыщыIам щхьэкIэ абы 'Ипщэ пащтыхьыгъуэкIи' доджэ. Абы и къалащхьэр Ерусалимт. Иудэ пащтыхьыгъуэм илъэс 350-рэ хуэдиз къигъэщIащ, ар Бабилэн зэхикъутащ Хьисэ Мэссихь къалъхун ипэ 586 гъэм.

3 ПАЩТЫХЬЫХЭМ 12

## ИУДЭ - ИПЩЭ ПАЩТЫХЬЫГЪУЭ

Иудэм, е Ипщэ пащтыхьыгъуэм, лIэщIыгъуищрэ ныкъуэрэ хуэдиз къигъэщIащ. Ищхъэрэ пащтыхьыгъуэр зэхакъута нэужь, илъэси 135-рэ дэкIауэ, лъэлъэжащ ар. Ипщэ пащтыхьыгъуэм пащтыхь 20 щызэблэкIащ: Рэхавэам, Авиям, Асэ*, Ехьошафат*, Ехьорам, Ахазие, пащтыхь гуащэ Аталие, Ехьоаш*, Амацие*, Узие*, Иотам*, Ахаз, Хизкие*, Мэнашэ, Амон, Иошие*, Ехьоахаз, Ехьоияким, Ехьоияхин, Цидкие сымэ.

Ипщэ пащтыхьхэм я нэхъыбэр Тхьэ лъапIэм епцIыжауэ, тхьэнэпцIхэм хуэлажьэу, гуэныхь ящIэу щытами, абыхэм ящыщ языныкъуэхэр Тхьэ лъапIэм хуэлажьэрт. Абыхэм ящыщ языныкъуэхэр, псалъэм папщIэ, Хизкие, Иошие сымэ, щыпащтыхьам щыгъуэ Ипщэ пащтыхьыгъуэр къызэщIэушауэ, пащтыхьхэм тхьэнэпцI унэхэр зэтракъутэу, Тхьэм и Псалъэр яджыну цIыхум къалэн щащIу, Iуэху фIейхэм зыщадзеину, Тхьэм къариухылIа хабзэхэм, унафэхэм, къалэнхэм тетыну цIыхухэр ирахулIэу щытащ.

Иудэ пащтыхьыгъуэм ис цIыхур Израил пащтыхьыгъуэм ис цIыхум нэхърэ хуэдих хуэдэкIэ нэхъ мащIэт. Я гъунэгъу лъэпкъхэм еплъытмэ, Израил пащтыхьыгъуэри Иудэ пащтыхьыгъуэри ин дыдэтэкъым. Ахэр езыр-езырурэ зэзэуэжми, абыхэм я бий нэхъыщхьэр хамэ лъэпкъхэрт: ищхъэрэкIэ - Сириер (Арам), къуэкIыпIэмкIэ - Ассирие, Бабилэн къэрал лъэщхэр, ипщэ-къухьэпIэмкIэ – филишт цIыхухэр, ипщэ-къуэкIыпIэмкIэ - Моавыр.

Иудэмрэ Израилымрэ Тхьэм хуэпэжыху, ахэр зауэм щытекIуэрт, абыхэм я цIыхухэмрэ я пащтыхьхэмрэ хабзаншагъэ щызэрахьэм деж Зиусхьэным тезыр къатрилъхьэрт, ахэр я бийхэм я IэмыщIэ ирилъхьэурэ. ИтIани Зиусхьэным и нэIэ тет зэпытащ а лъэпкъым нобэр къыздэсым: «Абы ар къумым, губгъуэ нэщI жагъуэм къыщигъуэтащ; къихъуреихьащ ар, кIэлъыплъащ абы, ихъумащ, Езым и нэр и напIэм зэрихъумэм хуэдэу». (Хабзэхэр 32:10)

*Тхьэм хуэпэжу щыта пащтыхьхэм я цIэхэр нагъыщэмкIэ къыхэгъэщахэщ.*

## ИЗРАИЛ – ИЩХЪЭРЭ ПАЩТЫХЬЫГЪУЭ

А пащтыхьыгъуэр псэуащ илъэс щитIым щIигъукIэ. Пащтыхь пщыкIутху щызэблэкIащ абы: Иаравэам, Нэват, Ваасэ, Элэ, Замрий, Амрий, Ахав, Ахазие, Ехьорам, Ехьу, Ехьоахэз, Иоаш, Иараваам II, Захарие, Шаллум, Менахем, Пакахие, Пэках, Хьошеа сымэ. Лъыгъажэ зауэ куэд и нэгу щIэкIащ а пащтыхьыгъуэм. Ар куэдрэ езэуащ Иудэ пащтыхьыгъуэми гъунэгъу лъэпкъхэми. Пащтыхьхэр яукIыжырт я къуэхэмрэ я блыгущIэтхэмрэ, езыхэр пащтыхьу теувэн щхьэкIэ; пащтыхь хъуа нэужь, ахэри яукIыжырт. ЗэрыукIыжурэ, Ищхьэрэ пащтыхьыгъуэм пащтыхьу унагъуибгъу щызэблэкIащ. Ипщэ пащтыхьыгъуэр зыIэщIэлъар зы пащтыхь унагъуэщ - пащтыхь Даут и лъэпкъырщ.

МылъкукIи псэкIи гугъу ехьащ израил лъэпкъыр. Ищхъэрэ пащтыхьыгъуэм и пащтыхьхэм «Зиусхьэным и пащхьэ Iуэху мыфэмыц» щалэжьырт. Тхьэм и гъуэгум къытекIырт ахэр, лей зэрахьэрт, Тхьэм и шынагъуэ я гум имылъу, я пащтыхьыгъуэм икIагъэм зыщиубгъу зэпытт, тхьэнэпцIхэм хуэлажьэрт. Тхьэм и шынагъуэ зигу имылъ ипщэ пащтыхьхэм цIыхури гуэныхьым хадзащ. Япэ пащтыхьым, Иаравэам, деж щыщIэдзауэ, цIыхур тхьэнэпцIхэм дашэх хъуащ. Мис ар зэрыхъуар: «Иаравэам игукIэ жиIэрт: ‘Пащтыхьыгъуэр Даут и лъэпкъым я IэмыщIэ ихуэжынкIэ хъунущ; Зиусхьэным и унэм тыхь щащIын щхьэкIэ, цIыхур Ерусалим кIуэмэ, цIыхум я гур я тепщэм, Рэхавэам, Иудэ пащтыхьым, ихьэхунущ; сэ саукIынщи, Рэхавэам, Иудэ пащтыхьым, деж ягъэзэжынщ’. Чэнджащэри, пащтыхьым вы сурэтитI игъэжащ, дыщэм къыхэщIыкIауэ; цIыхум яжриIащ: ‘Ерусалим фыщIэкIуэн щыIэкъым; мис уи тхьэхэр, Израил, ахэращ Мысыр щIыналъэм укъизышыжар’. Зыр Бетел, адрейр Дан дигъэуващ. Абы хуишащ гуэныхьым». Дыщэвым нэмыщI, цIыхур Баал тхьэнэпцIми хуэлажьэ хъуащ.

А зэманым а пащтыхьыгъуэм исащ Тхьэм и бегъымбар, Ахие. Иаравэамрэ абы и пащтыхьыгъуэмрэ къащIэлъыр ищIэрт абы: «Мыр жеIэ Зиусхьэным, Израил и Тхьэм: ... Уяпэ ита псом нэхърэ нэхъыкIэ блэжьащ уэ; Сэ сыбгъэгубжьын папщIэ, нэгъуэщI тхьэхэм уеувэлIащ, тхьэнэпцI сурэтхэр пщIащ; Сэ IэщIыб сыпщIащ; абы щхьэкIэ Сэ Иаравэам и унэм мыгъуагъэ лъызгъэсынщ...» Аращ зэрыхъуари.

3 ПАЩТЫХЬЫХЭМ 12,14

## ИЛЯС БЕГЪЫМБАР

Пащтыхьхэр зэблэкIыурэ, Израилым пащтыхь щыхъуащ Ахав - абы и пэкIэ тета пащтыхь псоми нэхърэ нэхъ бзаджэр. Абы хамэ фыз иIэт Исэвэл и цIэу. И фызым Ахав игъэдэIуащ тхьэнэпцI Баал хуэIурыщIэну, абы тхьэлъэIупIэ хуищIыну; Тхьэ закъуэм хуэпэжхэр зэригъэкIуэдыным пылът ар.

А зэманым Израилым исащ Иляс зи цIэ бегъымбарыр - Тхьэ закъуэм еувэлIэну цIыхухэр къыхуезыджэр.

Ахаврэ Исэвэлрэ теплъэ хъуртэкъым Иляс, я гуэныхьхэмым зэрыщIэгъуэжыным цIыхухэр къызэрыхууриджэм щхьэкIэ. Абы щыгъуэ израил цIыхухэр Зиусхьэным и гъуэгум къытекIауэ тхьэнэпцIхэм хуэлажьэрт. Абы къыхэкIкIэ, Иляс бегъымбарым и псалъэкIэ, Тхьэм цIыхухэм тезыр къатрилъхьащ. Израил щIыналъэм илъэсищрэ ныкъуэкIэ уэшх къыщешхакъым. Уэгъу бзаджэ хъуащ. Ахав зыщигъэпщкIуу, щIыпIэ нэщI гуэр хэщIапIэ ищIын хуейуэ къыжриIащ Зиусхьэным Иляс. Зы псынэ деж щытIысащ бегъымбарыр. Бегъымбарым пщэдджыжькIи пщыхьэщхьэкIи щIакхъуэрэ лырэ къыхуахьыну Тхьэм къуаргъхэм къалэн ящищIащ; псынэм бгъэдэсти, псы хуэныкъуэнутэкъым ар.

Зиусхьэным къехъумэ Ар фIыуэ зылъагъумрэ Абы хуэпэжымрэ.

3 ПАЩТЫХЬЫХЭМ 17:1-6

# ФЫЗАБЭМ И КЪУЭР ЛIАХЭМ КЪЫЗЭРЫХИГЪЭТЭДЖЫКIЫЖАР ИЛЯС

Зэман гуэр дэкIауэ, Иляс зыбгъэдэс псынэр игъущIыкIащ. Сидон хэкум ит Сарептэ къалэм кIуэуэ, абы дэс фызабэ гуэрым и унэр егъэзыпIэ ищIын хуейуэ къыжриIащ итIанэ абы Тхьэм. А унэм ихьэри, Иляс фызым лы Iыхьэрэ псырэ щхьэкIэ елъэIуащ. Фызабэм зы къуэ иIэт, къулейсыз дыдэт. Хьэжыгъэ Iэбжьыбрэ кхъуэщыным къинэжа дагъэ тIэкIумрэ фIэкI зыри бгъэдэлъгэкъым фызабэм. Ар къыщыжриIэм, Иляс абы и гур фIы хуищIащ: «Умыдзыхэ, чейм илъ хьэжыгъэми кхъуэщыным ит дагъэми хэщIынукъым, Зиусхьэным къыщригъэшхыну махуэр къэсыху».

Иляс бегъымбарыр фызабэм и унэм къинащ, Зиусхьэным телъыджэ къахуищIащ: щIакхъуэ ягъажьэрт абыхэм махуэ къэси, ауэ дагъэмрэ хьэжыгъэмрэ хэщIыртэкъым, Иляс зэрыжиIауэ.

Куэд мыщIэу, фызабэм и къуэр сымаджэ хъури лIащ. Зигу хэщI фызабэм гуэныхь зыпылъ зэрилэжьам щхьэкIэ Тхьэм тезыр къытрилъхьауэ гугъэ ищIри, и нэпсыр къыщIэжу, сабийм и хьэдэр и IэплIэм илъу, бегъымбарым деж щIыхьащ. Иляс абы къыжриIащ: «Мыдэ сэ къызэт уи къуэр». Сабийм и хьэдэр и IэплIэм крихри и пэшым щIихьащ бегъымбарым. Ар гъуэлъыпIэм ирилъхьэри, Иляс Зиусхьэным елъэIуащ: «Зиусхьэн, си Тхьэ! Зи унэ сис фызабэми лей къепхрэ, и къуэм и псэр хэпхауэ?» ИтIанэ сабийм щэнейрэ зытрищащIэри, Тхьэм елъэIуащ ар: «Зиусхьэн, си Тхьэ! И псэр къыIурекIэж мы сабий хейм!» Къыхуэпэж бегъымбарым и лъэIур зэхихащ Зиусхьэным, фызабэм и къуэр къигъэхъужащ. Сабийр и анэм хуихьыжри, Иляс жиIащ: «Къеплъ, уи къуэр псэущ». Къэгуфiэжауэ, фызым бегъымбарым къыжриIащ: «Си нэгу щIэкIащ иджыпсту уэ Тхьэм узэрицIыхур, Зиусхьэным и псалъэ уэ къызжепIар зэрыпэжыр».

3 ПАЩТЫХЬХЭМ 17:7-24

## ИЛЯСРЭ БААЛ И БЕГЪЫМБАРХЭМРЭ

Зэгуэрым Зиусхьэным Иляс и пщэ кърилъхьащ Ахав паштыхьым деж кIуэуэ тхьэнэпцI Баал и бегъымбархэри, жыгей гуэрэным щызэхэс бегъымбархэри, цIыхухэри Кармэл бгым деж щызэхуишэсын щхьэкIэ елъэIуну. Паштыхьым псори бгым деж щызэхуишэса нэужь, Иляс абыхэм къажриIащ: «Куэдрэ фещIэкъуэуэну фи лъакъуитIымкIи? Зиусхьэныр Тхьэмэ, Абы и гъуэгуи фырикIуэ, тхьэр Баалмэ, абы и гъуэгум фырикIуэ». Зыми зыри къыпидзыжакъым.

ЦIыхум захуигъэзащ Иляс аргуэру: «Сэ зызакъуэращ Зиусхьэным и бегъымбару къэнэжар, Баал и бегъымбархэр щиплIрэ щэ никъуэрэ мэхъу. ВитI къытхурешэ дэ, абыхэм зы выр къыхрех, иреукI, зэIрырехи, пхъэм трыралъхьэ, ауэ мафIэ щIрырамыщIэ; сэри адрей выр сыукIынщи, пхъэм теслъхьэнщ, мафIи щIэсщIэнкъым. Фи тхьэм и цIэр ифIуэ фэ, сэри Зиусхьэным, си Тхьэм, и цIэр исIуэнщ. Пхъэм мафIэ хезыгъадзэ Тхьэм жэуап къитауэ аращи, ар Тхьэщ». ЦIыхухэм жаIащ: «Дэгъуэщ».

Вым и лыр пхъэм тралъхьэри, Баал и бегъымбархэм джэуэ щIадзащ: «Баал! Дызэхэх!» Махуэ псом джэуэ зэхэтащ ахэр, делэ хъуным нэсауэ, ауэ жэуап гуэри зэхахакъым. Иляс цIыхум яжриIащ итIанэ: «Сэ фыкъызбгъэдыхьэ». Псори къыбгъэдыхьа нэужь, мывэ пщыкIутI къищтэри, тыхьщIыпIэ ищIащ Иляс, абы пхъэ трилъхьащ. ИтIанэ цIыхум яжриIащ тыхьщIыпIэм щэнейрэ пэгуниплIкIэ псы тракIэну; щытракIэм, тыхьщIыпIэм ихъуреягъкIэ дэтIыкIати, псыр дэз хъуащ. ИтIанэ Тхьэм елъэIуащ Иляс:

«Зиусхьэн, Ибрэхьим, Исхьэкъ, Израил сымэ я Тхьэ! ИрещIэ нобэ псоми уэ Израилым узэри-Тхьэ закъуэр, сэ Уэ сызэрыуиIурыщIэр, Уи псалъэм тету псори зэрызлэжьар. Сызэхэх, Зиусхьэн, сызэхэх! Мы цIыхум трещIэ Уэ, Зиусхьэныр, узэры-Тхьэр, абыхэм я гур Уэ зэрыпхьэхунур». Зиусхьэным зэхихащ и бегъымбарым и лъэIур, уафэм мафIэ къехри, тыхьри пхъэри, уеблэмэ мывэхэри исащ. Ар щалъагъум, псоми нэкIукIэ зытраубгъуащ щIым, жаIащ: «Зиусхьэныр Тхьэщ, Зиусхьэныр



Тхьэщ!»

Зиусхьэным апхуэдэу къаригъэлъэгъуащ а Зым фIэкI Тхьэ зэрыщымыIэр, тхьэнэпцI Баал и бегъымбархэр зэрыгъэпцIакIуэри къыщIэщащ.

3 ПАЩТЫХЬХЭМ 18:18-39

## ПСЫМ КЪЕХЪУЛIА ТЕЛЪЫДЖЭМРЭ ДАГЪЭМ КЪЕХЪУЛIА ТЕЛЪЫДЖЭМРЭ

Тхьэм Iэлишэ бегъымбарышхуэ ищIащ, абыкIэ телъыджэ куэд къаригъэлъэгъуащ цIыхум. Зэгуэрым, ар Ерихон къалэм дыхьауэ, а къалэм дэсхэр къакIуэри къыжраIащ: «Мы къалэм и Iуэху Iейкъым, ауэ псыр щIагъуэкъым, щIыри щIыкъуейщ». Iэлишэ зы фалъэщIэ къыхуахьын, абы щыгъу Iэгуэ иракIутэн хуейуэ яжриIащ. Ар къыхуахьа нэужь, Iэлишэ псынащхьэм кIуащ, абы шыгъур хикIутэри жиIащ псыр Зиусхьэным и псалъэкIэ къабзэ зэрыхъунур. Ар жиIа нэужь, псынэпсыр къабзабзэ хъуащ.

Зэгуэрым зы фызабэ къэкIуащ Iэлишэ деж, гъыурэ къыхуиIуэтащ и гуауэр. И лIыр лIа нэужь, щIыхуэр хуэпшыныжакъым а фызым, щыхуэмыпщыныжым, зи щIыхуэ телъым мурад ищIащ абы и къуитIри трихыу гъэрыпIэм иригъэувэну. Насыпыншэм дэIэпыкъун мурад ищIри, Iэлишэ еупщIащ абы: «Сыт илъ уи унэ, къызжеIэ». Фызым жэуап къритыжащ: 'Дагъэ зэрыт зы кхъуэщын фIэкI, зыри сиIэкъым'. Бегъымбарым абы жриIащ: «КIуэжи, уи гъунэгъухэм я деж кхъуэщын нэщI къыщылъэIухуэ... бжэр къэгъэбыди, уи къуэхэр къыщIомыгъэкI, дагъэр кхъуэщын нэщIхэм ярыкIэ; из хъумэ, зэгъэувэкI».

Кхъуэщын закъуэм ит дагъэр кхъуэщын нэщI къомымрэ фалъэхэмрэ ярыз хъунт? Ауэ фызабэм ищIэрт Тхьэм и бегъымбарым телъыджэ зэрыригъэлэжьыр.

КIуэжри, Iэлишэ къызэрыжиIауэ ищIащ фызабэм. Я гъунэгъухэм кхъуэщын хьэхурэ фалъэ хьэхурэ къаIрихащ, унэбжэр къигъэбыдэри, и къуэхэри щIыгъуу, кхъуэщын закъуэм ит дагъэр кхъуэщын хьэхухэмрэ фалъэ хьэхухэмрэ ирикIэу щIидзащ. Кхъуэщын куэдым дагъэр из ищIа нэужь, абы илъэгъуащ и кхъуэщын цIыкIу закъуэм ит дагъэм зэрыхэмыщIар. И къуэм жриIащ абы: «Зы кхъуэщын къызэт иджыри». Абы жэуап къритыжащ: «Кхъуэщын нэщI диIэжкъым». ИтIанэ фызабэм гу лъитащ и кхъуэщын закъуэр нэщI зэрыхъуам.

Кхъуэщын хьэхухэм дагъэр ярыз хъуа нэужь, Iэлишэ деж кIуэри, фызабэм и нэгу щIэкIа телъыджэр иIуэтэжащ. Iэлишэ абы къыжриIащ: «КIуэж, дагъэр щэи, щIыхуэр пшыныж, къыдэхуэм уи къуэхэмрэ уэрэ фрикъунущ».

4 ПАЩТЫХЬХЭМ 2:19-22; 4:1-7

## СИРИЙ ДЗЭПЩ НААМАН

Сирий пащтыхьым дзэпщ ахъырзэман иIэт, Нааман и цIэу. Ар цIэрыIуэт, псоми пщIэ къыхуащIырт, ауэ уз бзаджэ пкърытт - лыхъулыщх.

Зауэхэм ящыщ зым израил хъыджэбз цIыкIу яубыдащ сирий зауэлIхэм, ар Нааман и фызым и унэIут хъуащ. А хъыджэбз цIыкIум и фIэщ хъурт Тхьэ закъуэр, Зиусхьэным Iэлишэ иригъэлэжь телъыджэхэми щыгъуазэт. Зэгуэрым абы зи унэIут гуащэм жриIащ: «Си зиусхьэныр Самарие дэс бегъымбарым деж кIуатэмэ, абы узыр щхьэщихыфынут». Ар щызэхихым, Нааман и пащтыхьым деж кIуэри израил пщащэ унэIутым и псалъэр жриIащ. Сирий пащтыхьым Нааман къыжриIащ: «КIуэ, сэ израил пащтыхьым хъыбар езгъэщIэнщ».

Нааман Израилым кIуащ. Пащтыхьым деж щIыхьэри, абы тхылъыр IэщIилъхьащ (сирий пащтыхьым хуитхар). Тхылъым итт: «Мы тхылъыр нызогъэхьри, уи деж нызогъакIуэ Нааман, си IуэхутхьэбзащIэр, абы узыр щхьэщыпхын щхьэкIэ». Тхылъым еджэри, израил пащтыхьым и щыгъыныр зэфIитхъащ, шхыдэурэ: «ЦIыхум и псэр хэсхынуи хэслъхьэжынуи Тхьэ сыхъуа сэ, и узыфэр щхьэщысхын хуейуэ цIыху щхьэ къысхуигъэкIуа? ЗэвгъащIэ иджы, фыкъаплъэ, бий къызэрысхуэхъун щхьэусыгъуэ лъыхъуэу аращ ар».

Ар щызэхихым, Iэлишэ и IуэхутхьэбзащIэр пащтыхьым деж игъэкIуащ, мыр жрыригъэIэн щхьэкIэ: «Щхьэ зэфIэпthхъыжа уи щыгъыныр? Си деж къреkIуэ ар, къакIуэмэ, Израилым бегъымбар зэрисыр ищIэнщ».

4 ПАЩТЫХЬХЭМ 5:1-8

## НААМАН ХЪУЖАЩ

Гужэрым ису, Нааман Іэлишэ и унэм кІуэри куэбжэм деж къыщувыІащ. Іэлишэ и ІуэхутхьэбзащІэр къыпригъажьэри абы къыжрыригъэІащ: «КІуэи, Иордан псым блэнейрэ зыхэгъапскІэ, уи Іэпкълъэпкъыр жан, къабзэ хъужынущ». А псалъэр щызэхихым, Нааман, губжьри, жиІащ: «Езыр унэм къыщІэкІын, къыспежьэн, Зиусхьэным, и Тхьэм, еджэн, и Іэр къыстрилъхьэу узыр сщхьэщихын си гугъащ. Щам дэж псыхэр, Аванэрэ Фарпаррэ, израилыпс псом нэхърэ нэхъыфІкъэ? Абыхэм зыщызгъэпскІыфынутэкъэ сэ, сыхъужыну сщІамэ?» Губжьауэ, бгъэдэкІыжащ ар Іэлишэ и унэм.

И унэІутхэр къыбгъэдыхьэри, къыжраІащ абы: «Бегъымбарым бэлыхь гуэр къыбжиІатэмэ, блэжьынутэкъэ? 'ЗыгъэпскІ, ухъужынущ' - ар къудейракъэ абы къыбжиІар». Бегъымбарым и псалъэм еувэлІащ Нааман итІанэ. Ар Иордан псым кІуащ, псым блэнейрэ зыщІигъэмбрыуащ, и Іэпкълъэпкъыр къабзэ хъужащ, сабий быдзафэм и Іэпкълъэпкъым хуэдэу.

ИтІанэ игъэззэжащ абы Тхьэм и цІыхум деж, жриІащ абы: «Иджы сэ къэсщІащ Израилым я Тхьэм фІэкІа дунейм тхьэ зэрытемытыр; уи ІуэхутхьэбзащІэм къуит тыгъэр Іых». Нааман къыхигъэзыхьа щхьэкІэ, Іэлишэ абы тыгъэ къыІрихын идакъым. Щежьэжым, Нааман бегъымбарым къыжриІащ Зиусхьэным фІэкІ абы нэгъуэщІ тхьэхэм жьэрымэ зэрахуимыгъэунури тыхь зэрахуимыщІынури.

Апхуэдэу, пщащэ цІыкІум и псалъэм Нааман Тхьэ лъапІэм иришэлІащ, ар тхьэнэпцІхэм афІэкІаи хуэлэжьэжакъым.

4 ПАЩТЫХЬЫХЭМ 5:9-17

## НЭФ ХЪУА ЗЭРЫПХЪУАКIУЭХЭР

Сириемрэ Израилымрэ щызэзауэм щыгъуэ Iэлишэ израил пащты-хьым жриIэрт сирий дзэр здэщыт щIыпIэр, ар абы къезыгъащIэр Тхьэрат; арат Израилыр даIимауэ щIытекIуэр. И щэхухэр Израилым хуэзыIуатэ къумал и дзэм хэт и гугъэ-ри, сирий пащтыхьыр хуабжьу гузэващ. Ауэ и Iуэхут-хьэбзащIэхэм ящыщ зым абы къыжриIар нэгъуэщIщ: «Зыми ихьыркъым бзэгу, зиусхьэн си пащтыхь, Израилым ис Iэлишэ бегъымбарым израил пащтыхьым хуеIуатэ уэ ущыжей пэш-ым щыжыпIэ псалъэхэр».

Пащтыхьым унафэ ищIащ Iэлишэ бегъымбарыр зыдэс къалэр зрагъэщIэн хуейуэ, ар гъэр ящIын щхьэкIэ. Ар къы-щащIэм, сирий пащтыхьым дзэшхуэ иутIыпщащ абы, жэщ хъуауэ нэсри, дзэм къалэр къаувыхьащ. «Сирийхэр Iэлишэ деж кIуа нэужь, Зиусхьэным елъэIури, абы жиIащ: 'Нэф щIы ахэр'. Абы ахэр нэф зэтрищIащ Iэлишэ и лъэIукIэ». Нэф зэте-хъуа сирийхэр езыр зыдэс къалэм бгъэдишри, Iэлишэ ахэр а зэманым Ищхъэрэ пащтыхьыгъуэм и къалащхьэ Самарие къалэм ишащ. «Ахэр Самарие нэса нэужь, Iэлишэ жиIащ: 'Зиусхьэн! Къэгъэплъэж абыхэм я нэхэр, ялъагъун щхьэкIэ'. Зиусхьэным къигъэплъэжащ абыхэм я нэхэр, абыхэм ялъэ-гъуащ Самарие къалэкум зэритыр. Ахэр щилъагъум, израил пащтыхьым Iэлишэ къыжриIащ: 'СыукIын ахэр, си адэ?' Абы жиIащ: 'УмыукI. Уи джатэрэ уи шабзэкIэ гъэр пщIа ахэр? Сыт щIэбукIынур? ЩIакхъуэрэ псырэ ет; ирешхэ, псы ирефэ, я пащ-тыхьым деж ирекIуэж'. Ерыскъы Iэнэ къахуигъэуващ абыхэм, ешхащ, ефащ ахэр. ИутIыпщыжащ итIанэ, я пащтыхьым деж кIуэжащ ахэр. Сирий дзэ фIыцIэр афIэкIа къихьэжакъым из-раил щIыналъэм».

Тхьэм и псалъэм дыхуреджэ дэ лъы дымыщIэжыну, фIы-гъуэ длэжьыну, ди бийхэм дахуэфIыну: «Уи бийр мэжэщIа-лIэмэ, щIакхъуэ ети, гъашхэ ар; псы хуэлIамэ, псы егъафэ ар». «ФIыуэ флъагъу фи бийхэр, гугъуехь фэзыгъэщэч цIыху-хэм фIыкIэ Тхьэм фахуелъэIу, фIыуэ фыкъэзымылъагъухэм фIыгъуэ яхуэвлэжь, къывэбгхэм Тхьэм и нэфI къащыхуэну



фахуелъэIу». «Ем фIыкIэ фытекIуэ».

4 ПАЩТЫХЬХЭМ 6:8-23; СЭЛМЭН И ПСАЛЪЭЖЬХЭМ 25:21; МАТТЭ 5:44; РИМ 12:21

# ЕХЬОАШ ПАЩТЫХЬ МЭХЪУ

Ахазие иудэ пащтыхьхэм ящыщ зыт. Тхьэм и фIэлIыкI игу имылъу, абы и анэр бзаджейт. Аталиет абы и цIэр. И къуэр, Ахазие, лIа нэужь, пащтыхь лъэпкъым зы цIыхуи къримынэн мурад ищIащ абы, езым пащтыхь тахътэр иубыдын щхьэкIэ. Ахазие и щыпхъу Ехьошэвэ и дэлъхум и къуэ Ехьоаш Аталие щигъэпщкIури, ар псэууэ къэнащ. Тхьэм и унэм щигъэпщкIури, Ехьошэвэ илъэсих нейкIэ ихъумащ и дэлъхум и къуэ Ехьоаш. А илъэсихым Израилым я пащтыхьыр Аталиещ.

Ехьоаш илъэсибл хъуа нэужь, дин пашэ Ехьоядэ Тхьэм и унэм щызэхуишэсащ израил зауэлIхэр, шупашэхэр, Iэщэзехьэхэр, пащтыхьым и щхьэхъумэхэр. Дин пашэм абыхэм къаригъэлъэгъуащ пащтыхьым и къуэр, ягурыIуащ ар пащтыхьу хахыну. Тхьэм и унэр къаувыхьащ зауэлIхэм, яхъумэн папщIэ; дин пашэ Ехьоядэ Ехьоаш къыщIишри пащтыхь фащэ щитIэгъащ. Пащтыхьу хаха Ехьоаш Iэгуауэ иращIэкIащ псоми, ину жаIэу: «Тхурепсэу пащтыхьыр!» Ар щызэхахым, Израил лъэпкъ псор гуфIащ. Аталие яукIащ.

Ехьоаш Тхьэр фIыуэ илъагъурт, Абы и унафэм тетащ, ар дин пашэ Ехьоядэ едэIуэху.

КъыжэкIуэтея нэужь, Ехьоаш унафэ ищIащ Тхьэм и унэр зэрагъэпэщыжын хуейуэ, а унэм цIыхуIэ зэрылъэмыIэсыжрэ куэд щIати. Ехьоядэ лIа нэужь, ар чэнджэщ мыхъумыщIэхэм едаIуэ хъуащ, тхьэнэпцIхэм задригъэшэхащ. Зиусхьэным пэув, емыдаIуэ хъуащ ар. Ехьоядэ и къуэр, Зэчрей, цIыхум егиящ зэгуэрым гуэныхь зыпылъ зэралэжьам щхьэкIэ. Ар зэхихри, Ехьоаш унафэ ищIащ Зэчрей тхьэлъэIупIэ унэм и пщIантIэм даукIыхьыну. Абы и ужькIэ насыпыншагъэр къатегуплIащ пащтыхьыгъуэм: Израил хэкур зэтраухъуэнщIащ сирийхэм, тхьэлъэIупIэм щIэлъа хьэпшып лъапIэхэр зэрапхъуэри яхьащ. Езы пащтыхь Ехьоаш сымаджэу хэлъти, унэIутитI къакIуэри пIэм хаукIыхьащ.

4 ПАЩТЫХЬХЭМ 11, 12; 2 ПАРАЛИПОМЕНОН 24:1-25

## ПАЩТЫХЬ УЗИЕ ПАГЭ ЗЭРЫХЪУАРЭ КЪЫЩЫЩIАМРЭ

Узие Иудэ пащтыхьыгъуэм и епщIанэ пащтыхьу щытащ. ЩIалэ дыдэт ар, пащтыхьы щыхъуам - илъэс 16 и ныбжьу къылъысащ пащтыхь тахътэр, илъэс 52-кIэ щыпащтыхьащ Ерусалим. «Зиусхьэным фIэфI илэжьырт абы... Тхьэм зыхуигъазэ зэпытт абы Зэчрей и махуэхэми. Тхьэм фIэлIыкIыну иригъащIэрт Зэчрей; Зиусхьэным щелъэIукIэ, абы и Iуэху Тхьэм къыхуищIэрт... Тхьэр къыдэIэпыкъурт абы... аурэ нэIусащ абы и цIэр Мысыр гъунапкъэм; сыту жыпIэмэ ар лъэщ дыдэт... Ерусалим дищIыхьащ чэщанэхэр... щиухуащ чэщанэхэр къумми, псыкъуий куэдыкIей иригъэтIащ, аузми тафэхэми Iэщыр щигъунэжт, бгылъэ щIыпIэхэми Кармэли мэкумэшыщIэрэ хадэгъэкIрэ щикуэдт; сыту жыпIэмэ щIым телэжьыхьын фIэфIти. Узие дзэи иIэт, зауэлIу мин щищрэ миниблрэ щитхурэ... И дзэм щхьэкIэ Узие игъэхьэзыращ мэIухухэр, бжыхэр, жэз пыIэхэр, Iэщхьэтебзэхэр, шабзэхэр, мывэдзхэр. Ерусалим дэт чэщанэхэм тригъэуващ шабзэшэхэмрэ мывэшхуэхэмрэ зэрадз Iэщэ гъэщIэгъуэнхэр. И цIэр жыжьэ Iуащ абы; сыту жыпIэмэ телъыджэу зызэщIиузадэри лъэщ хъуати.

Лъэщ хъуа нэужь, и унэхъугъуэти, ар пагэ хъуащ, Зиусхьэным, и Тхьэм, и пащхьэ щIэпхъаджащIэ щыхъуащ; сыту жыпIэмэ щIыхьащ Зиусхьэным и унэшхуэм, жьэрымэ щигъэун папщIэ. Абы кIэлъыщIыхьащ дин пашэ Азарии нэгъуэщI дин пашэ пщIеи - Зиусхьэным пщIэ зыхуищI цIыху ахъырзэманхэр. Пэуващ ахэр пащтыхь Узие, жраIащ абы: 'Уэракъым, Узие, Зиусхьэным жьэрымэ хуэзыгъэун хуейр; ар зи Iуэхур Хьарун и къуэ дин пашэхэрщ, жьэрымэ гъэукIэм и щэхур зыщIэхэрщ; щIэкI тхьэлъэIупIэм, хабзэншагъэ зепхьащи; Зиусхьэным игу къобгъэнущ абы щхьэкIэ'. Губжьащ Узие, жьэрымэ зэрагъэу фалъэри IэщIэтщ; дин пашэхэм щахуэгубжьым, абы и натIэм лыхъулыщ IэпапIэ къытетIысхьащ - дин пашэхэм ялъагъуу, Зиусхьэным и унэм щIэту, жьэрымэгъэупIэм бгъэдэту. Дин пашэ Азарии адрей дин пашэхэри еплъащ абы; ялъэгъуащ абы и натIэм лыхъулыщ IэпапIэ къызэрытетIысхьар. Хагъэзыхьри къыщIагъэкIыжащ ар тхьэлъэIупIэ унэм, езыми зыщIэжьэжакъым абы, къызэрыщIэкIыжыным хуэпIащIэрт, Зиусхьэным удын къридзати. ЛIэху пкърытащ абы лыхъулыщ узыр, унэ щхьэхуэ щIэсащ, Зиусхьэным и унэри ирагъэбгынауэ щытащ. Пащтыхь унагъуэм и унафэр IэщIэлъащ, цIыхум я унафэри зэрихьащ Узие и къуэм, Иоатан».

ДызэрыщымыкIыным дыхуеущий Тхьэм и Псалъэм: «Мы дунейри, мы дунейм и Iуэхугъуэу цIыхур зыщIэхъуэпсхэри мыкIуэдыж, ауэ Тхьэр зыхуейр зыгъэзащIэ цIыхур игъащIэкIэ щыIэнущ».

2 ПАРАЛИПОМЕНОН 26; 1 ИУАН 2:17

## ИЗРАИЛЫР ТХЬЭМ КЪЫБГЪЭДОКІ

«Мысыр щІыналъэм къизыша, фирхьэуным и ІэмыщІэ къизыха Зиусхьэным, я Тхьэм, и пащхьэ гуэныхь щалэжь хъуащ израил цІыхухэм. НэгъуэщІ тхьэхэр ягъэлъапІэу щІадзащ абыхэм, Зиусхьэным израил цІыхухэм пэІэщІэ яхуищІа лъэпкъхэм я хабзэхэм техьэ, Зиусхьэным, я Тхьэм, фІэмыфІ Іуэхухэр ялэжь хъуащ абыхэм, израил пащтыхьхэм дэплъейурэ. Я къалэхэм Іуащхьэ лъагэхэр щызэтратхъуащ, бэтэгъей чэщанэхэм къыщыщІэдзауэ къалэ быдапІэхэм нэсу; Астартэ и мывэ сынхэмрэ и сурэтхэмрэ Іуащхьэ лъагэхэм трагъэуващ, жыг жьауэхэми щІагъэуващ, Іуащхьэхэм жьэрымэ щагъэу хъуащ, Зиусхьэным абыхэм ябгъэдихуа лъэпкъхэм нэхъей; Зиусхьэныр зыгъэгубжь Іуэху фІейхэр ялэжь хъуащ. ТхьэнэпцІхэм зыдрагъэшэхащ абыхэм, Зиусхьэным 'ФымыщІэ ар' къажриІарэ пэт.

И бегъымбархэм, тхьэгурымагъуэхэм къажрыригъэІащ абыхэм Зиусхьэным: 'ФыкъытекІыж гъуэгу мыгъуэм, фытет си унафэхэмрэ си хабзэхэмрэ, фи адэжьхэм езухылІа, си ІурыщІэхэм, бегъымбархэм, япкъ иткІэ'. Ауэ ахэр дэІуакъым, я пщэр нэхъри хашащ, Зиусхьэныр, я Тхьэр, зи фІэщ мыхъу я адэхэм я пщэр хашу зэрыщытам хуэдэу; нэмыплъ иратащ Абы и хабзэхэм, абыхэм я адэхэм Абы къарищІылІауэ щыта ЗэгурыІуэныгъэм, ахэр къызэрихъума псалъэ Іущхэм; жыІэмыдаІуэ, зэрыхьзэрий хъуащ, я гъунэгъу лъэпкъхэм, Зиусхьэным 'абыхэм ящІэм хуэдэ фымыщІэ' жыхуиІахэм, дэплъеящ; Зиусхьэным, я Тхьэм, унафэ къащищІа псор ІэщІыб ящІащ, вы сурэтитІ ягъэжащ, жыг гуэрэн ягъэкІащ, тхьэнэпцІхэм хуэІурыщІэ, Баал хуэлажьэ хъуащ; я къуэхэмрэ япхъухэмрэ мафІэм зэпрагъэлъ, мэгъу Іуэху зэрахьэ, Зиусхьэным игу къыщІебгъэн, Ар зэрагъэгубжьын Іуэху мыфэмыцхэр ялэжь хъуащ.

Хуэгубжьащ Зиусхьэныр израил цІыхухэм, ибгынащ ахэр, игу ебгъэри. Иудэ и лІакъуэм фІэкІ, къэнакъым имыбгына».

4 ПАЩТЫХЬХЭМ 17:7-18

## АШУРЫМ ИЗРАИЛЫР КЪЕЗЭУ

Хьошеа Ищхъэрэ Израил пащтыхьыгъуэм и иужьрей пащтыхьщ. Ар илъэсибгъукIэ пащтыхьащ, Хьисэ Мэссихь къалъхун ипэ 730 гъэм къыщыщIэдзауэ 721 гъэ пщIондэ: «Зиусхьэным фIэмыфI куэд илэжьащ». Абы и ищхьэрэ-къуэкIыпIэ лъэныкъуэмкIэ къыщылът Нинэве зи къалащхьэ Ашур къэралыгъуэшхуэр. А зэманым лъэпкъ псори хъунщIакъуэ защIэт, ашур цIыхухэр псом нэхърэ нэхъ гущIэгъуншэт, нэхъ кIуэцIрыкъуэт. Хьисэ Мэссихь къалъхун ипэ 724 гъэм ашур дзэшхуэр, пащтыхь Шалманэсэр я пашэу, Израилым къиужьгъащ. Израил пащтыхь Хьошеа Шалманэсар и унафэм щIэхуащ, къуэдыи ирит хъуащ.

«Ашур пащтыхьым гу лъитащ Хьошеа хъуэгъэщагъэ хуэкIуауэ, мысыр пащтыхь Со деж лIыкIуэ игъакIуэрт, ашур пащтыхьым илъэс къэси къуэды иритыртэкъыми; ашур пащтыхьым иубыдащ ар, хьэпс кIыфIым иридзащ. Ихьащ ашур пащтыхьыр хэку псом, Самариер къиувыхьри илъэсищкIэ иIыгъащ. Хьошеа зэрыпащтыхьрэ илъэсибгъу хъуауэ, ашур пащтыхьым Самариер къищтащ, израил цIыхухэр Ашур ихуащ, ахэр Халах, Хавор, Гозан псыхэм я Iуфэм IуигъэтIысхьащ, мидий къалэхэм дигъэтIысхьащ». АбдежкIэ щигъуэтащ Ишхъэрэ Израил пащтыхьыгъуэм.

Зиусхьэным апхуэдэ щIыкIэкIэ тезыр трилъхьащ и лъэпкъым, хабзэм зэребэкъуам щхьэкIэ. Ар къыщыхъуар Хьисэ Мэссихь къалъхун ипэ 721 гъэрщ. Илъэс щитI дэкIа нэужь, Ищхъэрэ пащтыхьыгъуэм щыщ Израил мащIэтIэкIу. Ашур къикIыжри Израилым къихьэжащ, гъэрыпIэм къикIыжа иудэ цIыхухэм, н.ж. Ипщэ пащтыхьыгъуэм щыщ журтхэм, я гъусэу.

4 ПАЩТЫХЬХЭМ 17:2-6

## САМАРИЕ ЦIЫХУХЭР

Ищхъэрэ пащтыхьыгъуэм ис израил цIыхухэр гъэр хъуурэ Ашур жыжьэм яхуа нэужь, абыхэм я хэкур цIыхуншэ хъуащ, къинэжа щIагъуэ щыIэкъым. Ищхъэрэ пащтыхьыгъуэм и къалащхьэр Самариет. Зыбжанэ дэкIауэ, абы нэгъуэщI лъэпкъхэр къыдэтIысхьащ, ахэращ самарие цIыхухэр иужькIэ къызытехъукIыжар.

«Ашур пащтыхьым Бабилэнми, Кутэми, Аввэми, Хаматми, Сэфарнаими цIыху къыдишри самарие къалэхэм дигъэтIысхьащ израил цIыхухэм я пIэкIэ. Абыхэм яубыдащ Самариер, абы и къалэхэм щыпсэу хъуащ. Япэм ахэр Зиусхьэным зэрыхуэмылажьэм щхьэкIэ, Зиусхьэным аслъэнхэр къариутIыпщурэ, ахэр иригъэлIырт. Ашур пащтыхьым хъыбар ирагъэщIащ, хуаIуэхуащ: 'Уэ къэбгъэIэпхъуэу самарие къалэхэм дэбгъэтIысхьа лъэпкъхэм ящIэркъым а щIыналъэм и Тхьэм и хабзэхэр, абы къыхэкIкIэ Абы аслъэнхэр къареутIыпщри ирегъэлI...' ашур пащтыхьым унафэ ищIри жиIащ: 'Абы къифша дин пашэхэм ящыщ зы вгъакIуэ а хэкум; ирекIуэжи, щрепсэу абы, а щIыналъэм и Тхьэм и хабзэм хурырегъаджэ'.

Самарие ирахуа дин пашэхэм ящыщ зым къигъэзэжащ, Бетел дэтIысхьэри, ахэр Зиусхьэным хуэлэжьэну иригъэщIащ. Лъэпкъ къэс щхьэж и тхьэ хуэлажьэ хъуащ, щхьэж щыдэс къалэм... самарие цIыхухэм ящIа Iуащхьэхэр тхьэлъэIупIэ яхуэхъуащ... Зиусхьэнми фIэлIыкIырт абыхэм, къызыхэкIа лъэпкъхэм я хабзэхэм тету я тхьэхэми хуэлажьэрт».

Пэжщ, адрей 'тхьэхэм' хуэмылэжь хъуащ ахэр иужькIэ, зыхуэлажьэр Зиусхьэн закъуэрт. Ауэ ахэр израил цIыхуу хъуакъым зэи. Езыхэм я дин пашэхэр яIэжт абыхэм, езыхэм я хабзэхэми тетыжт. (Гэризим Iуащхьэм тхьэлъэIупIэ тращIыхьауэ щытащ абыхэм, ар иужькIэ якъутэжащ журтхэм).

4 ПАЩТЫХЬХЭМ 17:24-33

## ПАЩТЫХЬ ХИЗКИЕ И ТХЬЭЛЪЭIУ

Ашур цIыхухэм Ишхъэрэ пащтыхьыгъуэр 721 гъэм яубыду израил цIыхухэр Ассирием ягъэIэпхъуа нэужь, Ипщэ пащтыхьыгъуэ цIыкIур, Иудэр, Тхьэм и къарукIэ псэужащ илъэси 130-м щIигъукIэ.

Хизкие иудэ пащтыхьхэм ящыщ зыт. Ар пащтыхь щыхъуащ Ерусалим. Иудэ пащтыхь псоми ефIэкIырт ар, Зиусхьэныр фIыуэ илъагъурт, Абы епцIыжыртэкъым, Абы Мусэ бегъымбарым и лъэхъэнэм къахуигъэува хабзэхэм тетти. Хизкие тхьэнэпцIхэм хуэлажьэхэм ебэнын щIидзащ. Абы икъутащ тхьэнэцI псоми я сурэтхэр, Тхьэ закъуэм фIэкI нэгъуэщI хуэмыIурыщIэну къыхуриджащ цIыхур. Ашур пащтыхьым и унафэм къыщIэкIащ Хизкие, абы къулыкъу хуищIэн пичащ.

Ашур пащтыхь Сонэхерив щIэчэ имыIэу къыхуэдалъэрт абы, и Iэмыщ1э зрилъхьэжын хуейуэ къыпиубыдурэ. Тхьэ закъуэм зэрыщыгугъым щхьэкIэ ауан къищIу, абы Хизкие тхылъ къыхуитхащ, къыпиубыдащ абы и лъэгу щIэувэжын хуейуэ, сыту жыпIэмэ и гъунэгъу пащтыхьыгъуэхэр абы и унафэм щIэувакIэт, зы тхьи къадэIэпыкъуатэкъым абыхэм, Сонэхерив пэувыфын щхьэкIэ.

Тхылъыр къыIэрыхьа нэужь, Хизкие Тхьэм и унэм кIуащ. Тхылъыр Тхьэм и пащхьэ щызэтрихри, Тхьэ елъэIуащ: «Зиусхьэн, Израилым и Тхьэ! Дунейм тет пащтыхьыгъуэ псоми я Тхьэр Уэ зыращ, уафэри щIылъэри зыухуар Уэращ. КъызэдаIуи, сызэхэщIыкI, Зиусхьэн; зэтех уи нэр, Зиусхьэн, сыкъэлъагъу, зэхэх Тхьэ лъапIэм хущIэджэ Сонэхерив и псалъэр. Пэжщ, Зиусхьэн, ашур пащтыхьым зэтриIущIащ лъэпкъхэри я хэкухэри, абыхэм я тхьэхэр мафIэм пэрадзащ; ауэ ахэр тхьэкъым, цIыхуIэм ищIа сурэтщ, пхъэрэ мывэрэщ; аращ ахэр щIагъэкIуэдар. Нобэ, Зиусхьэн, ди Тхьэ, дыкъыIэщIэх абы, дунейм тет пащтыхьыгъуэ псоми ящIэнщ итIанэ Уэ, Зиусхьэн, узэры-Тхьэ закъуэр».

Зи фIэщ хъу пащтыхьым и лъэIур зэхихащ Зиусхьэным, Абы и цIэ лъапIэр зэрагъэулъиям щхьэкIэ ашур цIыхухэр хигъэщIащ, ар тезыру ятрилъхьэри.

4 ПАЩТЫХЬХЭМ 18:1-7; 19:9-19

## ПАЩТЫХЬ ИОШИЕ И ТХЬЭЛЪАНЭ

Иудэ пащтыхьхэм ящыщ зыуэ щытащ ИошиекIэ зэджэри. Илъэсий ныбжьым итт ар, пащтыхь щыхъуам, илъэс 31-кIэ щыпащтыхьащ Ерусалим. Зиусхьэным и гуапэ хъун Iуэхут абы илэжьыр, Абы и гъуэгу захуэм текIакъым зэи, ижьымкIи сэмэгумкIи дидзыхакъым, гъащIэ иIэху, Тхьэм къыбгъэдэкIакъым.

Илъэс пщыкIух хъуауэ, Тхьэм гурэ псэкIэ зритащ абы, пащтыхь зэрыхъурэ илъэс пщыкIутI дэкIа нэужь, тхьэнэпцI сурэтхэмрэ абыхэм я тыхьщIыпIэхэмрэ Иудэмрэ Ерусалимрэ иригъэкъэбзыкIын щIидзащ. ТхьэнэпцI сурэтхэмрэ сынхэмрэ абы Иудэ щIыналъэ псом щызэтрикъутэри хьэбэсабэ ищIащ. Пащтыхьыгъуэр зэрыIэщIэлърэ илъэс пщыкIуий щрикъум, Зиусхьэным и унэр зэрагъэпэщыжын хуейуэ Иошие унафэ ищIащ. ЦIыхум дыжьын куэд зэхуахьэсащ абы щхьэкIэ.

Зиусхьэным и унэм кърахьэлIа дыжьыным дин пашэ Хилкие къыхигъуэтащ Тхьэм и хабзэр зэрыт тхылъыр - Абы Мусэ къритауэ щытар. Дин пашэм а тхылъыр тхакIуэ Шафан иритащ, абы ар пащтыхьым хуихьащ. Пащтыхьым унафэ ищIри, тхылъым кърипгъэджащ. Тхылъым ит псалъэхэр щызэхихым, ар къэуIэбжьащ, сыту жыпIэмэ ар цIыхум IэщIыб ящIа Тхьэ хабзэрати.

Иошие игу хэщIащ, гъащ Зиусхьэным къахуигъэгъункIэ елъэIуащ. ИтIанэ ар кIуащ тхьэлъэIупIэ унэм, цIыхур зэхуригъэшэсащ, абыхэм я пащхьэ иувэри къахуеджащ Зиусхьэным и унэм къыщагъуэта тхылъым ит псалъэхэм. Абдежым, Зиусхьэным и пащхьэ, Иошие тхьэлъанэ щищIащ - Абы и гъуэгум ирикIуэну, Абы и унафэхэмрэ и хабзэхэмрэ гурэ псэкIэ еувэлIэну. Апхуэдэ тхьэлъанэ яригъэщIащ псоми - Тхьэм ираухылIа зэгурыIуэныгъэхэм щыхьэт техъуэжын щхьэкIэ.

Абы и ужькIэ Иошие зэтригъэщэщащ Израил щIыналъэм къина тхьэнэпцI хуэмэбжьымэ псори. Иошие псэуху, Израил цIыхухэр тетащ я псалъэм - Зиусхьэным хуэлэжьащ, Абы къыбгъэдэкIакъым.

2 ПАРАЛИПОМЕНОН 34:1-8, 14-19, 29-33

## ЕРЕМИЕ БЕГЪЫМБАР

Тхьэм щыхьэт техъуэ зэпытт Еремие бегъымбарыр, Израил лъэпкъ насыпыншэм щхьэкIи игу хэщIырт.

Хамэ тхьэхэм, тхьэнэпцIхэм зэрыхуэлажьэм, тыхь зэрыхуащIым щхьэкIэ ар хуабжьу хуэшхыдэгъащ Тофэт къалэмрэ Ерусалимрэ дэсхэм. Тофэт къалэм уаз щитащ абы, къащIэлъыр яжриIащ. ИтIанэ кIуащ Ерусалим, Тхьэм и унэшхуэм и пщIантIэм дэувэри абы дэт цIыхухэм яжриIащ: «ЛъэкI псори зиIэ Зиусхьэн, Израилым и Тхьэм, жеIэ мыр: 'Мы къалэми адрей къалэхэми ятесIуа къулейсызыгъэр ялъызгъэсынущ, сыту жыпIэмэ ахэр гущIэгъуэншэщ, си псалъэми едаIуэркъыми' ».

Тхьэм и унэшхуэм щIэт дин пашэм а псалъэр щызэхихым, ар къэлыбащ, Еремие бегъымбарым удын трилъхьащ, ипхри лъэхъу ирилъхьащ. ЕтIуанэ махуэм къиутIыпщыжащ абы бегъымбарыр, ауэ Еремие и жьэр щIичакъым, Израил къалэхэми, лъэпкъ псоми, Зиусхьэным хуэмыпэж дин пашэми мыгъуагъэ къазэрыщIэлъыр жиIащ аргуэрым. Тхьэм мы псалъэхэмкIэ зыхуигъэзащ итIанэ Еремие: «Зиусхьэн, Уэ сыпшэрти, сыпкIэлъыкIуащ; Уэ унэхъ лъэщщ сэр нэхърэ - къару сиIэжкъым, махуэ къэси къысщодыхьэшх, псоми ауан сыкъащI сэ. Си жьэр зэщIэсхакъэ - залымыгъэрщ, тхьэмыщкIагъэрщ сыщIэгуIэр, сыщIэкIийр, сыту жыпIэмэ Зиусхьэным и псалъэрщ ауан сыщIащIри къыщIысщыдыхьэшхри. Сигу къэкIащ сэ: 'Абы и гугъу яхуэсщIыжынкъым, Абы и цIэ исIуэжынкъым дяпэкIэ', ауэ мафIэ жьэражьэ илъ хуэдэщ си гум, си гущIэр кърисыкIыурэ сиухащ, слъэкIыкъым ар зэтезубыдэн».

Бегъымбар пэжыр щIэзыхуэ жагъуэгъу ауэд иIэт, ауэ Тхьэм къару къритырт абы, сыт щыгъуи. Аращ Еремие щIыжиIар: «Ауэ сэ Зиусхьэныр сщIыгъущ, зауэлI лъэщ хуэдэ, абы къыхэкIкIэ, си ужь екIэ итхэр лъэпэрэпэнущ, къыспэлъэщынукъым, я напэр текIынущ, захуагъэм тетакъыми... Зиусхьэн! Уэ щыпкъагъэ зи гу илъ цIыхур уогъэунэху, ди гум илъри уощIэ... Фыхуэусэ Зиусхьэным, фыщытхъу Зиусхьэным, сыту жыпIэмэ Абы тхьэмыщкIэм и псэр бзаджащIэм щехъумэри».

ЕРЕМИЕ 19:13-15; 20:1-13

## ТХЬЭМ ЕРЕМИЕ И ГУМ КЪРИЛЪХЬАХЭР БАРУХ ЕТХ

Зиусхьэным Еремие къыжриIэгъащ зэгуэрым: «ТхылъымпIэ къащти, Израилымрэ Иудэрэ, лъэпкъ псоми щхьэкIэ бжесIа псалъэхэр тхы... Иудэ лъэпкъым зэхахынкIэ мэхъу я гъуэгу мыгъуэм къытемыкIмэ, къапэзгъаплъэ тхьэмыщкIагъэр; я пцIымрэ я гуэныхьымрэ яхуэзгъэгъункIэ мэхъу итIанэ» (Иудэ Израил лIакъуэ пщыкIутIым ящыщт, Иудэ и лъэпкъым и къалащхьэр Ерусалимт).

Барух зи цIэ гуэр къриджэри, Еремие абы елъэIуащ езым Зиусхьэным къыжриIэну псалъэхэр итхыну. Псори итха нэужь, «Еремие унафэ хуищIащ Барух, жриIащ: 'Сэ сыIэпхлъэпхщи, Зиусхьэным и унэм сыкIуэфынукъым; уэ кIуэи, сэ бжесIам, Зиусхьэным и псалъэм, нэщI махуэм цIыхум къащыхуеджэ Зиусхьэным и унэм, нэгъуэщI къалэхэми къикIа Иудэ цIыхухэми къахуеджэ. Хэт ищIэрэ, Зиусхьэным и пащхьэ Тхьэ щелъэIункIэ, я гъуэгу мыгъуэм къытекIыжынкIэ мэхъу ахэр; сыту жыпIэмэ Зиусхьэныр мы лъэпкъым къахуэгубжьащ, игу къебгъащи'.

Барух, Нерие и къуэм, хузэфIэкIыр илэжьащ, Зиусхьэным и псалъэм, Еремие бегъымбарым къыхуиIуэтэжам, Зиусхьэным и унэм къыщеджэн папщIэ. Ехьоаким и къуэ Иошие, иудэ пащтыхьым, пащтыхь зэрыхъурэ илъэситху щрикъум, ебгъуанэ мазэм, Зиусхьэным и цIэкIэ нэщI иригъэхъащ Ерусалим дэсхэри иудэ къалэхэм къикIыурэ Ерусалим къыдыхьахэри. Зиусхьэным и унэм Барух къащыхуеджащ Еремие и псалъэхэм...»

ЕРЕМИЕ 36:1-10

## ТХЬЭМ И ПСАЛЪЭХЭР ЗЭРЫТ ТХЫЛЪЫР ПАЩТЫХЬ ЕХЬОАКИМ ЕГЪЭС

Бегъымбарым, Еремие, жиIэурэ итха псалъэхэм Барух Зиусхьэным и унэшхуэм къыщеджа нэужь, иудэ лIакъуэлIэшхэр зэрыгъэгужьейри, я пащтыхь Ехьоаким бзэгу хуахьащ. Пащтыхьым унафэ ищIащ а тхылъыр къыхуахьын хуейуэ - къыхуеджэн папщIэ. Пащтыхьыр щIымахуэ сэрейм щIэст, мафIэ зэрылъ хьэкум бгъэдэсу. Тхылъыр къыхуахьри, къыхуеджэу щIадзащ; къригъаджэурэ, здынэсам нэс сэ жанкIэ къыпиупщIри мафIэм пэридзащ абы. Апхуэдэурэ ягъэсащ тхылъыр зэрыщыту. Пащтыхь Ехьоакими абы и блыгущIэтхэри щыщтакъым тхылъым итым. Абыхэм я фIэщ хъуакъым Тхьэм и псалъэр, Еремие къажриIар - Зиусхьэным зэремыдаIуэм щхьэкIэ иудэ цIыхухэр бабилэн пащтыхьым и гъэр зэрыхъунур. Барухрэ Еремиерэ яубыдыну унафэ ищIащ пащтыхьым, ауэ Зиусхьэным ахэр ящигъэпщкIуащ яубыдын мурадкIэ я ужь къихьахэм.

Зыбжанэ дэкIауэ, Зиусхьэным Еремие къыжриIащ: «НэгъуэщI тхылъымкIэ къащти, Ехьоаким, иудэ пащтыхьым, игъэса япэрей тхылъым ита псалъэхэри псори тхыж. Иудэ пащтыхь Ехьоаким жеIэ: 'Зиусхьэным къыбжеIэ мыр: тхылъыр бгъэсащ, мыр жыпIэри: щхьэ иптха абы: бабилэн пащтыхьыр къэкIуэнурэ мы щIыналъэр зэрипхъуэнущ, абы цIыхуу исри Iэщу итри зэтриукIэнущ? - Абы щхьэкIэ Зиусхьэным Ехьоаким, иудэ пащтыхьым щхьэкIэ къыжреIэ: абы, Даут и тахътэм исым, Тхьэм къыхуищIэнуIакъым, абы и хьэдэр махуэ жьэражьэмрэ жэщ уаемрэ хадзэжынущ. СыкIуэнщ абыи абы и лъэпкъми и унэIутхэми я деж, пцIыкIэ зэрызэхэтым щхьэкIэ; абыхэм, Ерусалим дэсхэми, Иудэм ис псоми мыгъуагъэ ялъызгъэсынщ, къызэрызэмыдаIуэм папщIэ'.

Еремие нэгъуэщI тхылъымпIэ иритащ Барух, Нерие и къуэм; Еремие жиIэурэ, абы щIэрыщIэу итхыжащ иудэ пащтыхь Ехьоаким мафIэм пэридзэу игъэса тхылъым ита псалъэхэр; абы щIагъужащ апхуэдэ псалъэ куэди».

ЕРЕМИЕ 36:14-32

## БАБИЛЭНЫМ ИУДЭ КЪЕЗЭУ

Зиусхьэным Еремие къызырыжриIам хуэдэ хъуащ: Иудэ цIыхухэр гъэр ящIащ Бабилэным и дзэм. А мыгъуагъэр абыхэм къащIытепсыхар Тхьэм и пащхьэм я гуэныхьхэм зэрыщыхущIегъуэжарщ, куэдрэ къегия, я хъуэгъэщагъэр къыщIигъэща пэтми; тхьэнэпцIхэм къазэрыбгъэдэмыкIарщ, емрэ гуэныхьымрэ зэрызыщамыхъумарщ, Зиусхьэным Ищхъэрэ пащтыхьыгъуэм къатрилъхьа тезырым Ипщэ пащтыхьыгъуэм исхэр щыгъуазэ пэтми. Ипщэ пащтыхьыгъуэм ис цIыхухэм хабзаншагъэр зыханакъым, щIачакъым. Зиусхьэным а пащтыхьыгъуэри икъутэн мурад ищIащ итIанэ, илъэси 130-рэ и пэкIэ Ищхъэрэ пащтыхьыгъуэми, бабилэн цIыхухэр къатригъауэу, тезыр къазэрытрилъхьам хуэдэу. «Илъэс пщыкIуий и ныбжьт Ехьояхин ар пащтыхь щыхъуам, мазищкIэ щыпащтыхьащ Ерусалим... Зиусхьэным игу иримыхьын Iуэху илэжьырт абы, и адэми илэжьу зэрыщытам хуэдэу. Нэвуходнэцар, бабилэн пащтыхьым, и дзэр къекIуэлIащ Ерусалим, ар къаувыхьащ. Къалэм къыбгъэдыхьащ Нэвуходнэцар, бабилэн пащтыхьыр, ар дзэм къаувыхьа нэужь. Ехьояхин, Иудэ пащтыхьыр, кIуащ бабилэн пащтыхьым деж, кIуащ езыри, и анэри, и пщылIхэри, и лIакъуэлIэшхэри, и унэIутхэри, - пащтыхь зэрыхъурэ илъэсий дэкIауэ; иубыдащ ар бабилэн пащтыхьым. Зиусхьэным и унэм щIэлъ хъугъуэфIыгъуэхэри пащтыхь сэрейм щIэлъ хъугъуэфIыгъуэхэри псори зэрипхъуащ абы; зэхикъутащ, Зиусхьэным къазэрыжриIауэ, Сэлмэн, Израил пащтыхьым, Зиусхьэным и унэм щIигъэува дыщэ хьэкъущыкъухэр; игъэIэпхъуащ Ерусалим дэсахэр, лIакъуэлIэшхэри дзэ хахуэри, - минипщI хъурт игъэIэпхъуахэр, - пхъащIэхэри гъукIэхэри дишащ; зыри къигъэнакъым, тхьэмыщкIэхэм фIэкI». ЗэрыпхъуакIуэхэм ахэр Бабилэн яхуащ.

«Маттание, Ехьояхин и адэ къуэшыр, тахътэм тригъэтIысхьащ бабилэн пащтыхьым, абы и цIэр зэрихъуэкIри Цидкие фIищащ. Илъэс тIощIрэ зырэ и ныбжьт Цидкие, пащтыхь щыхъуам; илъэс пщыкIузкIэ щыпащтыхьащ ар Ерусалим... Ехьоакими хуэдэу, Зиусхьэным фIэмыфI Iуэху илэжьырт абыи. Зиусхьэным и губжьыр щхьэщытащ Ерусалими Иуди, ахэр IэщIыб къищIыху».

4 ПАЩТЫХЬХЭМ 24:8-20

## ЕРУСАЛИМРЭ ТХЬЭМ И УНЭШХУЭМРЭ ЗЭРАКЪУТАР

Дэ щыгъуазэ дыхъуакIэщ Израил пащтыхь Сэлмэн, Зиусхьэным и унафэкIэ, Ерусалим Тхьэм и унэшхуэ телъыджэ дищIыхьауэ зэрыщытам. Ауэ, илъэс пщыкIуз дэкIауэ, биидзэм Ерусалим иубыда нэужь, тхьэ унэшхуэ телъыджэри зэтракъутащ. Мис абы теухуауэ Библием итыр:

«Нэвухаднэцар, бабилэн пащтыхьыр, дзэшхуэ щIыгъуу, Ерусалим къэкIуащ, ар къиувыхьри щIыти иритIэкIащ. Къалэр къаувыхьауэ яIыгъащ» илъэсрэ ныкъуэкIэ, «цIыхур шхын щхьэкIэ дэлIыхь хъуащ къалэм, щIакхъуэ къахуэнэжакъым. Къалэр къащтащ, жэщым зауэлIхэр блынитIым яку дэт куэбжэмкIэ зэрыхьащ; куэбжэр пащтыхьым и жыг хыдэм пэгъунэгъут; халдейхэр къалэм ихъуреягъкIэ щызэхтт; пащтыхьыр къалэм дэкIри губгъуэм ихьащ. Халдеидзэр пащтыхьым кIэлъыпхъэращ, Ерихон щIыIэпсым щыщIыхьащ абы; пащтыхьым и дзэр зэбгрыжыжащ, ар къагъанэри. Яубыдащ пащтыхьыр, Ривлэ яшащ, бабилэн пащтыхьым деж; и унафэр абдеж щащIащ. Цидкие и къуэхэри» щаукIащ «абы и пащхьэм; езы Цидкие и нэр иращIащ, Iэхъулъэхъу иралъхьэри Бабилэн яшащ.

Бабилэн пащтыхьым и щхьэхъумэхэм я Iэтащхьэ Нэвузардан Ерусалим дыхьащ. Зиусхьэным и унэри пащтыхьым и сэрейри игъэсащ абы; мафIэ щIидзэурэ, игъэсащ Ерусалим дэт унэхэри сэреишхуэхэри; Ерусалим къызэрещIэкIа блынхэри къагъэуащ пащтыхь щхьэхъумэхэм я Iэтащхьэм щIыгъу халдеидзэм. Къалэм къыдэнахэри, бабилэн пащтыхьым къуэлъэдэжа къумалхэри, къинэмыщI цIыхухэри къыдигъэIэпхъукIащ Нэвузардан, щхьэхъумэхэм я Iэтащхьэм.

ЦIыху тхьэмыщкIэхэм ящыщ гуэрхэр къалэм къыдинащ щхьэхъумэхэм я Iэтащхьэм, жызум хадэхэм щылэжьэн, мэкъумэш ящIэн папщIэ. Зиусхьэным и унэшхуэм щIэсауэ щыта гъуаплъэ пкъохэри, Зиусхьэным и унэшхуэм щIэта гъуаплъэ хьэкъущыкъухэри якъутащ халдейхэм, гъуаплъэр Бабилэн яхьащ; тхьэ щелъэIукIэ къагъэсэбэп гъуаплъэ лагъэхэри, бэлагъэхэри, жанхэри, бжэмышххэри, хьэкъущыкъухэри яхьащ; жьэрымэ зэрагъэу кумбыгъэхэри фалъэхэри - дыщэми дыжьынми къыхэщIыкIауэ...» Ар къыщыхъуар Хьисэ Мэссихь къалъхун ипэ 587/586 гъэхэрщ. Сэлмэн ищIа Тхьэм и унэшхуэр илъэс 400-м щIигъукIэ щытащ. Журтхэм иужькIи Ерусалим дащIыхьыжыгъащ Тхьэ унэшхуэ, ауэ пащтыхь Сэлмэн ищIауэ щыта Тхьэм и унэшхуэм дахагъкIэ пэхъун зэи яхуэухуэжакъым.

4 ПАЩТЫХЬХЭМ 25:1-15

## ДАНИЕЛРЭ АБЫ И НЫБЖЬЭГЪУИЩЫМРЭ

Ерусалим дэсахэр гъэр зыщIа бабилэн пащтыхь Нэвухаднэцар пащтыхь блыгущIэтхэм я Iэтащхьэм и пщэ ирилъхьащ пащтыхь лъэпкъми лIакъуэлIэш лъэпкъхэми IэпкълъэпкъкIэ никъусан зимыIэ, зи теплъэкIэ екIу, пащтыхь сэрейм къулыкъу щызыщIэфын щIалэ гурыхуэхэр къыхащыпыкIын хуейуэ. Унафэр ягъэзэщIащ, щIалэхэр ягъашхэу щIадзащ пащтыхь Iэнэм къытекI шхынкIэ, пащтыхьыр зэфэ санэм хуэдэ фади кърапэсащ. Ахэр щIэныгъэмрэ бзэхэмрэ хурагъэджэну, илъэсищкIэ ягъэсэну унафэ ищIащ пащтыхьым.

Израил щIалэщIэхэм яхэтт Даниел, Ханание, Мишаел, Азарие зи цIэхэр. Бабилэн сэрейм абыхэм къыщеджэ хуащ: Даниел – БелтэшацаркIэ, Ханание – ШадрахкIэ, Мишаел - МешахкIэ, Азарие - АведенэгокIэ. А щIалэхэм я гукIэ Тхьэр фIыуэ ялъагъурт икIи ар яфIэщI хъурт. Пащтыхь Iэнэм къытекI шхынымрэ санэмрэ зыщидзеящ Даниел, а шхыныгъуэхэр израил цIыхухэм, Мусэ и хабзэм ипкъ иткIэ, я хьэрэм Iэщхэмрэ джэдкъазымрэ къызэрыхащIыкIым щхьэкIэ, ахэр бабилэн цIыхухэм я тхьэхэм тыхь хуащIу зэрыщытам папщIэ - арагъэнщ къызыхихар. Пащтыхь блыгущIэтхэм я Iэтащхьэм елъэIуащ ар езыри и ныбжьэгъу щIалэхэри хадэхэкIрэ пхъэщхьэмыщхьэкIэ ягъэшхэну, псы фIэкIи ирамыгъэфэну. Iэтащхьэр Iэнкунащ зыкъомрэ, щIалэхэр уэд хъумэ, пащтыхьыр къыхуэгубжьынкIэ шынэрти. ИтIани Даниел къигъэдэIуащ ар махуипщIкIэ хадэхэкIрэ псырэ фIэкI кърамытурэ зэрыхъум еплъыну. МахуипщI дэкIа нэужь, а щIалэхэр пащтыхь Iэнэм къытекI ерыскъыкIэ ягъашхэ щIалэхэм нэхърэ нэхъ екIуи я фэкIэ нэхъ щызи хъуащ. Тхьэр Даниели, Ханании, Мишаели, Азарии щIэныгъэрэ IущыгъэкIэ къетащ, Даниел пщIыхьхэмрэ къэхъукъащIэхэмрэ зэхищIыкI ищIащ Абы.

Илъэсищ дэкIауэ, пащтыхьым унафэ ищIащ израил щIалэхэр и пащхьэ кърашэн хуейуэ. Псоми гъуэрыгъуэурэ къепсэлъылIа нэужь, пащтыхьым гу лъитащ Даниел, Ханание, Мишаел, Азарие сымэ пэхъун абыхэм зэрахэмытым.



Аращ ахэр и унэ къыщIринар, къулыкъу хуащIэн щхьэкIэ. Пащтыхьыр сыткIэ еупщIми, а щIалэхэм жэуап кърατырт пащтыхьыгъуэм ис тхьэгурымагъуэхэмрэ мэгъуэхэмрэ нэхърэ хуэдипщIкIэ нэхъ Iущу.

ДАНИЕЛ 1:3-20

## ДЫЩЭ СЫНЫМРЭ ЩIАЛЭ ХАХУИЩЫМРЭ

IэфракIэ хыщI худиз зи лъагагъ, IэфракIих зи Iувагъ дыщэ сын ягъэжын, ар Дурэ губгъуэм щагъэувын хуейуэ унафэ ищIащ бабилэн пащтыхь Нэвухаднэцар. Пащтыхьым жиIащ: «ВжызоIэ фэ, жылэм лъэпкъхэм, бзэхэм: бжьамийм и макъ... нэгъуэщI пшыналъэ Iэмэпсымэхэм я макъ зэрызэхэфхыу, щIым зевдзыхи, дыщэ сыным щхьэщэ хуэфщI... ЩIым зезымыдзыхыр, дыщэ сыным щхьэщэ хуэзымыщIыр мафIэ жьэражьэ зэрылъ хьэкум ирезгъэдзэнущ».

Халдей цIыхухэм ящыщ гуэрым пащтыхьым бзэгу хуихьащ: «Иудэ щIалэхэр... Шадрах, Мешах, Аведнаго сымэ... уи унафэм еувэлIакъым, пащтыхь, уи тхьэхэм хуэлажьэркъым, дыщэ сынми... зыхуагъэщхъыркъым». Губжьарэ къэлыбауэ, Шадрах, Мешах, Аведнаго сымэ иригъэшащ Нэвухаднэцар, яжриIащ абыхэм: «Дыщэ сыным зыхуэвмыгъэщхъмэ, мафIэ жьэражьэр зэрылъ хьэкум фрезгъэдзэнщ, хэт и тхьэ итIанэ фэ фыкъезыгъэлынур?» Абыхэм пащтыхьым мыпхуэдэ жэуап иратыжащ: «Дэ дызыхуэлажьэ ди Тхьэ лъэщым дыкъригъэлынущ мафIэ жьэражьэм, уи IэмыщIэми дыкърихынущ. Ар къэмыхъуми, зэгъащIэ, пащтыхь, уи тхьэхэм дызэрыхуэмылэжьэнури уэ бгъэувა дыщэ сыным зызэрыхуэдмыгъэщхъынури». Ар щызэхихым, Нэвухаднэцар нэхъри губжьащ, и дзэм хэт нэхъ зауэлI лъэрызехьэхэм унафэ яхуищIащ иудэ ерыщхэр япхыу хьэку жьэражьэм ирадзэн хуейуэ.

Пащтыхьым и унафэр ткIийт, хьэкури жьэражьэрти, щIалэхэр хьэкум езышэлIа зауэлIхэр мафIэ бзий гуащIэм исащ. Модрей щыр, пхауэ, мафIэм пэрадзащ. МафIэм хэплъэри, Нэвухаднэцар и нэр къихуащ, къыщылъэтри и лIакъуэлIэшхэм яжриIащ: «Щыкъэ пхауэ мафIэм пэрывдзар?... Сэ щIалиплI солъагъу, мыпхауэ, мафIэм хэтми, лажьэ къемыкIауэ; еплIанэр и теплъэкIэ Тхьэм и къуэм хуэдэщ».

Хьэкубжэм бгъэдыхьэри, пащтыхьыр джащ: «Шадрах, Мешах, Аведнаго, Тхьэ лъапIэм и IурыщIэхэ! МафIэм фыкъыхэкIи, фыкъызбгъэдыхьэ!» МафIэ бзийм къыхэкIащ ахэр. МафIэр пэлъэщакъым абыхэм: я щхьэци илыгъуакъым, я щыгъыни исакъым, уеблэмэ Iугъуэмэ къакIэрихыркъым. Нэвухаднэцар жиIащ итIанэ: «Шадрах, Мешах, Аведнаго я Тхьэм и къарур инщ. Сыт я инагъ, сыт я лъэщагъ Абы и IэрыкI телъыджэхэм! Абы и пащтыхьыгъуэр мыкIуэдыжынщ, и тепщэгъуэр кIэ зимыIэщ». бабилэн хэкум къулыкъушхуэ къащритащ пащтыхьым Шадрах, Мешах, Аведнаго сымэ.

ДАНИЕЛ 3

## ПСАЛЪЭ ЗЭIУМЫБЗХЭМ Я МЫХЬЭНЭР ДАНИЕЛ КЪЕIО

Навуходнэцар и ужькIэ бабилэн пащтыхь хъуащ абы и къуэ Белшацар. Зэгуэрым абы и лIакъуэлIэш миным ефэ-ешэ Iэнэ яхуигъэуващ. Абы щхьэкIэ къригъэхьащ и адэм Ерусалим къриха дыщэ, дыжьын хьэкъущыкъухэр. Ерусалим дэт Тхьэ унэшхуэм къыщIыха фалъэхэмкIэ санэ ефэурэ, пащтыхьри, лIакъуэлIэшхэри, я фызхэри ехъуэхъурт дыщэм, дыжьыным, гъуаплъэм, гъущIым, пхъэм, мывэм къыхэщIыкIа я тхьэнэпцIхэм.

Абы здыхэтым, ефэ ешхэр щекIуэкI пэшым цIыхубэ къыщIэхутащ, абы уэздыгъэм хуэзанщIэу блыным зыгуэрхэр тритхэу щIидзащ. Ар щилъагъум, пащтыхьым и фэр пыкIащ, къэшынэри. КъызэфIэщахэри, и лъэр щIэкIэзызыкIащ абы. Пащтыхьыр гужьеяуэ къыхэкIиикIащ, унафэ ищIащ блыным къытехута псалъэхэр къыгурагъэIуэн щхьэкIэ, Бабилэн дэс тхьэмадэ Iущхэр кърадджэн хуейуэ. А псалъэхэм я мыхьэнэр къыгурызыгъаIуэм и пащтыхьыгъуэм ещанэ къулыкъур къыщритыну жиIащ пащтыхьым. Ауэ бабилэн тхьэмадэхэм ящыщ зыми хузэхэхуакъым блыным къытехута псалъэхэм я мыхьэнэр. Пащтыхь гуащэм зэхихащ ар, ефэ-ешхэр щызэхэс унэм щIыхьащ, пащтыхьым жриIащ Даниел и хъыбар - абы Тхьэ лъапIэм и Псэр зэрыпкърытыр, къэхъункъэщIэнур зэрищIэр, пщIыхь зэрызэхихуфыр, сыт хуэдэ щэхуми зэрыщыгъуазэр, кIапсэ зэрылъэдам я нэхъ быдэри зэрызэрихыжыфыр. Даниел къашащ, пащтыхьыр абы елъэIуащ блыным къытехута псалъэ зэIумыбзхэм къарыкIыр къыгуригъэIуэну.

Зэрыпагэм, тхьэнэпцIхэм ехъуэхъуурэ хьэкъущыкъу лъапIэхэмкIэ фадэ зэрефэм щхьэкIэ Тхьэм игу къебгъэауэ къыжриIащ Даниел пащтыхьым. Блыным кIэрыт псалъэхэри къыжриIащ итIанэ: «мис кIэрытыр: МЕНЕ, МЕНЕ, ТЕКЕЛ, УПАРСИН. Мис къарыкIри: МЕНЕ - уи пащтыхьыгъуэм къигъэщIэнур илъытащ Тхьэм, кIэ иритащ абы; ТЕКЕЛ - уэ тэрэзэм урилъхьэри уишэчащ, къэпшэчи щыIэжкъым; ПЕРЕС - уи пащтыхьыгъуэр игуэшри, мадай цIыхухэмрэ персие цIыхухэмрэ яритащ. Абдежым, Белшацар и унафэкIэ, Даниел фащэ лъапIэ щатIэгъащ, дыщэ пщэхъу пщIэхалъхьащ, пащтыхьыгъуэм и ещанэ къулыкъур къратащ». Блыным къытригъэтха псалъэхэмкIэ Тхьэм къариIуар къэхъуащ а жэщ дыдэм: Белшацар яукIащ, абы и пащтыхьыгъуэр мадай пащтыхь Дарявэш и IэмыщIэ ихуащ.

ДАНИЕЛ 5:1-31

## ДАНИЕЛ ТХЬЭМ ЙОЛЪЭIУ

Белшацэр и ужькIэ тахътэр зыIэрыхьа пащтыхь Дарявэш цIыху пагэт, ари тхьэнэпцIхэм хуэлажьэрт. Ауэ абы фIыуэ илъэгъуащ Даниел, зэрыIущым, гу къабзэ зэриIэм щхьэкIэ.

Пащтыхьыгъуэм и унафэр зэрахьэн щхьэкIэ, Дарявэш бейгуэлищэ хихащ, абы Iэтащхьэ яхуищIащ лIакъуэлIэшищ; Даниел а щым ящыщ зыт. Пащтыхьыр ямыгъэпIейтеин щхьэкIэ, бейгуэлхэр, псом япэрауэ, ахэрат зэкIуалIэр. Даниел акъылкIи псэкIи ефIэкIырт лIакъуэ-лIэшхэми бейгуэлхэми, пащтыхьым мурад ищIащ пащтыхьыгъуэм и унафэ псор абы IэщIилъхьэну. Апхуэдэу щыхъум, лIакъуэлIэшхэмрэ бейгуэлхэмрэ Даниел зэрагъэкъуэншэн щхьэусыгъуэ къаулъэпхъэщу щIадзащ; ауэ щхьэусыгъуи къуаншагъи ягъуэтакъым, «сыту жыпIэмэ ар цIыху пэжт, щыуагъи къуаншагъи илэжьыртэкъым».

ИкIэм-икIэжым, зэгуэрым, лIакъуэлIэшхэмрэ бейгуэлхэмрэ Даниел пащтыхьым и пащхьэм зэрыщагъэулъиин хъуэгъэщагъэ зэрагъэпцIащ. Ахэр щыгъуазэт Даниел езым и Тхьэм и пащхьэ тхьэ зэрыщелъэIум. Абы къыхэкIкIэ, ахэр пащтыхьым елъэIуащ мыпхуэдэ унафэ ищIын хуейуэ: езы пащтыхь Дарявэш фIэкI, зыри зы тхьи зыщIыхуи иремылъэIу махуэ тIощIрэ пщIыкIэ. А унафэм ебакъуэр дадзэн хуейт аслъэнхэр зыдэс щIытIым.

А лъэIум и щхьэусыгъуэ дыдэм щыгъуазэтэкъыми, пащтыхъым унафэм Iэ тридзащ.

Унафэм щыгъуазэрэ пэт, Даниел и Тхьэм елъэIун щигъэтакъым. Зэрихабзэти, Даниел махуэм щэ елъэIурт Тхьэ, и пэшым щIыхьэжурэ. Пэщым хэлъ щхьэгъубжэхэр езыр зыщалъхуа Ерусалим къалэмкIэ гъэзат, ар зэхакъутэн ипэ а къалэм дэта Тхьэ унэшхуэм Зиусхьэным и щIыхьыр щыблэрт. Тхьэм щелъэIукIэ, Даниел гупсэхугъуэ игъуэтырт, и псэр зэщIэнахуэрт, Тхьэм и къарур зыхищIэрт.

КIэлъызеплъэурэ, цIыху бзаджэхэм зрагъэлъэгъуащ Даниел езым и Тхьэм зэрыхуэIурыщIэмрэ Абы гущIэгъукIэ



зэрелъэIумрэ. Пащтыхьым икIэщIыпIэкIэ бзэгу хуахьын мурад ящIащ абыхэм.

ДАНИЕЛ 6:1-11

## ДАНИЕЛ АСЛЪЭНХЭР ЗЫДЭС ЩIЫТIЫМ ДАДЗЭ

Даниел и жагъуэгъу лIакъуэлIэшхэмрэ бейгуэлхэмрэ пащтыхь Дарявэш деж кIуэри жраIащ Даниел пащтыхьри абы Iэ зытридза унафэри къызэрырымыдзэр, езым и Тхьэм махуэ къэс щэнейрэ зэрелъэIур. Ар къыщыжраIэм, пащтыхьым и жагъуэ хъуащ, абы къыщхьэщыжын муради ищIащ. Ауэ лIакъуэлIэшхэмрэ бейгуэлхэмрэ жаIащ пащтыхь унафэм, хабзэм ипкъ иткIэ, уебакъуэ зэрымыхъунур. Щымыхъум, Даниел аслъэнхэр зыдэс щIытIым дадзэну унафэ ищIащ пащтыхьым. Ауэ абы ищIэрт Даниел и Тхьэр зэрыТхьэшхуэр, аращ абы мыр къыщIыжриIар: «Уэ узыхуэлажьэ зэпыт уи Тхьэм укъихъумэнщ!» Ар къыжриIэри, пащтыхьыр сэрейм щIыхьэжащ, мышхэу гъуэлъыжащ, жэщ псом езэгъакъым. Нэхущым пащтыхьыр щIытIым кIуащ, епIэщIэкIыу; абы бгъэдыхьэри, игу ныкъуэу, Даниел еджащ: «Даниел, Тхьэ лъапIэм и IурыщIэр! Уи Тхьэм, узыхуэлажэ зэпытым, укъихъумэн хузэфIэкIа?» Даниел жэуап къритыжащ: «Си Тхьэм и мелыIычыр къигъакIуэри аслъэнхэр хьэпэщыпхэ иригъэщIащ, абыхэм я зэран къызэкIакъым сэ, сыту жыпIэмэ Абы и пащхьэ сыщыхейщ сэ, уи пащхьи къуаншагъэ щызлэжьакъым, пащтыхь».

Дарявэш икъукIэ щыгуфIыкIащ Даниел псэууэ къызэрынам, ар щIытIым къыдахыжыну унафэ ищIащ. Ар щIытIым къыдахыжа нэужь, псоми ялъэгъуащ абы лажьэ зэримыIэр. «Пащтыхьым унафэ ищIащ, Даниел зыгъэкъуэнша цIыхухэр къашащ, аслъэнхэр зыдэс щIытIым дадзащ... ахэр щIытI лъэгум нэсатэкъым, аслъэнхэм япхъуатэу я къупщхьэхэр щызэхагъэщэщам».

Абы и ужькIэ пащтыхь Дарявэш тхылъ итхри пащтыхьыгъуэм и куей псоми щызэбгригъэхащ. А тхылъымкIэ абы лъэпкъ псоми къалэн ящищIащ Даниел и Тхьэм хуэлэжьэну, сыту жыпIэмэ ар Тхьэ мыкIуэдыжынщ, Абы и тепщэгъуэри гъунапкъэншэщ. «Абы дыкъэхъумэ, дыкърегъэл, уафэми щIылъэми телъыджэхэр щелэжь; Абы Даниел аслъэнхэм къаIэщIихащ».

ДАНИЕЛ 6:12-28

## ИУДЭ ЦIЫХУХЭР ГЪЭРЫПIЭМ КЪОКIЫЖ

Щыгъуазэ дызэрыхъуащи, ашур дзэм яубыдащ Ищхъэрэ пащ-тыхьыгъуэр, Израил арщ, цIыхури гъэрыпIэм яхуащ. (Ар къыщыхъуар Хьисэ Мэссихь къалъхуным илъэс щибл иIэжущ). Илъэсищэ хуэдэ дэкIауэ, мадай цIыхухэмрэ бабилэн цIыхухэмрэ я дзэр зэгухьэри, Нинэве зэхакъутащ, илъэситIкIэ къатIысыхьауэ яIыгъа нэужь.... Къэрал лъэщ хъури, Бабилэн гъунэгъу лъэпкъхэр ихъунщIэу щIидзащ, абыхэм ящыщт Ипщэ пащтыхьыгъуэри, Иудэращ, Иерусалими дэкIуэу; иудэ цIыхухэр Бабилэн гъэрыпIэм яхурт.

Бабилэн къэралыгъуэ лъэщым кIэ игъуэтащ. Ар яхэуащ мадай цIыхухэмрэ персие цIыхухэмрэ. Куэд мыщIэу, перс пащтыхь Корэш иудэ цIыхухэр хуит ищIащ я хэкум ягъэзэжыну: «Апхуэдэу жеIэ Корэш, персие пащтыхьым: 'Дунейм тет пащтыхьыгъуэ псори Зиусхьэным, уафэм щыIэ Тхьэм, къызитащ сэ; Иудэ хэкум ит Иерусалим Тхьэ унэшхуэ худэсщIыхьын хуейуэ Абы унафэ къысщищIащ. Абы и лъэпкъым щыщ дэтхэнэри, - Тхьэр гъусэ хурехъу абы, - Иудэ хэкум ит Иерусалим трекIуэжи, Зиусхьэным, Израил и Тхьэм, унэ хурещI'». Я хэкум къагъэзэжащ журт мин плIыщIым щIигъум, къэзыгъэзэжам я нэхъыбэр иудэ цIыхут, н.ж. Иудэ и лIакъуэ журтт; адрей израил лIакъуэ пщыкIузым щыщи къэкIуэжауэ ялъытэ. ИтIани журт куэд къинащ персие щIыналъэм.

Хэкум къагъэзэжри зы илъэс дэкIауэ, израил цIыхухэр Иерусалим щызэхуэсащ, унафэ ящIащ якъутауэ щыта Зиусхьэн унэшхуэр зэрагъэпэщыжыну, Тхьэ унэшхуэщIэм и лъабжьэри ягъэтIылъащ. «Дин пашэхэр, левитхэр, лъэпкъ тхьэмадэхэр, пасэрей Тхьэ унэшхуэр зыщIэжхэр макъкIэ гъырт а Тхьэ унэшхуэщIэм и лъабжьэр щагъэтIылъым щыгъуэ; куэди гуфIэщауэ зэщIэгуауэрт. Жылэм яхузэхэхуртэкъым гуфIэ макъымрэ гъы макъымрэ; сыту жыпIэмэ цIыхум захуэубыдыжыртэкъым, я макъри жыжьэ Iурт». Тхьэ унэшхуэр зыщIхэм унафэ яхуищIырт иудэ пащтыхь Ехьоякин и къуэрылъху Зэрубавэл. Израил цIыхухэм я лъапсэжьхэм къитIысхьа лъэпкъхэр жагъуэгъу къахуэхъуащ абыхэм, къеныкъуэкъу хъуащ Тхьэ унэшхуэр ирамыгъэщIыну; журтхэр персие пащтыхь Ахашверуш екъуэншэкIауэ жаIэурэ, къагъэшынэрт. Тхьэ унэшхуэр щIыныр илъэс пщыкIутхукIэ зэтраIыгъэн яхузэфIэкIащ абыхэм - персие пащтыхь Дарявэш къэувыху (пащтыхьыгъуэр къыIэрыхьэху). (Ар нэгъуэщI Дарявэщ, зи хъыбар ищхьэкIэ дызэджа, Бабилэн къэзызэуа пащтыхьыракъым).

Пащтыхь Корэш ищIауэ щыта унафэм щыхьэт техъуащ пащтыхь Дарявэш, Иерусалим тхылъ иригъэхьащ Тхьэ унэшхуэр щIын яухын хуейуэ. «А унэр щIын яухащ Адар мазэм и ещанэ махуэм ирихьэлIэу, Дарявэш пащтыхь зэрыхъурэ еханэ илъэсым хыхьауэ». Илъэс щиплIрэ щэ ныкъуэрэ и пэкIэ Сэлмэн иухауэ щыта Тхьэ унэшхуэ гъуэзэджэм нэхърэ куэдкIэ нэхъ цIыкIут ар.

ЕЗДРЭ 1-6

## ПАЩТЫХЬ ГУАЩЭ ЭСТЕР

Персие пащтыхь Ахашверуш фыз къишэн мурад ищIащ. Персие къэралыгъуэм ис нэхъ бзылъхугъэ дахэ дыдэр къишэн щхьэкIэ, пащтыхьым къэрал псом лIыкIуэхэр щызэбгригъэкIащ, хъыджэбз дахэ псори къалащхьэм, Шушан, щызэхуашэсын хуейуэ унафэ ищIри. Пащтыхьым и пащхьэ щрашэну махуэм мазэ пщыкIутIкIэ щыхуагъэхьэзыращ ахэр къалащхьэм. А зэманым Персием журт куэд ист, ашур, бабилэн дзэхэм гъэр ящIахэм къатехъукIыжауэ. «Шушан дэсащ... иудэ цIыху гуэр (н.ж. иудэ лIакъуэм щыщ журт); абы и цIэр Мардохайт... ар Хадассэ, езым и адэ къуэшым и пхъум, и гъэсакIуэт, - ЭстеркIи еджэрт абы, ади ани иIэжтэкъым. И IэпкълъэпкъкIэ зэкIужт а пщащэр, лъагъугъуафIэт. И адэмрэ и анэмрэ лIа нэужь, ар Мардохай пхъу ищIащ... Хъыджэбз куэд Шушан къалащхьэм щызэхуашэса нэужь, Эстери пащтыхь сэрейм ящыщ... И фыз псоми нэхърэ нэхъыфIу илъэгъуащ ар пащтыхьым, пащтыхь IэлъэщIыр къытрипхъуащ, пащтыхь гуащэ ищIащ... Ефэ-ешхэшхуэ яхуищIащ пащтыхьым и лIакъуэлIэшхэм, и къулыкъущIэхэм - Эстер и фIыгъэкIэ, и нэфI ящыхуащ къэралым щыщ щIыналъэхэм, пащтыхь хабзэкIэ етащ абыхэм, хьэлэл хъуауэ... Эстер зэкIэ ибзыщIырт и Iыхьлыхэри зыщыщ лъэпкъри, Мардохай къызэрыриухылIауэ».

Абы и ужькIэ пащтыхьым и лIакъуэлIэшхэм ящыщ зы, Хьаман, хиIэтыкIащ, персие лIакъуэлIэш псоми я Iэтащхьэ ищIащ. «Пащтыхьым и къулыкъущIэ псори Хьаман фIэлIыкIырт, щхьэщэ хуащIырт; ар пащтыхьым и унафэти. Мардохай фIэлIыкIыртэкъым, щхьэщи хуищIыркъым... Губжьащ Хьаман... иудэ цIыху псори зэтриукIэн мурад ищIащ... Ахашверуш и пащтыхьыгъуэ псом...»

«ЖриIащ Хьаман пащтыхь Ахашверуш: 'Зы лъэпкъ щыIэщ, уи пащтыхьыгъуэм ис лъэпкъхэм хэкъухьарэ зэбгрыдзауэ; абыхэм я хабзэхэр къащхьэщокI адрей лъэпкъхэм я хабзэхэм; пащтыхьым и хабзэхэм теткъым ахэр'... пащтыхьым Хьаман жриIащ:... 'ЯдекIуэкI абыхэм уэ узэрыхуейуэ...' Пащтыхьым и щIыналъэ псоми тхылъ щызэбграгъэхащ лIыкIуэхэм Иудэ псори, жьыри щIэри, сабийхэри цIыхубзхэри зы махуэм, епщыкIутIанэ мазэм, н.ж. Адар мазэм, и епщыкIущанэ махуэм, яукIын, ягъэкIуэдын, ялIын хуейуэ, я лъапсэри зэтраухъуэнщIэн хуейуэ... Пащтыхьым и унафэмрэ и тхылъымрэ здынэс дэнэ щIыпIи дэнэ щIыналъи иудэ цIыхухэм я гузасэ макъымрэ гъыбзэмрэ зэщIащтащ...»

*(кIэухыр къыкIэльокIуэ)*

## ПАЩТЫХЬ ГУАЩЭ ЭСТЕР
КъыкIэлъыкIуэр

Персие цIыхухэм зэрахьэ лейр зэхиха нэужь, Мардохай пащтыхь унафэм и хъыбар иригъэщIащ Эстер, «... и пщэ дилъхьащ абы пащтыхьым деж кIуэуэ и лъэпкъым гущIэгъу къыхуищIыну, лей кIэлъызэримыхьэну елъэIун хуейуэ». И унэIутыр къыхуиIуэхури, Эстер Мардохай жэуап Махуэ тIощIрэ пщIырэ хъуащ пащтыхьым деж сызэрырамыджэрэ»... Мардохай Эстер жэуап иритыжащ: 'Пащтыхь унэм укъыщелын уи гугъэ уэ зыр, иудэ цIыхухэр псори зэтраукIэмэ? Хэт ищIэрэ, мыпхуэдэ зэманкъэ уэ пащтыхь гуащэ ущIэхъуар?' Эстер жэуап къритыжащ Мардохай: 'Шушан иудэ цIыхухэр псори зэхуэшэс, си хьэтыркIэ нэщI фихьи, махуищкIэ, жэщи махуи, фымышхэ, псыи фемыфэ, сэри сынэщIынщ, си унэIутхэри згъэнэщIынщ, итIанэ сыкIуэнщ пащтыхьым деж, ар хабзэм къемызэгъми; саукIын хуейми, зезгъэукIынщ'. Абы щыгъуэ Хьаман бзаджэм «IэфракIэ щэ никъуэ зи лъагагъ пкъо хригъэсакIэт... Мардохай щхьэпылъэ иригъэщIын щхьэкIэ».

Ещанэ махуэм пащтыхь гуащэ щыгъынкIэ зихуапэри, Эстер пащтыхь унэм и бжэм бгъэдыхьащ. «Пащтыхьым дыщэ башыр къыхуишиящ Эстер... Эстер башыпэм еIусащ», гуащэм пащтыхьри Хьамани ефэ-ешхэ Iэнэм иригъэблэгъащ а махуэм. Пащтыхьымрэ Хьаманрэ ефэ-ешхэм кIуащ. ЕтIуанэ махуэм иригъэблэгъащ Эстер ефэ-ешхэм пащтыхьымрэ Хьаманрэ. «ЖиIащ пащтыхьым: 'Сыт пхуэсщIэн, Эстер гуащэ?' ...Эстер гуащэ жэуап къритыжащ:... 'ГъащIэ къыдэт сэри си лъэпкъми - къысхуэпщIэнуращи, аращ си лъэIур. Сыту жыпIэмэ дащащ дэ, сэри си лъэпкъри, дызэтраукIэнущ, далIынущ, дагъэунэхъунущи' ». Абдежым къищIащ пащтыхьым и щхьэгъусэр зэрыжуртыр, Хьаман и гум ирилъхьа мурад бзаджэри къыгурыIуащ. Пащтыхьым унафэ ищIри, Хьаман и щхьэр Мардохай хухиса пкъом щыфIалъащ.

Ауэ персие къралыгъуэм ис иудэ цIыхухэр зэтраукIэн хуейуэ ящIа унафэр пкъутэжыфынутэкъым е зэпхъуэкIыжыфынутэкъым, ар пащтыхьым и цIэкIэ къыдэкIат, абы пащтыхь мыхъури телъти. Пащтыхьым и унафэкIэ, тхылъыщIэ ятхащ... «дэнэ къали дэс иудэ цIыхухэр, захъумэжын щхьэкIэ, зэкъуэувэну пащтыхьым хуит зэрищIым теухуауэ... Пащтыхь унафэр зэбграхри, хъыбарегъащIэхэр, шы жэр шэсауэ, щIэх дыдэ зэбгрыжащ пIэщIэгъукIэ», а тхылъхэр Индием къыщыщIэдзауэ Эфиопием нэс щызэбгрыдза куеищэрэ тIощIрэ блым я тетхэм Iэрагъэхьэн щхьэкIэ. Журтхэр къызэрелам и щIыхькIэ, Мардохай ПуримкIэ зэджэ махуэшхуэр игъэуващ, ар журтхэм нобэр къыздэсым ягъэлъапIэ Адар журт мазэм (мартым) и 14-нэ, 15-нэ махуэхэм.

ЭСТЕР 1-10

## НЭХЬЭМИЕ ЕРУСАЛИМ И БЛЫНХЭР ЗЭРИУХУАР

Нэхьэмие фIэлIыкI зиIэ цIыхут, персие пащтыхь Ахашверуш и пщIантIэм къулыкъу щищIащ, къалащхьэм, Шушан, дэсу.

Израил гуэр Ерусалим къикIыжри Персием игъээзэжащ, Нэхьэмие хъыбар хуихьри: «Къелам, гъэр мыхъуам, я хэкум къулейсызыгъэшхуэ щателъщ, лей къалъос; Ерусалим и блыныр къагъэуащ, и куэбжэри ягъэсащ». А псалъэхэр щызэхихым, Нэхьэмие «...тIысри гъащ, махуэ зыбжанэкIэ нэщхъеящ, нэщIащ, уафэм щыIэ Тхьэм елъэIуащ». Пащтыхь Ахашверуш  Нэхьэмие хуит ищIащ Ерусалим кIуэуэ къалэ блынхэр игъэувыжыну.

Ерусалим игъээзэжа нэужь, блын къутахуэхэмрэ куэбжэмрэ зэрагъэпэщыжу щIадзащ Нэхьэмиерэ израил цIыхухэмрэ. Ар зэхахащ израил цIыхухэм я бийхэм, къапэуващ ахэр Ерусалим и блынхэр зэтралъхьэжын къыхуамыдэу. Ауэ Нэхьэмие и цIыхухэр IэщэкIэ зэщIиузэдащ. «Блыныр зэтезылъхьэхэмрэ хьэлъэ зезыхьэхэмрэ зы IэмкIэ лажьэрт, зы IэмкIэ бжыхэр яIыгът. УхуакIуэхэм ящыщ дэтхэнэми и бгым джатэ ищIат, апхуэдэущ зэрызэтралъхьэжар». Лэжьыгъэр махуэми жэщми зэпыуртэкъым. Тхьэм и Iэм къихъумащ ухуакIуэхэр, бабилэныдзэм Ерусалим зэхакъутэу зэрагъэсрэ илъэсищэрэ плIыщIрэ дэкIауэ, блыныр дращIеин яухащ.

«Ебланэ мазэр къихьа нэужь... жылэр утым, зы цIыху хуэдэ, щызэхуэсащ... Тхылъ зезыхьэ Ездрэ жраIащ Мусэ и унафэр зэрыт тхылъыр, Зиусхьэным Израилым унафэ къащищIар, къахуихьын хуейуэ. ЦIыхухъуи цIыхубзи, зэхэзыщIыкIыфыну псоми я пащхьэ кърихьащ Тэурат хабзэр дин пашэ Ездрэ... къахуеджащ ... нэхущым къыщыщIэдзауэ шэджагъуэ хъуху... я тхьэкIумэ гъэкIауэ едэIуащ жылэр Тэурат хабзэр зэрыт тхылъым... ЩIыхь хуищIащ Ездрэ Зиусхьэным. Жылэри къыдежьууащ: «Iэмин, Iэмин», я Iэхэр яIэтауэ, - я щхьэр хуагъэлъэхъшащ Зиусхьэным, щIым нэс загъэщхъыурэ».





* *Ахашверуш Персием щыпащтыхьащ Хьисэ Мэссихь къалъхун ипэкIэ 465-425 гъэхэм. Ар Эстер зыша Ахашверушыракъым.*

## ЖЫЛЭМ ТХЬЭЛЪАНЭ ЯЩІ

Амазэм и тІощІрэ еплІанэ махуэм израил цІыху псори зэхуэсащ - нэщІ исрэ зэрыщыгъуэ щыгъынкІэ хуэпауэ, нэщхъей защІэу. Израил и лъэпкъыр къахэкІащ хамэ лъэпкъхэм, я гуэныхьым, я адэхэм ялэжьа къуаншагъэхэм хущІегъуэжауэ зэхэувэжащ. Я пІэ икІакъым, махуэм и Іыхьэ плІанэр кІуэху; Зиусхьэным, я Тхьэм, и хабзэр зэрыт тхылъым къеджащ, махуэм и Іыхьэ плІанэр кІуэху, Зиусхьэным, я Тхьэм, и пащхьэ къикІакъым, Абы и пащхьэ я гуэныхьхэр иралъхьащ, щхьэщэ хуащІащ. Левитхэм я Іуащхьэм тетащ: Ехьошуа, Баний, Кадмиел, Шэвание, Бунний, Шеревие, Ваний, Хэнаний сымэ, я макъ къызэрихькІэ еджащ Зиусхьэным, я Тхьэм. Левитхэм жаІащ: «Фытэдж, вгъэлъапІэ Зиусхьэныр, фи Тхьэр, игъащІэкІэ вгъэлъапІэ. Уэр нэхъ лъапІэ щыІэкъым, щыІэнкІи хъунукъым, щытхъу зыхуэфащэр уи ЦІэращ. Уэ, Зиусхьэн, узакъуэщ, Уэращ уафэр зыухуар, уафэм и щІагъ шІэту хъуари, щІыри абы тету хъуари, хыри абы хэсу хъуари къэзыгъэщІар, а псоми псэ яхэплъхьащ Уэ, Уэ щхьэщэ къыпхуащІ уэгум итми щІылъэм тетми...»

Я гуэныхьым хущІегъуэжащ цІыхур, Зиусхьэным къызэрыбгъэдэкІам хущІегъуэжауэ, Тхьэ йолъэІу: «Нобэ, ди Тхьэ, Тхьэшхуэ, лъэщ, щынагъуэ, зэгурыІуныгъэмрэ гущІэгъумрэ зыхъумэ! Уи нэгу щІэкІащ Уэ дэри, ди пащтыхьхэми, ди лІакъуэлІэшхэми, ди дин пашэхэми ашур пащтыхьхэм я деж къыщыщІэдзауэ нобэр къэсыху ди фэм дэкІар. Ди фэм дэкІамкІэ укъуаншэкъым Уэ, Уэ узахуэщ, дэращ къуаншэр ... А псом щхьэкІэ Тхьэ пхудоІуэ, Іэи тыдодзэ, Іэ зытеддзам телъщ ди лІакъуэлІэшхэм, ди левитхэм, ди дин пашэхэм я мыхъур». А тхьэрыІуэм Іэ традзащ цІыху пашэхэм, я мыхъурри трагъэуащ. «Адрей цІыхухэри, дин пашэхэри, левитхэри, хъумакІуэхэри, джэгуакІуэхэри, левитхэм я тхьэлъэІупІэ унэхэм щІэтхэри, нэгъуэщІ лъэпкъхэм къахэкІауэ Тхьэм и хабзэм еувэлІахэри, абыхэм я фызхэри, я къуэхэри, япхъухэри, зэхэзыщІыкІ псори гъусэ яхуэхъуащ я къуэшхэм, абыхэм щыщу пщІэ нэхъ зыхуащІ дыдэхэм, тхьэ яІуащ, щІегъуэжауэ, Тхьэм и хабзэм тетыну, Абы и унафэхэр, къалэн къащищІахэр ягъэзэщІэну». Тхьэм и псалъэм, Зиусхьэным хуаІэт тхьэлъэІум цІыхум и гъащІэм халъхьащ, дяпэкІи халъхьэфынущ зэхъуэкІыныгъэ ин дыдэхэр.

НЭХЬЭМИЕ 9:1-6, 9:32-10:29

## ІЭИУБ ГУХЭЩІЫГЪУЭ ЙОХУЭ

Уц хэкум исащ Іэиуб зи цІэ гуэр, къулейуэ, Тхьэм фІэлІыкІыу. Ар цІыху дагъуэншэт, Тхьэр игу илъ зэпытт, захуэт, ем зыщихъумэрт. Къуиблрэ пхъуищрэ иІэт абы.

Іэиуб Зиусхьэныр фІыуэ илъагъурт, елъэІууэ игъэлъапІэрт Ар. Ауэ, ар игъэунэхъун мурадкІэ, шейтІаныр къихьащ абы и ужь, Тхьэм и щытхъу жримыІэгъэн, Абы хущІигъэбжэн щхьэкІэ.

Шейтаныр Тхьэм деж кІуащ зэгуэрым. Зиусхьэныр къеупщІащ абы: «Дэнэ укъикІа уэ?» ШейтІаным жэуап итыжащ: «Сэ щІым сытетащ, ар зэхэскІухьащ». Зиусхьэным къыжриІащ абы: «Гу лъыптауэ пІэрэ си ІурыщІэ Іэиуб? Абы хуэдэ теткъым щІым: цІыху дагъуэншэщ, захуэщ, Тхьэр игу илъ, ем зыщехъумэ». ШейтІаным Зиусхьэным жэуап иритыжащ: «Іэиуб Тхьэр игу щІилъыр пщІэрэ? Уэракъэ ар зыхъумэр: и уни бгъэдэлъу хъуари? Абы и ІэрыкІхэм уи нэфІ ящыхуащи, и хъушэхэр щІым щыбэгъуащ. Уи Іэр шии, абы бгъэдэлъ псоми ятеІэбэт – щІыхь къыпхуищІын итІанэ?» Іэиуб гурэ псэкІэ къызэрыбгъэдэтыр, сыт къэхъуми, Ар фІыуэ илъагъун зэрыщимыгъэтынур шейтІаным, цІыху псоми я бийм, фІэщ щищІын мурад ищІащ Зиусхьэным. Аращ Тхьэм шейтІаным мыр щІыжриІар: «Абы бгъэдэлъ псори уи ІэмыщІэ илъщ...»

Хуит хъури, Іэиуб зэран зэрыхуэхъуфын къигъэнакъым шейтІаным. Іэиуб и бынхэр текІуэдащ абы, и мылъку псори Іисраф фІищІащ. ИтІани, игу Тхьэм егбгъэн и пІэкІэ, Іэиуб жиІащ: «Зиусхьэным къызитащ, Зиусхьэным сІихыжащ; Зиусхьэным и цІэр щІыхьыр ейщ!» И фызым жриІащ: «Тхьэм фІы къытхуищІэмэ, ди гуапэщ, Іей къыдищІэмэ, ди жагъуэ хъун хуей?» Тхьэм деж нэмысын зы псалъи къыжьэдэкІакъым Іэиуб. ШейтІаным узыфэ бзаджэ къригъэуэлІащ абы итІанэ - лыхъулыщх уз. Ар щхьэжэ щыхъури, Іэиуб гужьеящ.

Іэиуб къеуэлІа насыпыншагъэр щызэхахым, и ныбжьэгъуищ къэкІуащ абы деж, игу фІы хуащІын щхьэкІэ. Ягу къащІэгъуным и пІэкІэ, ахэр Іэиуб щІэнэкІащ, Тхьэр цІыху хейм егуарэкъым, жари. Іэиуб Тхьэм щыгугъырт, Ар къы-



дэІэпыкъуным пэплъэ зэпытт.

ІЭИУБ 1, 2, 4, 5

## ІЭИУБ ТХЬЭМ ИГЪЭУНЭХУА НЭУЖЬ

Зиусхьэным фІэкІ, зыми игу къыщІэгъуакъым Іэиуб; Абы къилъа-гъу зэпытт ар. Зиусхьэным щыгугъырти, Іэиуб жиІащ: «Сэ сощІэ си щхьэ къэзыщэхужар зэрыщыІэр, къемэтмахуэм, узым ишх мы си фэр кърыгъэхьэжынущ Абы; згъэлъагъунущ Тхьэр».

И ныбжьэгъуищыр къэкІуауэ къыщепсалъэм, жьапщэ макъышхуэ къэІуащ, жьапщэм Езы Зиусхьэным и макъыр къыхэІукІащ. Гугъу удехьурэ фІэкІ, жэуап зыхуумыгъуэтын упщІэ кърииту щІидзащ абы Тхьэм, абдеж Іэиуб нэхъри зыхищІащ Тхьэр зэрылъэщыр, и гуащІэр зэрыиныр.

Тхьэм и псалъэр иуха нэужь, Іэиуб Абы жриІащ: «Уэ псори зэрыпхузэфІэкІыр, уигу иплъхьам пэувыфын зэрыщымыІэр сощІэ».

Іэиуб игъэунэхури, Тхьэм абы кърityжащ фІэкІуэдауэ хъуар, нэхъапэм иІам нэхърэ хуэдитІкІэ нэхъыбэ кърitащ. Іэиуб и ныбжьэгъу гущІэгъуншэхэм Зиусхьэным къажриІащ Езым и хъыбар пэжу зэрыжамыІам щхьэкІэ игу къазэребгъар. Тыхь ящІын хуейуэ я пщэ къыдилъхьащ абыхэм Тхьэм, Іэиуб Тхьэм ирагъэлъэІунуи къажриІащ, абы и тхьэлъэІум фІэкІ къабыл зэримыщІынури къагуригъэІуащ. Зиусхьэным и унафэр ягъэзэщІащ Іэиуб и ныбжьэгъухэм, ар елъэІуа нэужь, абыхэм я гуэныхьыр Тхьэм къахуигъэгъуащ.

Іэиуб Тхьэм игъэунэхуа нэужь, абы деж къэкІуащ и къуэшхэри, и шыпхъухэри, и нэІуасэхэри; тыгъэхэри къыхуахьащ. Іэиуб и иужьрей махуэхэр, нэхъапэм зэримылъэгъуауэ, тыншыгъуэ къыщищІащ Тхьэм. И нэгу щІэкІа къулейсызыгъэм и ужькІэ кудрэ псэужащ Іэиуб, къуиблрэ пхъуищрэ къыхуалъхуащ. ЩІы псом тетакъым Іэиуб ипхъухэм нэхърэ нэхъ дахэ.

ІЭИУБ 19:25-26; 37-42
ЕДЗЫГЪУЭХЭР

## УЭРЭД ЛЪАПIЭХЭР (САБУР)

Уэрэд лъапIэхэр (Сабур н.ж. Псалтыр) Библием щыщ тхылъщ. Абы хохьэ уэрэд лъапIэ 150-рэ, н.ж. макъамэ зыщIэлъ пщыналъэрэ уэрэдрэ. Тхьэм хуэпэж цIыхухэм я гурылъ псори къызэщIаубыдэ уэрэдхэм: щIым щызекIуэ хабзэншагъэр ягу къызэреуэр, нэхугъэр кIыфIыгъэм текIуэнкIэ зэрыгугъэр, я гуэныхьхэм зэрыхущIегъуэжыр, Тхьэм къригъэлынкIэ зэрыщыгугъыр... Нэхъ узэщIа уэрэд лъапIэхэм щызыхыбощIэ Мэссихьыр, Хьисэ, къыщыкIуэну махуэм цIыхур пэплъэу зэрыщытар. ГъэрыпIэм ит Израилым илъ ищIэжынкIэ Тхьэм зэрыщыгугъыр къызыхэщ уэрэдхэр чыристанхэм я гум къыпсэлъыкIыркъым, дауи.

«Даут и уэрэдхэмкIэ» еджэ хабзэщ абыхэм, сыту жыпIэмэ абыхэм я нэхъыбэр зыусар аращи; ауэ нэгъуэщIхэми ятха хэтщ уэрэдхэм. Уэрэд лъапIэхэм щыщитI щапхъэу къыщыдохь мыбдежым. Абыхэм ухагъэгъуэзэнущ уэрэд лъапIэхэм я зэхэлъыкIэм. Уэрэд лъапIэхэр апхуэдизкIэ узэщIащи, чыристан тхьэлъэIухэм ящыщ куэдым ахэр лъабжьэ яхуэхъуащ иужькIэ.

120-нэ уэрэд лъапIэр

«ДэкIыгъуэм и уэрэд.

Iуащхьэхэм я деж си нэплъэгъу согъазэ. Си дэIэпыкъуэгъу дэнэ къыздикIынур? Уафэхэмрэ щIылъэмрэ зыухуа Зиусхьэным деж къокI си дэIэпыкъуэгъур. Абы уи лъэр щIигъэхъуркъым, щхьэукъуэркъым укъэзыхъумэр. Пэжщ, щхьэукъуэркъым, хэжаеркъым Израил и хъумакIуэр. Зиусхьэныр уи хъумакIуэщ; Зиусхьэныр уи жьауэщ, уи Iэ ижьымкIэ къыщыт жьауэщ. Махуэм и ягъэ къыуигъэкIынукъым дыгъэм, мазэми – жэщым. Сыт хуэдэ бзаджагъэми ущихъумэнщ Зиусхьаным. Зиусхьаным уи псэ къихъумэнщ. ЗекIуэ уежьами, иджы щыщIэдзауэ игъащIэкIи укъихъумэнщ Зиусхьаным».

150-нэ уэрэд лъапIэ

«Зиусхьэным щIыхь хуэфщI. И унэшхуэ лъапIэм Тхьэм щIыхь хуэфщI. И уафэлъащIэм щыIэу щIыхь хуэфщI. И Iуэхушхуэ телъыджэхэм папщIэ щIыхь хуэфщI. ЗэкIэ щыIэм зэранэхъ иным папщIэ щIыхь хуэфщI. Бжьамийм фыкъепщэурэ, пшынэмрэ пшынэ дыкъуакъуэмрэ вгъаджэурэ, щытхъу хуэфIуатэ. Шэтопым фыкъеуэу, фыкъафэу, шыкIэ пшынэрэ накъырэкIэ щIыхь хуэфщI. ЩIыхь хуэфщI кимвал жьгъырухэмкIэ, кимвал макъыфIэхэмкIэ щIыхь хуэфщI. ЖыкIэ бауэ псоми Зиусхьэным щIыхь курещI! Зиусхьэным щIыхь хуэфщI!»

## УЭРЭД ЛЪАПІЭХЭР ДИГУ ИДУБЫДЭНЩ

«Гъуэгу махуэ теуващ цІыху бзаджэнаджэхэм емыдэІуэу, гуэныхьыщІэхэм я гъуэгу иримыкІуэуэ, Тхьэр зыгъэпудхэм я зэІущІэм хэмысыр. (1:1)

Уэращ зыщыгугъыр уи цІэр зыщІэхэр, сыту жыпІэмэ Уэ къыплъыхъуэхэм уи щІыб хуэбгъазэркъыми, Зиусхьэн. (9:11)

Уафэхэм Тхьэм и щІыхьыр яІэт, Абы и Іэм илэжь Іуэхухэр егъэІу уафэлъащІэм. (18:2)

Щрешынэ Зиусхьэным щІы псор: дунейшхуэм щыщыІэ псори Абы и пащхьэ щрекІэзыз. (32:8)

Вгъэунэхуи, флъагъунщ Зиусхьэныр зэрыугъурлыр! Гъуэгу махуэ теуващ Абы щыгугъыр!(33:9)

Зиусхьэным уи гъуэгу хуэгъаз, щыгугъ Абы, Абы къыпхуищІынущ.(36:5)

Къин щыплъэгъу махуэм къызэджэ, укъыхэсщынщ, уэри щІыхь къысхуэпщІынщ. (49:15)

Къысхэлъхьэ сэ гу къабзэ, си Тхьэ, зэблэхъу си гурылъыр, къэгъэбыдэ сигу. (50:12)

Уи нэгум и нэху къыттегъапсэ, дунейм и цІыхухэр уи гъуэгум нэІуасэ хъухъуну, гуащІэ узэриІэр цІыху лъэпкъ псоми ящІэну. (66:3)

Бгыхэр къэхъун и пэкІи, щІыр, дунейр къыщыбгъэщІым, лІэщІыгъуэхэм къащегъэжьауэ лІэщІыгъуэхэм нэсыжу Уэ у-Тхьэщ. (89:3)

Зиусхьэныр си быдапІэщ, си Тхьэр си хъумапІэщ, си щхьэегъэзыпІэщ. (93:22)

Зиусхьэным щІыхь хуэщІ, сигу, Абы и фІыщІэхэр зыщумыгъэгъупщэ. (102:2)

Уафэр щІыгум зэрыщхьэщылъагэм хуэдэу, фІэлІыкІ хузиІэхэм мыкІуэдыжын фІылъагъуныгъэ яхуиІэщ Зиусхьэным. (102:11)

АкъылыфІагъэм и лъапсэщ - Зиусхьэным и фІэлІыкІ угу илъыныр. (110:10)

Зиусхьэныр къызгуэтщи, сыкъэщтэнкъым, сыт къызищІэфынэ сэ цІыхум? (117:6)

Сруейщ сэ - сыкъэхъумэ... (118:94)

Я нэпсхэр къыщІэжурэ зысэхэм Іурехыж гуфІэгъуэм хэту. (125:5)

Зыхуэзыгъазэхэм, щыпкъагъэ хузиІэхэм , гупцІэнагъэкІэ къеджэхэм псоми япэблагъэщ Зиусхьэныр. (144:18)

ЦІыху лъэпкъыр! Сыт хуэдэ уахътыи Тхьэм фыщыгугъ; фи гурылъыр къыщыфІуатэ Абы и пащхьэ; Тхьэр дэркІэ щхьэегъэзыпІэщ. (61:9)

Дауэ ирикІуэну къабзэу уи гъуэгу щІалэр? - Уи псалъэм тету хуэсакъмэщ. (118:9)

Уи псалъэр си лъакъуэм и уэздыгъэщ, си лъагъуэм и нэхунэщ ар. (118:105)

*УИ ПСАЛЪЭР –*

*СИ ЛЪАКЪУЭМ*

*И УЭЗДЫГЪЭЩ*

*СИ ЛЪАГЪУЭМ*

*И НЭХУНЭЩ АР*

*Уэрэд лъапІэ 118:105*

## СЭЛМЭН И ПСАЛЪЭЖЬХЭР

Библием щыщ зы тхылъым ‘Сэлмэн и псалъэжьхэкIэ’ А псалъэж-ьхэм я нэхъыбэр пащтыхь Сэлмэн итхащ. Ахэр акъылыфIагъэ зыхэлъ хъыбар кIэщIщ, нэхъыбэу зыхуэунэтIари щIалэгъуалэрщ. Псалъэжьхэм ухураджэ акъылыфIагъэм, Тхьэм фIэлIыкIыныгъэм, щIэныгъэм, нэмысым, сакъыныгъэм, гуапагъэм, тэмакъкIыхьыгъэм, Тхьэм щыгугъыныгъэм, тхьэмыщкIэхэм гущIэгъу яхуэщIыным, уи бийхэм яхуэбгъэгъуным, сабийхэр бгъэсэным, щыпкъагъэм, захуагъэм, губзыгъагъэм, н.къ. Мис абыхэм ящыщ гуэрхэр:

«АкъылыфIагъэм и лъапсэщ Зиусхьэным фIэлIыкIыныр; акъылыншэхэращ акъылыфIагъэмрэ чэнджэщымрэ зыщызыдзейр. ЕдаIуэ, си къуэ, уи адэм и чэнджэщым, уи анэм пщэрыль къыпхуищIам уи щIыб хуэмыгъазэ.

Си къуэ! Гуэныхьлыхэм удашэхын мурад ящIмэ, акъылэгъу умыхъу.
Гурэ псэкIэ щыгугъ Зиусхьэным, уи щхьэ акъылым ущымыгугъ. Сыт хуэдэ гъуэгу утехьэми, иригъуазэ Абы, уи гъуэгур Абы иунэтIынщ итIанэ.

Си бын, Зиусхьэным IурыщIэ ущийкIэ нэмыплъ емыт, Ар къыщогийкIи уи гур умыгъэныкъуэ; сыту жыпIэмэ Зиусхьэным фIыуэ илъагъу цIыхур IурыщIэ ещI, и быным хуэдэу ищтэ дэтхэнэми гугъуехь ирегъэщэч.

Си къуэ! Уи адэм къалэн къыпщищIам тет, уи анэм и чэнджэщым уи щIыб хуэмыгъазэ.

ФIыуэ сыкъэзылъагъур фIыуэ солъагъу, къыслъыхъум сыкъигъуэтынщ.

ТхьэмыщкIэм лей езыхым ДыкъэзыгъэщIам хуэмыфащэ елэжь; Ар зыгъэлъапIэм фIы хуещIэ.

Захуагъэм лъэпкъыр егъэлъагэ, хабзаншагъэр лъэпкъым дежкIэ напэншагъэщ.

ЦIыхур и гукIэ и гъуэгум йогупсыс, абы и лъэбакъуэхэр зунэтIыр Зиусхьэныращ.

Адэр зыхъунщIэмрэ анэр зыбгынэмрэ напэншэщ.

Гъуэгу щытехьэкIэ унэтI щIалэр: абы дидзыхыжынкъым жьы жъуа нэужьи.

Си къуэ! Уи гур къызэт сэ, си гъуэгухэм унаIэ тегъэт.

Уи бийр мэжэщIалIэмэ, гъашхэ ар, псы хуэлIамэ, псы егъафэ ар».

СЭЛМЭН И ПСАЛЪЭЖЬХЭР

## ЭККЛЕЗИАСТ

‘Сэлмэн и псалъэжьхэм’ кІэлъокІуэ ‘Экклезиаст’; ‘Уазэ зытым’ йоджэ абы; а тІур Библием щызэкІэлъыхьащ. ‘Уазэ зытым’ едзыгъуэ 12 мэхъу; ‘Сэлмэн и Псалъэжьхэр’ зэрыт тхылъми хуэдэу, акъылыфІагъэ защІэу зэхэлъщ. Мис усэ зыбжанэ:

«ПщІэ иІэкъым, жиІащ Экклезиаст, пщІэ иІэкъым, - псори пщІэншэщ!»

«Уигу някъуэныр удыхьэшхыным нэхърэ нэхъыфІщ; сыту жыпІэмэ нэгур щынэщхъейм деж гур нэгъ мэзагъэ... АкъылыфІагъэр зауэлІ Іэщэм нэхърэ нэхъ жанщ; ауэ зым гуэныхь зыпылъ илэжьмэ, абы фІыгъуэ куэд дэкІуэдынущ... Мащэ къэзытІыр мащэм ихуэнущ; блыныр зыгъауэм блэ къеуэнущ... Уи щІакхъуэр псым хэдзэ, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ ар махуэ куэд дэкІа нэужь бгъуэтыжынущ...».

«Уи щІалэгъуэм зыгъэтхъэж, щІалэ, гуфІэгъуэм зыхыумын ущыщІалэм деж, уи гум фІэфІ гъуэгум ирикІуэ, уи нэр зыдэплъэм кІуэ; ауэ зэгъащІэ а псом щхьэкІэ Тхьэм хьэкум къызэрыптрищІыхьэнур...»

«УщыщІалэм дежи зыщомыгъэгъупщэ Укъэзыгъэщ-Іар, ‘ГурыфІыгъуэ хэзгъуатэркъым абыхэм’ щыжыпІэну махуэ хьэлъэхэмрэ илъэсхэмрэ къэсыху; дыгъэри, нэхугъэри, мазэри, вагъуэхэри къыптеункІыфІэху, уэшхым пшэр къыкІэлъысыжыху зыщомыгъэгъупщэ Ар. Унэм и щІэсэнхэр къызэфІэщІэху, лІыхэм я къарур щІэкІыху; къэна мащІэм хьэжэн щагъэтыжыху, щхьэгъубжэм дэплъхэм я нэгу зэхэуэху; бжэІулъэ иратыжыху; мывэм и макъыр зэпыужыху, джэд Іуэгъуэм цІыхур къыдэмытэджыж хъуху, пхъум и уэрэд макъыр зэпыуху; лъагапІэхэм щыщтэ, гъуэгум гужьеигъуэ къытехъуэху; щІыдэр мыгъэгъэж хъуху, пкІауэр уэндэгъу хъуху, каперс къэкІыгъэр лъэлъэжыху... зыщомыгъэгъупщэ УкъэзыгъэщІар! Сыт щхьэкІэ жыпІэмэ ихьэжынущ цІыхур и унэ уахъгыншэм, фызхэр гъыуэ дэкІуэтэнущ абы; - дыщэ лэрыпсыр зэпычыху, дыщэ фІэпхыкІыр зэпытхъыху; кхъуэщыныр псынащхьэм деж щыкъутэху, псыкъуийри игъущІыкІыху. ЩІым щІыхьэжынущ пкъыр, абы къыхэкІащи; псэм ар къезыта Тхьэм деж игъэзэжынущ».

## БЕГЪЫМБАРХЭР

Зиусхьэныр куэдрэ къепсэлъащ израил лъэпкъым, дзыхь лей зыхуищI цIыхухэр - бегъымбархэр къахуигъакIуэурэ. Иджы зэралъытэм хуэдэу, къэхъункъэщIэнур Iуэтэным и закъуэтэкъым абыхэм я пщэ дэлъыр. Тхьэм, зэман-зэманкIэрэ, къигъакIуэрт бегъымбархэр, ахэр Ищхъэрэ пащтыхьыгъуэми Ипщэ пащтыхьыгъуэми ис израил цIыхухэм къахихыурэ - Абы и унафэм цIыхур щагъэгъуэзэн, гуэныхьымрэ тхьэнэпцIхэмрэ щахъумэн, Тхьэм и IуэхущIафэ инхэр - блэкIари къэкIуэнури, - яIуэтэн папщIэ. Бегъымбарыр куэдрэ къахэпсэлъыхьырт цIыхум - пащтыхьыр, дин пашэхэр, жылэр гъуащэурэ Зиусхьэным и гъуэгум щытекIым, пащтыхьыгъуэхэм зауэхэр, гъаблэр, нэгъуэщI къулейсызыгъэхэр къащыщIэзэрыхьым деж. Зиусхьэным илэжьа Iуэхухэр ягу къагъэкIыжыурэ, бегъымбархэм, я пщэ къыдэхуэ дин хабзэхэр ягъэзэщIэн зэрыхуейм и мызакъуэу, цIыхур къыхураджэрт Тхьэм фIэкIыпIэ имыIэу едэIуэн зэрыхуейм, а гупсысэхэм къыхуагъэушырт ахэр; мыгъуагъэ къазэрыпэплъэр - Израил щхьэхуитым хамэ лъэпкъхэр къазэрытеуэнур жраIэрт абыхэм цIыхум; а лъэпкъхэм израил цIыхухэм кърaха лейр къазэрыщIэмыкIуэнури, израил лъэпкъыр дунейм щызэбгрыдза зэрыхъунури, абыхэм Тхьэм къарита щIыналъэм къызэрагъэзэжынури; абыхэм ящIэрт Мэссихь, Тхьэм и Хэх, уафэм къызэрехынури, Абы и псэр зэритынури, Ар къызэрыхъужынури; яIуатэрт Тхьэм и Хэх уафэм етIуанэу къызэрехыжынур, абы и ужькIэ дунейр тыншыгъуэрэ фIэрафIэрэ зэрыхъунур...

Языныкъуэ бегъымбархэм бегъымбар тхылъхэр къызэранэкIащ.

Библиер бегъымбар тхылъ 17 мэхъу. Ахэр Библием и Iыхьэ тхуанэм нос. Ахэр ятхащ бегъымбар 16-м (Иеремие тIу итхащ). Мис а бегъымбархэм я цIэхэр, щыпсэуа зэманкIэ зэкIэлъыхьауэ: Иоел, Иунус, Амос, Хьошеа, Ешайа, Миха, Цэфание, Нахум, Иеремие, Хавакум, Овадие, Даниел, Ехэзекел, Хагай, Зэчрей, Малахий. Бегъымбар тхылъхэр Библием зэрыщызэкIэлъыхьамрэ ахэр щатха зэманымрэ



зэтехуэркъым. Бегъымбархэм я цIэхэр гум ибубыдэмэ, абыхэм я тхылъхэр Библием нэхъ щIэх къыщыбгъуэтынущ.

## ЕШАЙА БЕГЪЫМБАР

Ешайа бегъымбарыр Израилым щисар ди эрэм илъэсищэ зыбж-анэ и пэкIэщ, н.ж. Хьисэ Мэссихь къалъхуным и пэкIэщ. Игурэ и псэкIэ ихъумэрт абы Тхьэм и щIыхьыр, израил лъэпкъым и Зиусхьэным епцIыжхэм я фэрыщIыгъэмрэ напэншагъэмрэ къыщIигъэщырт, гуэныхьлы щыкIахэр къыхуриджэрт я гуэныхбхэм къыхущIегъуэжыным. Къалэ куэдым къащIэлъ мыгъуагъэр къажриIащ абы, къажриIари къащыщIащ, зыкъэмынэ.

Тхьэм фIэлIыкIын зэрыхуейм цIыхур къыхуриджэ зэпытт Ешайа. Мис абы и зы псалъэ: «ПщIэркъэ уэ? Зэхэпхакъэ уэ щIыр зыухуа Зиусхьэн мыкIуэдыжыр зэремышри зэрымыщхьэхри? Абы и акъылым и щIэм унэплъысынукъым! Ешам къару кърет Абы, зи Iэпкълъэпкъ щIэлIам жаныгъэ къыхелъхьэж. Йош щIалэхэр, я гуащIэр мэкIуасэ, мэджалэ цIыху щIалэхэр, Зиусхьэным щыгугъхэм къаруущIэ къахелъхьэж; яшэщIыжынущ я дамэхэр, бгъэ хуэдэ, зрачыжынущ, ешыжынукъым, кIуэнущ, я лъэ щIэхужынукъым!»

Ешайа къищIащ Мэссихьыр, цIыху лъэпкъыр къезыгъэлынур, Хьисэ, къызэралъхунур. Хьисэ и дуней къытехьэкIэм, и гъащIэм, игъэва гуауэм, зэрылIамрэ къызэрытэджыжамрэ ар и тхылъым апхуэдизкIэ IупщIу щытопсэлъыхьри, къыпфIэщIынущ илъэсищэ зыбжанэ дэкIа нэужь къэхъуауэ ХъыбарыфIым ит хъыбархэр езым и нэгу щIэкIауэ. Ар аргуэру зэ щыхьэт тохъуэ цIыху щхьэхуэхэм зэман кIыхькIэ ятха Библиер Тхьэм и деж къызэрикIам.

«... Абы ди сымаджагъэхэр зытрилъхьэжащ, ди узыфэхэр тщхьэщихащ; дэ къытфIэщIащ Абы Тхьэм игу къебгъауэ, тезыр къытрилъхьауэ, иукIауэ. Ауэ Ар уIэгъэ щIэхъуар ди гуэныхьхэм папщIэщ, хьэзаб щIишэчар ди хабзэншагъэм щхьэкIэщ; ди дунейм телъ тезырыр зытралъхьар Езыращ, Абы и уIэгъэхэмкIэ дыхъужащ дэ. Мэл щхьэгуэ хуэдэ, дыщхьэрыуащ дэ, щхьэж и гъуэгу щыдэддзыхащ; Зиусхьэным Абы трилъхьащ дэ ди гуэныхьхэр. ЯлIащ Ар, езыр хуейуэ ишэчащ хьэзаб, и жьи зэщIихакъым; мэл хуэдэ, укIыпIэм ирашащ Ар, макъ иримыгъэIуэу, щынэ хуэдэ итащ зыщым и пащхьэ, сыту жыпIэмэ и жьэ зэщIихакъыми».

ЕШАЙА 40:28-31; 53:4-7

## «Я ДЖАТЭХЭР ПХЪЭIЭЩЭ ЯЩIЫЖЫНУЩ»

Ешайа бегъымбарым и тхылъым дэ дыкъыщоджэ иужьрей махуэхэмрэ уафэм къехыну Мэсихьым и тепщэгъуэмрэ я хъыбар. Тхьэм цIыхур къигъэгугъауэ щыташ Ар, дунейм Тепщэ щыхъунумрэ ар Къезыгъэлынумрэ, къахуигъэкIуэну:

«Къэхъунущ иужьрей дыдэ махуэхэм,
Зиусхьэным и Iуащхьэ унэр Iуащхьэ псоми я щыгу
къыувэнущ,
Iуащхьэ псоми я щхьэ хъунущ ар,
лъэпкъ псори екIуэлIэнущ абы.
ЕкIуэлIэнущ лъэпкъ куэд, жаIэнущ:
ФыкъакIуэ, Зиусхьэным и Iуащхьэм дыдэкIынщ,
Екъуб и Тхьэм и унэшхуэм,
Абы Езым и гъуэгум дыхуигъэсэнущ;
ДызекIуэнущ Абы и гъуэгукIэ.
Сыту жыпIэмэ Цион къыщежьэнущ хабзэ,
Ерусалим - Зиусхьэным и псалъэр.
Унафэм иришэлIэнущ Абы лъэпкъхэр,
Лъэпкъ куэд къиумысынущ;
Я джатэхэр пхъэIэщэ ящIыжынущ,
Я бжыхэр - гъубжэ;
Зы лъэпкъым адрей лъэпкъым джатэ хуиIэтыжынукъым,
Зауэ хуэIухуэщIэм хуеджэжынукъым афIэкIа».

ЕШАЙА 2:2-4

## Е ТЕТЫЖЫНУКЪЫМ ЩIЫМ...

Зиусхьэным Ешайа бегъымбарым къыжриIащ Мэссихьым - Хьисэ, Тхьэм и Къуэм, и тепщэгъуэр къызэрыунэхунур; щIым абы щыгъуэ тетыжынукъым еи гуауи.

«ТхьэмыщкIэхэм унафэ захуэ къахуищIынущ Абы,
Хьэзаб зытелъахэм я Iуэхури пэжыгъэкIэ
зэхигъэкIынущ;
И псалъэр бжыуэ къытехуэнущ щIым,
И псалъэм и гуащIэкIэ хигъэщIэнущ Тхьэм и шынагъуэ
зигу имылъхэр,
И бгым щыпкъагъэр бгырыпхыу щIэпхауэ щытынущ,
И куэм пэжыгъэр ешыхьэкIауэ щытынущ.
Дыгъужьыр щынэм зэдэпсэунущ итIанэ,
Щомыщыр щынэм бгъэдэлъынущ;
Танэри, аслъэн шырри, выри зэщIыгъунущ,
Сабийм къришэкIынущ ахэр.
Жэмыр мыщэбзым дэхъуэкIуэнущ,
Я щIэжьейхэри зэбгъэдэлъынущ;
Аслъэным, вым хуэдэу, хьэуазэр ишхынущ.
Сабийр щыджэгунущ блэм и гъуащхьэм,
Блэм и гъуэм иIэбэнущ сабийр.
Еи мыгъуагъи щащIынукъым Си Iуащхьэ лъапIэм:
Сыту жыпIэмэ щIым зигъэнщIынущ Зиусхьэным и
щIэныгъэкIэ,
Хыр псым зэригъэнщIым хуэдэу».

ЕШАЙА 11:4-9

## ХЬОШЕА БЕГЪЫМБАР

Израилым, Ищхъэрэ журт пащтыхьыгъуэм, исхэр Зиусхьэным къыбгъэдэкIауэ, хабзэншагъэ зэрахьэу, тхьэнэпцIхэм хуэIурыщIэу зэрыщытам и хъыбар деджащ. Израил лъэпкъымрэ абы и пащтыхьхэмрэ гъуэгу захуэм тригъэувэн щхьэкIэ, бегъымбархэр къахуигъакIуэрт Зиусхьэным, тезыр къатрилъхьэ зэпытт, ауэ къикI щыIэтэкъым. Хабзэншагъэ ялэжьын, тхьэнэпцIхэм хуэIурыщIэн щагъэтыртэкъым пащтыхьхэми жылэми. Абы къыхэкIкIэ, Зиусхьэным мурад ищIащ а пащтыхьыгъуэр зэтрикъутэну, лъэпкъри зэрыпхъуакIуэхэм я IэмыщIэ ирилъхьащ. Пащтыхьыгъуэр къутэжын ипэIуэкIэ псэуащ бегъымбархэу Хьошеа*, Ешайа, Михэ сымэ. Тхьэмрэ Израилымрэ яку дэлъа зэхущытыкIэр нэчыхьым щрегъэщхь Хьошеа бегъымбарым и тхылъым, зи псалъэ епцIыжа лъэпкъыр ирелъыт лIым епцIыжа фызым. Мис абы - израил лъэпкъыр и псалъэм зэрепцIыжам бегъымбар Хьошеа зэрытепсэлъыхь щIыкIэр:

«Зиусхьэным и псалъэм федаIуэ, Израилым и цIыхухэ; сыту жыпIэмэ мы щIыналъэм исхэм Зиусхьэным хьэкум ткIийр трищIыхьэнущ, щIым пэжыгъи гущIэгъуи къытенэжынукъым, Тхьэр ящIэнуи хуейкъым. БэгъуэIуащ тхьэ Iуэнымрэ пцIымрэ, цIыху укIыныр, дыгъуэныр, зинэ щIэныр; лъыгъажэм лъыгъажэ къыкIэлъокIуэ... ЩIэныгъэр зэрахуримыкъум щхьэкIэ, си лъэпкъыр кIуэдыжынущ: уэ щIэныгъэр IэщIыб пщIащи, си пащхьэ Тхьэ ущезгъэлъэIунукъым; уи Тхьэм и унафэр зэрыпщыгъупщэжам хуэдэу, сэри уи бынхэр сщыгъупщэжынущ... УщыкIауэ, уигу умыгъэфI, Израил, адрей лъэпкъхэм хуэдэу; уи Тхьэм укъыбгъэдэкIауэ, къэхьпагъэ зыбохьэ...» Къагъэзэжрэ Зиусхьэным и пащхьэ я гуэныхьыхэм хущIегъуэжмэ, Тхьэм и нэфI и лъэпкъым къызэрыщыхуэжынур жеIэ бегъымбарым: «Гъэзэж, Израил, уи Тхьэ Зиусхьэным деж, сыту жыпIэмэ Абы игу къобгъащи. Зэчыр псалъэхэр къыздэщти, Зиусхьэным елъэIу... Яхуэзгъэгъунщ къызэрызэпцIыжар, си нэфI ящыхуэжынущ; Си губжьыр ящхьэщысхынщи. Уэсэпс сахуэхъунщ Сэ Израилым; удз дахэ хуэдэ гъэгъэжынщ, бад хуэдэ ядзыжынщ я къуэпсыр».

Я гуэныхьхэм хущIегъуэжа лъэпкъым къыщIэлъым щытепсэлъыхькIэ, Хьошеа къатреIуэ: «Пхъуэмылъытэ, пхуэмыбж хы пшахъуэм хуэдиз хъунущ Израилым и цIыхухэр; «Фэ фызилъэпкъкъым» къыщыжраIэу щытам деж абыхэм къыщыжраIэнущ: «Фэ Тхьэ лъапIэм фрицIыхущ».

ХЬОШЕА 4:1-2; 3:6; 9:1; 14:2-6; 1:10

**Ищхъэрэ журт пащтыхьыгъуэм иужьрей пащтыхьым и цIэри Хьошеащ.*

## ИОЕЛ БЕГЪЫМБАР

Иоел бегъымбарыр щыпсэуа зэманыр белджылыкъым, ауэ ар Иудэм и бегъымбар пасэхэм ящыщ зыуэ ялъытэ. Абы цIыхухэм яжриIэрт куэд дыдэ дэкIа нэужь къэхъункъэщIэнур, Зиусхьэным и махуэр къызэрыунэхунур:

«Сыт хуэдэ махуэ ар! Къэблэгъащ Зиусхьэным и махуэр: Лъэщыгъуэр зейм и лъапсэрыхыу къэхъунущ ар... Цион Iуащхьэм щывгъаджэ бжьамий, си Iуащхьэм и щыгум хъыбар гузавэгъуэ щывгъэIу; ирешынэ щIым тет псори, Зиусхьэным и махуэр къокIуэ, ар къэблэгъащи... Къэхъунущ абы и ужькIэ, дэтхэнэми игу ислъхьэнущ си Псэ ЛъапIэр, фи къуэхэми фипхъухэми я гум сэ исхьэхьа псалъэхэр жезгъэIэнущ; фи нэхъыжьхэм пщIыхьэпIэ езгъэлъагъунущ, фи щIалэхэм Iуэхухэр езгъэлъагъунущ. А махуэм си IурыщIэ цIыхухъухэми цIыхубзхэми си Псэ ЛъапIэр хуезгъэхунущ. Уафэми щIылъэми щывэзгъэлъагъунщ телъыджэхэр: лъырэ мафIэрэ, Iугъуэ гуэрэнхэр. Дыгъэр ункIыфIынщ, мазэр лIызащIэ хъунущ Зиусхьэным и махуэр, махуэшхуэр, махуэ шынагъуэр къэунэхун ипэ. Къэхъунущ: Зиусхьэным и цIэм еджэ дэтхэнэри къелыгущ. Цион Iуащхьэми Ерусалими къыщелынущ, Зиусхьэным зэрыжиIам тету; къелынщ адрейхэри, Зиусхьэным еджэхэр». Хьисэ Мэссихь и хъыбар цIыхур щригъэдаIуэм, абы и ужькIэ, илъэсищэ зыбжанэ дэкIауэ, апостол Петр а псалъэхэм щыщ щапхъэ къихьауэ щытащ.

Тхьэм Иоел игу кърилъхьэри, къыжригъэIащ Израил лъэпкъыр зэрызэфIэувэжынур:

«ИкIи мис, а махуэхэм, а зэман дыдэм, Иудэ лIакъуэрэ Ерусалимрэ гъэрыпIэм къисшыжа нэужь, Сэ лъэпкъ псори зэхуэсшэсынурэ Ехьошафат аузым сшэнущ, тесщIыхьэнущ абыхэм хьэкум - абыхэм адрей лъэпкъхэм си лъэпкъыр, си лIэужь Израилыр адрей лъэпкъхэм зэрыхагуэшэжам щхьэкIэ, си щIыналъэр зэрагуэшам щхьэкIэ. Си лъэпкъым щхьэкIэ пхъэидзэ ящIащ а лъэпкъхэм... Цион Iуащхьэ къыщыгъуэгъуэнущ Зиусхьэныр, Ерусалими къыдэIукIынущ Абы и макъыр; зджызджынущ уафэри щIылъэри; ауэ Зиусхьэным къихъумэнущ и лъэпкъыр, израил цIыхухэм быдапIэ яхуэхъунущ Ар. ИтIанэ къэфщIэнщ Сэ сызэрыви-Тхьэр, Цион зи хэщIапIэ, Iуащхьэ лъапIэм тес Зиусхьэныр Сызэрыарар; Ерусалими хъунщ тхьэлъэIупIэ...»

ИОЕЛ

## ИУНУС БЕГЪЫМБАР

Зиусхьэным Иунус бегъымбарым къыжриIащ зэгуэрым: «Ежьэ, кIуэ Нинэве - къалэшхуэм, Тхьэм и псалъэхэр яжеIэ абы, сыту жыпIэмэ абы щызэхащIыхь щIэпхъаджагъэхэм я хъыбар си деж къэсащи». Тхьэм едэIуэн хуэмейуэ, Иунус Таршиш къалэм кIуэсэн мурад ищIащ, Зиусхьэным IэщIэкIыу. Ар Иафо нэс кIуащ, Таршиш кIуэ кхъухь абы щрихьэлIэри, итIысхъащ, гъуэгупщIэ итри. Ауэ Зиусхьэным жьыпхуэ кърипъэпщаш, хым борэнышхуэ къыщыхъури, кхъухьыр щIилъафэ пэтащ. Кхъухьыр зыхухэр зэрыгъэгужьеящ, щхьэж и тхьэ елъэIуащ, кхъухьыр псынщIэ ящIын щхьэкIэ, я хьэлъэхэр хым хадзэу щIадзащ. Иунус кхъухь кIуэцIым ихьауэ, жейрт. ЦIыхум къащIащ Иунус Зиусхьэным зэрызыщигъэпщкIуар. Иунус яжриIащ абыхэм: «Сывубыди, хым сыхэвдзэ сэ, - хыр сабырыжынущ, мы борэнышхуэр си зэранкIэ къыфтехъуащи». Иунус хым хадзащ, хыр асыхьэтуи сабырыжащ.

Кхъухьым исхэр абдежым щышынаш Зиусхьэным, я псэр IукIауэ; Абы тыхь хуащIри тхьэи хуаIуащ. Тхьэм бдзэ домбейм унафэ хуищIащ Иунус иригъэлъэтэхын хуейуэ. Ар, бдзэ домбейм и кIуэцIым здисым, жэщищрэ махуищкIэ зэпымыууэ елъэIуащ Зиусхьэным, и Тхьэм. Зиусхьэным и унафэкIэ, бдзэм Иунус ныджэм къытридзэжащ.

Зиусхьэным етIуанэуи къыжриIащ Иунус: «Гъуэгу теувэж, кIуэ Нинэве къалэшхуэм, щыIуатэ абы уи пщэ дэслъхьар». Иунус Зиусхьэным и жыIэм фIэкIакъым афIэкI, кIуащ Нинэвем. Абы дыхьэри, уэрамхэм щыжиIащ: «Махуэ плIыщI дэкIыжмэ, Нинэвер зэхэкъутэнущ». Ар щызэхихым, нинэве пащтыхьым сэрейр ибгынащ, пащтыхь фащэр зыщихащ, зэрыщыгъуэ цей зыщитIэгъащ, щхьэрыпхъуэн зыфIилъхьащ, унафэ ищIащ псоми зэрыщыгъуэ щхьэрыпхъуэн зыфIалъхьэн хуейуэ; Iэщхэми траубгъуэну, нэщIыну, Тхьэм гурэ псэкIэ елъэIуну, я гуэныхьхэр, ялэжьа къуаншагъэхэр, ягу Iей зэрилъамкIэ гъуэгу нэпцI зэрытетамрэ къахуигъэгъун щхьэкIэ. Къалэм дэс псоми я фIэщ хъуащ Тхьэри Абы и бегъымбарри. Нинэве дэсхэм я IуэхущIафэ Iейхэр IэщIыб зэращIар илъагъури, Зиусхьэным гущIэгъу къахуищIащ, къатригъэпсыхэнкIэ хъуну щыта тхьэмышкIагъуэр ящхьэщихащ. Зи гущIэгъур ин Тхьэм хуейкъым гуэныхь зыщIэр игъэунэхъуну, зыхуейр гуэныхь зыщIам и гуэныхьыр ипшыныжу Абы еувэлIэнырщ.

ИУНУС 1-4

## МИХЭ БЕГЪЫМБАР

Михэ Мораштий къалэм дэса лъэпкъым къыхэкIащ, а къалэр Ерусалим и ипщэ-къухьэпIэ лъэныкъуэикIэ, километр 50 хуэдизкIэ пэжыжьэу, щысащ. Михэ бегъымбарыр псэуащ Иудэ пащтыхьхэм - Иотам, Ахаз, Хизкие сымэ, Израил пащтыхьыхэм - Менахем, Пакахие, Пэках, Хьошеа сымэ я зэманым, Хьисэ Мэссихь къалъхун ипэ 740-700 гъэхэм. Тхьэм Михэ игу кърилъхьэри, къыжригъэIэрт цIыхур Тхьэм къызэрыбгъэдэкIынур, лъэпкъым и пашэхэм Тхьэм хьэкум ткIийм къызэрытрищIыхьэнур, Самариемрэ Ерусалимрэ зэрызэхакъутэнур... Тхьэм Михэ къыжригъэIэрт Цион Пащтыхьымрэ Абы и Дунейпсо Тепщэгъуэмрэ цIыхум къазэрыпэплъэр: Мэссихьыр, Хьисэ, уафэм къызэрехынур:

«Иужьрей махуэхэм къэхъунущ: Зиусхьэным и унэшхуэм и Iуащхьэр Iуащхьэ псоми я щыгу къиувэнущ, цIыхур абы къэкIуэнущ. КIуэнущ лъэпкъ куэд, жаIэнущ: 'ФыкъакIуэ, дыдэкIынщ Зиусхьэным и Iуащхьэм, Екъуб и Тхьэм и унэшхуэм дыщIыхьэнщ, - Абы Езым и гъуэгум дытришэнущ, Абы и гъуэгукIэ дызекIуэ хъунущ; сыту жыпIэмэ Цион къыдэкIынущ Зиусхьэным и унафэмрэ и псалъэмрэ - Ерусалим къыдэкIынущ. Лъэпкъ куэдым я унафэр ищIынущ Абы, хэку жыжьэхэм ис лъэпкъ куэдыр къиумысынущ; я джатэхэр пхъэIэщэ ящIыжынущ абыхэм, я бжыхэр - гъубжэ; зы лъэпкъым адрей лъэпкъым хуигъэдэлъэжынукъым джатэ, зауэ хуэIухуэщIэми хуеджэжынукъым, дэтхэнэри езым и жызумеймрэ и ахъуо жыгымрэ я жьауэм хэсыжынущ, зыми шынагъуэ къаритыжынукъым абыхэм, - station ЛъэкI псори зиIэ Зиусхьэным зэриухари. Лъэпкъ къэс хуейщ езым и тхьэ; дэ игъащIэкIэ дыдызекIуэнущ ди Зиусхьэным, ди Тхьэ закъуэм'. А махуэм, жеIэ Зиусхьэным, зэхуэсыжынущ лъащэ хъуахэри, зэбгрыдза хъуахэри, тхьэмыщкIагъэ зылъызгъэсахэри. Лъащэ хъуахэр си лъэпкъ хэха хъунущ, жыжьэ щызэбгрыдзауэ щытар лъэпкъ лъэщ сщIынщ, Цион Iуащхьэ деж Зиусхьэныр абыхэм тепщэ щахуэхъунущ - нобэ щыщIэдзауэ игъащIэкIэ. Уэ, Ерусалим! Уи деж къигъэзэжынущ уи япэрей тепщэгъуэм, Ерусалим пащтыхьыгъуэр лъысыжынущ...

Екъуб и лъэужьхэр лъэпкъ куэдым яхуэхъунущ Зиусхьэным къригъэх уэсэпсым, удзым тешхэ уэшхым хуэдэ...»

МИХЭ 4:1-8; 5-7

## МЭССИХЬЫМ И ЯПЭ КЪЭКIУЭГЪУЭМ ТЕУХУАУЭ

Мы тхылъым и пэщIэдзэр топсэлъыхь Тхьэм цIыхур Езым ещхьу, хуэдэу къызэригъэщIам. Тхьэр хуейт цIыхур Езым хуэдэну: гущIэгъулыуэ, захуэу, гуэныхьыншэу щытыну. Ауэ япэ дыдэ къигъэщIа цIыхухэм Iэдэмрэ Хьэуарэ - гуэныхь зыпылъ ялэжьащ. Абыхэм я щыпэлъху Каин и къуэшыр, Хьавэл, иукIыжащ. Абы и ужькIэ, куэд мыщIэу, щIым гуэныхьыр апхуэдизкIэ щыбэгъуати, Зиусхьэным жиIащ: «Псори збгъэдэкIщ, къысхуэмей хъуащ; фIы зылэжь щыIэжкъым зыри». Гуэныхьым щIэпт пщIэр ин дыдэщ - игъащIэкIэ укIуэдауэ аращ.

ЩIым тетхэм зы лъэпкъ къахихащ Тхьэм, Абы, Тхьэ закъуэм, игъащIэкIэ хуэпэжын, Абы и унафэхэм тетын хуейуэ. Къыхихар израил цIыхухэрщ. Тхьэм и бегъымбархэр къахуигъакIуэурэ израил лъэпкъым къажриIащ дунейр Къезыгъэлыну - Мэссихьыр, алыджыбзэкIэ жыпIэмэ, Христос, уафэм къызэрыригъэхынур. Ар ищIэрти, Хьисэ Мэссихь къалъхуным илъэс щибл иIэжу, Ешайа бегъымбарым жиIэгъащ: «Сабий къытхуалъхуащ дэ; Къуэ къыдитащ дэ; лъэщыгъуэр зыхэлъыр Абы и дамэхэрщ, цIэцэ фIащынущ Абы: Телъыджэ, Чэнджэщэгъу, Тхьэ лъэщ, мыкIуэдыжыну Адэ, дунейм и Тепщэ». Михэ бегъымбарым уеблэмэ къиищIащ Мэссихьыр къыщалъхуну щIыпIэр: «Уэ, Иудэ хэкум щыщ Бэтлэхьэм, иудэ лъэпкъым и пашэхэм нэхърэ зыкIи унэхъ цIыкIукъым? Уэ къыпхэкIынущ Израилым тепщэ хуэхъун хуейр, мыкIуэдыжынур, игъащIэкIэ псэунур».

Ешайа бегъымбарым и тхылъым и 53-нэ едзыгъуэм дэ къыщыдощIэ Мэссихьыр къыщIэкIуэнум и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр: цIыхур гуэныхьым къыбгъэдишын, Тхьэм иришэлIэн, цIыхухэр мыкIуэду къригъэлын щхьэкIэщ, абыхэм я гуэныхьым Езым и псэр щIиту. «Абы ди сымаджагъэхэр зытрилъхьэжащ, ди узыфэхэр тщхьэщихащ; дэ къытфIэщIащ Абы еуауэ, тезыр къытрилъхьауэ, иукIауэ Тхьэм. Ауэ Ар уIэгъэ щIэхъуар ди гуэныхьхэм папщIэщ, хьэзаб щIишэчар ди хабзэншагъэм щхьэкIэщ; ди дунейм телъ тезырыр щтелът Абы. Абы и уIэгъэхэмкIэ дыхъужащ дэ. Мэл щхьэгуэ хуэдэ, дыщхьэрыуащ дэ, щхьэж и гъуэгу щыдэддзыхащ; Зиусхьэным Абы трилъхьащ ди гуэныхьхэр. ЯлIащ Ар, езыр-езыру ишэчащ хьэзаб, и жьи зэщIихакъым; мэл хуэдэ, укIыпIэм ирашащ Ар, щынэ хуэдэ итащ зыщым и пащхьэ, сыту жыпIэмэ и жьэ зэщIихакъыми».

Аращ зэрыхъуари! Сыту жыпIэмэ Тхьэм и псалъэм пцIы хэлъкъым. Бегъымбархэм жаIа псори къэхъуащ, Хьисэ уафэм къеха нэужь. Мы тхылъым кIэлъыкIуэ едзыгъуэхэм дэ дыщытопсэлъыхь Хьисэ къызэралъхуа щIыкIэм, Абы и гъащIэмрэ цIыхур зыхуигъэсамрэ, Ар зэрылIамрэ къызэрыхъужамрэ.

УЭРЭД ЛЪАПIЭХЭМ 13:3; ЕШАЙА 9:6; 53; МИХЭ 5:2

# ХЪЫБАРЫФIЫР

# ХЪЫБАРЫФIЫР

ХъыбарыфIым тхылъ е Iыхьэ 27-рэ хохьэ. А псори хьэрф цIыкIу дыдэкIэ тхауэ напэкIуэцI 300 мэхъу, е хьэрф къызэрыкIуэкIэ тхауэ напэкIуэцI 600 мэхъу. ХъыбарыфIым и тхылъхэм хохьэ ХъыбарыфIу плIы (Маттэ, Марк, Лука, Иуан сымэ ятхауэ), Апостолхэм я IуэхущIафэхэр, тхыгъэу (послание) 21-рэ, Апокалипсис.

ХъыбарыфIхэм я купщIэр зыщ, ахэр тхакIуиплIым ятхами. Тхьэм и Псэ ЛъапIэм ягу къызэрырилъхьам хуэдэу ятхащ абыхэм. Абыхэм, нэхъыбэу, зи гугъу ящIыр дунейм и КъегъэлакIуэм, Хьисэ Мэссихь, и гъащIэмрэ Абы и IуэхущIафэхэмрэщ. Маттэ, Марк, Лука, Иуан сымэ ХъыбарыфIым и зэхуэдитIым ноблагъэ.

'Апостолхэм я IуэхущIафэхэр' зытепсэлъыхьыр Хьисэ Мэссихь уафэм дэкIуеижа нэужь къэхъуа Iуэхугъуэхэрщ. А тхылъыр, 'ХъыбарыфIыр Лука къызэриIуэтам' хуэдэу, зытхар дохутыр IэзакIуэ Лукащ.

Тхыгъэ 21-р, н.ж. письмохэр, псори зытхар Хьисэ и гъуэгум ирикIуэхэрэ Абы и ужь иувахэмрэщ. Якъубрэ Иудэрэ тхыгъэ зырыз къызэранэкIащ, Петр тхыгъитI, Иуан - щы, Паул - тхыгъэ пщыкIущ. 'Еврейхэм яхуэгъэза Тхыгъэр' зи Iэдакъэ къыщIэкIар IупщI дыдэкъым, язынықъуэхэм ар Паул итхауэ ялъытэ. Тхыгъэхэм ущрохьэлIэ чыристан гъащIэм хуэщхьэпэ чэнджэхэм, ХъыбарыфIым узыхуиузэщI ущиехэм, япэрей чыристанхэм я гъащIэмрэ я псэукIамрэ щыгъуазэ уащI.

'Апокалипсис' итхащ 'ХъыбарыфIыр Иуан къызэриIуэтар' зытха Иуану Хьисэ и гъуэгум ирикIуам. А тхылъыр къэхъункъэщIэнухэм Зиусхьэным 'Езым и IурыщIэ Иуан' щыгъуазэ зыхуищIауэ «Куэд мыщIэу къэхъун хуейхэм» ухэзыгъэгъуазэщ.

## ХЪЫБАРЫФIЫР